# ІУАЩХЬЭМАХУЭ

ISSN 0206 – 5266

НОЯБРЬ • 2025 • ДЕКАБРЬ

6



6
ІУАЩХЬЭМАХУЭ
2025

# IУАЩХЬЭМАХУЭ

**12+**

**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ ЖУРНАЛ**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**ноябрь 6 декабрь**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм
и «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ
IуэхущIапIэм къыдегъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, БищIо Борис,
Гъут Iэдэм, Истэпан Залинэ (жэуап зыхь секретарь),
Тэтрокъуэ Астемыр, Тхьэгъэзит Юрэ,
ТIымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ

НАЛШЫК
2025

# Псалъащхьэхэр


**ЖьантIэ**

*УсакIуэ, тхакIуэ, драматург, публицист IутIыж Борис къызэральхурэ илъэс 85-рэ ирокъу*

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** ЩIэин телъыджэ къытхуэзыгъэна................ 3
**Мыкъуэжь Анатолэ.** Лъэпкъ гъуазэ. *Усэ*.................................. 21
**IутIыж Борис.** *Усэхэр*........................................................ 23

*ТхакIуэ, публицист Мэзыхьэ Борис къызэральхурэ илъэс 85-рэ ирокъу*

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** Прозэм хуэIэзэт.......................................... 33
**Мэзыхьэ Борис.** Лимон хуэла. *Новеллэ*.......................................... 41

*Журналист Джырандокъуэ Михаил илъэс 85-рэ ирокъу*

**Жыласэ Маритэ.** Зи пщIэр ин, зи нэмысыр лъагэ................................ 47
**Хъубий Башир. Мамсыр Хьэмидбий.** ХэкулI нэс.................................. 55

*Радиожурналист МахуэлI Хъаджэт илъэс 70 ирокъу*

**Истэпан Залинэ.** Уи Iуэху гъэфIи, IэфI уащыхъунщ............................ 57
МахуэлI Хъаджэт хужаIахэр.................................................. 66
**Мыкъуэжь Анатолэ.** МахуэлI Хъаджэт деж. *Усэ*................................ 72

*Журналист Жыласэ Заурбэч илъэс 65-рэ ирокъу*

**ЖьэкIэмыхъу Маринэ.** Зи къалэмыр мыубзэщхъу................................ 73
**Мэзыхьэ Борис.** «Адыгэ псалъэм» и къуэ....................................... 78
**Мыз Ахьмэд.** Напэр, адыгагъэр егъэнэхъапэ..................................... 79
**Хьэщыкъуей Олег.** Насыпщ абы хуэдэ ныбжьэгъу уиIэныр....................... 80
**Щоджэн Иннэ.** ФIы куэд зыхэлъ................................................. 82

**Прозэ**

**МэшбащIэ Исхьэкъ.** Уафэнэ. *Роман*............................................ 83
**ТIымыжь Хьэмыщэ.** Зи нэхэм уафэхъуэпскI къыщIих сулътIан. *Повесть*...... 111

**Усыгъэ**

**МахуэлI Нарзан.** *Усэхэр*...................................................... 157

**«Iуащхьэмахуэм» и псалъалъэ**

**БищIо Борис.** Адыгэ псэлъафэхэр................................................ 171

**Мыкъуэжь Людмилэ.** Псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдз........................ 174

*УсакIуэ, тхакIуэ, драматург, публицист IутIыж Борис*
*къызэральхурэ ильэс 85-рэ ирокъу*





# ЩIЭИН ТЕЛЪЫДЖЭ КЪЫТХУЭЗЫГЪЭНА

Литературэм и жанрхэм ящыщу IутIыж Борис зыхэмылэжьыхьа къэгъуэтыгъуейщ. Псом хуэмыдэу усыгъэмрэ драматургиемрэ я зыужьыныгъэм абы и гуащIэ ин ирихьэлIащ. Борис зэфIэкIыу иIа псори къэдгъэлъэгъуэныр, абы и къалэмыпэм къыпыкIа дэтхэнэ тхыгъэри мыбдежым щызэпкърытхыныр къалэн зыщытщIыжыркъым, сыту жыпIэмэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэм, усакIуэм, драматург Iэзэм и творчествэр къызэщIэкъуауэ щIэныгъэр и лъабжьэу джа щыхъуа «IутIыж Борис: УсакIуэ. ТхакIуэ. Драматург» тхылъ щхьэхуэр щIэныгъэлI БакIуу Хъанджэрий и Iэдакъэ къыщIэкIауэ 2010 гъэм дунейм къытехьащ. А монографие лэжьыгъэм тхакIуэм и зэчийм къыпкърыкIа художественнэ хъугъуэфIыгъуэхэр, абыхэм лъэпкъ литературэм щаубыд увыпIэр, жанрхэм заужьынымкIэ къалэну ягъэзащIэр зыубгъуауэ икIи кууэ къыщыгъэлъэгъуэжащ. Мыбдежым щызэхэдубла къэхутэныгъэм и кIуэцIкIэ дэ дыкъызытеувыIэнур IутIыжым и усыгъэмрэ и прозэмрэщ. ТхакIуэм и драматургиер ищхьэкIэ къыхэдгъэща лэжьыгъэми нэгъуэщI литературэджхэм (ЩакIуэ М.Ку., Абазэ А.Ч., Астэжь А.М., IутIыж Л.Б. сымэ) я щIэныгъэ тхыгъэхэми кууэ джа щыхъуащ.

Усыгъэ жанрхэм ящыщу IутIыж Б. усэм, сонетым, балладэм, поэмэм щылэжьащ. Апхуэдэуи усакIуэм лъэпкъ литературэм щыщIэщыгъуэ, мызыгъуэгукIи зыужьыныгъэшхуэ щызымыгъуэта прозэу тха усэ жанрымрэ абы пэгъунэгъуу езым къигъэщIыжа гущIагъщIэлъхэмрэ и зэфIэкI щигъэлъэгъуащ.

IутIыжым и усэхэм гурыщIэ зэмылIэужьыгъуэхэр лъабжьэ яхуэхъуащ, ауэ абыхэм нэхъыбэрэ къапкърыщыр фIылъагъуныгъэм и плъыфэ зэхуэмыдэхэрщ – зэгуэкIуахэм я гурыщIэхэрщ, лирикэ лIыхъужьым (езы усакIуэм) адэ-анэмрэ анэкъилъхухэмрэ яхуиIа гурыщIэ къабзэрщ, быным, хэкум, щалъхуа жылэм яхуищIа гухэлъырщ, н.

IутIыж Б. и лъагъуныгъэ лирикэр, псом хуэмыдэу нэхъ пасэу итхауэ «Си Дахэнагъуэ» (1987) тхылъым хыхьа усэхэр, псэ къабзагъэкIэ, гурыщIэ IэфIкIэ, гугъапIэ нэхукIэ псыхьахэщ. Тхылъыр къызэIузых усэ Iэрамэм и фIэщыгъэ къудейри – «Дахагъэ» жыхуиIэр – зи гугъу тщIым щыхьэт тохъуэ. Абы хыхьа тхыгъитIым деж щынэрылъагъущ усакIуэм къигъэщIа художественнэ дунейр дахагъэкIэ гъэнщIа щIыгу гъунапкъэншэу зэрыщытыр. ЕтIуанэ усэм и кIэухым дыкъыщоджэ:

*КIэлъыплъыт модэ, нэр дэкIуатэу,*
*БлэкIа хъыджэбзым. Сыт дэбгъуэн?*
*И плъэгъуэ закъуэ щхьэкIэ джатэм*
*Пасэрей лIыхъур пхуфIыхьэнт!*
*Е мо лIыжь блэкIыр! Мо шы хъуакIуэр!*
*Мо тхъэмпэр! Мо хьэпшыр щIэпхъуар!*
*Мо пшэ Iэрамэр! Мо уэшх къакIуэр!*
*Мо сабий джэгур! Мо щхьэц тхъуар!..*
*Дахагъэр техуэркъым дунейм, –*
*ДахапIэр къэгъуэтыф къудей.*



Мыпхуэдэу екIуу зэхэубла хъуа творчествэм и зыужьыныгъэм тегъэщIапIэ нэхъыщхьэ хуэхъуар дахагъэрщ – эстетикэ лъагэрщ. АдэкIэ усакIуэм сыт хуэдэ тхыгъэ къимыгъэщIами, ахэр нахуэу е щэхуу (щIагъыбзэкIэ) дахагъэм и пщалъэхэм тещIыхьащ, уеблэмэ и усэ нэщхъейхэри (элегиехэр), абыхэм уафIэкIыжмэ – и драмэхэри, трагедиехэри. КIэщIу жыпIэмэ, «дахагъэ» категориер щымылажьэ тхыгъэ IутIыжым и Iэдакъэ къыщIэкIакъым, ар нэм илъагъу дахагъэ е псэм зыхищIэ гуапагъэ ирехъуи. Мис, япэрейм и щапхъэ зыбжанэ:

*Модэ къуршыщхьэм пшэплъ пакIэр,*
*Шагъыр тхъурымбэу, щоткIуж.*
*Дыгъэм, писыкIыу къыр дзакIэр,*
*Махуэ гъуэгуанэр щекIуж.*

**(«Пщыхьэщхьэ», 1959)**

*Дыщэпс Iуданэ яшыхьауэ,*
*Дыгъэшхуэр телъу куафэм,*
*Дунейр и куэщIым ирилъхьауэ,*
*ХедыкI дахащэу уафэм.*
**(«Гъатхэ»)**

*Епэр удзхэр хьэуа пщтырым*
*ГущIэгъуншэу хесхьэ.*
*Уафэ лъащIэм, тхъурыжь ину,*
*Дыгъэр щыкIэресхьэ.*
**(«Шэджагъуэ»)**

Псэм къыщежьэ-щызэпцIу гур зи хэщIапIэ-хъумапIэ дахагъэ лIэужьыгъуэр нэхъыбэрэ лъабжьэ зыхуэхъур лъагъуныгъэ усэхэращ. IутIыжым и усыгъэми гурыщIэ къабзэр щытепщэ тхыгъэхэм куэду уащрохьэлIэ. УсакIуэм и гухэлъ щIыкIэмрэ зыми хэмыгъуащэу абы езым къигъэщIыжа къэIуэтэкIэмрэ нэхъ IупщIу зыхэплъагъуэр «Си Дахэнагъуэ» поэмэрщ (мыбы нэхъ гупсэхуу илъабжьэкIэ дыщыхэплъэнущ), ауэ, абы нэмыщI, нэгъуэщI лъагъуныгъэ усэ зыбжани, сонети иIэщ: «СощIэ, гъащIэр уэ бдэсхьынут тыншу...» (1967), «УмыпIащIэ... УпщIыIуж... ЗышыIэ» (1967), «Зэшыгъуэщ бжьыхьэ пшагъуэм къыхэщ махуэр...» (1967), «Шэч» (1973), «Сыпхуэзащ...» (1975), «ПфIэфIт уэ лъагъуныгъэм тIэкIу уриджэгуну...», «Лъагъуныгъэр банэ папцIэм...», «Гъэрэ щIырэ зэхэкIати нобэ...», «Сэ къысхуэщIэжкъым дыщызэхуэзар...», «Илъэсхэр блокI, зэтезэрыгуэу...», «Сыту куэд дыдэ бжесIэжыфыну...», «Вагъуэбэ жэщыр налкъут нэхунэ...», н. Иужьрей сонетым деж лъагъуныгъэм и лъахэр усакIуэм дуней телъыджэу къегъэлъагъуэ:



*Вагъуэбэ жэщыр налкъут нэхунэ*
*Минищэ куэдкIэ къызэщIопсыпсэ.*
*Псысэ нэхъыфIхэм я уардэунэу*
*ФIылъагъуныгъэм гухэр щоусэ.*
<...>
*Лъагъуныгъэр гухэм я гъэрыпIэ-тхъапIэщ.*
*Мы дунейм щымыщу хащIыхьа хэщIапIэщ.*

IутIыж Б. и языныкъуэ усэхэр зэшыр, гухэщIыр, гур зэзыгъэдзэкI гупсысэ гугъусыгъухэр щытепщэу, нэгъуэщIу жыпIэмэ элегие хьэл ядэплъагъуу гъэпсащ. Апхуэдэхэм («ГукъэкIыж IэфIхэр», «Хьэху», «ПцIырыпцI дахэкIей», «Элегие», «Дыхэсщ дэ псори...», «НапIэзыпIэ», «Зэшыгъуэ...», «БжьыхьэкIэ зэшыгъуэ», «КъэмытIэпIа насып», н.) я лирикэ лIыхъужьым гъащIэм кIэух зэриIэм ехьэлIа гупсысэм игу хегъэщI, ар зи псэр хьэршым кIуэжа и Iыхьлыхэм яхуозэш, къэгъэзэншэу блэкIа лъагъуныгъэм кIэлъогумэщI, къэзыухъуреихь дунейм и зэхэлъыкIэмрэ цIыхухэм я зэхэтыкIэмрэ егъэпIейтей. А гурыщIэхэр

художественнэ Iэзагъ хэлъу къиIуэтэнымкIэ усакIуэм пейзажыр мызэ-мытIэу тегъэщIапIэ ищIащ. Псалъэм папщIэ, «БжьыхьэкIэ зэшыгъуэ» усэм деж псэм къытехьэлъэ теплъэгъуэ ди пащхьэ къоувэ:

*Къыхощэщ уэшх щIыIэр бжьыхьэ пшагъуэм,*
*Гур ихузу, дуней псыфыр щымщ.*
*Си гупсысэм игъуэтыжкъым лъагъуэ,*
*Къихутащи зэшыгъуае хъым.*
*Дыгъэ иным си нэхэр щIохъуэпсыр,*
*Си псэм лъагъуныгъэм зыхуеший.*
*Ауэ уафэм щIегъэлъэлъ и нэпсыр, –*
*Си щIалэгъуэм зэщIекъуэж и бзийр.*

Мы сатырхэм дежи, IутIыжым и нэгъуэщI усэхэми бзэм и Iэмалхэм ящыщу нэхъыбэ дыдэрэ узыщрихьэлIэр къэгъэпсэуныгъэхэрщ: *«уафэм щIегъэлъэлъ и нэпсыр», «щIалэгъуэм зэщIекъуэж и бзийр»,* н.

Сыт хуэдэ жанрым щымылэжьами, IутIыж Б. и IэдакъэщIэкIхэм гушыIэмрэ ауанымрэ Iэзэу яхиухуэнащ. Усыгъэм щхьэхуэу и гугъу пщIымэ, «ГушыIалъэ» (2003) тхылъым хыхьащ: «Зи пащIэкIэ щIэгуфIыкI усэхэр» (усэ 25-рэ), «ГушыIэ хъуаскIэхэр» (усэу 8), «ГушыIэ уэрэдхэр» (уэрэди 6), «Усэ ткIыбжьхэр» (усэ 12), «ПIэскIугъэхэр» (усэ 20). Абыхэм нэмыщI, усакIуэм и къалэмыпэ къыпыкIащ нэгъуэщI гушыIэ усэхэри, ауанымрэ гушыIэмрэ зи лъабжьэ сонетхэри.

«Iужажэ» усэм деж IутIыжым цIыху фэрыщIхэр, IуитIбзитIхэр, мылъкурэ къулыкъурэ щIэхъуэпсурэ «зи напэр кIапэкIэ зыщэжахэр» къызэщIэзыкъуэ образ («собирательный образ») дыхьэгъ къыщигъэщIащ. Абы хуэгъэзауэ усакIуэм жеIэ:

*Нэхъыщхьэр уи щхьэм къытеувэм, –*
*И лъэгум гуапэу укъобзей.*
*Зыхубогъэщхъыр и щхьэгъусэм,*
*И бынхэм, и хьэм, и шэнтжьейм.*

Мы псалъэхэр, еIуэкI е щIагъыбзэ хэмылъу, занщIэу езы Iужажэм зэрыхуэгъэзам тхыгъэм психологие кууагъ хелъхьэ, абы щIэлъ ауаным и къалэн нэхъыщхьэри – мыхъумыщIэхэм зегъэцIыхужыныр – нэхъ IупщI, нэрылъагъу ещI.

IутIыж Б. и усыгъэм философие гупсысэ убгъуахэр кIэщIу къыщыIуэта сатыриплIурэ зэхэт «ХъуаскIэхэр» усэ Iэрамэри (1965-1983) зы къуэпс щхьэхуэу хэуващ. Абы хыхьэ тхыгъэхэм ящыщу языныкъуэхэр апхуэдизкIэ куущи, гъащIэ псо къыщызэщIэкъуащ. Мис зы щапхъэ:

*Зеплъыхьри щылъщ сабий мазищ мыхъуар,*
*Илъагъу дунейр зищIысыр къыхуэмыщIэу.*

*Гупсысэу йоплъ дуней жьы дыдэ хъуар*
*И куэщIым кърalъхьа упщIэ нагъыщэм.*

Усэ-хъуаскIэхэр зэрыкупщIафIэм нэмыщI, я гъэпсыкIэ-ухуэкIэкIи щхьэхуэныгъэ куэд яхыболъагъуэ. Псалъэм папщIэ, абыхэм рифмэ лIэужьыгъуэ нэхъыщхьищми уащрохьэлIэ: Iэрамэм хыхьэ усийм щыщу тхыгъэ зырыз къызэщIэзыкъуэ, зэгуэгъу рифмэхэмкIэ тхащ, адрей усихым хэт сатырхэр рифмэ зэблэдзакIэ зэпхащ. Апхуэдэуи, усэхэм бзэм и Iэмал зэхуэмыдэхэр – метафорэр, зэгъэпщэныгъэр, егъэлеиныгъэр, аллегориер – IэкIуэлъакIуэу къыщыгъэсэбэпащ. Иужьрейуэ къэдгъэлъэгъуа Iэмалыр усэ Iэрамэм кIэIунэ езытыж еянэ тхыгъэм деж гъэщIэгъуэну «щолажьэ»:

*КъызжоIэ щыIэу куэду щезгъэлей...*
*Пэж хъунщ. СыIэсэкъым. Сыт сыбгъэщIэнур?..*
*Уэ бажэу гъэ мин бжыгъэ тет дунейм.*
*Зы гъащIэ къэзгъэпсэу сэ сыаслъэну.*

Мыбдежым аллегорием тхыгъэм щIагъыбзэ куу щIелъхьэ: лирикэ лIыхъужьым, къигъэщIэнур мащIэми, аслъэным хуэдэу хахуэу псэунэр нэхъ къещтэ, бажэм хуэдэу пцIыIуэпцIышэрэ Iужажэу илъэс мин бжыгъэкIэ дунейм тет нэхърэ.

IутIыж Борис сонет жанрым адыгэ литературэм зыщиужьынми и гуащIэ ин ирихьэлIащ. Дызэрыщыгъуазэщи, сонетыр жыпхъэ нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщщ, ар къэзыгъэIэрыхуэфхэм я бжыгъэри куэд хъуркъым. Ди лъэпкъ усакIуэхэм я нэхъыбэр а жыпхъэм я зэфIэкI щеплъыжу сонет зыбжанэ я Iэдакъэ къыщIэкIауэ аркъудеймэ, сонет творчествэ псо зэзыгъэпэщыфахэри (ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, IутIыж Борис, Ацкъан Руслан), сонетым нэхърэ куэдкIэ нэхъ гугъуж сонет Iэрамэм и фащэ мыIумпIафIэр къэзыгъэIурыщIэфахэри (Бемырзэ Мухьэдин, КIэщт Мухьэз, Уэрэзей Афлик, ПщыукI Латмир, н.) абыхэм яхэтщ.

IутIыжым и тхыгъэ зэхуэмыдэхэр щызэхуэхьэсауэ 2005 гъэм дунейм къытехьа «Къудамэхэр» тхылъым сонету 65-рэ хыхьащ. Абы къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, усакIуэм ахэр 1998-2003 гъэхэм итхащ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, критикхэмрэ литературэдж щIэныгъэлIхэмрэ литературэм и зыужьыныгъэм и напэкIуэцI щхьэхуэу къалъытэ совет нэужь лъэхъэнэм хиубыдащ. НэгъуэщI зыми гу лъытапхъэщ: IутIыжым и сонетхэр щитхар литературэм и жанр зэмылIэужьыгъуэхэм щылажьэу, художественнэ тхыгъэм и гъэпсыкIэ-ухуэкIэм и щэхухэм щыгъуазэ хъуа нэужьщ. ЩIэныгъэлI БакIуу Хъанджэрий пэжу къызэрыхигъэщащи, «мы жанр гугъум (сонетым. – ***Хъ.Л.)*** щыпэрыувам, IутIыжыр лIыпIэ иува къудейтэкъым, абы щыгъуэ ар Iэзагъ лъагэ зыIэрызыгъэхьа усакIуэт».

IутIыж Б. и сонетхэр адыгэ дуней лъагъукIэкIэ псыхьащ, лъэпкъ тхыдэм и кIапэлъапэхэр къыхэщыжу гъэпсащ. Абы щыгъуэми усакIуэм

и IэдакъэщIэкIхэм сонет жанрым нэхъ хуэщу къалъытэ темэ нэхъыщхьэхэри – лъагъуныгъэ мотивхэр, хэку фIылъагъуныгъэр, гъащIэм и философиер – къапкърыщащ. Ахэр сытым темыухуами, лъэпкъыпсэ яIутщ, уеблэмэ усакIуэр лъагъуныгъэм щытетхыхькIи тхыгъэхэм адыгэлIым и хьэл-щэныр къахощ. Лирикэ лIыхъужьыр хэкупсэщ, абы лъэпкъ тхыдэр узу пкърытщ, ар адыгэ щIэблэм я къэкIуэнум егъэпIейтей. Псалъэм папщIэ, абы тхыдэ къэхъугъэхэр гурэ псэкIэ зэрызыхищIэмрэ ахэр акъыл нахуэкIэ зэрызэригъэзэхуэфымрэ «Сыту хуабжьу тхыдэм ущыпсыхэкIуадэт...» сонетым гъэщIэгъуэну къыщыгъэлъэгъуащ. Псом хуэмыдэу IупщIу ар ещанэ катренымрэ тхыгъэр щIэзыгъэбыдэж иужьрей сатыритIымрэ деж щыболъагъу:

*ФIыкъым тхыдэтегъэр, ауэ нэгу щIэкIахэм*
*Дерс хэзымых лъэпкъыр кIуэуэрэ – мэкIуэд...*
*Адыгэ жылакIэу дунейм щикъухьахэм*
*Дэ къытщIоджэ нобэ лIыхъужьыпсэ куэд:*

*«Маржэ хъужыххэнхэ, зыхэвгъэлъ ди лIыгъэр!*
*Ауэ лIыгъэм япэ ирырещ Iущыгъэр!».*

Иужьрей сатыритIыр къыхуеджэныгъэу гъэпсащ, апхуэдэ ухуэкIэр усакIуэм и нэгъуэщI сонетхэм дежи щыболъагъу. Псалъэм папщIэ, «Тхыдэ-лIыжь кхъахэр уанэтемыхщи...» сонетри къыхуеджэныгъэкIэ еух:

*ЗыхэдывгъалъхьИ щымыIа лIыгъэ,*
*ДыкъыщIэвгъэкIхэ зэрамыгугъэу!*

Мыпхуэдэ ухуэкIэм тхыгъэр гимным пэгъунэгъу ещI.

IутIыж Б. и сонет творчествэм и щхьэхуэныгъэ нэхъыщхьэр, усакIуэм, къэбэрдей литературэм щыяпэу, а жыпхъэмкIэ тхыдэ, жылагъуэ Iуэхугъуэхэр къызэригъэлъэгъуарщ. ИщхьэкIэ зи цIэ къыщитIуа БакIуу Хъанджэрий пэжу гу зэрылъитащи, «тхакIуэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ зэманым, зытепсэлъыхь лъэхъэнэм ифIри и Iейри къэгъэлъэгъуэныр. Лъэхъэнэ къэс иIэжщ и дамыгъэхэр. «Историзмэр» зэман пыухыкIар фIэщхъуныгъэ хэлъу къызэрагъэлъагъуэ Iэмал хъарзынэщ. IутIыж Борис ар къыщигъэлъэгъуащ и драмэхэм, новеллэхэм, публицистикэм. Сонет жанрми абы къыщехъулIащ совет лъэхъэнэм иужькIэ ди псэукIэм зэхъуэкIыныгъэу игъуэтахэр. Псалъэ гуэр (концепт) усакIуэм къещтэри, ар символым хуешэ, «цыкIуэкIым хуэдэу» гупсысэхэр къытрешыр». ЩIэныгъэлIым и еплъыкIэр щIэзыгъэбыдэ щапхъэ куэд IутIыжым и сонетхэм яхэбгъуэтэнущ.

«ЦIыху цIыкIур щохъур нэхъри нэхъ цIыкIуж...» сонетым щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр гъащIэм сыт щыгъуи къыдекIуэкI мылъкукIэ зэхуэмыдэныгъэмрэ иужьрей лъэхъэнэм цIыхухэр псэкIэ къулейсыз хъу

зэпыту, цІыхугъэр, напэр, щІыхьыр ІэщІыб ящІу къызэрекІуэкІымрэ тегъэпсыхьащ. КуэдкІэ нэхъ шынагъуэжращи, иджырей гъащІэм цІыху хьэкІэпычхэмрэ нэмысыншэхэмрэ щытепщэщ. Аращ усакІуэр Іыхьэлейм икІауэ зыгъэпІейтейуэ зи гугъу тщІы сонетым къыщиІуатэри:

*ЦІыху цІыкІур щохъур нэхъри нэхъ цІыкІуж*
*Дунейкъутэжым щхъэщыхьа мы гъащІэм.*
*«СылІа нэужькІэ – удз къремыкІыж!»*
*ЖызыІэхэм дунейр зыкІзыщхъэ ящІыр.*

Мы едзыгъуэм щызэхэша гупсысэхэм сонетым и къыкІэлъыкІуэ Іыхьэхэм зыщаубгъу икІи тхыгъэм кІэІунэ езытыж сатыритІым деж ахэр мыпхуэдэ философие куум хуокІуэ:

*Нэхъуейм икІа дунейм ирегъэзагъэ*
*И хабзи-бзыпхъи къэунэхуа хьагъэм.*

«Зыми имыщІысу псоми дэфыщІейхэм...», «Пщы» зыфІэпщым «пщылІ» къыпфІещыр...» сонетхэр ди къэралым щыІэ жылагъуэ зэхэтыкІэм, политикэ щытыкІэм тегъэпсыхьащ. Абыхэм усакІуэм дунейр зэзыпхъуэну хущІэкъухэм я образ дыхьэгъхэр къыщигъэщІащ икІи ахэр гушыІэрэ ауанкІэ ипсыхьащ. Абы ехьэлІауэ БакІуу Хъанджэрий етх: «ІутІыж Борис сонетыр басням пэгъунэгъу хуищІащ ауан Іэмалыр зэрыхигъэхьамкІэ. Апхуэдэ зиІэ яхэткъым адрей адыгэ усакІуэхэм». ЩІэныгъэлІым и еплъыкІэм арэзы утемыхъуэнкІэ Іэмал иІэкъым, сыту жыпІэмэ сонетым гушыІэмрэ ауанымрэ хэухуэнэныр ди литературэм щыщІэщыгъуэщ. Абы щыгъуэми зы сонетым и кІуэцІкІэ мотив зэмылІэужьыгъуэхэр (лъагъуныгъэ, философие, жылагъуэ-политикэ, ауан, гушыІэ, н.) щызэхэгъэшыпсыхьауэ урохьэлІэ. Псалъэм папщІэ, «Дунейр – бэмпІэгъуэкІэ гъэнщІауэ...» сонетым деж иджырей жылагъуэ зэхэтыкІэм мыхъумыщІагъэу хилъагъуэр къызэриІуэтэну усакІуэм къыхуэнэжыр зы Іэмалщ – гушыІэрщ. Абы щыгъуэми тхыгъэм щІэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр зыхуэунэтІар цІыхур гъэдыхьэшхыныр аракъым, атІэ зегъэщІэжынырщ, и щыуагъэхэм гу лъегъэтэжынырщ. Сонетым и етІуанэ, ещанэ катренхэм дыкъыщоджэ:

*Дахагъэм ЩІыгур къихъумэным*
*Ущыгугъыныр щхьэгъэпцІэжщ...*
*Зэгуэр номиным дыхуэкІуэну*
*ЖиІамэ Дарвин, – ар нэхъ пэжт.*

*А пэжыр мис-тІэ: цІыхур щІылъэм*
*И тепщэу Тхъэшхуэм къигъэщІат,*
*АрщхьэкІэ homo-хьэщхьэвылъэ**
*Лъэпкъыгъуэм яуфэбгъу: «Vivat!..».*

* *homo* (цІыху) + *хьэщхьэвылъэ* (мифологием щыщ персонаж)

«Ухуеймэ гъащIэр тыншу епхьэкIыну...», «Уи жагъуэгъум къыпхуипсэлъхэм...», «Накъыгъэ мазэм зызэпигъазэщ...», «Ей, мы Жьыгъэри мыр!..», «Лъагъуныгъэр банэ папцIэм...» жыхуиIэ сонетхэри гушыIэмрэ ауанымрэ я лъабжьэу гъэпсащ.

IутIыж Б. и сонетхэм я нэхъыбэм философие икIи психологие кууагъ ящIэлъщ: усакIуэм гъащIэмрэ ажалымрэ зэгуэхыпIэ имыIэу зэрызэпхар къегъэлъагъуэ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «ГъащIэр зэрыкIэщIым теухуауэ...», «УтекIыфкъым натIэм кърнтхам...», «ГъащIэр зэман-жыгым къыпытIысхьэ пцIащхъуэщ...», «Мэкъугъыр хьэр. Мэкъугъ емызэшыжу...», «Зэгуэрым нэху щыщынущ мы дуней...» жыхуиIэхэр, н.

Куэдыр зэрыщыгъуазэщи, сонетым и тхыкIэ хабзэ, и фащэ ухуэкIэ (сатыр пщыкIуплIу зэхэту) иIэжщ. IутIыж Борис и сонетхэр инджылыз фащэм иту гъэпсащ, катрену щырэ кIэIунэ езытыж сатыритIу зэхэту, цIыхухъу рифмэхэмрэ цIыхубз рифмэхэмрэ чэзууэрэ щызэкIэлъыхьа мыпхуэдэ рифмэ ухуэкIэм тету – *abab cdcd efef gg*. КъызэщIэкъуауэ къэбгъэлъагъуэмэ, IутIыжым и сонет гъэпсыкIэр сыт и лъэныкъуэкIи жанрым и хабзэхэм йозагъэ, тхыгъэхэм я нэхъыбэр сонетым нэхъ хуэщу къалъытэ ямб жыпхъэмкIэ (стопа бжыгъэр зэхуэмыдэурэ) тхащ. Борис и IэдакъэщIэкIхэм яхэтщ жанрым нэхъыфI дыдэу хуэкIуэу къалъытэ жыпхъэмкIэ – стопаитху е стопаих хъу ямбымкIэ – тха сонетхэри. «Ухуеймэ гъащIэр тыншу епхьэкIыну...» зыфIищар и кIыхьагъкIэ стопаитхуу зэхэт ямбкIэ тхащ:

*Ухуѐймэ гъа̀щIэр ты̀ншу епхьэкIы̀ну,*
*Абы̀ уримыхъу̀кI уэ гупсысэ̀х:*
*Псалъэжьым тету – а псы узыхьынум,*
*УпэщIэмы̀ту, зыдрегъэхьэ̀х.*

U – | U – | U – | U U | U – | U *пир.* 8 пыч.*
U – | U U | U – | U U | U – *пир. 4, 8 пыч.*
U – | U – | U U | U U | U – | U *пир. 6, 8 пыч.*
U U | U – | U U | U U | U – *пир. 2, 6, 8 пыч.*

«Теорие щыIэщ бжыгъэр хуэкIуэу фIагъым...» фIэщыгъэм щIэт сонетыр стопаихыу зэхэт ямбкIэ тхащ:

*Теорие щы̀Iэщ бжы̀гъэр хуэ̀кIуэу фIа̀гъым,*
*Ауэ цIыху гъа̀щIэм ѐщI ар фIэщщIыгъуѐй:*
*Илъэс къэдгъэ̀щIхэр хъу̀уэрэ зэлъа̀гъэ,*
*Ухыгъэ эшафо̀тым дыдокIуѐй.*

U – | U – | U – | U – | U – | U
U U | U – | U – | U U | U – *пир. 2, 8 пыч.*

* пиррихий.

U U | U – | U – | U U | U – | U *пир. 2, 8 пыч.*
U U | U U | U – | U U | U – *пир. 2, 4, 8 пыч.*

ІутІыж Б. и сонетхэр художественнэ бзэ къулейкІэ тхащ, абы псалъэжьхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэ щІэх-щІэхыурэ уащрохьэлІэ. Абы щыгъуэми ахэр зэрыщыт дыдэм хуэдэу къэгъэсэбэпакъым, атІэ контекстым зэрыхуэкІуэ, зэрыхуэфащэу хэувахэщ. Мис, псалъэм папщІэ, щапхъэ зыбжанэ: ***«Напэ нэхърэ – кІапэ!»*** (мыбдежми адэкІи къыхэзыгъэщар дэращ. – *ХъЛ.*) *жызыІахэм / Нэхъ Іущ щымыІауэ къыщІокІыж»* («ЖаІэр пэжмэ, зэгуэр къутэжынущ...» сонетым щыщщ); *«Псалъэжьым тету –* ***апсыузыхьынум,*** */ УпэщІэмыту,* ***зыдрегъэхьэх»*** («Ухуеймэ гъащІэр тыншу епхьэкІыну...» сонетым щыщщ); *«Зедгъэсат* ***фІы тщІэфу*** *цІыхухэм ад-дэ пасэу, / Ауэ* ***«псым хэддзэфу»*** *зи зытхуемыгъасэ»* («ГъащІэр зэман-жыгым къыпытІысхьэ пцІащхъуэщ...» сонетым щыщщ); ***«Дыхэмыныпэу и лъэхъуэмбыщІэр*** */ Къытлъысу щытмэ, дыщогуфІыкІ...»* («Къыщимыгъуэту а нэхъ къилъыхъуэр...» сонетым щыщщ); ***«Пщы» зыфІэпщым «пщылІ» къыпфІещыр*** *жаІэу / Ижь-ижьыжым лъандэрэ къокІуэкІ»* («Пщы» зыфІэпщым «пщылІ» къыпфІещыр жаІэу...» сонетым щыщщ), н. ИщхьэкІэ къыщытхьа щапхъэхэм адыгэ псалъэжьхэр яхэухуэнащ, зэрынэрылъагъущи, абыхэм текстым къызэрезэгъыу зэхъуэкІыныгъэ зыгъуэтаи яхэтщ.



Псалъэжьхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэ пэгъунэгъуу езы усакІуэм къигъэщІыжа Іущыгъэхэри сонетхэм куэду яхыболъагъуэ. Псалъэм папщІэ, «Гум гугъапІэ лъэпкъ къыхуэгъуэтыжкъым...» сонетыр апхуэдэ Іущыгъэхэмкіэ, философие гупсысэ куухэмкІэ гъэнщІащ. Мис абы щыщу зы катрен:

*ЦІыху насыпыр напІэзыпІэрыбжэщ.*
*Къытхуэлыду – кІуэдыж гъуэбжэгъуэщщ.*
*ГъащІэр – щымыІа ямыгъуэтыжхэм*
*ЩепщІыхьыжу шыгъушыпсыпІэ жэщщ...*

Мы едзыгъуэми, ар къызыхэтха сонетыр зэрыщыту къапщтэми, ІутІыж Борис и сонет творчествэм къызэщІэкъуауэ ухэплъэми, тхыгъэхэр купщІафІэу зэрыщытым къыдэкІуэу, ахэр зыми хэмыгъуащэ хъэтІкІэ зэрытхари нэрылъагъу мэхъу. Псом хуэмыдэжу щІэщыгъуэщ усакІуэм гъащІэр шыгъушыпсыпІэ жэщым зэрыригъапщэр, апхуэдэ художественнэ Іэмал гъэщІэгъуэнхэм – метафорэхэм, эпитетхэм, зэгъэпщэныгъэхэм, къэгъэпсэуныгъэхэм, егъэлеиныгъэхэм – абы и ІэдакъэщІэкІхэм куэдрэ уащрохьэлІэ.

Прозэу тха усэ жанрыр ди литературэм япэу щызыгъэлэжьар, абы и зыужьыныгъэм зи гуащІэ нэхъыбэ езыхьэлІар ІутІыж Борису жытІэмэ, дыщыуэнукъым. Литературэм и теорием зэрыщыубзыхуамкІэ, апхуэдэ усэ лІэужьыгъуэм гъэпсыкІэ щхьэхуэныгъэ зыбжанэ иІэщ. И фащэкІэ усэм и хьэл-щэн (ритмикэ, рифмэ, строфикэ) хэмылъми, и купщІэкІэ поэзие лъагэ пкърылъ хабзэщ; кІэщІу, сюжетыншэу, ми-

ниатюрэ теплъэ иIэу ухуащ. Прозэу тха усэхэм ящIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэр зы теплъэгъуэ, щытыкIэ гуэрым тегъэщIащ, абыхэм зызыужь, зызыхъуэж къэхъугъэ-Iуэхугъуэ гуэрхэм уащрихьэлIэ хабзэкъым.

IутIыж Б. прозэу тха и усэхэм философие гупсысэхэр я лъабжьэщ. УсакIуэм абыхэм гъащIэмрэ ажалымрэ, гъащIэм и мыхьэнэм, лъагъуныгъэр зищIысым, нэгъуэщIхэми ехьэлIауэ езым иIэ еплъыкIэхэр, къызэщIэкъуауэ жыпIэмэ езым и щхьэзакъуэ художественнэ дуней лъагъукIэр яхилъхьащ. Прозэу тхами, абыхэм поэзием и нэщэнэхэр IупщIу къахощ, уеблэмэ языныкъуэхэм я фIэщыгъэ къудейхэми усыгъэм и гъэпсыкIэ хабзэхэр яхыболъагъуэ (образ гуэр къыщыгъэщIауэ, гурыщIэ зэмылIэужьыгъуэхэр хэгъэшыпсысхьауэ, щIагъыбзэ щIэлъу). Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «Телъыджалъэ», «Дыгъэм кIэрыщIыхьа абгъуэ», «ГъащIэр псысэм хобжьахъуэ», «ФIэщхъуныгъэ дахэ» жыхуиIэхэр, нэгъуэщI зыбжани.

Прозэу тха усэхэм психологизм лъэщи, лирикэ щаби ящIэлъщ. Апхуэдэу гъэпсащ «СощIэ» фIэщыгъэм щIэт тхыгъэр. Ар кIэщI дыдэщ, ауэ гурыщIэ куу къыхэщу тхащ: *«СощIэ, Уэ утетщ мы дунейм. Си гупсысэхэм уазэрыхэтым ещхъыркъэпсу. Удахэу. Укъабзэу. Угуапэу. Уи цIэр сымыщIэми, Уэ нэхъ нэIуасэ симыIэу. Махуэм я нэхъ щIыIэми си гур уи хуабэм къигъэплъу. Псалъэхэр сIыпхъыурэ усэ къасхухэпщIыкIыу... Уэ утетщ апхуэдэу си дунейм... Сыпхуэмызами. Узмылъэгъуами. Укъамылъхуами»*.

IутIыжым прозэу тха и усэхэм «парцелляцэ»-кIэ зэджэ Iэмалыр куэдрэ къыщыгъэсэбэпащ. Ар ищхьэкIэ къыщытхьа щапхъэми къыхощ *(«Удахэу. Укъабзэу. Угуапэу»; «Сыпхуэмызами. Узмылъэгъуами. Укъамылъхуами»)*, апхуэдэуи «Сурэт дахащэ» тхыгъэм и пэщIэдзэми къыщыгъэсэбэпащ: *«Жэщщ. Щымщ. Мамырщ. Дахэщ...»*. Парцелляцэм тхыгъэм щIэлъ психологизмыр нэхъ куу ещI, а Iэмалым усакIуэм псалъэкIэ къигъэщI художественнэ дунейр щIэджыкIакIуэм зыхегъэщIэнымкIэ къалэн пыухыкIахэр егъэзащIэ.

Прозэу тха усэ жанрым пэгъунэгъущ IутIыж Б. езым къигъэщIыжа гущIагъщIэлъхэри. Ахэр кIэщIу тхащ, уеблэмэ прозэу тха усэхэм нэхърэ нэхъ кIэщIыжщ, ауэ, абыхэм (прозэу тха усэхэм) миниатюрэ хьэл яхэлъу теплъэгъуэ е щытыкIэ гуэр къыщыгъэлъэгъуамэ, гущIагъщIэлъхэм зы Iуэхугъуэ е къэхъугъэ щхьэхуэм ехьэлIауэ усакIуэм иIэ еплъыкIэ-гупсысэкIэр (рассуждение) къыщыIуэтащ, философие куукIэ гъэнщIащ, афоризмэм и хьэл гуэрхэри дэплъагъуу гъэпсащ. Прозэу тха усэхэм къащхьэщыкIыу, гущIагъщIэлъхэм фIэщыгъэ яIэкъым, атIэ усакIуэм и гъащIэм гуэхыпIэ имыIэу епха гупсысэ кIапэлъапэхэурэ зэхэтщ. Зи гугъу тщIахэр щапхъэ зыбжанэкIэ щIэдгъэбыдэнщ:

* * *

*Сыту укъабзэ уэ, цIыху! А уи къабзагъэр мыхъуамэ, и дзыхь къуигъэзу, уэ Тхьэр акъылкIэ къыпхуэупсэнтэкъым. Сыту уфIей уэ, цIыху!*

*А уи фIеягъэр мыхъуамэ, Тхъэм къуита а тыгъэ лъапIэр уэ шейтIаным хуэбгъэлэжьэнтэкъым.*

* * *

*Уэ сэ укъысхуигъэщIащ. Сэ уэ сыкъыпхуигъэщIащ. Ар псоми я фIэщ щысщIыну утыку дэтхэнэми сихъэну сыхъэзырт. Ауэ укъысхуэгъуэткъым. Сыкъыпхуэгъуэткъым. Нобэми. Ныжэбэми.*

* * *

*Пэжкъым! Сыарэзыкъым! Си фIэщ зэрыпхуэщIын щыIэкъым сэ зыми сримыщIысу. Ауэ сытми щхъэ бжыгъэу дунейм сыкъытехъуауэ. Сыкъызэрытехъуам ещхъыркъабзэуи – лъэужьыншэу сытекIыжыну... СытекIыжынущ. Къытехьауэ абы темыкIыж щыIэкъым. Ауэ сэ сщыщу дунейм къытенэнущ си бампIэ гызхэр. Си гугъэ къутахуэхэр. ГъащIэм гуэсщэну сызыхэта си псысэ-щIэинхэр. Iэ пхъашэ куэдым яукъуея, гу пхъашэ куэдым дыхъэшхэн ящIа си щыуагъэ IэфIхэр... Щрепсэу ахэр сэ сыщымыпсэуфа мы дунейм. Зи IэфIым сылъэмыIэса мы дуней дахэшхуэм.*

* * *



*Анэр, лъэпкъыр, хэкур фIыуэ зэрыплъагъур къытхуэпIуэтэну ухуемыжьэ. Ар – яхуэмыIуэтэщI лъагъуныгъэщ.*

* * *

*ФIыуэ сыкъэплъагъур пэжмэ, уи гум сыщыгъэпсэу. Мы дунейм нэгъуэщI егъэзыпIэ щиIэкъым лъагъуныгъэм.*

* * *

*ЦIыхуфIыр Iэщэ къудейкIэкъым зэраукIыр. ПцIыкIи яукI. ПэжкIи яукI. ЦIыху бзаджэм Iэщэ папщIэу къыздрихьэкI пэжымкIэ.*

Зэрынэрылъагъущи, мы тхыгъэхэм, философие гупсысэ куухэм къадэкIуэу, Iущыгъэшхуи гъэсэныгъэ-ущиинығъэ мыхьэнэи ящIэлъщ.

Мызэ-мытIэу къызэрыхэдгъэщащи, IутIыж Борис и къалэмыр куэдым хуигъэлъэщащ. Апхуэдэщ лиро-эпикэри. Абы и жанрхэм ящыщу усакIуэр балладэмрэ поэмэмрэ и зэфIэкI щеплъыжащ, а жанрхэм иту тхыгъэ зырызи Iэдакъэ къыщIэкIащ – «Уэрэд» балладэмрэ «Дахэнагъуэ» поэмэмрэ.

«Уэрэд» балладэр ЩоджэнцIыкIу Алий и фэеплъу гъэпсащ. Мыр IутIыжым щитха 1975 гъэм езы жанрыр адыгэ литературэм щызэфIэувагъащIэт, ар лъэпкъ усакIуэхэм нэсу къагъэIэрыхуэну хунэсатэкъым, язынықъуэхэми яхузэфIэкIатэкъым. АрщхьэкIэ литературэм и теориеми жанрхэм я ухуэкIэ хабзэхэми фIы дыдэу щыгъуазэ IутIыжым и тхыгъэр и купщIэкIи, и фащэкIи зэхуэдэу хъарзынэу къехъулIат. Ар 1987 гъэм къыдэкIа «Си Дахэнагъуэ» тхылъым иту дунейм къытехьащ. 2005 гъэм къыдэкIа «Къудамэхэр» тхылъым

усакIуэр зыхэлэжьыхьыжауэ икIи нэхъ зызригъэубгъуауэ балладэм и етIуанэ вариантыр, 1980 гъэр зыщIэдзыжар, къыщыхьащ. АрщхьэкIэ, дэ дызэреплъымкIэ, япэ вариантыр нэхъ кIэщIрэ гъэхуауэ гъэпса хъуащ, абы къыхэкIкIи мы лэжьыгъэм и кIуэцIкIэ щызэпкърытхынур ращ.

Балладэ жанрым зэрыщыхабзэу, IутIыжым и тхыгъэм макъамэм щIыпIэ ин щеубыд, и фIэщыгъэм къыщегъэжьарэ кIэух сатырхэм деж щиухыжу. Езы «балладэ» псалъэм (провансалыбзэм – *ballada,* франджыбзэм – *ballade,* латиныбзэм – *ballare, ballo)* «къызэрыфэ/къызыдэфэ уэрэд», «къэфэн», «сыкъофэ» къикIыу ращ. Тхыгъэм и кIэухым деж усакIуэпсэр (ЩоджэнцIыкIу Алий и псэр) уэрэд уахътыншэ мэхъури, ажалым IэщIолъэт.

Балладэм и зэхэлъыкIэри жанрым и хабзэхэм тету ухуащ: мыбы хыболъагъуэ гуащIэу екIуэкI Iуэхугъуэ (конфликт), лIыхъужь нэхъыщхьэр псэзэпылъхьэпIэ йохуэ (драматизм), ауэ абыи къимыгъэдзыхэу, ар псэемыблэжу, лъэпкъым щхьэузыхь зыхуищIу, «цIыхубэ лIыхъужьу» («народный герой» жыхуаIэм хуэдэу), адыгэлI хахуэу тхыгъэм къыхощ. Сюжетым персонаж куэд, пIалъэ кIыхь е къэхъугъэ зыбжанэ къызэщIиубыдэркъым, сыту жыпIэмэ, ищхьэкIэ къызэрыщыхэдгъэщащи, балладэм и лъабжьэр кIэщIу, ауэ гуащIэу екIуэкI зы Iуэхугъуэщ, абы и къалэн нэхъыщхьэри а Iуэхугъуэм зы образ уардэ «хэгъэнэхукIын», «хэгъэлындыкIынырщ».

IутIыжым и балладэм деж ажалымрэ усакIуэмрэ щызэпэщIоувэ. *«Къэбгынэ мы дунейр!..»,* – жеIэ ажалым, ауэ усакIуэпсэ къабзэр, лъэпкъыпсэ-хэкупсэр мэлъаIуэ:

*Адыгэ лъахэу хэку щIэращIэм*
*Си нитIыр Iугъэплъэж.*
*Насып уэрэдкIэ си лъэпкъ мащIэм*
*Гур зэ хуэгъэупсэж.*
*ИтIанэ, содэ, къыхуэгъанэ*
*Ухуейми, хъэдэр хъэм.*
*Жэнэтми си псэр къыумыгъанэу,*
*Зыдэхь уэ жыхъэрмэм...*

Псоми ятекIуэу, къыпэрыуэ щымыIэу еса ажалыр апхуэдэ лъэIум къегъэгубжьри, усакIуэпсэр хихыну «хуоIэбых», ауэ ЩоджэнцIыкIум и псэ нэхур а къару фIыцIэм и Iэзэгъуэм имыт уэрэд гуакIуэ мэхъури мэлъатэ, икIи щIылъэмрэ уэгумрэ я зэхуакум щыщхьэхуиту хьэуам къыхонэ.

Тхыгъэм философие гупсысэ куу щIэлъщ. Пэжщ, ипкъкIэ, и щхьэкIэ ажалым зыри IэщIэкIыфыркъым, ауэ зи IэужьхэмкIэ, къагъанэ лъэужь дахэхэмкIэ уахътыншэ хъухэри щыIэщ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, ар тыншкъым, абы щхьэкIэ у-ЩоджэнцIыкIу Алийуэ – зэчиифIэу, гуащIафIэу – дунейм укъытехьэн икIи а дунейм екIуу утетыну пхузэфIэкIын хуейщ.

Балладэм и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщу ищхьэкIэ къыхэдгъэща драматизмэри IутIыжым и тхыгъэм IупщIу къыпкърощ, уеблэмэ ар сатыр къэскIэ, языныкъуэхэм нэхъыбэу, адрейхэм нэхъ мащIэу, яхэухуэнащ. Псом хуэмыдэжу ар ажалыр усакIуэпсэм щебгъэрыкIуэ сатырхэм деж щыщIохуабжьэ:

*Мис иджыпстуи: щылъщ усакIуэр.*
*Псэ хэкIым зыкъеший.*
*Iуплъащи нэхэр ажал къакIуэм,*
*Псалъэншэхэу мэкIий.*
*Ар къокIуэ!.. Мис!.. Къэсащ!.. Шынагъуэм*
*Гуузу хесхъэ гур!..*

Мыбдежым цIыхупсэм къылъэIэса гузэвэгъуэр усакIуэм псалъэ къудейкIэ мыхъуу, графикэкIи – нагъыщэ хэIэтыкIахэмрэ точкищхэмкIэ – къызэригъэлъагъуэми гу лъытапхъэщ.

«Уэрэд» балладэм и фIагъхэм ящыщщ усакIуэм и дуней лъагъукIэ къызэрымыкIуэр, и къэухьыр, и псэм и кууагъыр къызыпкърыщу гъэпса сатырхэр. Ахэр Iущыгъэхэмрэ философие гупсысэхэмкIэ псыхьащ:



*Илъэсхэр блокIри, гъадэщIыдэ*
*Пшагъуэбэм хогъуэщэж.*
*ЦIыху гъащIэр щIыгум къытолындэ,*
*А щIыгуми хокIуэдэж.*
*Аращ игъащIэми: ажалыр*
*Дэтхэнэми и кIэсщ.*
*Зы напIэзыпIэщи псэ пIалъэр,*
*Пхъэ ласкIэ гъуру мэс...*

Иужьрей сатыритIым деж IутIыжым и щхьэзакъуэ хъэтIымрэ и Iэзагъэмрэ зыгъэнахуэ зэгъэпщэныгъэ гъэщIэгъуэн хыболъагъуэ – «псэ пIалъэр пхъэ ласкIэ гъуру мэс».

ИщхьэкIэ щыжытIахэр щыхьэт зэрытехъуэщи, IутIыж Б. и балладэр жанрым и щапхъэ нэхъ пасэхэм икIи нэхъыфIхэм ящыщу лъэпкъ литературэм хэуващ. Апхуэдэу адыгэ усыгъэм и хэлъхьэныгъэ нэс хъуащ адэкIэ дызыхэплъэну тхыгъэри.

«Си Дахэнагъуэр» (1963-1986) а фIэщыгъэ дыдэм щIэт тхылъым и псалъащхьэм поэмэу къыщыгъэлъэгъуащ, ауэ езым и къыщIэдзапIэм деж абы и жанр фащэр игъэнахуэу усакIуэм «гум и псысэхэр» жиIэу кIэщIитхащ. ИужьреймкIэ, тхыгъэм укъемыджэ щIыкIэ, наIуэ мэхъу абы гупсысэ-гурыщIэхэр ебэкIыу зэрыщытыр, уеблэмэ, «псысэ» щыжиIэкIэ, къэгупсыса е фIэщ щIыгъуейхэри, мифологием и пкъыгъуэ гуэрхэри хэтынкIэ зэрыхъунур. А псом нэмыщIыжкIи, Дахэнагъуэ – насыпым и нэщэнэу, куэдым я хъуэпсапIэу, ауэ абы зэрыщIэбэнын лIыгъэрэ къарурэ зыми къалъыкъуэмыкIыу нарт эпосым къыхэ-

щыж бзылъхугъэ гуакIуэщ. IутIыжым и тхыгъэм хэт Дахэнагъуэри лирикэ лIыхъужьым и дежкIэ хъуэпсапIэ жыжьэщ. Ар усакIуэм и гугъапIэ IэфIхэм щигъафIэ «бзылъхугъэ гъуэбжэгъуэщщ», «тхьэпэлъытэщ».

«Си Дахэнагъуэм» щекIуэкI «псэлъэмакъыр» зы образ щхьэхуэм ещIэкIащ, а образыр тхыгъэм и кIыхьагъкIэ кIуэцIрокI. АрщхьэкIэ абы (тхыгъэм) зы унэтIыныгъэм тету зызышэщI, зызыужь сюжети иIэкъым, нэгъуэщI персонажи хэткъым, атIэ лирикэ лIыхъужьым и хъуэпсапIэ бзылъхугъэм ехьэлIа гухэлъ-гупсысэ кIапэлъапэурэ зэхэту аращ. Ауэ щыхъукIи ар поэмэу къэплъытэныр дзыхьщIыгъуэджэщ. Пэжщ, ар икIи тхыгъэ къызэрыгуэкIкъым – усыгъэрэ прозэу зэхэлъщ, тIури лирикэ щабэкIэ гъэнщIащ, лъагъуныгъэшхуэмрэ хъуэпсапIэ нэхухэмрэ щытепщэщ, гупсысэ куухэр и лъабжьэщ. А псоми езы усакIуэм къигъэлъэгъуа «гум и псысэхэр» фащэр зэрынэхъ пэжыр щIагъэбыдэ.

Тхыгъэм и фIагъ нэхъыщхьэр зэхьэлIар абы къыхэщ гурыщIэ къабзэрщ, апхуэдэуи, зы лъэныкъуэкIэ, дунейр мыкъутэжу къызэтенэнкIэ гугъэ уэзыгъэщI, нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ, уигу хэзыгъэщI гупсысэхэрщ. Ахэр, езы IутIыжым и зы сонетми зэрыщитхауэ, «гъэрыпIэтхъапIэщ», зэм уи лъэхэр щIагъэкIыу, зэми уи лъэхэр щIагъащIэу. Мис, псалъэм папщIэ, прозэм щыщу зэпэщIэуэ мыхьэнэ зиIэ пычыгъуитI – зыр гугъэ нэхукIэ, адрейр гур зыгъэкIуэд щыIагъэкIэ псыхьауэ:



Япэ пычыгъуэр:

*СощIэ, уэ ущыIэщ. Ущызмылъагъуми усщIыгъущ. Гукъыдэж лъэпкъ щызимыIэжми, гугъапIэ дыгъэр къысхуогъэнэху. СыщыпщIэгупсыскIи, зы гуфIэгъуэ щэху гуэр си гум щогъагъэ. КъысфIощI зэпымычу зы фIы гуэр къыспэплъэ. Къысхуэзэш. УкъысхупыгуфIыкIыу дапщэщи си щIыбагъ укъыдэт. ЗыныззэрезгъэзэкIыуи, зыкъыспщIэхэбдзэу уи Iэ хужьитIыр къызэпшэкIыну ухъэзыр... Бжэ хуэщIа слъагъумэ, согугъэ зэIукIыу гуфIэжу укъысхущIыхьэнкIэ. ЕуэкIыпIэ дэтхэнэми укъыщысIууэну къысфIощI. Жыгыу сызыхуэзэм гуапэу сыкъэбгъащтэу укъыкъуэкIыным сыпоплъэ...*

ЕтIуанэ пычыгъуэр:

*Си гугъакъым дунейр апхуэдизу ину. Си гугъакъым... КъызжаIами, си фIэщ хъунтэкъым илъэс бжыгъэкIэ дякум дэтыфын щIыналъэ щыIэу... Укъысщихъумэу... Сыныпщихъумэу... Мыхъуми, жыжьаплъэу укъэслъэгъуамэ!.. Уи хъыбар гуэрхэр къыслъэIэсамэ!.. АрщхьэкIэ... зэрыдунейуэ нэфщ. Зэрыдунейуэ дэгущ. Зэрыдунейуэ бзагуэщ. Уэрэ сэркIэ... Зыми илъэгъуауэ пщIэнкъым ди пшапэ гуапэхэр. Зыми зэхихауэ пщIэнкъым ди гухэлъ псалъэхэр... ЗэпэIэщIэ дызыщIынухэр емылъэIу щIыхьэхуу тхузэхыхьати, зэгъусэ дызыщIыфынухэр дэнэ гущэм фыщыбзэхыжт?!*

Мы къэтхьа пычыгъуэхэр, къэгупсыса хэмыту, гъащIэм щыщщ, апхуэдэщ езы гъащIэр: ар махуэрэ жэщу, уэфIрэ уэлбанэу, гуфIэгъуэрэ

нэщхъеягъуэу зэхэлъщ. Дунейр къызэриухуэрэ а къару лъэщхэр зэрытемыгъакIуэу щIыгумрэ уэгумрэ я зэхуакум щызэдогъуэгурыкIуэ.

«Си Дахэнагъуэр» бзэ къулейкIэ зэрытхам нэмыщI, абы образ къэIуэтэкIэ хьэлэмэтхэр, укъэзыгъэуIэбжь жыIэкIэ шэрыуэхэр щыкуэдщ. Ахэр усыгъэми прозэми хэухуэнащ, ауэ усыгъэ Iыхьэхэм деж нэхъыбэрэ уащрохьэлIэ. Мис щапхъэ зыбжанэ:

*ЗэщIопщIыпщIэ пщэдджыжь уэсэпс лъагъуэр.*
*Дыгъэ бзий пшынэбзэхэр мэзу.*
*Лъагъуныгъэм и уэрэд абрагъуэщ*
*Мы дунейри, псэкIэ дегъэжьу.*
<...>
*Уафэм къыпощэщыр*
*Дыщэ щыгъэу вагъуэр.*
*Уэри къоIущэщыр*
*ЩыIэм я нэхъ щIагъуэр.*
*ЖоIэ сыхэплъхьауэ*
*Уи псэ курыкупсэм...*
*ПситIыр зэшэкIауэ*
*Исщ зы гухэлъ чысэм.*
<...>
*Уоу, лъагъуныгъэу дыгъэ лъхугъэ,*
*Аргуэру си гум ущаукI.*
*Насып домбейр къысхуэзыхь лыгъэр*
*ДзыхьмыщI лъэужьейм егъэуфIынкI.*

*«Дыгъэ бзий пшынэбзэ»*, *«дыщэ щыгъэу вагъуэ»*, *«лъагъуныгъэу дыгъэ лъхугъэ»*, *«насып домбей»* жыхуиIэхэр, дауикI, жыIэкIэ щIэщыгъуэхэщ икIи IутIыж Борис и художественнэ Iэзагъэр IупщIу зыгъэнахуэхэщ. Апхуэдэхэр абы и IэдакъэщIэкIхэм бжыгъэншэу хэбгъуэтэнущ. АбыхэмкIэ гъэнщIа «Си Дахэнагъуэри» усакIуэм и тхыгъэ нэхъыфIхэм ящыщщ.

БлэкIа лIэщIыгъуэм и 70-80 гъэхэр къэбэрдей новеллистикэм нэхъ щIэгъэхуэбжьауэ зыщиужьа лъэхъэнэщ. Абы и щыхьэтщ Нало Зауррэ Мэзыхьэ Борисрэ я IэдакъэщIэкIхэр. Къэдгъэлъэгъуа лъэхъэнэм къэбэрдей новеллэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIахэм ящыщщ IутIыж Бориси. Абы и къалэмыпэм къыпыкIащ философие новеллэ гупышхуэ, къыщыIэта темэкIэ зы лъэхъэнэ гуэрым емыхьэлIауэ, ауэ щыхъукIи сыт хуэдэ зэмани хэзагъэу. Апхуэдэу «зи пIалъэ имыкIыж» тхыгъэхэм лъабжьэ яхуэхъу хабзэщ гъащIэм сыт щыгъуи къыдекIуэкI лъапIагъэхэр – цIыхугъэр, гуапагъэр, фIымрэ емрэ я зэпэщIэтыныгъэр, нэгъуэщIхэри. IутIыжым и «Жэнэтбзу» (1971), «Гум и тезыр» (1971), «МэракIуэщыпэ» (1974), «Гухэлъ жыг» (1977), «Фызабэ» (1978), «Мазэгъуэ жэщ» (1980), «Насыпыр щагуэшыр пщэдджыжьырщ» (1989), «ГъащIэмрэ нэужьымрэ я зэхуакум» (2000) новеллэхэм ящIэлъ гупсысэхэри абыхэм я сюжетхэри

2 Заказ №2595

къедбжэкIа лъапIагъэхэм тегъэщIауэ ухуащ. Ахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ мызэ-мытIэу къытехуащ, апхуэдэуи ищхьэкIэ зи цIэ къыщитIуа «Къудамэхэр» тхылъым иту дунейм къытехьащ.

«Гухэлъ жыг» новеллэр и ухуэкIэкIэ миниатюрэм пэгъунэгъущ: абы лъагъуныгъэ насыпыншэм и сурэт тхакIуэм псалъэкIэ щищIащ. Тхыгъэм зызыужь сюжет иIэкъым, атIэ абы къыщыхъу-щекIуэкIхэр персонаж нэхъыщхьэм – Анзор – и гукъэкIыжхэм тещIыхьащ: зэгуэрым ар насыпыфIэу щытащ, ауэ а насыпымрэ и лъагъуныгъэ къабзэмрэ зэрыщIэбэнын лIыгъэ къыкъуэкIакъым. Зы зэман лъагъуныгъэшхуэм и нэщэнэу щытыгъа жыгыр иджы гухэлъ щэщэжам и фэеплъу къэнэжащ. Анзор и насыпыр гъащIэм щигъэувыным лъэпощхьэпо хуэхъуахэр тхакIуэм къигъэлъагъуэркъым, абы фIыуэ илъэгъуа пщащэм адэкIэ и Iуэхур зыхуэкIуари, и щхьэ кърикIуахэри новеллэм щызэIубзкъым. IутIыжым хэхауэ и нэIэ зытригъэтыр тхыгъэм и лIыхъужьым псэкIэ игъэвхэрщ, абы и психологиер къызэкIуэцIыхынырщ, игу лъащIэм иплъэнырщ. Абы папщIэ тхакIуэм монологыр къегъэсэбэп. Новеллэм и лIыхъужьым и зы монологым деж «шынэ»-кIэ зэджэр, ар зищIысыр, къызыпкърыкIыр щызэпкърыхащ: *«ЦIыхум иIэщ къыхалъхьауэ къыдекIуэкI шынэ. Куэдрэ къытщохъу дэ ар тфIэкIуэдауэ, ткIэрыхуу зыщIыпIэ къыщынауэ, афIэкIа и лъахъэр ди гурыщIэхэм къаримылъхъэжыфыну. Абдежым дэ догушхуэ, дожажьэ, псори ди Iэрылъхьэу къыдолъытэж... АрщхьэкIэ къыддекIуэкI шынэр дэ къыткIэлъоплъ. КъыдощакIуэ. ЗымащIэкIэ дзыхьмыщIу дыкъилъэгъуакъэ, – лъынтхуэхэм закъыхегуашэри, батэкъутэр зыгъэшыну уи гугъа Iэпкълъэпкъыр щIегъалIэ... Сэри къысщыщIар арат: Iэджэми сегупсысащ, дзыхьмыщIу дыщызыгъэт а шынэм куэдыIуэрэ сечэнджэщащ... Махуищ нэхъыбэкIэ...».*

IутIыж Б. и новеллэхэм щытепщэр философие гупсысэхэрщ, тхакIуэм нэхъыбэу гулъытэ зыхуищIыр абы и философие, психологие лъабжьэрщ. Абы щыгъуэми, тхыгъэхэр жанрым и жыпхъэхэм къыщимытIасэ къохъу. Жанрым и хабзэ нэхъыщхьэхэм ящыщу IутIыжым и новеллэхэм нэхъыбэрэ ядэплъагъур абыхэм я сюжетхэр кIэщIу, зы Iуэхугъуэ е зы къэхъугъэ къызэпкърыхыным хуэунэтIауэ, драматизм хэлъу зэрыухуар аращ. АрщхьэкIэ а тхыгъэхэм гуащIэу екIуэкI Iуэхугъуэхэмрэ сюжетым щIэджыкIакIуэм здыхуимыгъэфэщамкIэ зигъэзэнымрэ («резкий поворот сюжета» жыхуаIэращ) куэдрэ ущрихьэлIэркъым. Ауэ щыхъукIи, а нэщэнэ (признак), ухуэкIэ хабзэхэр новеллэ жанрым щынэхъыщхьэщ.

«Гум и тезыр» тхыгъэр IутIыж Б. новеллэ жанрым нэхъыфIу къыщехъулIахэм ящыщщ. Сюжетым и кIэухым деж наIуэ зэрыщыхъумкIэ, абы щекIуэкI псори къэзыIуатэр образ нэхъыщхьэм – Марят – и гурщ. Абы езыр зи бгъэгум къыщеуэ бзылъхугъэм зэгуэр и щхьэгъусэм кIэлъызэрихьа лейр хуигъэгъуркъым. Марятрэ Жансэхъурэ я псэ зы чысэ илъу фIыуэ зэрылъагъу зэщхьэгъусэхэт, ауэ Жансэхъу машинэ зэжьэхэуэм хэхуэу и лъакъуитIри паха нэ-

ужь, унагъуэм къытегуплІа насыпыншагъэм Марят и акъыли, и гуи, и пси пэлъэщыркъым. Бзылъхугъэр гуитІщхьитІ мэхъу, щІикІыжын щхьэусыгъуэ лъыхъуэу хуожьэ, а псори фІы дыдэу къызыгурыІуэ Жансэхъуи ар «щхьэхуит ещІыж». Марят етІуанэу щхьэгъусэ егъуэтыж, зыхуей лъэпкъ хуэмыныкъуэуи мэпсэу, ауэ япэу и псэм фІыуэ илъэгъуа Жансэхъу зы махуи игу ихуркъым. Тхыгъэм и кІэухым деж абы и гум ІущыгъэкІэ гъэнщІа мыпхуэдэ псалъэхэр къыжреІэ: «... *Ауэ щыІэщ дуней мылъкуми къыщІэмыкІын фІыгъуэшхуэ гуэр. Ар – цІыхубзым цІыхухъум деж къыщилъыхъуэ нурырщ. Уи насыпыншагъэу къыщІэкІынти, уэ уащыщщ, Марят, а нурыр имыгъуэту мыпсэуфыну бзылъхугъэхэм. Уи щхъэгъусэр* (етІуанэ щхьэгъусэрщ зи гугъу ищІыр. – *ХъЛ.) – а нурым щыщ гуэри къызыщхъэщимых цІыхухъухэм... Псори хуэму, щыму, телъэщІауэ йокІуэкІ, ауэ сэ зыращ зыщІэр, Марят, уэ уи гъащІэм и щэхур. Зэманыр кІуэтэху нэхъ ІупщІ хъууэ уэ уи нэгум къыщІоувэж Жансэхъу и теплъэр. Къуаншагъэ ин гуэр зэрыббгъэдэлъыр уощІэжри, уэ а гукъэкІыжхэм защыбгъэпщкІуну ухэтщ, ауэ плъэкІкъым. ПлъэкІкъым а цІыхум сэ, уи гур, септащи... Гур зэщ тыгъэ зэращІыр, Марят. Зэ закъуэщ. ИкІи сылъысыжынукъым сэ нэгъуэщІым...».*

Апхуэдэ щІыкІэкІэ, «Гум и тезыр» новеллэм гъащІэм и хабзэ ткІийхэр (псалъэм папщІэ, «е пщІауэ фІым узэрыщымыгугъынур», «уи япэкІэ мывэ хъурей бгъажэмэ, узэрыІущІэжыр», «зым и насыпыншагъэм адрейм насып зэрыхимыщІыкІыфынур») къыхощ. Тхыгъэм щІагъыбзэ куукІэ щІэгъэпщкІуащ лей зезыхьэм илэжьар къыпезыгъэкІуэкІыж къару лъэщ ди щхьэщыгу къызэритыр. Апхуэдэ гупсысэ куухэм икІи гугъусыгъухэм къадэкІуэуи, ІутІыжыр новеллэм мащІэу лирикэ макъамэ зэрыщІилъхьэнми хущІэкъуащ. Ар мыпхуэдэ псалъэхэм къагъэлъагъуэ: «*Аргуэру гъатхэщ... Аргуэру гъэгъащ сиренхэр. Аргуэру бзухэм я уэрэдым щІадзэжащ. Аргуэру зыщІыпІэкІэ къоІукІ гущІэр къызэзыгъэдзэкІ пшыналъэр... Гукъинэж хъуа пшыналъэр [пшыналъэ дахащэр]...*». Мы сатырхэр новеллэм и ублапІэуи кІэІунэ езытыж Іыхьэуи тхакІуэм къегъэсэбэп, ауэ абыхэм тхыгъэм и пэщІэдзэмрэ и кІэухымрэ щагъэзащІэ къалэныр зэхуэдэкъым, нэщэнэ (примета) щІыкІэу ягъэнахуэ Іуэхухэри зэтехуэркъым. Новеллэм и пэщІэдзэм деж ахэр лъагъуныгъэ къабзэм, дахагъэм и нэщэнэщ, фІытеІуэ, фІыпежьэ мыхьэнэ яІэщ, кІэухым деж – лъагъуныгъэм и хъыбарыр иухыу гъадэщІыдэм зэрыхыхьэжам, ауэ абы емылъытауи, дунейр мыкъутэжу къызэрызэтенам, гъащІэр адэкІэ зэрыкІуатэм я щыхьэтщ.

Мы тхыгъэм и пэщІэдзэм зэрыщыжытІащи, ІутІыж Борис литературэм и жанр псоми (къанэ щІагъуэ щымыІэу) щылэжьащ. Драматургием щхьэхуэу дакъытеувыІэну пщэрылъ зэрызыщыдмыщІыжыр нэхъ ипэІуэкІэ къыхэдгъэщащ, ауэ ІутІыжым и пьесэхэм я цІэ къидмыІуэу мы лэжьыгъэм щедгъэкІуэкІа къэхутэныгъэр щыз, нэгъэса хъунукъым. Абы щыгъуэми адэкІэ къыщыдгъэлъэгъуэну драматургие тхыгъэхэм я жанр фащэхэр езы тхакІуэм зэригъэнэхуам хуэдэ дыдэу къэтхьынущ. Апхуэдэхэщ: «Шэмхьун и фызышэ» едзыгъуитІу

зэхэлъ комедиер (1971-1972); «Хьэцацэ дахэ» едзыгъуитIу зэхэлъ фарсыр (1980-1982); «ГушыIэ махуэ апщий!» лIэужьыгъуибгъуу зэхэлъ гушыIэ IэшрыIыр (1982); «Хьэпэщыпхэ» джэгузэхэшэрэ джэгугъуэшхуитIу зэхэлъ комедие-фарсыр (1985-2000); «Дунейр – театрщ» едзыгъуитIрэ дыхьэгъиплIу зэхэлъ ажэгъафэ джэгур; «Зиусхьэн Хьэжыбац» гушыIэ нэщхъейр (1999); «Жьэмыгъуэ – Америкэм!» нобэрей пэжхэр зи лъабжьэ комедие-шыпсэр (2001); «Гуащэмыдэхьэблэ» едзыгъуитIрэ кIэдэдзитIу зэхэлъ комедие-водевилыр; «Олигарх гуащэ» IыхьиплIу зэхэлъ трагифарсыр. НэгъуэщIу жыпIэмэ, пэжым пэмыжыжьэ иджырей шыпсэхэр; «ГукъэкIыжхэм я гъатхэ» мелодрамэр (1975); «Лъыгъажэ жэщ» едзыгъуитIу зэхэлъ трагедиер (1976); «Кхъужьеибэ» едзыгъуитIу зэхэлъ, нэрылъагъумрэ гурылъагъумрэ щызэпыхьэ драмэр (1984-1989); «Эдип» трагедиер (1993-1996); «Тыргъэтауэ» пролоргрэ едзыгъуитхуу зэхэлъ трагедиер; «Дамэлей» едзыгъуищу зэхэлъ трагедиер; «Кушыкупщ» Iыхьищу зэхэлъ, прологрэ эпилогрэ зиIэ драмэр; «Нартхэ я дыгъэ» прологрэ едзыгъуитIу зэхэлъ драмэ-поэмэр; «Мазагъуэ» прологрэ едзыгъуитIу зэхэлъ трагедиер; «Гъуэбжэгъуэщ» иджырей трагедиер (2002).

Мы къедбжэкIахэм IутIыжым лъэпкъ драматургием хуищIа хэлъхьэныгъэр пщалъэ гуэркIи къыпхуэмылъытэн хуэдизу зэрыиныр, езым и псалъэкIэ жыпIэмэ – зэрыабрагъуэр, щыхьэт леи хуэмеижу, наIуэ къащI.

IутIыж Борис зэи мыкIуэдыжын Iэужь къызэзынэкIахэм ящыщщ. Ар и цIэ къудейкIэ мыхъуу, и IуэхущIафэкIи цIыхубэ тхакIуэт, и литературэ, критикэ, публицистикэ, щIэныгъэ тхыгъэхэмкIи, и уэрэдхэмкIи куэдым ягу дыхьат. Иужьрейхэм уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэм я репертуарми лъэпкъ щэнхабзэми увыпIэ хэха щаубыдащ. Апхуэдэхэщ: «УдэкIуащ уэ, сэ укъызэмыжьэу...» (1962; макъ. Тут Заур ейщ), «Сэ нысщхьэбэ уэ сыпщIогупсысыр» (макъ. Думэн Мурадин ейщ), «Си Щолэхъу» (1979; макъ. Къул Амир ейщ) жыхуиIэ уэрэдхэр.

IутIыжым и зы усэм щитхыгъат: «Сыпсэущ сэ ноби, алъпу гъащIэр / Пщэдейм и куэбжэм есхулIауэ...». УсакIуэ, тхакIуэ, драматург, щIэныгъэлI щэджащэр ноби и IэрыкIхэм щопсэу, анэдэлъхубзэр Iурылъу зы цIыху закъуэ нэхъ мыхъуми дунейм тетыхукIи абы и творческэ щIэин телъыджэр щыIэнущ, лъэпкъым хуэщхьэпэнущ.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор*

МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ

## ЛЪЭПКЪ ГЪУАЗЭ

*ӀутӀыж Борис и фэеплъу*

«Ей-ей, ди бгыжьхэу Ӏуэдыщэ!
Дыщэ Хэкури зыпэмыхъун!»* –
Хъыбар жагъуэу къытхэӀуагъащӀэм
ГущӀэлъапсэр къытфӀеугъуэн.

ӀутӀыж и къуэу Борис щэджащэр,
ДымыщӀэххэу, тхэджэлыкӀащ.
ХъуэпскӀхэр идзу, къэчащ уэгу лъащӀэр,
Дунеижьыр зэщӀэзджызджащ.

Гурымащ ди мэзыжьхэр гущӀыхьэу,
Къуалэбзум я уэрэдыр пачащ.
Къыгуэхуащ Кавказ къуршхэм къыр дзакӀэ,
Псынащхьибл зэуэ игъущыкӀащ.

АдыгэщӀыр тхуэзыгъэбжьыфӀэу,
Адыгэпсэм и щӀэгъэкъуэн!
Уи уардагъэр слъагъуху, къысфӀэщӀти
Ажал дыдэри къыптемыкӀуэн.

Уи гу пцӀанэр нэщанэуапӀэу
ГъащӀэ ябгэм щхьэ къыхиухт?!
Зы шабзэшэм адрейр кӀэлъыкӀуэу,
Ем къуиутӀыпщт уэ, имыӀэу ух.

Залымыгъэр, цӀыхубэм я гуауэр,
Ди тхыдэжьу лъы нэпскӀэ гъэнщӀар, –
Зыгу фӀэкӀа уимыӀамэ... дауэ
Уэ а псори зэрыбгъэвар?!

Адэжь Хэкум и щӀыхьыр пӀэтынкӀэ
Къэбгъэнакъым уэ пхузэфӀэкӀ...
АдыгэцӀэ зезыхьэу щӀым тетыр
ЛъэпкъылӀ щыпкъэм фыкъыхуэтэдж!

* Сатырхэр ӀутӀыж Б. ейщ.

Уи сатырхэм ящIэлъ щIагъыбзэр
Iущагъ нэсщи — къытщхьэпэжынщ.
Ухуэхъуащ уэ адыгэм лъэпкъ гъуазэ,
Уи IэрыкIхэр мыкIуэдыжынщ.

АдыгэщIыр тхуэзыгъэбжьыфIэу,
Адыгэпсэм и щIэгъэкъуэн!
Уи уардагъэр слъагъуху, къысфIэщIти
Ажал дыдэри къыптемыкIуэн.

Хъыбар жагъуэу къытхэIуагъащIэм
ГущIэлъапсэр къытфIеугъуэн.
Уэ-ей! IутIыжу лIы дыщэ,
Дыщэбг минхэри зыпэмыхъун!
28.10.2008

*Усэхэр* | IУТIЫЖ Борис

## ГЪАТХЭ ЖЭЩ

Хъыджэбз зи щауэщIэм еIущащэу,
Щхьэщысщ щIыгум мазэ нур дахащэр.
Къыпощэщыр дыщэ пхъэщхьэмыщхьэу
Вагъуэ пIащэ лыдхэр уэгу жыгыщхьэм…
Мэжей гъащIэр, гъатхэ жэщыр гущэу.
Псори дахэщ, къабзэщ, сабий гущIэу.
1962

## КЪАЛЭН

Дунеижьыр мэкIэрахъуэ шэрхъыу.
ЩIыху къыщалъхур.
ЛIэхэр щыщIалъхьэж.
ПцIы щаупсыр.
Къыщалъыхъуэ пэж.
Лъагъуныгъэ щащIыр.
ЩыщIогъуэж.
Зыр щагъафIэ.
Адрейр щыфIагъэж.
Щхъухьхэр щызэхалъхьэ.
Гуэдз щахьэж.
ГъащIэр щагъэдахэ,
Щакъутэж…
Ауэ зи къалэныр зымыхъуэж
Дунеижьыр мэкIэрахъуэ шэрхъыу.
1964

## ЩЭХУ

Жагъуэгъу, бжесIэни си зы щэху:
Уэ хъунут лъапIэу укъэсщэху…
Насып къэслъыхъуэурэ сешамэ,
Абы си гугъэр хэсхыжамэ,
Уэ занщIэу сигу укъызогъэкIри,
ЗыкъызоIэт. СыныпхуоплъэкIри,
Гъуэгуанэр сокIу, симыIэу псэху,
ЖезмыгъэIэн щхьа уи псэм «уэху!»
1978

## «СИ ДАХЭНАГЪУЭ»

*Тхыгъэм щыщ пычыгъуэхэр*

* * *

Зэгуэр. Илъэс зыкъом дэкIауэ.
Мо мазэр мэзым къыхэкIауэ,
Мы жыгри хужьу къэгъэгъауэ,
Мыбдежым тIу щызэIущIауэ,
Дэ дэшхьу я щхьэр зэгъэщIауэ
Уэ плъагъумэ, уигу сыкъэгъэкIыж...
КъытфIэщIми нобэр мыухыж,
Хъужынущ псори гукъэкIыж.

* * *

Жэуапыншэщ сэ си лъагъуныгъэр,
Уэгум изэшыхьу пшэху гуэрэнщ.
Ауэ гуфIэу къызбгъэдэсщи гугъэр,
ПщIыхь дахащэм си гур химыгъэн...
Иджыпсту жэщыбгщ. Щхьэгъубжэм мазэр
Мес, блосыкIыр, ещхьу кърууху...
Уэ ужей. Ужей, ущымыгъуазэу
Лыгъэ бдзам зэрисым нэгъуэщI цIыху,

* * *

Къыщумылъыхъуэ си гъащIэм
ГурыщIэ инхэм я хъуэпскI.
Уэ бгъэщIэгъуэну сэ мащIэщ
Къыздэплъагъунур. ТкIуэпсщ.
Дэтхэнэ цIыхуми ещхьу,
Си щхьэ щIэIуауэ сопсэу.
Махуэ къэзгъэщIхэри блыщхьэ
Зэфэзэщ куэду зэблоу...
Ауэ сэ щэхуу зызохьэ
Псори щыдахэ дуней.
А щIыпIэм гъатхэр къыщохьэ
Дакъикъэ сэ сыщыхуейм...
Ауз гъунапкъэ зимыIэр
НалкъутналмэскIэ гъэнщIащ.

Щыпсэухэр, къанэ щымыIэу,
Бегъымбар фызхэм къалъхуащ.
Нэхъ тепщэ ткIийуэ укIытэр
Зэдэарэзыуэ хахащ.
Тхьэхэм я тхьэжу къалъытэр
Лъагъуныгъэшхуэр аращ.
ПщIыхьхэр абы напIэзыпIэм
НахуапIэ теплъэм щохьэф...
Уэ къыщысхуэзэ а щIыпIэм,
СызыцIыхуну зыфIэфI.

* * *

КъэкIуатэ мыдэ, си гупсысэ.
Мы бжьыхьэ пшагъуэм къыхэкIуэт.
ЩIалэгъуэ лъахэм къина псысэм
Иджыри мащIэу сыхэгъэт.
Зэгуэрым, пщIэжкъэ, дамэ стету
Сэ уи уафэгум сибгъэтаи.
Гугъэ хужьыпсхэр къат зэтету
Уи ауз дахэм къыдэзнаи.
ЦIыху псори си гум бегъымбару
Уэ а зэманым щызепхьаи.
Хьэлэмэт Iэджи бгъэхъыбару,
Си гъащIэр куэдым пэбгъэплъаи...
КъэкIуатэ мыдэ, си гупсысэу
ПцIы къуэлэн дахэр зи Iэлъэщ I.
ЩIалэгъуэ лъахэм къина псысэр
СхуэщIыж, плъэкIынумэ, си фIэщ.

* * *

Сэ ныщхьэбэ уэ сыпщIогупсысыр.
КъыскIэрыхъыжьащ зы гукъэкIыж.
Укъалъыхъуэу си нэхэр мэплъызыр.
Гуми IэщIэхуахэр къещыпыж.
Сэ уи цIэ къудеи къысхуэщIэжкъым,
Ди зэхуэзи, ди зэпсалъи кIэщIт.
Лъагъуныгъи тщIауэ си гугъэжкъым,
Ауэ сыту лъагъуныгъэм ещхьт!..
Си нэгу къыщIохьэжыр пшагъуэ-пшагъуэу:

Дунейр щӀэзыхъумэ нэ къабзитӀ,
Жэщым къыхэщ мазэу напэ щӀагъуэ,
Си пщэм ешэкӀауэ Ӏэ хужьитӀ...
Гъэхэр пӀащӀэу жыжьэ гуэрым макӀуэ.
Псори зыгъэунэхур ахэращ.
Удз гъэгъа дахащэм и мэ гуакӀуэу,
Уэ зэгуэр зэманым узблихащ.

* * *

СрокӀуэ хуэму гъащӀэм схухиш лъагъуэм.
Нэщхъейуэ махуэр зэман жыгым поху.
Си нэкӀур хуэгъэзауэ дыгъэ фагъуэм,
Гугъэ жыгъейхэм я лъэужьыр соху.
ЩӀыхь цӀыкӀужьейр тхьэкӀумэм щоӀущащэ.
Гухэлъ хуабэпцӀыр си щхьэм толъэщӀыхь.
Жагъуэгъу тхьэгъэпцӀыр щэхуу мэулъэпхъащэ.
Ныбжьэгъу пцӀыупсыр гущӀэм йотӀэщыхь...
СрокӀуэ хуэму гъащӀэм схухиш лъагъуэм.
ЩӀалэгъуэ дахэр хъуащ блэкӀа зэман...
Къэслъыхъуэурэ щымыӀэ Дахэнагъуэр,
Сыкъинэжащ сэ уи хъым, Чэзибан.



## СФӀЭКӀУЭДА ДУНЕЙ

*Элегие*

Жьы щӀыӀэ. Пшагъуэ. Бжьыхьэ ятӀэ.
Пэш нэщӀ. Зэшыгъуэ ямылей...
Куэбжэпэм адкӀэ нэр мэкӀуатэ,
Къилъыхъуэу сфӀэкӀуэда дунейр...
Зэгуэр мы пщӀантӀэм къыщыспежьэу
Щыта си анэр щымыӀэж.
Зэгуэр насып хъыринэм щещӀэу
Щыта ди унэр мэгуӀэж.
Къэрешыр гъыбзэ ди бжэщхьэӀум.
Щхьэгъубжэ кӀыфӀхэм нэпс щӀагъэж.
Щогызыр уаер ди пэшхьэкум.
Блын щӀыӀэмылхэм зачэтхъэж...
Хуэныкъуэр хэт мы си гум щыщӀэм, —
Ар си гум ейщи, иреӀэж.
ЩымыӀэу зыри сыкъэзыщӀэ,

БлэкIа насыпым сыIуощIэж...
Бзу абгъуэ дахэу, ди унагъуэр
Си нэгум нобэ къыщIохьэж.
Си адэр кърү абрагъуэу,
КъыхокIри пшагъуэм, къолъэтэж.
Жэнэт бзу дахэу, къэтIысауэ,
Си анэм Iэджи къызжеIэж.
Гуузу зи гур тIэщIэхуауэ
Си къуэшым пцIащхъуэу къегъэзэж.
ЩIалэгъуэ дахэм си шыпхъуитIыр
Тхьэрыкъуэ пщэхухэу къохутэж...
Арщхьэкlэ зэуэ дуней хуитыр
Пщыхьэщхьэ пшагъуэм хокIуэдэж...
Хуэныкъуэр хэт мы си гум щыщIэм, —
Ар си гум ейщи, ирeIэж.
ЩымыIэу зыри сыкъэзыщIэ
БлэкIа насыпыр щIызолъхьэж...
Жьы щIыIэ. Пшагъуэ. Бжьыхьэ ятIэ.
Пэш нэщI. Зэшыгъуэ ямылей...
Куэбжэпэм адкIэ нэр мыкIуатэ:
Абдеж щеухыр мы дунейр.
1983

* * *

Дэ тIум ди гъуэгухэр зэтехьами,
Ди гугъэр зыкIи зэтехуакъым.
КъыдэхъулIэну ди гугъами,
Зы чысэм пситIыр тхуигъэхуакъым.
ИтIани, сфIэфIкъым узбгынэну,
БлэкIам ди псори къыхэзнэну.
Къыхэзнэпэну щытми, — дауэ:
ЗэхэкIыхьащ ди гъащIэр... Ауэ
ЦIыхуитIым ягу зэбгъэдэкIамэ,
Дуней акъылыр зэхэплъхьами,
Абыхэм яку дэпщэну щагъэу
Къыпхуэгъуэтынур фэрыщIагъырщ...
Дыхуейкъым дэ апхуэдэ тыгъэ.
Дяку дэмылъами лъагъуныгъэ,
Дэ ди блэкIам хэлъащ къэбзагъэ...
Аращи, фIыкIэ, си щыуагъэ.
1967

## Сонетхэр

* * *

Сыту хуабжьу тхыдэм ущыпсыхэкIуадэт,
Ди лъэпкъ нобэ псомкIи щэджащэн хуея.
Кхъэлъахэншэщ, жаIэ, зи псэ хым хэкIуадэр, —
Уэ зэгуэр хы лъащIэр псэхэмкIэ псеящ.

Лъахэм и дахапIэу лъэпкъым имеижхэм
Ди блэкIа гъэ минхэр ноби къахогъыкI.
Ахэм я псыхэгъэ дызэрагъеижхэр
Хы тхьэрыкъуэ макъхэм къахызохутыкI.

ФIыкъым тхыдэтегъэр, ауэ нэгу щIэкIахэм
Дерс хэзымых лъэпкъыр кIуэуэрэ — мэкIуэд...
Адыгэ жылакIэу дунейм щикъухьахэм
Дэ къытщIоджэ нобэ лIыхъужьыпсэ куэд:

«Маржэ хъужыххэнхэ, зыхэвгъэлъ ди лIыгъэр!
Ауэ лIыгъэм япэ ирырещ Iущыгъэр!»

* * *

Къысхуэгъэгъу уэ, ди Тхьэу уэгур зи унапIэ:
КъысфIощI къэунэхуауэ Уэр нэхъ нэхъ лъагэж.
Зи фIэщ умыхъу къомым аращ ягъэлъапIэр.
Уэ къыпхуэпщылI куэдми абы зыхуагъэш.

Зэшхэр зэлъимыхьэу хуощIыр зэжагъуэгъуи,
Зэныбжьэгъухэр щIакIуэ кIапэм трешэф.
ЦIыхум я нэхъыкIэр бегъымбар пщегъэхъури,
Напэм я нэхъ къабзэр фIейкIэ щIегъэнэф.

Дунейр апхуэдизкIэ абы итхьэкъуащи,
Икъутэжыфынми шэч къытезмыхьэж.
Гури, псэри, нэри — псори ихьэхуащи,
Зыхуимыт IэпапIэ цIыхум имыIэж...

ЛIыщIэми пащтыхьми зызыхуагъэлъахъшэ
Тхьэм и тхьэжкIэ зэджэм и цIэ дыдэр АХЪШЭЩ.

* * *

Зэманыр тетщ а и гъуэгуанэ
ЩIэдзапIэ зэи зимыIам,
УхыпIэ лъэпкъи имыIэну
Философ инхэм жыхуаIам.

ПхужыIэ псори щхьэм къитIасэу
Щытамэ, кIэншэм псэр тесшэнт.
Тесшэнти, псэху зимыIэ Гъуазэм
Дыздишэр дэнэми къэсщIэнт.

АрщхьэкIэ цIыхум и гупсысэр
Гъунапкъэм адкIэ щоункIыфI.
УнкIыфI гупсысэр мэхъури псысэ,
Я нэхъ нэ жанри пхымыплъыф...



А псысэ гъуабжэрщ ГъащIэкIэ зэджэжыр.
Гъунапкъэм адкIэщ зыдэщыIэр Пэжыр.

* * *

Дуней зэIумыбзыр зигу мыкъабзэ цIыхухэм
Я хъуэпсапIэ щэхухэм тегъэпсыхьыпащ...
Бжыхьдэжыпэ куэдым мурад яубзыхухэм
Я гъэунэхупIэ мы ди гъащIэр хъуащ.

ГъэщIэгъуэныракъэ, я гугъэжщ абыхэм
ЦIыхум я акъылыр зыдынахуса
Нэхъ лъагапIэ инхэм ящхьэдэIэбыхыу
ЩымыIэхха гуэрхэр къытхуагупсыса.

ЩIадзащ къащыхъужу Тхьэшхуэм къаритауэ
КъытщхьэщызыгъэкIхэу къыдэзыгъэфIэкI.
«Къупщхьэ хужь» теорием псори хуашэ... ауэ
Щхьэусыгъуэ дыдэр нэхъ къызэрыгуэкIщ:

Псы утхъуам псыдыуэр щохъур псынщIэу пшэр...
Щхьэ утхъуам щIэх дыдэу доуей къавэ щэр.

* * *

ЖаIэр пэжмэ, зэгуэр къутэжынущ
Мыпхуэдизыр щагъэхъа дунейр.
Зэи щымыIам яхыхьэжынущ
А нэхъ тфIэтелъыджэу тфIэдомбейр.

Ярэби, нтIэ, а къутэжыгъуэр
Къэсыпауэ пIэрэ, ахъумэ сыт
Дыщэм пащIрэ гущIэм щагъэтIыгъуэу
Зэрахьахэм щIамыIэжыр лыд?

ЩIыхур зыгъэинрэ зыгъэдахэу
Щытагъахэм дащодыхьэшхыж.
«Напэ нэхърэ — кIапэ!» жызыIахэм
Нэхъ Iущ щымыIауэ къыщIокIыж...

Гъуджэ Iушэ иплъэу есэжа дунейм
ФIыхэр щагъэпудри, пудхэр щыдоуей.



* * *

УсакIуэм и гум щигъэтIыгъуэ
IэфI псомкIи зэтэу и налкъут
Бзылъхугъэр ЩIым къыщывмылъыхъуэ,
КъэфщIэнуи и цIэр фыхэмыт.

Поэзиер — театр абрагъуэщ.
УсакIуэр — щыактер мыкIуэщIщ.
КъигъэщIыжа и Дахэнагъуэм
Телъыджэ куэд къыщыдегъэщI.

УсакIуэр зэрыпсэур гукIэщ.
А нэхъ ихъу-илъу нэхъ IумпIейрщ.
Абы зызыхуишийхэм зыкIи
ХуэщIакъым нобэ мы дунейр...

Тхьэр, нищIысынущи и лъапсэр,
УсакIуэм и гумкIэ мэхъуапсэ.

* * *

Бзылъхугъэр — ар цIыху тхьэпэлъытэщ.
КъэзыгъэщIыфу къигъэщIащ.
Дахагъэ защIэрэ укIытэу
Зэхэлъу щIыгум къытехьащ.

Дахагъэм ди нэр щисыкIынут,
УкIытэм къыпхрымыпсам.
УкIытэм ди гур хэлIыхьынут,
Дахагъэ-дыгъэр щхьэщыкIам.

А тIур зэкIупсу бдызолъагъури,
Аращ ущIэсщIыр гъащIэ нып,
Къэзмыгъуэта си Дахэнагъуэ,
СызыщIэмыхьэ си насып...

ЗищIысыр зымыщIэж бзылъхугъэ куэдым
Тхьэ тыгъэхэр хаутэ гъащIэ шэдым.



* * *

УкъилъэтыкIауэ мо мелыIыч лъахэм
КъызжаIами, ар сэ къысщыхъунут пэж.
Тхьэм зэхидза псоми уэ уранэхъ дахэу
Зэрыщытым зыкIи шэч къытезмыхьэж.

Леи кIэрымылъу, зыми хуэмычэму —
Апхуэдэ телъыджэ иджыщ щыслъэгъуар!
«НэкIэ зыгуэр пшхыныр» яфIэмытэмэмми,
Сэ нэгъуэщI еплъыкIэ къысхуэмылъыхъуа.

«Хьэщыкъ хъуащ» жыхуаIэр ауэ сытми жаIэу
СыпIумыплъэхункIэ сэри си гугъащ,
Ауэ — мис: дахагъэр си псэм щыхэпсауэ
КъыщIэкIати, усэу къитэджыкIыжащ!..

Уи телъыджэ хъуэпскIым къыхиха зы хъуаскIэ
Усэм хэслъхьэфамэ, ар уахътыншэ хъуакIэщ.

* * *

Вагъуэбэ жэщыр налкъут нэхунэ
Минищэ куэдкIэ къызэщIопсыпсэ.
Псысэ нэхъыфIхэм я уардэунэу
ФIылъагъуныгъэм гухэр щоусэ.

Хуэмыусамрэ щIэмыхъуэпсамрэ
Къэгъуэтыгъуейуэ дуней дахапIэщ.
Тхьэ лъапIэу лъагэм Iэмыр ищIамрэ
Хьэрэм ищIамрэ я зэпыхьапIэщ.

ПсэзэпылъхьэпIэм уизышэ гъуэгущи,
Уи нэгу щыщIэкIхэр щхьэм къимытIасэ.
Зэриухынур къэщIэгъуейщ джэгущи,
Уи гур дэкIыщтэу хуокIуэ и щIасэм...

Лъагъуныгъэр гухэм я гъэрыпIэ-тхъапIэщ.
Мы дунейм щымыщу хащIыхьа хэщIапIэщ.



* * *

Сыту куэд дыдэ бжесIэжыфыну
ГущIагъщIэлъ IэфIу зэгуэр сиIа,
Си напIэм щIэлъмэ щIэзмыхыфыну
Лъагъуныгъэшхуэм къыздыхэта!

Гъуэжькуий дахащэу щIалэгъуэ цIыкIур,
ДызэпэщIихри, тщхьэщылъэтащ.
Мы къыжысIэжхэр зыфIэемыкIуу
ЗэдмыгъэкIу ныбжьым дыкъихутащ.

ЗедгъэщIэгъуэкIми, а «жьыкIэфэкIэм»
ДыщыхатхакIэ, — дэнэ дыкIуэн, —
КъыдэгуэщIэкIми, демыпэгэкIыу,
Къэнэжа... гъищэр щыпкъэу дгъэкIуэнщ...

Тыншкъым гум къыщIитхъым уригушыIэныр.
Ар ди ныбжь нэсахэрщ къызыгурыIуэнур.

*ТхакIуэ, публицист Мэзыхъэ Борис къызэральхурэ*
*илъэс 85-рэ ирокъу*





# ПРОЗЭМ ХУЭIЭЗЭТ

Тхэным гу хуэзыщIахэр литературэм къыщыхыхьэм деж, сыт и щхьэусыгъуэми, абыхэм нэхъыбэрэ къызэрыщIадзэ хабзэр усэщ. УсакIуэ хъуауэ япэ лъэбакъуэр зытрича усыгъэ гъуэгуанэм темыкIыу и гъащIэ псокIэ ирикIуи щыIэщ, ауэ языныкъуэхэр прозэм хуэкIуэу, усыгъэр IэщIыб щащIыжи къохъу. Абыхэм нэмыщI, усыгъэри, прозэри, уеблэмэ драматургиери зэхуэдэу зэдэзыхьу, жанр зэмылIэужьыгъуэхэм щылажьэ тхакIуэхэри къахокI. Языхэзми литературэм хуищIыну хэлъхьэныгъэр, езыми абы щиубыдыну увыпIэр зэлъытар и зэчиймрэ и Iэзагъэмрэщ. Зи гугъу тщIым и лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ, тхакIуэ, Урысейм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Адыгеймрэ щIыхь зиIэ я журналист Мэзыхьэ Борис прозэм хуэIэзэт. Ар абы и жанр кIэщIхэми (рассказым, новеллэм) жанр пIащэхэми (повестым) щылэжьащ, ауэ нэхъыбэу цIэрыIуэ зэрыхъуар и новеллэхэр аращ.

Адыгэ (къэбэрдей-шэрджэс) новеллэм къикIуа гъуэгуанэр мыкIыхь дыдэми, пIалъэ кIэщIым къриубыдэу (XX лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэм къыщыщIэдзауэ дызэрыт зэманым къэсыху) жанрым и хабзэ нэхъыщхьэхэр щызэфIэувауэ, ар къэгъэIэрыхуэнымкIэ

ехъулIэныгъэхэри зыIэригъэхьауэ, абы и жыпхъэм къитIасэу тха щапхъэ нэгъэсахэри хэплъагъуэу ди лъэпкъ литературэр иджырей лъэхъэнэм къэсащ. Новеллэ жанрым и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ нэхъ ин дыдэ хуэзыщIа тхакIуэ зыбжанэм (Къущхьэ СулътIан, ХьэхъупащIэ Амырхъан, Нало Заур, Журт Биберд, IутIыж Борис, Ацкъан Руслан сымэ) ящыщщ Мэзыхьэ Борис.

БлэкIа лIэщIыгъуэм и 60 гъэхэм къыщыщIэдзауэ Мэзыхьэ Б. и творчествэм прозэм и жанр зэмылIэужьыгъуэхэм (нэхъыбэу рассказымрэ новеллэмрэ) зыщаужьащ. Илъэс 60-м щIигъукIэ литературэм хэлэжьыхьа тхакIуэм и къалэмыпэм къыпыкIа рассказхэр, новеллэхэр, повестхэр щызэхуэхьэса тхылъ куэд къэбэрдей-шэрджэсыбзэкIи урысыбзэкIи дунейм къытехьащ: «Гъуэгупэ псалъэ» (1966), «Вагъуэзэшибл» (1969), «ПцIащхъуэ хужь» (1970), «Мазэхэ жэщ» (1975), «Бжьыхьэр пщIащэ пылъэлъыжыгъуэщ» (1982), «Къуажэ пшыхьхэр» (1986), «Тхыгъэхэр» (2000), «Жэщ закъуэрэ гъащIэ псомрэ» (2003), «Бжьыхьэ макъамэхэр» (2008), «Тхыгъэ къыхэхахэр» (2015), нэгъуэщIхэри.

Мэзыхьэ Б. и творчествэм пэщIэдзэ хуэхъуа «Гъуэгупэ псалъэ» тхылъыр къызэрыдэкIыу, ар лъэпкъ литературэр ипэкIэ зыгъэкIуэтэнухэм, зыужьыныгъэм и унэтIыныгъэщIэхэм хуэзышэнухэм зэращыщым критикхэмрэ литературэдж щIэныгъэлIхэмрэ гу лъатауэ щытащ. Тхылъыр дунейм къытехьа нэужь тхакIуэ, критик, публицист Теунэ Хьэчим итхыгъащ: «Нэхъыжьхэм литературэм щыхаша гъуэгум Борис ирикIуакъым, атIэ езым и лъагъуэ хишыжащ. Абы и рассказхэм хэт лIыхъужьхэм я гур къабзэщ, я псэр нэхущ. Тхыгъэхэр сюжет щIэщыгъуэкIэ убзыхуащ. ТхакIуэм и бзэр къабзэщ, гурыIуэгъуэщ. Борис хэгупсысыхьауэ матхэ. Ар ди нобэрей гъащIэм и усакIуэу убж хъунущ. ГурыщIэ къабзэ яхуиIэу, IэкIуэлъакIуэу ар тотхыхь колхозхэтхэм, зи хэкур зыхъумэжурэ зи псэр зытахэм, ди лъэхъэнэгъухэм я гъащIэ мытыншым, зэIумыбзым».

«Гъуэгупэ псалъэ» тхылъыр тхакIуэм и творчествэм псыпэ лъэужьыфIэ хуэхъуам и мызакъуэу, лъэпкъ прозэми и хэлъхьэныгъэ нэсу къыщIэкIащ. Тхылъым ихуа «Бжьыхьэ уафэхъуэпскI», «Щхьэц налъэ», «Сэлэт дамэтелъ», «Къэгъэзэжыныгъэ», «ГъащIэр зэрыбгъакIуэщ», «Зэхэмыта хьэгъуэлIыгъуэ», «Щымыгугъам къыщыщIэкIащ» жыхуиIэ тхыгъэхэр рассказым и жыпхъэм изагъэу тха хъуахэщ икIи жанрым и зыужьыныгъэм зы къуэпсу хэувахэщ.

ИщхьэкIэ къызэрыщыхэдгъэщащи, Мэзыхьэ Б. лъэпкъ новеллистикэм нэхъыбэ дыдэ хуэзылэжьахэм ящыщщ. Абы и щыхьэтщ усакIуэ, тхакIуэ, драматург, щIэныгъэлI IутIыж Борис и псалъэхэри: «Новеллэ тхынкIэ Нало Зауррэ Мэзыхьэ Борисрэ япэхъун зэкIэ димыIэу си щхьэкIэ къысщохъу. АтIэми, шэч къытезыхьэн щыIэу ди гугъэкъым новеллэ и IуэхукIэ а тхакIуитIым я цIэ-унэцIэхэр зэкIэлъыкIуэу ди литературэм зэрыхэувам», – итхыгъащ абы.

ТхакIуэ къэс езым и хъэтI зэриIэжым хуэдэу, новеллэ зытхми жанрым и къэгъэIэрыхуэкIэ иIэжщ, ар (новеллэр) хабзэ хэха-

хэм тету гъэпсауэ зэрыщытыпхъэм емылъытауи. Псалъэм папщIэ, Нало Заур и новеллэхэр я сюжет зэхэлъыкIэ-ухуэкIэкIэ КъуэкIыпIэ къэралхэм «щызэхэзекIуэ» («бытование» къидгъэкIыу) притчэхэм япэгъунэгъумэ, сыт хуэдэ лъэхъэни хэзагъэ, дунейри хьэршри къызэщIэзыубыдэ философие куукIэ псыхьамэ, Мэзыхьэ Борис ейхэр нэхъ «щIылъэхуэплъэщ» – жылагъуэм и зэхэтыкIэм, цIыхухэм я зэхущытыкIэм нэхъ къегъэзащ. Абыхэм я сюжетхэр нэхъыбэрэ зытегъэщIар махуэ къэскIэ узрихьэлIэн Iуэхугъуэ къызэрыгуэкIхэрщ. Ауэ, жанрым зэрыщыхабзэу, зэ еплъыгъуэкIэ мыхьэнэ щIагъуи ямыIэу пфIэщIыну къэхъугъэхэр тхакIуэм гъэщIэгъуэну къегъэлъагъуэ. Абы щыгъуэми тхыгъэхэм я сюжетхэр кIэщIщ, къетхэкI лейхэмкIэ кудакъым.

Мэзыхьэ Б. новеллэ тхынымкIэ зэфIэкI зэриIэр «Вагъуэзэшибл» тхылъым ихуа «Сын», «Нартыху Iэбжьыб» тхыгъэхэм, нэгъуэщI зыбжанэми япэу наIуэ щыхъуауэ щытащ. Ахэр тхылъым рассказу зэрыхыхьам емылъытауэ, тхыгъэхэм новеллэм и нэщэнэ куэд яхыболъагъуэ. Абы и щыхьэтщ ар дыдэхэр 2015 гъэм тхакIуэм и IэдакъэщIэкI нэхъыфIхэр щызэхуэхьэсауэ дунейм къытехьа «Тхыгъэ къыхэхахэм» новеллэу зэрыхыхьар. КъызэщIэкъуауэ къэбгъэлъагъуэмэ, зи гугъу тщIы тхылъым новеллэ 40-м нэблагъэ щызэхуэхьэсащ, ар тхакIуэм новеллэ творчествэ убгъуа къызэрызэринэкIар хьэкъ къытщызыщIщ.



«Сын» фIэщыгъэм щIэт тхыгъэм психологие новеллэм и нэщэнэхэр хыболъагъуэ. Абы и лIыхъужь нэхъыщхьэ Хьэжудэ и адэм сын хуигъэувын Iуэху зэрихуэу сюжетым къыщIедзэ. АдэкIэ Жынус (Хьэжудэ и адэм) и дуней тетыкIар, кIуэдыпIэ хуэхъуар тхакIуэм мащIэмащIэурэ къызэкIуэцIех. Зауэ зэманым ар и хэку епцIыжри, бийм я гъусэу ежьэжауэ щытащ, абы иужькIэ Жынус и щхьэ кърикIуами, и кIуэдыкIэ хъуами, и кхъащхьэ здэщыIэми зыри щыгъуазэкъым. Сыт хуэдиз лей щIылъэм щызэримыхьами, и адэм IэщIэщIахэр гукIэ щызэригъэзахуэкIэ, Хьэжудэ ар захуэу къыщIригъэдзыну хэтщ, абы и щыуагъэм щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэр къыхуилъыхъуэкIэрэ: *«Ди адэм хуэдэ куэд ежэжьауэ щытащ, – егупсысырт ар. – Ауэ хуэфащэ тезыр тралъхьэри хей ящIыжащ. Хэбгъэзыхьмэ, апхуэдэ куэдым иджы къулыкъу иратыжащ. ЦIыху псори зэхуэдэ – хэти къыгурыIуэшхуэ щыIэкъым, хэти нэхъ Iущщ. ЦIыху емыджам илэжьыр уэим пщIы хъунукъым. СлIо, ди адэм щIэныгъэу бгъэдэлъар? Iэ тедзэжыкIэ къудей ищIэртэкъым. Щыуэпами, си адэм и тхъэмыщкIагъэр къэзышар зауэракъэ? Ари, дауи щрети, зауэм ихьащ».*

Тхыгъэм и сюжетым зиужьыхукIэ, Хьэжудэ и зэхэщIыкIми, абы и адэм ехьэлIауэ иIэ гупсысэхэми щхьэусыгъуэ зыбжанэхэм япкъ иткIэ захъуэж: япэрауэ, адэм и сыныр гъэувыным ирищIэкIа дауэдапщэм и гъунэгъу дыдэхэри къекIуалIэркъым, етIуанэрауэ, зауэм лIыхъужьыгъэ щызезыхьэу къэзыгъэзэжа Хьэжмурат хэкум епцIыжа Жынус и сыныр абы папщIэ зи псэр зытахэм я фэеплъ мывэхэм бгъурагъэувэнымкIэ арэзыкъым. А псоми Хьэжудэ и зэхэщIыкIыр

къызэрагъэдзэкI, куэдым гу лърагъэтэж икIи тхыгъэм и кIэухым деж, новеллэм зэрыщыхабзэу, щIэджыкIакIуэр зыпэмыплъэ Iуэхугъуэ къохъу: лIыхъужьу кIуэдахэм я фэеплъ сын куэд зи Iэдакъэ къыщIэкIа сыныщIэм (сын зыщIым) щыуагъэкIэ Жынус и сыныщхьэми вагъуэ плъыжьым и дамыгъэр хищIыхьати, сыныр хаса нэужь, Хьэжудэ абы гу лъитэри, вагъуэ плъыжьыр лэч фIыцIэкIэ хигъэгъуэщэжащ. Мыбдежым тхыгъэм и персонаж нэхъыщхьэр псэ бэнэныгъэ хохуэ: абы акъылкIэ фIы дыдэу къыгурыIуэрт адэм илэжьар зэрыкъуаншагъэр, ауэ сыным вагъуэр щытригъэкIыжым, *«ар ежьэрт «апхуэдэу щхьэ пщIырэ, тегъэт, сыт хуэпщIэр», – жаIэным, арщхьэкIэ кхъэм дэт псоми зыри ямылъагъу нэпцI защIат»*.

«Сын» новеллэм философие гупсысэ куухэмкIэ кIэIунэ етыжащ: *«ПцIыщ жаIэр, кхъэми, къызэрыщIэкIымкIэ, цIыхухэр зэхуэдэ щыхъужыркъым, цIыхухэми зыри ящыгъупщэркъым. Ди адэм иужьрей егъэзыпIэ хуэхъужари езым къилэжьыжарщ», – гупсысэурэ Хьэжудэ кхъэм къыдэкIыжащ»*. МыбыкIэ тхакIуэм жиIэну зыхуейр гурыIуэгъуэщ икIи арэзы утемыхъуэнкIэ Iэмал иIэкъым: цIыхум и гъащIэ гъуэгуанэр иухрэ дунейм ехыжмэ, абдежым псори щызэфIэкIыркъым, абы псэукIэу, цIыху хэтыкIэу, Iуэху зехьэкIэу иIамрэ къызэринэкIа цIэмрэ и бынхэми абыхэм я быныжхэми къадокIуэкI, е я пщIэр яIэтрэ ягъэлъапIэу, е ягъэпуду. Аращ цIыхур екIуу дунейм тетыныр, уеблэмэ псэзэпылъхьэпIэ щихуэм дежи цIыхугъэ къылъыкъуэкIыныр, и напэмрэ щIыхьымрэ ихъумэжыныр езы гъащIэм нэхърэ щIэнэхъ лъапIэри.

«Вагъуэзэшибл» тхыгъэри психологие мотивхэр щытепщэу тхащ. Мыбы и сюжетми лъабжьэ хуэхъуар зауэ блэкIам и зы фэбжь мыхъужщ. Тхыгъэм и персонаж нэхъыщхьэр – Бынэ – бынунагъуэ насыпыфIэм хэпсэукI, фIыуэ къэзылъагъу щхьэгъусэ зиIэ бзылъхугъэщ, ауэ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ гъащIэр IэфIыншэ къыщищIу, абы и гум зы IэпапIэ фIыцIагъэу телъщ – ар и лъагъуныгъэ блэкIарщ. Бынэ япэ дыдэ гухэлъ зыхуищIа щIалэр – Хьэсэн – зауэм хэкIуэдащ, ауэ ар зэикI игу ихуркъым, абы фэеплъу къыхуигъэна Вагъуэзэшиблым худэплъей зэпыту гъащIэр ехь. Апхуэдэу новеллэм и сюжетыр гукъэкIыжхэм, гупсысэ нэщхъейхэм тещIыхьащ. ТхакIуэм и тхыгъэм психологие куугъ щIилъхьэн лъэкIащ, ауэ жанрым и хабзэ нэхъыщхьэхэм къапекIуэкIащ: новеллэм иIэн хуей узыпэмыплъэ, укъэзыгъэуIэбжь кIэухыр мыбы хэтлъагъуэркъым, гуащIэу екIуэкI, зызыужь Iуэхугъуи дыщрихьэлIэркъым. Апхуэдэ щыщIэныгъэхэм «Вагъуэзэшибл» тхыгъэр и купщIэкIи, и ухуэкIэкIи рассказым нэхъ пэгъунэгъуу къэтлъытэнымкIэ шэсыпIэ драгъэхьэ.

«Тхыгъэ къыхэхахэм» новеллэу хыхьами, Мэзыхьэ Б. и «Гукъанэри» рассказым и жыпхъэм нэхъ йозагъэ. Образ нэхъыщхьэу тхыгъэм къыхэщыр зауэм лIыхъужьу хэта Темыркъанщ. Ар езым хуэдэ лIыхъужьхэр ягъэлъэпIэну къуажэ клубым щащI дауэдапщэм ирагъэблагъэркъым, ар дадэм игу щIохьэ, гукъанэ ещI. Темыркъан зэIущIэм

зэрыщымыIэм абы кърихьэлIа полковникым гу лъетэри, ар къашэну къызэгъэпэщакIуэхэм яжреIэ, икIи къашэ. Тхыгъэм и сюжетыр зэрыхъур аращ, ауэ абы щIэлъ философиер куущ, психологие кууагъ хэлъу персонаж нэхъыщхьэм и гурыгъу-гурыщIэхэр къыщыгъэлъэгъуэжащ.

И ухуэкIэкIи, и купщIэкIи «Гукъанэр» новеллэу къыпхуэлъытэнукъым, ар зи IэдакъэщIэкI тхакIуэм «новеллэ» зэрыфIищам емылъытауи. «Вагъуэзэшиблми» хуэдэу, мы тхыгъэми гуащIэу екIуэкI Iуэхугъуэ ущрихьэлIэркъым, новеллэм зэрыщыхабзэу, сюжетым зэуэ зызэридзэкIыркъым, узыпэмыплъэ кIэухи иIэкъым, уеблэмэ кIэухыншэ щIыкIэу, Темыркъан и гупсысэ кIапэлъапэхэмкIэ къызэтоувыIэ: *«Темыркъани хьэщIэм щIыгъуу пщыхьэщхьэшхэ Iэнэм яшащ. «Ей, сыщхьэцпэщтэIуэщ сэ, – егупсысырт ар, – Iэмбатэ зэрымытым Iэтэ изгъэуващ, гукъанэ лей сщIащ». Ауэ абы игу лъащIэм иджыри мыарэзыныгъэ гуэр ильт. Псалъэ гуапэхэм гуауэр яхуэгъэвыжыртэкъым икIи жыжьэу гу лъащIэм щыгъэпщкIуа гупсысэм – «полковникыр къэмыкIуатэмэ-щэ» – зэрегупсысым абы и гуфIэгъуэм ныбжь къытридзэрт»*. ЗэрынэрылъагъуIщи, тхыгъэм и кIэухым деж щIэджыкIакIуэр зыпэмыплъэ Iуэхугъуэ е гупсысэ гуэри къыхэщыркъым. А псом къыхэкIкIэ, «Гукъанэри» рассказым и жыпхъэм нэхъ изагъэу къэлъытапхъэщ.



ИщхьэкIэ зи гугъу щытщIа тхыгъэхэм («Вагъуэзэшиблымрэ» «Гукъанэмрэ») хуэдэщ «Фызышэри». Мы тхыгъэми къэхъугъэ гъэщIэгъуэн гуэри хэплъагъуэркъым. Пщымырзэ жэщым къызэщоури, и тхьэкIумэм гъы макъ къоIуэ. Гузэвгъуэ макъыу зэхихыр хьэблэм унагъуэу дэсым яхуехь, арщхьэкIэ ар джэду пщIэу макъыу къыщIокIыж. Аркъудейщ мы тхыгъэми щIэлъ гупсысэр зэрыхъур: и сюжетым хуэдэу, езыри кIэщIщ.

Новеллэм и нэщэнэ нэхъыбэ яхэлъу гъэпсахэм, а жанрым тхакIуэм нэхъ къыщехъулIахэм ящыщщ «ХьэтIэхъу и лъагъуныгъэ», «Лимон хуэла», «ПIэщхьагъ къурэ», «Нартыху Iэбжьыб» жыхуиIэхэр.

«ХьэтIэхъу и лъагъуныгъэ» новеллэм и пэщIэдзэм деж щызэхэубла Iуэхур зыхуэкIуэнур тхыгъэм и кIэм нэсыху тхакIуэм сэтей къищIыркъым. ХьэтIэхъу щынэхэр ирегъэукI, и бынхэр къызэхуешэсыж, хьэблэдэсхэри къреджэри, я пщIантIэм дауэдапщэ щызэхешэ, ауэ ар зытеухуар, зэхьэлIа Iуэхур зыми ищIэркъым. Псори наIуэ щыхъур тхыгъэм и кIэух сатырхэм дежщ. ХьэтIэхъу и щхьэгъусэ дунейм ехыжам зэгуэр жиIэгъат: *«Я дэ ди тхьэ, сыту гъащIэфI зиIэ щыIэ? Илъэс щэ никъуэкIэ зэдэпсэуа щыIэщ жоIэ-тIэ. Ей, лIы, апхуэдизкIэ уэрэ сэрэ дызэдэпсэумэ, хьэгъуэлIыгъуэ дыгъэщIыж»*.

ХьэтIэхъу щхьэгъусэм и лъэIур игъэзэщIауэ арат: абыхэм унагъуэ зэрызэдаухуэрэ а махуэм илъэс щэ никъуэ ирикъурт. Мыпхуэдэ узыпэмыплъэ къэхъугъэ гъэщIэгъуэным иужькIэ, ХьэтIэгъу и гурыгъухэр психологие кууагъ хэлъу къызэпкърызых, новеллэм и мыхамэу щыт драматизмэр зыхэлъ псалъэхэмкIэ тхыгъэр еух: *«МыукIытамэ,*

*кIуэнти сыным Iэ дильэнт, ауэ емыкIум игъэбакъуэркъым. ЛIыжьыр, льэныкъуэкIэ еба сыну, Iуащхьэкум итщ. Нэхъ гъунэгъуу убгъэдыхьамэ, плъагъунт ар зэрыпыгуфIыкIыр. Плъагъуми, чэфу къыпфIэщIынщ. Пэжщ, чэфщ. Хьэуэ, чэфыжьыпкъэщ. Ильэс щэ ныкъуэ япэкIэ ищIа лъагъуныгъэм и чэфыр пкърыкIыжакъым. Лъагъуныгъэм и чэфыжьыпкъэм щхьэри, гури, псэри ес».*

«Нартыху Iэбжьыб», «Лимон хуэла» новеллэхэри драматизмэр ебэкIыу тха хъуащ. «Нартыху Iэбжьыбым» зауэм и лъэхъэнэ гуащIэм цIыхухэм гугъуехьу я нэгу щIэкIар къыщыгъэлъэгъуэжащ. Новеллэм и хабзэхэм къызэрагъэувщи, абы и сюжетыр зы Iуэхугъуэм тещIыхьащ, зы унэтIыныгъэкIэ шэщIащ («односбытийность» е «моносбытийность» жыхуаIэм тету). Зи адэр зауэм кIуа сабийр ныбэкIэ гугъу йохь: щхьэгъусэм и шырыкъуитIыр ищэу шхын тIэкIу къихьыну бэзэрым кIуа и анэм поплъэ, апщIондэхукIэ гъунэгъу сабийм иIыгъ пIастэм йохъуапсэ... Апхуэдэ гугъуехьхэр тхакIуэм гущIыхьэу къретхэкI, ауэ зауэм къиша насыпыншагъэхэм я гугъу зэрищIым къыдэкIуэуи, цIыхугъэм и щапхъэ нэси тхыгъэм къыщегъэлъагъуэ. Ар зэхьэлIар сабий мэжэщIалIэм пIастэ Iыхьэ, кхъуей шыпс тIэкIу, нартыху IэбжьыбитI къезыта Луцэ нанэ и образырщ. Абы къылъыкъуэкIа цIыхугъэ лъагэмрэ гуапагъэмрэ тхыгъэм и лIыхъужьым зэикI щыгъупщэркъым, зауэр иухыу езыри балигъ хъужа пэтми: «... *нобэр къыздэсым си фIэщ хъуркъым абы нэхъ ерыскъы IэфI сIухуауэ. Ар сэ ныбэрылъ схуэхъуа сфIощI. ПIастэ хуабэр кхъуей шыпс шыугъэ, гъуэтэрымэ мащIи къызыхихым хэгъэуауэ пшхыныр сыту гухэхъуэгъуэт! Абы и IэфIагъыр зыхуэдизыр чыщмыщкIэ япIам къыгурыIуэнкъым. Ауэ зауэм зи сабиигъуэр хиубыдахэм ящIэ*».

Новеллэм и нэщэнэ зыбжанэ хэтлъагъуэми, «Нартыху Iэбжьыб» тхыгъэм укъэзыгъэуIэбжь кIэух иIэкъым, щIэджыкIакIуэр зыпэмыплъэ Iуэхугъуи къыщыхъуркъым. Апхуэдэ дыдэу, драматизмэр щытепщэу, психологие лъабжьэ иIэу, ауэ гуащIэу екIуэкI Iуэху, конфликт хэмылъу гъэпсащ «Лимон хуэла» тхыгъэри. Абы лъабжьэ хуэхъуар анэмрэ бынымрэ яку дэлъ зэхущытыкIэрщ. Тхыгъэм хэт ЛатIиф и ныбжьэгъу Хьэрэбий и машинэмкIэ зрегъэшэри, и анэм деж къуажэм мэкIуэж. Новеллэм къызэрыхэщымкIэ, ар куэд щIауэ и адэ лъапсэ ихьэжатэкъым, пIэм хэлъ и анэри куэду къыхуэзэшат. Тхыгъэм хэлъ драматизмэр къэзыгъэщIыр къуэм и гур анэм зэрыхуэщIыIэрщ: ЛатIиф и анэм зэрыхущытыр абы хуихьа зы лимон хуэламкIэ къэгъэлъэгъуа хъуащ. Къуэм анэм хуищIа гулъыти щыIэкъым, атIэ нысэм (и къуэшым и щхьэгъусэм) къытригъэувэ фадэм ефэщ, шхыным хэIэбэри, анэм сэлам къудеи иримыхыжу, и гъуэгу техьэжащ.

ИщхьэкIэ зи гугъу щытщIахэри Мэзыхьэм и нэгъуэщI тхыгъэ кIэщIхэри нэщэнэхэмкIэ (символхэмкIэ) къулейщ. Псалъэм папщIэ: *лимон хуэлар* (къуэр анэм зэрыхущытыр къэзыгъэлъагъуэр), *пIэщхъагъ къурэр* (зи щхьэгъусэр дунейм ехыжа дадэм, сыт хуэдэ пIэщхьагъ щIамыдзми, ар къурэу къызэрыщыхъур), *нартыху*

*Iэбжъыбыр* (цIыхугъэм, гуапагъэм и нэщэнэу сабийм игу къинэжар), нэгъуэщI куэди. Символхэм нэмыщI, Мэзыхьэ Б. и новеллэхэр психологизм лъэщкIэ псыхьащ, философие гупсысэ куухэм уащрохьэлIэ. Апхуэдэхэщ: «Сэ ныбжьэгъу сиIэщ», «Жэщ мазэхэ», «Хамэ», «ПщIыхьэпIэ» жыхуиIэхэр.

КъызэщIэкъуауэ къэбгъэлъагъуэмэ, Мэзыхьэ Б. и новеллэ псори жанрым и хабзэхэм тету, нэгъэсауэ а жыпхъэм изагъэу тхауэ къыпхуэлъытэнукъым. Новеллэм и нэщэнэ зыбжанэ (псалъэм папщIэ, тхыгъэхэр зэрыкIэщIыр, сюжетыр зы Iуэхугъуэм зэрытегъэпсыхьар, зы унэтIыныгъэм зэрытетыр) ядэплъагъуми, абыхэм я щыщIэныгъэщ нэмыцэ философ, тхакIуэ Гёте зи гугъу ищIа нэщэнэ нэхъыщхьэр – «зыми зэхамыхауэ (ямылъэгъуауэ) къэхъуа-къэщIар» («случившееся неслыханное происшествие») – жыхуаIэр зэрахэмылъыр. НэгъуэщIу жыпIэмэ, Мэзыхьэм и новеллэхэм я сюжетым зэуэ зихъуэжу, узыпэмыплъэ, укъэзыгъэуIэбжь къэхъугъэ телъыджэ гуэр къыщыгъэлъэгъуауэ, фантастикэм е мистикэм я кIапэлъапэ, мифологием щыщ мотив сыт хуэдэхэм уащрихьэлIэркъым, гуащIэу екIуэкI Iуэхугъуэ (конфликт) хэплъагъуэркъым.

Жанр кIэщIхэм ящыщу рассказхэмрэ новеллэхэмрэ нэмыщI, Мэзыхьэ Борис гушыIэ тхыгъэ кIэщIхэри и Iэдакъэ къыщIэкIащ. «Жэщ закъуэрэ гъащIэ псомрэ» тхылъым апхуэдэ тхыгъэу пщыкIух хыхьащ: «Джэд щыкъун и пщIыхьэгъущ», «ЩIэщхъу», «Щымыгугъам къыщыщIэкIащ», «Хьэ гъэса», «ЛIыхэм пцIы яупсрэ?», «Iэ убыдыкIэм Iэджэ хэлъщ», «Фыгъуэ», «ГъащIэр зэрыбгъакIуэщ», «ХьэмцIыракIэ», нэгъуэщI зыбжани. Зэрынэрылъагъущи, мы тхыгъэхэм я нэхъыбэм я фIэщыгъэ къудейми гушыIэрэ ауанрэ хэлъщ. Абыхэм лъабжьэ яхуэхъуа Iуэхугъуэхэр къызэрыгуэкIщ, махуэ къэскIэ узрихьэлIэнкIэ хъунухэм ящыщщ, ауэ ахэр тхакIуэм къызэриIуатэр гъэщIэгъуэнщ икIи гукъинэжщ.

Мэзыхьэм и гушыIэхэмрэ ауанхэмрэ я нэхъыбэм ахэр щатха совет лъэхъэнэмрэ совет къэралыгъуэм и къутэжыгъуэу 1990 гъэхэмрэ я нэпкъыжьэ ятелъщ: мыбыхэм фадафэхэм я образ гуемыIухэм куэдрэ уащрохьэлIэ. Дызэрыщыгъуазэщи, къэдгъэлъэгъуа лъэхъэнэм зэрыкъэралу, уеблэмэ лъэпкъ интеллигенцэри хиубыдэу, фадэм дихьэхат, сыт хуэдэ Iуэхури фадэ IэнэкIэ зэфIахыу къекIуэкIырт. Ар псом хуэмыдэу IупщIу «Гуэгушыхъу», «ЩIэщхъу», «ЛIыхэм пцIы яупсрэ?», «Щымыгугъам къыщыщIэкIащ» гушыIэ рассказхэм деж щыболъагъу. Иужьрейм къыхэщ Щабэжь Джэрий фадэр зэринэрыгъым къыхэкIкIэ бэлыхь хэмыкIыу и гъащIэр ехь, абы и зэранкIэ лэжьапIэм къыIуагъэкIыжынми нэсащ, ауэ и дуней тетыкIэри и хьэл мыхъумыщIэри ихъуэжын Iуэху зэрихуэркъым. А псом нэмыщIыжуи, ар щылажьэ IуэхущIапIэм и унафэщIым гъэпцIагъэкIэ щытхъу тхылъ ирегъэтхри, лэжьапIэми къыIуамыгъэкIыжыфу «хъуэжэ и бэщмакъыу» закъыфIренэ.

Мэзыхьэ Б. и адрей гушыIэ тхыгъэхэми Щабэжь Джэрий хуэдэ образ дыхьэгъхэм куэду уащрохьэлIэ. Апхуэдэхэщ: МэкIэрыш («Джэд

щыкъун и пщIыхьэгъущ»), зэщхьэгъусэхэу ХьэзрэIилрэ ХьэIишэтрэ («ЩIэщхъу»), Хьэжджэрий, Зураб, Щэрэлыкъуэ, Сэфарбий («ЛIыхэм пцIы яупсрэ?»), Бэлэтокъуэ, Исмел, Хьэжрэтбий («Фыгъуэ»), Хьэжмурид («ГъащIэр зэрыбгъакIуэщ») сымэ, н. Мыхэр псори ефакIуэ защIэу щымытми, нэгъуэщI хьэл мыхъумыщIэхэр ядыболъагъу. Ахэр тхакIуэм ауан хэлъу, языныкъуэхэми ящIэнакIэ щIыкIэу, гъэщIэгъуэну къигъэлъэгъуащ.

Хэхауэ и новеллэхэм е и рассказхэм я фIагъ е я щыщIэныгъэ емылъытауэ, Мэзыхьэ Борис лъэпкъ прозэм хэлъхьэныгъэ нэхъ ин дыдэ хуэзыщIахэм ящыщщ. Абы щыхьэт тохъуэ прозэм и жанр пIащэхэм языхэзым – повестым – иту и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэри: «Бжьыхьэр пщIащэ пылъэлъыжыгъуэщ», «Мыл чэщанэ», «Къуажэ пшыхьхэр», «Жэщ закъуэрэ гъащIэ псомрэ», «Мамэ, лIы сыдокIуэ» жыхуиIэхэр.

И тхыгъэ кIэщIхэми хуэдэу, Мэзыхьэ Б. и повестхэр гъащIэм, лэжьакIуэбэм, цIыхухэм я зэхэтыкIэ-зэхущытыкIэхэм теухуащ. Ахэр утемызашэу, къеджэгъуафIэу, бзэ къулейкIэ тхащ. Абы щыгъуэми, рассказхэмрэ новеллэхэмрэ хуэдэуи, повестхэр дагъуэншэкъым. Псалъэм папщIэ, «Жэщ закъуэрэ гъащIэ псомрэ» тхыгъэр и купщIэрэ и зэхэлъыкIэкIэ рассказ убгъуам нэхъ хуокIуэ, напэкIуэцI бжыгъэкIэ 40-м зэрынэсым емылъытауи. Тхыгъэм щекIуэкIхэр зы образымрэ абы и гъащIэмрэ епхауэ аращ. Абы и лIыхъужь нэхъыщхьэ Исхьэкъ зэрымыщIэкIэ щIыIалъэм къыщIонэри, зы жэщ псо абы щигъэкIуэн хуей мэхъу. А жэщым и кIуэцIкIэ щIыIэм къелынкIэ гугъэ лъэпкъ къызыхуэмынэжа цIыхум и гъащIэ псор и нэгу щIокIыж, щыуагъэу IэщIэщIахэм хущIогъуэж икIи апхуэдэххэурэ, гукъэкIыж-гупсысэхэм хэтурэ, жэщыр егъакIуэ. Аращ сюжетыр зэрыхъур, ауэ Исхьэкъ и гумрэ и щхьэмрэ щызэригъэзахуэ гупсысэхэр куууэ, психологизм икIи драматизм лъэщ щIэлъу тхакIуэм къигъэлъэгъуэн хузэфIэкIащ. ЖытIам щIыгъужыпхъэщ Мэзыхьэм и адрей повестхэр, псом хуэмыдэу «Бжьыхьэр пщIащэ пылъэлъыжыгъуэщ» зыфIищар, жанрым и хабзэхэм нэхъыфIу зэризэгъар.

«Мазэ пэтрэ дыркъуэ телъщ» зэрыжаIэу, щыщIэныгъэ лъэпкъ имыIэу зи тхыгъэ псори къызэхъулIа тхакIуэ, дауи, гъуэтыгъуейщ, апхуэдэ щыIэххэуи фIэщ щIыгъуейщ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэр усакIуэм е тхакIуэм и хъэтI зэригъэпэщыжыфынырщ, и IэдакъэщIэкIхэм ящыщу хъарзынэу къехъулIахэр нэхъ мащIэу къехъулIахэм нэхърэ нэхъыбэу щытынырщ, и тхыгъэхэр цIыхубэм ягу дыхьэу лъэпкъ литературэм увыпIэ щхьэхуэ щаубыдынырщ. Мэзыхьэ Борис къедбжэкIа псом и лъэныкъуэкIи зэфIэкI лъагэрэ зэчийрэ бгъэдэлъащ икIи абыхэм я фIыгъэкIэ езы тхакIуэм и цIэр лъэпкъ литературэми щэнхабзэми къыхэнащ, цIыхубэм я гум фIыкIэ къинащ.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор*

МЭЗЫХЬЭ Борис

# ЛИМОН ХУЭЛА

*Новеллэ*

Нобэ къуажэм мыкIуэжыну Iэмал имыIэу, ЛатIиф нэху къекIащ. ЩIэIэмалыншэр езыми ищIэртэкъым, ауэ ар игу илъу къызэщыуащ. «Тхьэм сигу кърилъхьами сщIэркъым», – егупсысащ ар зыщихуапэм, езым хуэдэ минхэми ещхьу, дини Тхьэи и фIэщ мыхъу пэтми. Ауэ, гъэщIэгъуэнракъэ, моуэ зымащIэкIэ и Iуэху зэхуэмыхъумэ е гузэвэгъуэ къылъэIэсмэ, тхьэм елъэIуу щIедзэ, уи фIэщ мыхъур къыбдэIэпыкъун нэхъей. Ныжэби и гур гузавэу нэху къекIати, «Тхьэм къэхъуаIауэ къыщIимыгъэкI», – жиIэурэ лэжьапIэм кIуащ. И ныбжьэгъу-жэрэгъу-хэм сэлам ярихщ, кIэлындор кIыхьым фIыуэ тутын щефэщ, зи унафэ щIэтым нобэкIэ зыкъригъэутIыпщри, итIанэщ телефоным щынэсар – къуажэм зэрыкIуэжын машинэ къигъуэтын хуейт. Пэжщ, Къуныжьейр хы адрыщI щыIэкъым, автобус уиувэмэ, сыхьэтым унэсыжынущ, ауэ ари и щхьэм хутелъхьэркъым: и ныбжь ныбжьщ, и лэжьыгъэри аращ – «лъэсырызекIуэжьщ» къыхужаIэну хуейкъым. Ар хъунт, и гаражым машинэ тIорысэжьыфI щIэмыттэмэ. Ауэ езым къыхуехуэкIыркъым, щIалэрщи, Урысей пхащIэ щыхэтщ, Тхьэр нахуэу бгъэпцIащ уэ ар къыумыгъуэтмэ.



ЛатIиф зы-тIум епсэлъащ. Хэти игъуэтакъым, хэти къыхутегъэхьакъым. «Щымыхъум, мыхъур щыхъужыр уэращ», – жиIэри, Хьэрэбий деж екIэпсэуащ:

– Ярэби, Къуныжьей лъэныкъуэкIэ укъуэкIынкIэ мыхъуну пIэрэ? – жиIэри.

– Уэлэхьи, мыпIэрэ, ЛатIиф, сыт хуэдэ Iуэху уиIэр?

– СиIэшхуи щымыIэ, моуэ ди анэм деж зэ сыдэлъэдэжынт, жысIэри аращ...

– Iэгъу, абы нэхъ Iуэхуу сыт щыIэр? Уэлэхьи, зэманыр къызжеIи, зыгуэрурэ зынрезгъэхьэлIэнмэ.

ЛатIиф телефон трубкэр тIэкIурэ иIыгъащ, абы иритыну жэуапым егупсысу: «иджыпсту» жиIэрэ, Хьэрэбий хущIэмыхьэмэ, «нэхъ пщыхьэщхьэхуегъэзэкIыу» жиIэнущи, апщIондэху къэхъунур хэт зыщIэр – е езыр ныбжьэгъу гуп яхуозэ, е Хьэрэбий и щхьэ Iуэху къылъыкъуокI. Гуп яхэхуэр ягъэ кIынтэкъым: зы бжьэ ефауэ кIуэжкIэ, уэим хъункъым. АрщхьэкIэ зыкъом щIауэ мыкIуэжауэ, фадэмэ къыкIэрихыу дыхьэжмэ, дауи, анэм и гуапэ мыхъункIи хъунщ...

Апхуэдэу егупсысурэ и щхьэ къигъэпцIэж пэтми, ЛатIиф езыр иригужьеижу зыхищIэрт нэхъапэм хуэдэу анэм зэрыхуэмыгу-мэщIэжри, мазэ къэс пичым-пичыурэ, зэзэмызэххэ фIэкIа абы и деж дэмыхьэж зэрыхъуари. «АтIэ, уи ныбжь хэкIуэтэху, гурыщIэхэри ужьыхыу пIэрэ? – егупсысырт ар куэдрэ. – Анэри арагъэнщ. Япэм нэхъы-

бэрэ гукъеуэ къысхуищIу, къызэгийуэ щытащ. Иджы апхуэдэжкъым. ЦIыхур жьы хъуху, и щхьэм фIэкIа, нэгъуэщIым емыгупсысыжу къанэу къыщIэкIынщ... Хьэмэрэ быным хуемыта хуабэр къуэрылъху-пхъурылъхум хуагъаблэу ара? АтIэ, сэ сыщIалэ, сыту зыхэзмыщIэрэ си быным нэхъ гу щIыIэ сахуэхъуауэ. Балигъ хъуху, нэхъ сатогужьеикIым, ухуеймэ...»

– Уа, жысIэр зэхэпхыркъэ. Дапщэщ, зо?

ЛатIиф къызэщыужри:

– Уэлэхьи, сэ иджыпстуи сыхьэзырым, – жиIащ. – Уэ укъикIрэ?

– КъикI-къимыкI щыIэ? Сыхьэт ныкъуэ хуэдиз дэгъэкIи, къыщIэкI.

Гъуэгу къэс езым и шыфэлIыфэ иIэжщ. Языныкъуэхэр фочыкум хуэдэу шэщIащи, машинэ зэблэжым я фий макъ фэкIа зэхэпх щыIэкъым, и бгъуитIым щыт жыгхэр, «хэт япэ ищын» жаIэу къызэдэжэм ярейуэ, нэр темыпыIэу блолъэт. Жылагъуэхэр зэпызыщIэ гъуэгу цIыкIухэр зэщхь защIэщ: къэгъэшыпIэр я куэдщ, машинэхэмрэ тракторхэмрэ къраудa кумблIэмб минхэм гъуэгурыкIуэр драдзей-кърадзых, ешаелIауэ унэм кIуэж лэжьакIуэжьым щхьэукъуапIэ ирамытрэ, тIысыпIэ зылъымысауэ зэфIэтхэр щысхэм яригулIу.

ЛатIиф зэрыкIуэж гъуэгур а тIуми ещхьтэкъым. Мыр нэхъ зэбгъэпщэнур уей-уей жезыгъэIа хъыджэбзыжь къыдэнэжат. Егугъуу зэращIар, дахэрэ тыншыгъуэу зэрыщытар дэплъагъуу, ауэ жьы хъууэ зэлъам ещхьу, и щIыфэр зэхуэлъэфэсарэ, унэ лъэгу Iушэм щыщIаупскIэ гущэу, зыхэпщIащи хуэмыдэу, абы щыгъуэми, гу зылъыуигъатэу, мащIэу уриудэкIыу. Гъуэгу зэрытехьэрэ псалъитI-щы фIэкIа зэпадзакъым, щхьэж и щхьэм илъым йогупсысри:

– Нобэ хуабэ хъун хуэдэщ.

– Бадзэуэгъуэщ, и чэзу хъуащ къыщIикъузэну, – къыфIагъэкIакъым.

Сыти жаIэнт махуэ къэс зэхуэзэ, щымыхъужыххэм зэ-тIэу телефон зэкIэлъеуэ зэныбжьэгъуитIым? Хэбгъэзыхьмэ, щыму щызэбгъэдэсми, ягукIэ зэпсалъэм хуэдэщ, апхуэдизкIэ зэрощIэри. Арагъэнт машинэ лъабжьэм зыкъыщIэзыдзэ гъуэгу гъуабжэм я нэр тедияуэ щIыщысри – зым рулым зыкIэрикъузауэ, адрейр тетIысхьэпIэм тIэтIэжу ищэтауэ.

Узэплъынышхуи щыIэтэкъым. «Сыт губгъуэр алэрыбгъум щIрагъэщхьыр? СщIэм, тхьэр си бийщ, – егупсысырт ЛатIиф, я къуажэщIым щихьэжам. – Мыр нартыху хьэсэщи, илъэскIэ сымэджа цIыхум ещхьу, фагъуэщ. Хьэ зытелъа пхафэр жыпIэнущи, цыпхым ещхьу пIий лъэдакъэ кIэщIхэмкIэ уэгум доIэбей, нобэ-пщэдей мафIэлыгъейр кърадзу зэрагъэсынур и пщIыхьэпIэ нэхум къыхэмыхуэу. ЦIыхури аракъэ? Мес мо бгы нэпкъыжь зи щхьэр джафэу къраупсэхам сыт хуэдэ мэз тета, и лъабжьэм щежэх псыIэрышэм ауэ сытми архъуанэ куу иIа! Иджыпсту абыкIэ псы блэжауэ пщIэххэнкъым – и кIуапIэр ихъуэжащ. Нобэ Мэкъуххьэвэжьыр джабэ щыхупIэм и лъабжьэхэмкIэ кууэ зыкIэрызыукIа къущхьэмышхей банэр жьым зэрихьэу щытщ, гъащIэ блэкIам кIэлъоплъыжри. Мэз дахэкIей итащ джабэ екIуэкIми – жыгеи,

тхуеи, щихуи, кхъужьеи – абы имытар укIуэдыж. Иджы банэ фIэкIа къыщыкIыжыркъым – жыгхэр щыIуахым уэлбанэ псыхьэлыгъуэхэм щIыгуль фIыцIэ пIащIэр иралъэсэхри, ятIагъуэ бдзантхьэр къыщIэщащ.

– Ей, сырэ итщ машинэм, ухуеймэ, – Хьэрэбий и ныбжьэгъур гупсысэм къыхишащ, – нышэдибэ къэсщэхуа къудейщ, хуэбэн хуейкъым.

ЛатIиф пивэм гукъыдэж хуиIэтэкъым. Хьэрэбии ар хигъэзыхьакъым – хуэмеймэ, хуэмейщ. УасэIых Iэнэкъым.

Куэд мыщIэу, Къуныжьей бжьэпэм декIуэкIыу есэкIа щихухэм я щхьэкIэхэр нартыху гъашэм къащхьэщыуващ. Шыгути шыдыгути жыпIэми, гъуэгурыкIуэхэр нэхъыбэ хъуащ. ЛатIиф абыхэм я нэгу иплъыхьырт, арщхьэкIэ и цIыхугъэ яхилъагъуэртэкъым: щIалэгъуалэр, псы Iуфэ дзэлу, псынщIэу къыдожей – махуэ къэс уащыхуэмызэкIэ пцIыхуркъым. Ахэр дэнэ къэна, и унэкъуэщхэм я сабийхэр зэхэзещхъуэн щищI щыIэщ ЛатIиф...

Къуныжьейр къуэ куум и джабитIым кIэрысщ, уэрам захуэ шэщIаи, хьэблэ зэщыгуаи имыIэу. Къуажэ зэпычыныр мыбы къэса хуэдэкъым – унэхэр зэбгрыпхъащ, уэрамхэр зэвщ, къэгъэшыпIэхэр и бэщ, жылэм щIалэгъуалэ куэд дэсыжкъым, зи лъэ вакъэ изылъхьэр къалэхэм Iэпхъуащ. Нэхъыжьхэм мэлхьэпIатIэу щIым зыхаукIащи, дэкIыну къахутечыркъым. Зэгуэр дэIэпхъукIахэми къагъэзэжу щIадзащ – къуажэм къыхуэзэша хьэмэрэ щIым узэрыкъуэмылIыкIынур къагурыIуа? Сытми, жылэм унэщIэхэр къыдэувэу хуежьащ, япэм ящIа унэ кIыхьхэм емыщхьу, нэхъ тыкъыру, нэхъ лъагэу. ЛатIиф и къуэш нэхъыжьым и къуэми апхуэдэ унэ иухуауэ, и адэ-анэмрэ анэшхуэмрэ зришэлIэжауэ, мыбы щопсэу, ауэ унэжьри имыкъутэжауэ щытщ. «Фи адэм и унэр сыпсэуху тIэкIу щывгъэт», – жиIэу лъэIуауэ жаIэ анэр. ПщIантIэр фаджэ ищIми, еIусакъым, и щхьэгъубжэIупIэхэр напIэ зэтедзауэ, жыг хадэжьым хэтщ.

Къуажэ гупэ бжьэпэм дэжщ, ижьырабгъумкIэ щыт колхоз жэмэщ бгынэжам блитхъури, «Жигули» щIыху цIыкIур кIарц банэр зэкIэкIа уэрам зэвым дэлъэдащ, куэд имыкIуу аргуэру сэмэгумкIэ игъэшри, гъущI куэбжэ лъагэм деж къыщыувыIащ. ЛатIиф къикIри, и Iэпкълъэпкъ ешар иукъуэдиящ. Куэбжэр гъэбыдатэкъыми, хьэмаскIэм зилIэж щхьэкIэ къамыгъанэу, пщIантIэм дыхьащ, «дэсIакъэ мыбы» жаIэ щIыкIэу, заплъыхьурэ. Асыхьэтым хадэмкIэ къикIыжа хъыджэбз цIыкIур къыдыхьахэм къеплъри, адэ къуэшыр къицIыхуагъэнти: «Нанэ, ЛатIиф къэкIуэжащ», – жиIэу бжэмкIэ жащ, къигъэкIэрэхъуэжщ, ЛатIиф къыбгъэдэлъадэри, IэплIэ къришэкIащ.

– Мыр сыту хъыджэбзышхуэ ухъуа! – жиIащ мыдрейми, гумащIэ къэхъуарэ сабийм и цIэр къыхуэмыщIэжу икIи абы папщIэ IэфIыкIэ гуэр къызэримыщтам хущIегъуэжауэ, ауэ игу къэкIар асыхьэтыпцIэм IэщIэхужащ. – Нанэ дауэ щыт, дахэ? Хэлъ-хэс?

– Нобэ хэлъщ, тхьэ, дыгъуасэ пщIантIэм дэсат...

Топ джэгупIэ хуэдиз хъурэ жыхуэпIэн зи инагъ пщIантIэр зэпачри, унэшхуэм къыбгъэдэт унэ нэхъ цIыкIум щIыхьахэщ. Щхьэгъубжэ

Iупхъуэхэр зэIугъэуащи, пэш кIуэцIыр кIыфI-кIыфIу щытми, нэхъ жьантIэмкIэ къыдэт гъуэлъыпIэм илъ тепIэнщIэлъын хужьым нэр имыубыдынкIэ Iэмал иIэтэкъым. ЛатIиф абыкIэ кIуащ.

Щхьэнтэ щабэшхуэр и бгым щIэдзарэ, щыс-щылъ щIыкIэу, анэр гъуэлъыпIэм щегъэщIат. НапIэзэтедзэгъуэ закъуэм ЛатIиф къилъэгъуащ щхьэфIэпхыкI гъуабжэм къыщIэщ щхьэц тхъуа пIащIэри, нэщIащэхэм кушуэ итIысхьэжа нэ гъуабжэ текIыжахэу нур лъэпкъ къызыщIимыхыжхэри, Iупэ пIащIэ фагъуэхэри, бэщмакъ лъапэу къэгъэша жьэпкъ цIыкIури, шхыIэн щIыIум къытелъ Iэ гъур цIыкIуитIри.

– Дауэ ущыт, Дисэ? – жиIэри, лIы гъур кIыхьышхуэм лъахъшэу зигъэшащ.

Анэр жейм къыхэкIыжа къудейти, зэуэ къуэр къицIыхужакъым, къыщицIыхум, и нитIым гуфIэгъуэ хъуэпскIыр къыщIихри, асыхьэтуи ункIыфIыжащ.

– Дауэ ущыт, щIалэ? Зи, дунейм утеткъыми...

– ДыхущIэмыхьэ, Дисэ, Iуэхум дыкъыдэхуэркъым.

– Гъуэгур къэпцIыхужамэ, аращ... Iуэхум зэи ух иIэкъым, тIасэ. Хэт уи гъусэри? Уи щIалэра?

– Хьэуэ, мыр си ныбжьэгъущ.

ЗыкъэзыIэтыну къеIа фызыжьыр къимыгъэтэджу, Хьэрэбий абы сэлам ирихащ, и узыншагъэмкIэ щIэупщIэри, «сэ мыдэ машинэм семыпэщэщу хъунукъым», жиIэурэ щIэкIащ, зэанэзэкъуэр я закъуэу къигъанэри.

– Унагъуэри сыт хуэдэ, тIасэ? Псори фыузыншэ, щIалэ цIыкIухэри хъыджэбзхэри?

– Зэран щыIэкъым. Уэ дауэ ущыт, усымаджэ, ухэлъи?

– Узыншагъи симыIэж мыгъуэ, нэхъыбэм сыхэлъщ. Нысэм, Алыхьым фIыгъуэу щыIэр къыхуищIэ, щIым сынимыгъэсу, сызэрехьэ, армыхъумэ къулейсыз сыхъунт. СыткIи къысхуосакъ – шхынкIи, щыгъынкIи, ауэ уи лъэм дахэ-дахэу ущызэримыхьэкIэ, псори къохьэлъэкI мыгъуэ.

ЛатIифи гу лъитат пэшым къабзагъэу щIэлъым.

– Сигу фыкъэкIауэ сылIэрт, си нэ къокI сабийхэр слъагъуну... Сыт ящIэр?

– Дэтщ уэрамым...

– КъэкIуэжрэ сыкъалъэгъуамэ, ягъэ кIынтэкъым. Сэ ноби-пщэдеи...

– Ар жумыIэ, Дисэ. Уэлэхьи, узыншэ дыдэ ухъужынмэ... КъэкIуэжынщ ахэри.

– Уэр дыдэм сыпIуплъэжыну сыгугъэжакъым. Сыт щIа укъызэрыдэмыхьэжрэ... Iуэху ух щыIэкъым... ЗыщIыпIэ дыпIащIэу дыжэм-дыжэурэ, зэгуэр долъэпэрапэри, мис мыпхуэдэу дыкъыхонэж...

Анэм и псалъэм пичащ нысэр къыщыщIыхьэжым. ЛатIифрэ абырэ сэлам зэрахри зэщIэупщIащ, нысэр куэдрэ щымыту щIэкIыжащ, я псалъэр зэрызэпиудар илъэгъуати.

– Сыпсэуху тIэкIу къэкIуэж, щIалэ, хьэдрыхэ напэлъагъу щыIэкъым, си нэ къыпхуикIыу сумыгъалIэ.

Асыхьэтым къуэрылъху хъыджэбз цIыкIур къыщыщIыхьэжым, зэанэзэкъуэм я псалъэмакъыр аргуэру зэпагъэуащ. Хъыджэбз цIыкIум анэшхуэм и пIэщхьагъыр къиIэтщ, и лъапэм щIэлъ грелкэр къыщIихри:

– Псыр згъэхуэбэжынщ, – жиIэри, щIэжыжащ.

– Апхуэдэщ, махуэм я нэхъ хуабэм си лъакъуитIыр щIыIэм ес, – жиIащ сымаджэм, къауцым ещхьу щабэ, хьэлъагъ лъэпкъ зимыIэж и Iэ щIыIэр ЛатIиф и Iэ пщтырым къытрилъхьэурэ. Ауэ абдежым и гиеным щыпичащ – е куэдыIуэ жиIауэ къыщыхъужа, е жиIам хущIегъуэжа?

Зыбжанэрэ щыму, зыр адрейм еплъу щыса нэужь, ЛатIиф зыгуэр игу къэкIыжауэ, и жыпым, тIэкIуи хуэла жыпIэну, зы лимон кърихащ:

– Мэ, ди анэ, шей ущефэкIэ хэлъхьэ, хущхъуэщ, – жиIэри.

– Уи Iыхьэ кIыхь ухъу, щIалэ, – Iихри, и пIэщхьагъым щIилъхьэну Iэбащ, арщхьэкIэ IэщIэлъэтри лъэгум ехуэхащ.

А уахътым ирихьэлIэуи нысэр къыщIыхьэжати, ЛатIиф имыгъэIэбэу, лимоныр къиштэжри, и гуащэм иритыжащ.

– ЩIалэм къысхуихьат, – жиIащ, къуаншагъэ гуэр IэщIэщIам ещхьу, анэм.

– Абы нэхъ хэщI имыIэу, тхьэм игъэпсэу, тхьэ абы щIыхэтын щымыIа.



ЛатIиф зыхищIащ нысэм и псалъэхэм ткIыбжьагъ зэращIэлъыр, ауэ жиIэнIауэ хунэмысауэ, Хьэрэбий къыщIыхьэжащ:

– Карбюраторым сегъэбампIэ, фIей хъуащи, – жиIэурэ.

Абы хэту, нысэм Iэнэ къахутригъэуващ, къызэрыкIуэнур ищIэу пэплъам ещхьу, псори и хьэзыру.

– Тхьэ, уи къуэшым къэгувэ и хабзэмэ, – жиIэри, абы шхыныр зытез стIолым и курыкупсэм апельсинрэ лимонрэ зэрылъ вазэшхуэр къытригъэувэжащ. ЩIэкIщ, зы бжьэ къихьри, лIитIым я пащхьэ кърigъэуващ, стэкан цIыкIуитIи къыщIигъуащ.

Зи щхьэнтэр лъагэу къаIэта анэм Iэджэ щIауэ имылъэгъуа къуэр, и нэхъуей текIауэ, зэпиплъыхьырт, тIэкIу епсэлъэну и нэ къикIыу, арщхьэкIэ, хамэлIым и дзэ хуэшырти, и гущIэм къитэджыкI упщIэхэр ирикъухыжырт. Абы гу лъимытэуи къэнакъым, фадэр Iэнэм къыщытехутам, ЛатIиф и нэхэр къызэрицIуукIам, афIэкIаи езым и дежкIэ псалъэкIи Iуплъэгъуэ кIи зыкъызэримыгъэзам.

– Сэ машинэ сыдэсщ, – Хьэрэбий стэкан нэщIыр лъэныкъуэкIэ иригъэкIуэтэкIащ.

ЛатIиф аркъащхьэр тричри, фадэр къепкIэу стэканым иригъэхъуащ.

– АтIэ, ди анэ, тхьэм узыншэ дыдэ утхуищIыж, – жиIэри, стэканыр зэ Iубыгъуэу ирифащ, жьыр ину зыжьэдишэри, макъышхуэ иригъэщIу, къызыжьэдригъэхужащ.

– Уэлэхьи, зэнзэныпсу къабзэм, а си къуэшыжьым сэмэпал зэрихьэнт-тIэ.

Iэнэм телъ ерыскъыгъуэхэм, хигъэщIышхуэ щымыIэми, тIэкIу-тIэкIу хэIэбэри, птулъкIэр Хьэрэбий дежкIэ игъэуващ.

– Ущемыфэкlэ, къигъахъуэ.

Iэнэм тетам хэщIа щIагъуэ щымыIэу, лIитIым я шэджагъуашхэр нагъэсащ. И Iэхэр иупцIу, ину псалъэу, ЛатIиф стIолым къыпэрыкIыжащ, птулъкIэ нэщIым зэ хуеплъэкIыжри, и анэм и Iэ гъурхэр и Iэгу пхъашэм иригъэпщкIуащ:

– Аращ, дянэ, зыгъэхъуж... Сэ иджыри сыкъыкъуэкIынщ, – жиIэри, IэплIэ тIэкIуи иримышэкIыжу, бжэмкIэ иунэтIащ. Ар къыщыхуищIыж уахътым пIэм къелъэри, лимон хуэлар аргуэру утыкум къилъэдащ, ЛатIиф и гъусэу къежьэжыну къыщIэпхъуэжам ещхьу.

– ЩIэх-щIэхыурэ къэкIуэжын хуейщ – дигъэтхъам мы ди нысэм, – жиIащ абы, и къуэшым и фызым хуищIа губгъэныр фадэм игъэткIуауэ. – Неуэ, Хьэрэбий. Пивэ щIыIэ теткIэжынщ.

Асыхьэтым бжитI зэхуакум къиуващ ерагъкIэ зи лъэм яIыгъ фызыжьыр, зыгуэр жиIэну и Iэр ищIу, арщхьэкIэ машинэ цIыкIум зричри, езым къиIэту жьым ирихьэжьа сабэм хэлъэдэжащ.

*Журналист Джырандокъуэ Михаил илъэс 85-рэ ирокъу*





# ЗИ ПЩIЭР ИН, ЗИ НЭМЫСЫР ЛЪАГЭ

Бгъэдэлъ зэфIэкIышхуэмрэ щIэныгъэ куумкIэ, цIыхугъэ лъагэмрэ зэхэщIыкI инымкIэ ди щIыналъэм цIэрыIуэ щыхъуахэм ящыщщ адыгэ лъэпкъри къызыхэкIахэри зэрыгушхуэ Джырандокъуэ Михаил Хьэмзэт и къуэр. Ар УФ-мрэ КъБР-мрэ щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэщ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидатщ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ.

Джырандокъуэм и дэтхэнэ зы махуэри Iуэхугъуэ хьэлэмэтхэмкIэ икIи купщIафIэхэмкIэ гъэнщIауэ ирихьэкIын хузэфIэкIащ. Жылагъуэм пщIэрэ щIыхьрэ щиIэу нобэ и юбилейм ирохьэлIэ Михаил. Сыт хуэдэ Iуэху пэрымыхьами, сыт хуэдэ къулыкъу имыгъэзэщIами, нэхъыжьыфIым зэрихабзэу, ахэр зэфIихащ жэуаплыныгъэ ин зыхищIэу, гузакъэ хэлъу.

Псом хуэдэжкъым Михаил республикэм и щэнхабзэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэу хуищIар. Ар ящыщщ дзыхь къыхуащI IэнатIэр езыгъэфIакIуэу пэрытахэм. Абы и пщIэр зыIэта, и гъащIэм гъуазэ хуэхъуа апхуэдэ хьэлыфIхэм я щIэдзапIэр, дауи, ар къызыхэкIа унагъуэ дахэращ.

Джырандокъуэр Тэрч куейм хыхьэ Плановскэ (Ботэщей) къуажэм 1940 гъэм апрелым и 20-м къыщалъхуащ. Зауэ зэманымрэ абы иужь лъэхъэнэ хьэлъэмрэ хиубыдащ Михаил и сабиигъуэр.

– Зауэр слъэгъуащ, си ныбжьми къриубыдащ, ауэ, си насыпщи, слъэгъуами, сэ сщIэжыркъым зауэри, абы щыгъуэ дызыхэта щыщIэныгъэхэри, гугъуехьхэри. Си адэ-анэ Хьэмзэтрэ Таужанрэ, си шыпхъу нэхъыжь Майе сымэ жаIэж хъыбархэмкIэ сыщыгъуазэу аращ а зауэ гущIэгъуншэр ди щIыпIэм къэсауэ зэрыщытам, – къызыхэкIа унагъуэмрэ и сабиигъуэмрэ ятеухуауэ жеIэ Михаил. – А мафIае илъэсхэр си гум къимынами, си сабиигъуэр IэфIу, щызу щытауэ схужыIэнукъым, сыту жыпIэмэ си анэр сымаджэрилэурэ къекIуэкIати, ар сыт щыгъуи си гум гуауэу илъащ...



**КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэр ягъэлъапIэ.** Налшык. *2016*

Хьэмзэтрэ Таужанрэ я унагъуэр япэ дыдэ колхозым хыхьахэм ящыщащ. Колхозыр зэфIэувэныр гугъуу зэрыщытамрэ абы бэлыхьу цIыхухэм дашэчамрэ куэд щыгъуазэщ, дауи. Михаил зэрыжиIэмкIэ, псом хуэдэжтэкъым абыхэм я анэ тхьэмыщкIэм а зэманым и фэм дэкIар. Бынхэр иджыри цIыкIуу, гущэм хэлъи яхэту, Таужани абы хуэдэ нэгъуэщI къуажэдэс бзылъхугъэ куэди жэщ-махуэ ямыIэу губгъуэм илэжьыхьырт, гущэри сабийхэри зэракIэрыщIауэ. Апхуэдэ гуащIэдэкI хьэлъэр зыхуей хуэмызэ бзылъхугъэ Iэпкълъэпкъхэм егуауэрт. А зэманым ди щIыпIэм къыщыхъеяуэ щытащ техьэгъуэ уз шынагъуэр. Ар зэуэлIахэм ящыщащ Таужани. Апхуэдэу зэрысымаджэуи губгъуэм исащ ар, къамыгъэкIуэжу. Узым узэрыпэлъэщыну щыIэр зы хущхъуэ закъуэти, абы ефэм е и нэхэр щIисыкIырт, е и IэпкълъэпкъкIэ нэгъуэщI ныкъуэдыкъуагъэ гуэр иIэ хъурт. Емыфэми къелыххэнутэкъыми, сытхэр я Iэмалт?.. КъарищIэнкIэ хъунур нэ-

рылъагъуми, узыр зэуэлIахэр а хущхъуэм ефащ, Таужани яхэту. Махуэ зыбжанэ дэкIри, техьэгъуэр щхьэщыкIащ анэм, арщхьэкIэ и нитIым зыри ямылъагъуж хъуащ. Хьэмзэт ар мызэ-мытIэу ишащ Налшык, Псыхуабэ, Владикавказ, Тэн Iуфэ Iус Ростов щыIэ дохутырхэм я деж, арщхьэкIэ сымаджэм зыри сэбэп къыхуэхъуакъым.

Таужан быным яхуэпсэуащ, зэрыхъукIэ и Iуэху Iыхьэ ищIэжу: Майе и дэIэпыкъуэгъуу пщэфIэфу, тхьэщIэфу, жьыщIэфу. Михаили нэхъ балигъ къэхъуа нэужь, унагъуэ Iуэхухэр и анэм зэрыщхьэщихыным дапщэщи хущIэкъуащ. И нэм имылъагъуми, Таужан хуэдэу къабзэлъабзэрэ гуакIуэрэ бзылъхугъэхэм яхэмытами ярейуэ жаIэж. Уеблэмэ Ботэщейм хьэщIэшхуэ къэкIуа нэужь, абыхэм я гъэхьэщIэныр пщэрылъ къыщащIу щытащ Михаил и анэшхуэмрэ и анэмрэ. А бгъэдэлъ сэкъатым къимыгъэдзыхэу, анэр хущIэкъуащ быным я гур IэфI ищIу, унагъуэм я гупсэу щытыну.

1941 гъэм къэхъея Хэку зауэшхуэм япэу дэкIахэм ящыщщ Михаил и адэр. Ар зауэм дэкIа нэужь, унагъуэм аргуэру леишхуэ къатехьащ. Хэкум ираш балъкъэрхэм я гъусэу, Джырандокъуэхэ я унагъуэм ди щIыпIэр ябгынащ зэрымыщIэкIэ, икIи Къэзахъстаным яшэри, илъэс зыбжанэкIэ абы щыпсэуащ.

– Абы щыгъуэ ди анэ шыпхъур ди гъусэу нэмыкIуамэ, шэч лъэпкъ хэлътэкъым, зи нэм имылъагъу ди анэм сабиитIыр дызэрыхуэмыхъумэнум, езыри хамэ щIыпIэм зэрыщыкIуэдынум. «ДжэдылIэм здихьа бабыщу», лажьи хъати зимыIэ цIыху куэд къуажэм дыдашауэ щытащ, – а зэман хьэлъэр игу къегъэкIыж Михаил. – Зауэр иухыу ди адэм япэ абы къикIыжа нэужь, ди анэ дэлъхум лажьэ зэрыдимыIэмкIэ дэфтэрхэр зэригъэпэщри, абы нэкIуащ икIи дыкъишэжащ. Ди адэр и псэ емыблэжу зауэм Iутащ, и унагъуэм апхуэдэ лей къыттехьауэ щытащ. ИужькIэ ди адэри зауэм къикIыжри, Тырныауз шахтэм илъэс куэдкIэ щылэжьащ, и унагъуэр зыхуей дыхуигъазэу, бынхэм щIэныгъэ, IэщIагъэ дигъэгъуэтыным хущIэкъуу.

Джырандокъуэм а лъэхъэнэм и нэгум щIэкIа псори ноби щыгъупщакъым. Балигъ хъуа нэужь, а Iуэхум теухуа къэхутэныгъэхэр иригъэкIуэкIащ Михаил ипхъу Заремэ си гъусэу. А тIум къаугъуея псори «Джырандокъуэхэ я лъэпкъ лIакъуэр» тхылъым къыщызэщIакъуэжащ. Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, ГеральдикэмкIэ урысейпсо зэгухьэныгъэм и дамыгъэ лъапIэр а лэжьыгъэм папщIэ 2008 гъэм къыхуагъэфэщауэ щытащ Джырандокъуэ Михаил.

И сабиигъуэм гугъуехьрэ щыщIэныгъэрэ мымащIэу хэлъами, щIалэр абы щыгъуэ зыхущыщIахэм ящыщ куэдкIэ Тхьэр къыхуэупсэжащ иужькIэ. «ИкIута из хъужыркъым», дауи, ауэ зэман хьэлъэм, Тхьэм и фIыщIэкIэ, зи гур имыгъэкIуэду къэна Михаил лъэкIащ и щIалэгъуэр Iуэхушхуэхэмкiэ гъэнщIауэ, жыджэру ирихьэкIын, къэрал мыхьэнэ зиIэ лэжьыгъэхэмкIи щызу псэун. Плановскэ къуажэм дэт курыт школыр ехъулIэныгъэ иIэу 1958 гъэм къиуха нэужь, бгъэ-



4 Заказ №2595

дэлъ зэфIэкIхэр къалъытэри, Михаил а илъэс дыдэм урысыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу ягъэуващ зыщеджа школым. Зэрылажьэм хуэдэурэ, КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым урысыбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ.

ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэта IэщIагъэлI ныбжьыщIэр куэд дэмыкIыу ягъэуващ школ унафэщIым егъэджэныгъэмкIэ и къуэдзэу. Ар хъарзынэу, дагъуэншэу ирихьэкIыу лэжьащ Михаил, Iуэхур зэрыригъэфIэкIуэным хущIэкъу зэпыту. Абы къыдэкIуэу, Джырандокъуэр комсомолым и Тэрч район комитетым и япэ секретару щытащ. А къалэнхэм илъэситI хуэдэкIэ пэрытауэ, ар 1966 гъэм лэжьакIуэ ирагъэблэгъащ КъБАССР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм икIи абы и щIэныгъэ-методикэ кабинетым культпросвет лэжьыгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI къулыкъур дзыхь къыхуащIащ. Илъэс 14-кIэ ирихьэкIащ а къалэныр Михаил, дихьэхыу, зи щIалэгъуэхэр щэнхабзэ Iуэхухэм жыджэру къызэрыхишэным елIалIэу. Апхуэдэу ар щытащ министерствэм и парт зэгухьэныгъэм и пашэуи.

А лъэхъэнэм ирохьэлIэ Джырандокъуэм и япэ щIэныгъэ къэхутэныгъэхэри. 1974 гъэм дунейм къытехьащ абы и япэ тхылъыр. Ар зытеухуар цIыхубэ гупсысэм зиужьынымкIэ щэнхабзэм иIэ мыхьэнэрат. «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм 1921 – 1937 гъэхэм я щэнхабзэм зэрызиужьар» темэм трищIыхьа и къэхутэныгъэхэр абы утыку кърихьащ 1977 гъэм. А щIэныгъэ лэжьыгъэр ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ Михаил икIи тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат цIэр къыфIащащ.

А лэжьыгъэхэм къакIэлъыкIуащ нэгъуэщIхэри. Абы и тхылъхэмрэ тхыгъэхэмрэ къыщыдэкIащ къэралым и щIыпIэ куэдым: Налшык, Москва, Омск, Тэн Iуфэ Iус Ростов, Мэхъэчкъалэ, нэгъуэщIхэми. Ахэр къытрадзащ абыхэм къыщыдэкI щIэныгъэ журналхэм, газетхэм.

ЖыпIэнурамэ, тхэныр зэи IэщIыб ищIакъым Михаил. Ди щIыналъэм и щэнхабзэ гъащIэм и тхыдэ гъуэгуанэмрэ и зэхэлъыкIэмрэ теухуа къэхутэныгъэ купщIафIэ куэд иригъэкIуэкIащ щIэныгъэлIым. Апхуэдэ щIэныгъэ лэжьыгъэу 60-м щIигъу къыпыкIащ Джырандокъуэм и къалэмыпэм. Сыт хуэдэ зэмани ар жыджэру ядолажьэ ди республикэми нэгъуэщI щIыналъэхэми къыщыдэкI журнал, газет зэхуэмыдэхэм. АбыкIэ иIэ ехъулIэныгъэхэр къалъытэри, 1985 гъэм Джырандокъуэр хагъэхьауэ щытащ СССР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм.

ЗэфIэкI лъагэ, щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъу гу зылъата IэщIагъэлIыр КъБР-м и лIыкIуэу мызэ-мытIэу хэтащ дунейпсо, къэралпсо щэнхабзэ, щIалэгъуалэ зэхыхьэхэм, абыхэм я утыкухэм и гупсысэхэр къыщигъэнаIуэу, и Iуэху зехьэкIэ пэрытымкIэ нэгъуэщIхэм ядэгуашэу.

– Япэ дыдэ дунейпсо утыку сыщихьам щыгъуэ, сэ иджыри КъБКъУ-м сристудентт. Сэ сагъэкIуауэ щытащ ЩIалэгъуалэмрэ сту-

дентхэмрэ я дунейпсо фестивалу 1962 гъэм Финляндием и къалащхьэ Хельсинки щекІуэкІам. Абы сыкъыщыпсэлъащ, ди къэралым щекІуэкІ щІалэгъуалэ политикэ хьэлэмэтым и гугъу яхуэсщІу. Фестивалым и лэжьыгъэм жыджэру сызэрыхэтар къалъытэри, Чехословакием и щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэм сыхагъэхьауэ щытащ. Абы щыхьэт техъуэ дамыгъэр си бгъэгум къыхилъхьат ЧСМ-м и япэ секретарым, Іэгуауэшхуэм щІэту, – лІэщІыгъуэ блэкІам и 60-70 гъэхэм зэфІиха Іуэхугъуэхэм къытхутопсэлъыхьыж Михаил. – Гукъинэ сщыхъуа Іуэхугъуэхэм ящыщщ 1967 гъэм партым и ЦК-мрэ «ЩІэныгъэ» союзпсо зэгухьэныгъэмрэ я лІыкІуэ гупым сыщІыгъуу Италием щекІуэкІа дунейпсо зэхуэсым сызэрыхэтар. Абы щыгъуэ Италием и компартым и пашэхэм срагъэблагъэри, абыхэм я япэ съездым сыхэтауэ щытащ. Апхуэдэу 1971 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм Ташкент щекІуэкІа Союзпсо симпозиумым ди республикэм къыбгъэдэкІыу сыщыІащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щІалэгъуалэм зэращыдэлажьэр зи лъабжьэ докладышхуэ абы щысщІауэ щытащ.







**Михаилрэ и щхьэгъусэ Верэрэ.** *1971*

«СССР-м и щІалэгъуалэр литературэмрэ гъуазджэмрэ зэрыщІапІыкІыр» унэтІыныгъэмкІэ Вильнюс щыІа союзпсо конференцми хэтащ Михаил нэхъ иужьыІуэкІэ. Апхуэдэу ди къэралым и къалащхьэ Москва, Ленинград, нэгъуэщІ къалэхэми а лъэхъэнэм щекІуэкІа зэІущІэ куэдым ирагъэблагъэу щытащ ар. Абыхэм къадэкІуэу, ар зи пашэ къудамэр хэтт щІалэгъуалэ, щэнхабзэ зэпеуэхэм, еплъыныгъэхэм, нэгъуэщІ зэхьэзэхуэхэм, текІуэныгъэхэр къыщахьу. ЖыпІэнурамэ, и щІалэгъуэр Іуэхугъуэ хьэлэмэтхэмкІэ гъэнщІауэ, етІысэхыпІэ имыІэу ирихьэкІащ жыджэрагъыр зи хьэл лэжьакІуэшхуэм.

1980 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс 30-м нэскIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Союзпечать»-м (иджы «Роспечать»-м) и тхьэмадэу лэжьащ Михаил, IэнатIэр иригъэфIакIуэу. «Печатым зегъэубгъун» союзпсо журналым и редколлегием 1985 – 1993 гъэхэм хэтащ, къэралым и нэгъуэщI тхылъ тедзапIэхэми жыджэру ядэлэжьащ. А илъэсхэм Джырандокъуэм хузэфIэкIащ зи пашэ IэнатIэр езым хуэдэхэу къэралым щылажьэхэм я нэхъыфIхэм хригъэлъытэн. Абы и щыхьэтщ а лъэхъэнэм унафэщIыми IэнатIэми къыхуагъэфэщауэ щыта дамыгъэ лъапIэхэр.



**Джырандокъуэ Михаил и унагъуэр.** *2013*

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ къалэни абы щыгъуэ щигъэзэщIащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетми. Студентхэм ядэлэжьэныр хуабжьу игу ирихьу илъэс бжыгъэкIэ абыхэм яхэтащ Джырандокъуэр. А еджапIэ нэхъыщхьэм IэщIагъэлIым щыпищащ и щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм икIи 1991 гъэм политикэ тхыдэмкIэ доцент цIэр къыфIащащ.

Джырандокъуэм и лэжьыгъэфIым къыпэкIуащ къэрал дамыгъэ лъапIэхэр, жылагъуэ гулъытэ лъагэр. Абы къыхуагъэфэщащ къэралпсо, республикэпсо мыхьэнэ зиIэ цIэхэр, къратащ ди республикэм и дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэр – КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым къыбгъэдэкI ЩIыхь тхылъыр, ЩIДАА-м, Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, Дунейпсо Арткомитетым, нэгъуэщI жылагъуэ зэгухьэныгъэхэми къабгъэдэкI дамыгъэхэр, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр. Джырандокъуэм тхыдэ щIэныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэр къыщалъытащ ди щIыналъэми нэгъуэщI щIыпIэхэми я еджагъэшхуэхэм.

«Принт-Центр» тедзапIэм иджыблагъэ къыщцыдэкIащ Михаил теухуа тхылъ щхьэхуэ. КъБР-м щIыхь зиIэ журналист Газаровэ Иннэ а лэжьыгъэм къыщигъэлъэгъуащ щIэныгъэлI Iэзэм, къэхутакIуэ емызэшым, IэщIагъэлI щыпкъэм и гъащIэм щыщ Iыхьэхэр, журналистым и къалэмыпэм къыпыкIа тхыгъэхэри ихуащ. Михаил пщIэ хуащIу хагъэхьащ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием, ар Кавказым ЩIэныгъэмкIэ, щэнхабзэмкIэ, егъэджэныгъэмрэ бизнесымкIэ и жылагъуэ академием и академикщ.

И гъащIэ купщIафIэм и сыт хуэдэ Iыхьэми Джырандокъуэм и щIыбагъым пэжу къыдэтащ къызыхэкIахэр, езым иухуа унагъуэ дахэр. Михаил щхьэгъусэ хуэхъуа Верэ (ар Дзыгъуанэхэ япхъущ) и IэщIагъэкIэ щэнхабзэм епхащ. Жэуаплыныгъэр кууэ зыхащIэу зи дунейр езыхьэкI, гъащIэр зэрызэхэт унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэу унагъуэми, бын пIынми, лэжьыгъэ IэнатIэми, жылагъуэ Iуэхухэми я лъагапIэ куэдым нэсыфа апхуэдэ бзылъхугъэхэм ящыщщ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист Джырандокъуэ (Дзыгъуанэ) Верэ Зэчий и пхъур. КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и редакцэ къудамэм и унафэщI, «Известия КБГАУ им В.М. Кокова» щIэныгъэ-практикэ журналым, еджапIэ нэхъыщхьэм къыщцыдэкIыу щыта япэ газетым, «Академическая жизнь» (иджы «Университетский вестник») я редактор нэхъыщхьэ – мыхьэнэшхуэ зиIэ апхуэдэ къалэнхэмрэ къулыкъу лъагэхэмрэ къызыхуэтыншэу илъэс куэдкIэ ирихьэкIащ Джырандокъуэм. ЗэхэщIыкI куурэ щIэныгъэфIрэ бгъэдэлъу, дзыхь къыхуащIа сыт хуэдэ IэнатIэми щекIуэкI лэжьыгъэхэм я къызэгъэпэщакIуэ нэсу щыту, Верэ пщIэрэ щIыхьрэ иIэу илъэс куэдкIэ хьэлэлу IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэр ирихьэкIащ. Дзыхь къыхуащIа IэнатIэ псоми ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэригъэхьэу, лэжьыгъэмкIэ жэуаплыныгъэ лъагэ зыхищIэу пэрытащ Джырандокъуэр. А псэ хьэлэл лэжьыгъэр гулъытэншэ хъуакъым, дауи. Верэ къыхуагъэфэщащ щIыхьыцIэхэр, кърататащ дамыгъэ лъапIэхэр, щытхъу, фIыщIэ тхылъ бжыгъэншэхэр. Апхуэдэ къэрал, жылагъуэ пщIэр къыпэкIуащ адыгэ бзылъхугъэ щыпкъэм бгъэдэлъ зэфIэкI лъагэмрэ щIэныгъэ куумрэ, зэхэщIыкIымрэ цIыхугъэмрэ. Верэ и цIэр фIыкIэ къраIуэ къыдэлэжьахэм, зыхэта студентхэм, ныбжьэгъуфIу иIэхэм.

Джырандокъуэ зэщхьэгъусэхэм къащIэхъуащ бынитI: Русланрэ Заремэрэ. Абыхэм щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ, псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, лъэпкъ гъэсэныгъэ екIу иратащ. Нэхъыжьхэм я лъэр жан ящI я бынхэм къащIэхъуэ щIэблэм. НыбжьыщIэхэм я щапхъэщ икIи я гъуазэщ я адэшхуэ-анэшхуэм я гъащIэ дахэр.

– Сыт хуэдэ Iуэху сыпэрыхьами, сыт хуэдэ къулыкъу згъэзэщIами, ахэр сыт щыгъуи къыздаIыгъащ икIи си лъэр жан ящIащ си щIыбагъ къыдэт унагъуэм: си щхьэгъусэм, си бынхэм, абыхэм къащIэхъуэ

щIэблэм, – жеIэ нэхъыжьыфIым. – Си илъэс бжыгъэхэм сроплъэжри, си гум къэкIыр зы гупсысэщ: «Къэралым зиужьыным, ехъулIэныгъэ иIэным слъэкI псори хэслъхьащ, дзыхь къысхуащIа IэнатIэхэри зэрезгъэфIэкIуэным сыхущIэкъуащ».

ИпэжыпIэкIэ, апхуэдэ гъащIэ купщIафIэщ, IуэхугъуэфI куэдкIэ гъэнщIащ Джырандокъуэ Михаил Хьэмзэт и къуэм ирихьэкIыр. И унагъуэм исхэм, благъэхэм, Iыхьлыхэм, ныбжьэгъухэм я хъуэхъухэм пытщэу, дэри дохъуэхъу нэхъыжьыфIым и махуэшхуэмкIэ. Нобэ хуэдэу узыншэу, и пщIэмрэ и нэмысымрэ лъагэу, и щхьэгъусэмрэ езымрэ зэкIэрымыхуу, я бынхэм я насыпым хэплъэу куэдрэ Тхьэм игъэпсэу. УэркIэ лъэпкъыр мэгушхуэ, Михаил!

**ЖЫЛАСЭ Маритэ,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и журналист*

# ХЭКУЛІ НЭС

Джырандокъуэ Михаил Хьэмзэт и къуэр ди республикэми абы и адрыщIкIи фIыуэ къыщацIыху щIэныгъэлIщ, къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэшхуэщ. Республикэм и щэнхабзэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа IэщIагъэлIхэм ящыщ Джырандокъуэм гъуэгуанэ дахэ къикIуащ. И илъэсхэм ящыщ дэтхэнэри къипсэуащ, Iуэхугъуэ хьэлэмэтхэмкIэ икIи купщIафIэхэмкIэ гъэнщIауэ. А хьэлым ноби тетщ ар.

ЖыпIэ хъунущ Михаил и гъащIэмрэ творческэ, щIэныгъэ гъуэгуанэмрэ лIэщIыгъуэ блэкIам и етIуанэ Iыхьэм къыщыщIэдзауэ дызэрыт лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм нэсыху Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм игъуэта щэнхабзэ зыужьыныгъэр, гъуджэ пэлъытэу, къызэрыщу. Совет лъэхъэнэм тепщэныгъэ зиIа жылагъуэ гупсысэкIэм ехъулIэныгъэ къыхуэзыхьа и гуащIэмкIэ и чэзу дыдэу икIи хуэкIуэпсу хыхьащ Джырандокъуэр. Къэралми гулъытэншэ ищIакъым ар: жыджэрагъышхуэ зыхэлъ лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэу къилъытащ, хуэфащэн пщIэрэ щIыхьри къыхуищIу.

Апхуэдэ дыдэ лъагапIэхэм Джырандокъуэр щынэсащ щIэныгъэ IэнатIэми. Абы иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэр ятещIыхьат Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр хъума зэрыхъум, абыхэм я зыужьыкIэм. А щIэныгъэ лэжьыгъэхэр дунейм къыщытехьар лIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм я пэщIэдзэм щыгъуэти, зэхъуэкIыныгъэхэр зи куэд, лъэпкъ гупсысэр нэхъ жан щыхъуа лъэхъэнэм апхуэдэ псалъэт цIыхубэр зыхуэныкъуэр. Абы щыпхышат лъэпкъ къэс иIэ Iуэху еплъыкIэри къэралышхуэм къызэщIиубыдэ лъэпкъхэм псоми зэдай, уеблэмэ хамэ къэралхэм ис куэдми я зэхуэдэ гупсысэкIэри.

«Зауэм и бынкIэ» зэджэ ныбжьыщIэхэм къэралым IэмалыфIхэр къахузэIуихырт: фIыуэ еджэну, щIэныгъэ нэсрэ IэщIагъэ тэмэмрэ зэзыгъэгъуэтыну хущIэкъухэм гъуэгу псори къахузэIухат. Джырандокъуэри, езым хуэдэ ныбжьыщIэ мелуанхэм хуэдэу, пхыкIыфащ гъащIэм къапигъэтIылъа гугъуехьхэмрэ лъэпощхьэпохэмрэ, зэманым къигъэув къалэнхэр екIуу зэрызэфIихынми хущIэкъуащ.

Жэуаплыныгъэ лъагэ зыпылъ а IэнатIэхэм пэрыту, Джырандокъуэм зэпыу имыIэу иригъэкIуэкIащ къэхутэныгъэ лэжьыгъэ хьэлэмэтхэри. 2003 гъэм дунейм къытехьауэ щытащ нэгъуэщI автор и гъусэу абы игъэхьэзырауэ щыта «Лъэпкъ щIыналъэхэм щекIуэкIа щэнхабзэ революцэр: пцIымрэ пэжымрэ» монографиер. Абы наIуэу къыщыгъэлъэгъуа хъуащ щэнхабзэм епха щIэныгъэм цIыхубэм я гъащIэм щиIа тхыдэ мыхьэнэр.

Совет Союзыр лъэлъэжу гъащIэм и зэхэлъыкIэм, къэралхэм я зэхущытыкIэхэм зэхъуэкIыныгъэ наIуэхэр игъуэта нэужьи щIэныгъэлI гумызагъэр еш имыщIэу тетхыхьащ лъэпкъ гупсысэмрэ щэнхабзэмрэ дунейпсо глобализацэм зэрыхэхъукI щIыкIэхэм.

Апхуэдэу купщIафIэу, хьэлэмэту и гъащIэ гъуэгум ирокIуэ IэщIагъэлI щыпкъэр, щIэныгъэлI гумызагъэр, къэхутакIуэ емызэшыр. Джырандокъуэм хэлъ хьэл-щэнхэм, и гъащIэм къахобелджылыкI IуэхугъуитI. Япэрауэ, Михаил ящыщщ зыхалъхуа совет къэралым щызекIуэ хабзэ псори къызыхуэтыншэу гъэзэщIэным хущIэкъуа хэкупсэхэм, къэралым, партым пщэрылъ къыщищI дэтхэнэ къалэнри дагъуэншэу зыгъэзэщIа, жэуаплыныгъэр гурэ псэкIэ зыхэзыщIэу дунейм тет IэщIагъэлIхэм.

ЕтIуанэрауэ, Джырандокъуэм сыт щыгъуи зэдихьащ лэжьыгъэри къэхутэныгъэ Iуэхури. ЩIэм и лъыхъуакIуэ нэсым апхуэдэ щIыкIэкIэ иригъэфIэкIуащ дзыхь къыхуащIа дэтхэнэ IэнатIэри, абы зригъэузэщIащ, зригъэужьащ. Апхуэдэхэращ хэкулI нэс зыхужаIэри, Джырандокъуэ Михаил а цIэ лъагэр хуэфащэ дыдэщ.

**ХЪУБИЙ Башир,**
*КъБКъУ-м и профессор, философие щIэныгъэхэмкIэ доктор*
**МАМСЫР Хьэмидбий,**
*КъБКъУ-м и профессор, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор*

*Радиожурналист МахуэлI Хъаджэт илъэс 70 ирокъу*





# УИ IУЭХУ ГЪЭФIИ, IЭФI УАЩЫХЪУНЩ

*И щхъэмкIэ нэхърэ и макъымкIэ нэхъ яцIыхухэм ящыщщ ди республикэм и къэрал радиом илъэс куэд щIауэ щылажьэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист МахуэлI (Лыхь) Хъаджэт Шагъир и пхъур. И нэтын купщIафIэхэмкIэ ар лъоIэс дэтхэнэ зы цIыхуми и гум, и псэм, зэпсалъэхэмрэ къигъэпсалъэхэмрэ нэIурыт дыдэу радиом едаIуэхэм яригъэцIыхун лъокI. Къыщалъхуа махуэр мы гъэм и гъэмахуэм зыгъэлъэпIа бзылъхугъэ щыпкъэм псалъэ гуапэу щыIэр лъыбгъэсыну къелэжь. Къелэжь лэжьыгъэм и гур зэрыхуитхъэщIыкIамкIэ, и зэпIэзэрытагъэкIэ, фыгъуэ-ижэ зэрыхэмылъымкIэ, дапщэщи зыкъыпщIигъэкъуэну зэрыхъэзырымкIэ.*

*МахуэлI Хъаджэт Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Каменномост (Къармэхъэблэ) къуажэм 1955 гъэм июным и 8-м къыщалъхуащ. ЗэрыцIыкIурэ литературэр зыпищI щымыIэу фIыуэ зылъагъу хъыджэбзыр школ нэужьым щIэтIысхьащ КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым урысыбзэмрэ адыгэбзэмкIэ и къудамэм. Арыншами фIыуэ ищIэ адыгэбзэм хуеджэну зэрыкIуар къагурыIуатэкъым языныкъуэхэм, ауэ литературэр апхуэдизкIэ и гъащIэ гъусэ хъуат ныбжьыщIэми, арыншауэ и дунейр и нэгу къыхущIэгъэхьэртэкъым.*

*Университетыр къыщиухым ар практикэ кIуэжат и къуажэм. Къамбий Мухьэб зи унафэщIу Къармэхъэблэ дэт школым мазитIкIэ*

*щыIащ, абы иужькIи къамыутIыпщыжу мазэ зыбжанэкIэ щригъэджащ. И жылэмрэ сабийхэмрэ ар апхуэдизкIэ дахъэхати, университет нэужьым абы игъэззэжащ, радиом и диктор къыхахыу ирагъэкIуэкIа зэхъэзэхуэм зэрыпхыкIам хуэдэу. КъызэIуахагъащIэ ещанэ курыт еджапIэм урысыбзэмрэ адыгэбзэмрэ щригъаджэу уващ, иужькIэ япэгъунэгъу етIуанэ школым кIуэжри, илъэсийкIэ щылэжьащ, егъэджакIуэуи школым и унафэщIым егъэджэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэуи.*

*1989 гъэм радиожурналист хъуащ. ЯпэщIыкIэ КъБАССР-м и къэрал телерадиом урысыбзэкIэ нэтынхэр зыгъэхъэзыр и редакцэм, иужькIэ литературэ-драмэ нэтынхэмкIэ редакцэм я редактору щытащ, иужьрей илъэсхэм «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и адыгэ редакцэм и лэжьакIуэщ.*

*Хъаджэт и лэжьыгъэр фIыуэ зэрилъагъур, абы зэрыхуэIэкIуэльакIуэр, щIэ лъыхъуэ зэпыту зэрыщытыр ар зыщIыху псоми ящIэ. Радиожурналист нэхъыфI зыхужыпIэкIэ ущымыуэну Хъаджэт здынэсам зэи къыщыувыIэркъым, нэтынхэм я зэхэгъэувэкIэм деж къыщыщIэдзауэ компьютеркIэ макъхэр зыхуей хуэгъэзэным деж нэсу бгъэдыхьэкIэщIэ къызэрыхуигъуэтыным яужь итщ. ХъыбарыщIэхэр зэхуэхъэсыныр и лэжьыгъэм щынэхъыщхьэми, гъуазджэм, литературэм, щэнхабзэм хуэнэхъуеиншэщи, абы и гуащIэм увыпIэ щхьэхуэ щаубыд республикэмрэ абы и цIыхухэмрэ я гъащIэм.*

*Хъаджэт и лэжьыгъэр мызэ-мытIэу къалъытащ медалхэмкIэ, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я щIыхь, фIыщIэ тхылъхэмкIэ. 1998 гъэ лъандэрэ УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ, 2012 гъэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр къыфIащащ. Апхуэдэуи абы къыхуагъэфэщащ КъБР-м и Правительствэм и ЩIыхь тхылъыр, «КъБР-м щыщу Абхъаз зауэм хэтахэм я зэгухъэныгъэ», «КъБР-р илъэси 100 ирокъу», «Зауэм и бынхэр» медалхэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и щIыхь тхылъымрэ и щIыхь дамыгъэмрэ, нэгъуэщIхэри. Ахэр псори Хъаджэт къилэжьащ и щIэныгъэкIэ, и Iуэху зехъэкIэкIэ, и цIыху хэтыкIэкIэ.*

*Зыпэрыт IэнатIэм къыдэкIуэу, бзылъхугъэр зыгъэнасыпыфIэхэм ящыщщ ипхъухэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ. И хъыджэбзитIым бзэ щIэныгъэмкIэ Пятигорск дэт университетыр къаухащ, ехъулIэныгъэ яIэу мэлажьэ.*

*Иджыблагъэ дэ МахуэлI Хъаджэт «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэм къедгъэблэгъащ икIи и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ тедгъэпсэлъыхьащ. Абы къыджиIахэм ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ.*

**– Уи гъащIэ гъуэгуанэм уриплъэжмэ, Хъаджэт, сыт нэхъ гуапэ дыдэу хэлъауэ къыпщыхъур?**

– ГъащIэм и губгъэн къэсхьыну сыхуейкъым, дахэ куэд хэлъащ къэспсэуа илъэсхэм. Ауэ студент гъащIэм нэхъыфIрэ нэхъ IэфIрэ дунейм теткъым, а илъэситхур нобэми гуапэу си гум илъщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, университетым сыщезыгъэджахэр псэужкъым, ауэ ахэр сэ

зэи сщыгъупщэнукъым. Апхуэдэщ ХьэкӀуащэ Андрей, Нало Ахьмэдхъан, Толгуров Зейтун, Къэжэр Хьэмид сымэ, нэгъуэщӀхэри. Ахэращ адыгэ литературэм и гъуэгуанэр дэзыгъэщӀыхуар, нэгъуэщӀ къэралхэм я тхакӀуэхэм я ӀэдакъэщӀэкӀхэм щыгъуазэ дыхуэзыщӀар. Аркъудей?! Ахэращ гъащӀэр къыдгурызыгъэӀуар, фӀымрэ Ӏеймрэ нэсу зэхэтщӀыкӀыу дезыгъэсар. Абыхэм ещхь къалъхужынукъым, жыхуаӀэм хуэдэ защӀэт щӀэныгъэ къыдбгъэдэзылъхьахэр.

**– Радиом ущылэжьэныр уи хъуэпсапӀэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытам сыщыгъуазэщ. Дауэ ухуэкӀуа абы? Иджыпсту узыхуэпабгъэм и гугъуи къысхуэпщӀын?**

– Сыт хуэдизу школыр фӀыуэ сымылъагъуми, гъэсэныгъэм сыдимыхьэхми, зэрыжыпӀащи, Залинэ, си хъуэпсапӀэр радиом сыщылэжьэнырт. Си сабиигъуэмкӀэ сызэӀэбэкӀыжынщи, си щхьэгъубжэм тет радио цӀыкӀум, сыт хуэдэбзэ къитми, сыщӀэжеикӀырт, си адэм и ныбжьэгъухэм жаӀэ уэрэдхэм, хъыбархэм седаӀуэрт. Арагъэнщ жьэрыӀуатэбзэр, литературэр фӀыуэ щӀэслъэгъуар. Си хъуэпсапӀэр зэзмыгъэхъулӀамэ, си гъащӀэр щыз, гъэщӀэгъуэн, щхьэпэ зэрыхъуар зыхэзмыщӀэнкӀи хъунт.

Гугъут а зэманым радиом уувыну, япэ дыдэрауэ партым ухэтын хуейт. Абыи сыхыхьэри, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и адыгэ редакцэм и унафэщӀ Къэрмокъуэ Мухьэмэди и фӀэщ сщӀыфат арыншауэ сызэрымыпсэуфынур, радиом сыщылэжьэну зэрысхуэфащэр.

Иджыри илъэс 25-м ситу, егъэджакӀуэу сылажьэу, дыщызэхуэс пэшым зыкъом дыхъуу дыщӀэст. Пенсэ Ӏуэхум дытепсэлъыхьын хуей щӀэхъуар сщӀэркъым. «Илъэс 55-кӀэ сыпсэунуи, сылэжьэнуи», жысӀэу абы щыгъуэ сыкъызэрыуӀэбжьауэ щытар сощӀэж, ар къэхъуну си пщӀыхьэпӀэ къыхэмыхуэу. А илъэс щэщӀри къэзлэжьри, абы илъэс пщыкӀутхуи теслъхьэжащ. Абы иужькӀэ лэжьыгъэ ӀуэхукӀэ сызыщӀэхъуэпсыжынур сщӀэркъым, пэжыр жысӀэнщи. Ауэ нэтын къэсыхукӀэ цӀыху зытӀущ мыщхьэхыу си деж къэпсалъэу, ар ягу зэрырихьар къыщызжаӀэкӀэ, фӀыщӀэ къыщысхуащӀкӀэ согуфӀэ, «хьэуэ, иджыри зыгуэр схуэщӀэнущ, зэран сыхъуркъым, сэбэпынагъ гуэр къызохьыф», жысӀэу абы сегъэгушхуэ, къару къызет. ЦӀыхур и псэм фӀэфӀ ӀэнатӀэм пэрытыныр насыпышхуэу къызолъытэ.

УнагъуэкӀэ сыкъапщтэмэ, куэдри жысӀащ ар, унагъуэ насыпкӀэ дызэджэм хуэдэ кӀыхьу сиӀакъым, илъэсих иримыкъущ щхьэгъусэ сызэрыбгъэдэсар. Гуузу кӀуэдащ, сабиитӀым зыр илъэсиплӀрэ никъуэрэ, адрейр илъэситӀрэ никъуэрэ я ныбжьу къысхуэнэри. Зэманыр гугъут, етӀощӀанэ лӀэщӀыгъуэм и кӀэуххэрат, 1997 гъэхэрти, щыгъынкӀи шхынкӀи цӀыхухэр Ӏэслъэст. Узыщыгугъынышхуи щыӀэтэкъым, ныбжьэгъури Ӏыхьлыри апхуэдэ ӀэнатӀэ гугъум Ӏутт. ИтӀани дыхэпсэукӀыфащ абы, ди бгырыпхыр щӀэткъузэри. Лэжьыгъэмрэ сабиитӀымрэ сыкърагъэлащ. Бынхэр спӀын, езгъэджэн, унагъуэ зэризгъэхьэн хуейр сщӀэуэ, ауэ лэжьыгъэр япэ изгъэщу сыпсэуащ. Совет властым игъэсахэм унагъуэр дгъэнэхъапэн хуейуэ тщӀакъым. Тхьэм и фӀыщӀэкӀэ, сабиитӀми сызэхащӀыкӀащ. Зыхуей хуэзэу, тыншу

спIауэ сэ къысщыхъурт, ауэ езыхэм: «Ара уи гугъэр? Ди вакъэм псы кIуами, зыгуэр дыхуэныкъуэми зыкъодгъэщIакъым, уи нэкIу езэшам дыIуплъэмэ, ди гур ехуэхыу, сыткIэ зыщIэдгъэкъуэн жытIэу, уи жагъуэ зэрыдмыщIыным дыхэту дыкъэхъуащ. Уэ укъызэрыдэплъамрэ дэ узэрытлъэгъуамрэ зэщхькъым», – жаIэ. Сэ псори яхуэсщIэ си гугъэт, ауэ апхуэдэ щыIэу къыщIэкIынкъым, мелуанырыбжэу упсэуми. ГъущI куэбжэ зиIэ гъущI мастэ щощIэ жыхуаIэращи, псори ястыф си гугъэу сыкъэгъуэгурыкIуа щхьэкIэ къызэмыхъулIа щыIэуи къыщIэкIащ *(мэдыхъэшх.* **И. З.**).

Дауэ щымытми, сэ сызыхуей гъэсэныгъи ягъуэтащ, щIэныгъи яIэщ, лэжьыгъэми хэзэгъащ, унагъуэ хъарзынэ ихуауэ псалъэмакъыншэу мэпсэури, ар си гурыфIыгъуэщ. Си нэ къызыхуикIыр пхъурылъху цIыкIухэр слъагъунырщ.

**– Иджыпсту епхьэкI уи IэнатIэм укъысхутепсэлъыхьамэ, си гуапэт.**

– Си лэжьыгъэр нэхъыбэу зытеухуар щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ, егъэджэныгъэмрэ къытщIэхъуэ щIэблэм я гъэсэныгъэмрэ ехьэлIа Iуэхухэр утыку къихьэнырщ. Зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыж дэтхэнэ зы журналистми хуэдэу, и Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI цIыхухэм, IэщIагъэлIхэм сепсэлъылIэну сфIэфIщ. Дэтхэнэ зыми езым и гъащIэ, и гъуэгу дахэ иIэжщ, ауэ язынықъуэхэм деж тыншкъым уи хьэщIэр къэбгъэпсэлъэныр, и псэр къыпхузэIуихын хуэдэу. Журналисту улажьэ хъунукъым, цIыхур фIыуэ умылъагъуу. Псом хуэмыдэу, а узэпсэлъылIэм хьэкъыу зыхищIэн хуейщ абы жиIэм нэхъ гъэщIэгъуэн, нэхъ гупсысэ зыхэлъ игъащIэм зэрызэхыумыхар, и IуэхущIафэми, и дуней тетыкIэми пщIэ зэрыхуэпщIыр. ИтIанэщ цIыхум и гур къыщыпхузэIуихыфынур.

Тхьэмахуэ къэс радиоэфирым сохьэ «Си Къэбэрдей-Балъкъэр», «ХьэщIэщ», «Таурхъан», «Усыгъэ», «Къызэрыфэ пшыналъэхэр», «Прозэм и напэкIуэцIхэр», «Уэрэдымрэ абы и тхыдэмрэ» нэтынхэмкIэ. Абыхэм я хьэщIэщ тхакIуэ цIэрыIуэхэр, литературэджхэр, артистхэр, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр, тхыдэджхэр, политикхэр. Радиом и гъэтIылъыгъэ нэхъыфIхэм ящыщ хъуа куэд яхэтщ абыхэми, сыщогуфIыкI.

Згъуэта Iэмалыр къэзгъэсэбэпу къыхэзгъэщыну сыхуейщ «Iуащхьэмахуэ» журналым и къыдэкIыгъуэ къэс абы теухуа радиожурнал адыгэ редакцэм илъэс зыбжанэ хъуауэ зэрищIыр. Сэ згъэхьэзыр нэтынхэм ящыщщ ар, нэхъыбэм фыкъащIэмэ сфIэфIу сегугъуу солэжь.

**– Я интервьюм, зыхэта нэтынхэм урипагэу цIыхуищым я цIэ къысхуипIуэн?**

– Си гъащIэм нэхъ гурыфIыгъуэ дыдэу хэтыр а сызэпсэлъахэращ, цIыхуищкIи сыкъэувыIэфынукъым. Япэ дыдэу и цIэ къисIуэну сыхуейщ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыщытам щыгъуэ мызэмытIэу сыхуэзэну, радиокIэ къэзгъэпсэлъэну си насып къихьа Къалмыкъ Юрэ. ЦIыху губзыгъэт, жиIэн и куэдт, адыгэбзэфI Iурылът. КъыкIэлъокIуэ илъэс бжыгъэ гуэркIэ ди республикэм щыIа Шинкубэ

Бэгърат. Иужьрей дыдэ убых Эсенч Тевфик и интервьюр нобэми сохъумэ, куэд мыщIауэ радиомкIэ къэстыжащ. И унагъуэм тIэу-щэ сихьэну, сепсэлъылIэну Iэмал сиIащ КIыщокъуэ Алим.

Мыдрейуэ лъэпкъыр дызэрыгушхуэхэу Нало Ахьмэдхъан, МафIэдз Сэрэбий, Думэн Хьэсэн, Нало Заур, IутIыж Борис, Къэрмокъуэ Мухьэмэд, Елгъэр Кашиф, Къагъырмэс Борис сымэ, щIэх-щIэхыурэ си нэтынхэм къысхуеблагъэхэу ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, КхъуэIуфэ Хьэчим, Мэзыхьэ Борис, Тхьэгъэзит Зубер, БакIуу Хъанджэрий, Гъут Iэдэм, Бейтыгъуэн Сэфарбий, нэгъуэщI цIыху цIэрыIуэхэри зыхэта нэтынхэр хъугъуэфIыгъуэшхуэщ си дежкIэ. Къапщтэмэ, иужьрей илъэс 35-м къриубыдэу, зи псалъэмакъ радиокIэ къэзмыта ди лъэпкъ интеллигенцэм хэт къыщIэкIынкъым. Мис а зэIущIэхэм къысхалъхьа гушхуэныгъэм спкърыт мафIэр имыгъэужьыхыу нобэми сегъэлажьэ.

**– НэхъыфI дыдэу плъагъу темэмрэ нэхъ удэзымыхьэхымрэ сыт хуэдэхэра, Хъаджэт?**

– Нэхъ сыдэзыхьэхыр литературэращ. Абы щIэ, лъэужь къэзыгъэнэн гуэр къыхыхьа нэужькIэ, си щхьэ ехъулIэныгъэу фIэкIа къэслъытэркъым. НэгъуэщIым и Iэдакъэ къызэрыщIэкIар сощIэ, ауэ апхуэдизкIэ сыщогуфIыкIри, сысей мэхъу.

Сыт хуэдэ IэнатIэ пэрытми, цIыху лэжьакIуэм, дахэу дунейм тетым и гугъу сщIыну, къэзгъэпсэлъэну сфIэфIщ.

Фадэм зы зэман икъукIэ иIыгъащ лъэпкъыр. Мис апхуэдэм сытепсэлъыхьыфакъым, пэжыр жысIэнщи, зыпыIуздзащ. Зэраныгъэу фадэмрэ афиянымрэ къашэм я гугъу сщIащ, ауэ цIыху щхьэхуэ къасщтэу, «мыбы и гъащIэр мыпхуэдэу хъуащ хьэл мыгъуэм и зэранкIэ» схужыIакъым. СфIэгуэныхь хъуа е абы сызэрыпэмылъэщынур къызгурыIуа, сщIэркъым.

Иджыпстуи зызыщысхъумэ щыIэщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, сыхуейкъым диным сытепсэлъыхьыну, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ иджыри гурыIуэгъуэкъым абы къэрикIуэнур. Афиян зэзыхьэлIэхэм яхэмыщIами, фадафэр нэхъ мащIэ хъуащ, ауэ абы и пIэ къиувам къишэнур сщIэркъыми хуабжьу сыгуитIщхьитIщ а Iуэхум теухуауэ. ФIыуэ Iуэхум зэрыхэдмыщIыкIым зэраныгъэ къишэу аращ сызэреплъыр. Адыгэлъщ дэ тщIэтыр – ар согъэнэхъапэ.

Сытепсэлъыхьынкъым жысIэ щхьэкIэ сыжурналистщ, абы сегъэпIейтейри, зыгуэр жызмыIэуи схузэфIэкIыркъым. Совет властым ипэкIэ уэрэд жыпIэ хъунукъым, сурэт пщIынуи къезэгъкъым жаIэурэ гъуазджэм и цIыху къытхамыгъэкIыу, кIыфIыгъэм дыхэту дыкъэгъуэгурыкIуащ. Иджы абы дагъэгъэзэжура? Сыт щхьэкIэ, езы хьэрыпхэм жаIэркъэ уэрэд? Тыркум и мэжджытхэм щIыхьи сурэтрэ дахагъэу щIэплъагъуэр сыт хуэдиз. Мис ахэр лъэпкъым тфIагъэкIуэду арауэ къысщохъу.

**– Радиожурналист IэщIагъэм иридебгъэхьэхыу ди лъэпкъ щIалэгъуалэм сыт яжепIэнт?**

– Зэман дызыхуэкIуам абы къыпэкIуэ ахъшэмкIэ унагъуэр ириспIынщ жыпIэу, мы IэщIагъэр къыхэпхынкIэ Iэмал иIэкъым. Псом хуэмыдэжу уцIыхухъумэ. Мис аращ щIалэгъуалэр радиом къыщIэмыкIуэр. Адыгэбзэр ящIэн хуейщ, дауикI, мыхъуми къызэрыгуэкIыу я гупсысэр къызэраIуэтэфын хуэдиз, ауэ псори адыгэбзэмкIэ щIэныгъэлIи, егъэджакIуи, журналисти хъун хуейкъым. Апхуэдэу лъэпкъым къыхэкI тIэкIур республикэм ирикъунущ. Лъэпкъыбзэм и IэфIыр зыхэзыщIэ а закъуэтIакъуэр къыхаха IэщIагъэм хуиту ирилэжьэн, абыхэм цIыхур ехъуэпсэн щхьэкIэ, уэрэ сэрэ ди псэукIэр нэгъуэщIу щытын хуейщ, Залинэ. Дэ дызыIыгъыр адыгэбзэр фIыуэ зэрытлъагъурщ, ди псэм зэрыщыщырщ, нэгъуэщI лэжьыгъэ дунейм тету зэрыдмыщIэрщ. ФIэкIыпIэншэу апхуэдэу щытын хуей-тIэ? СщIэркъым. Я унагъуэ яхуэгъэпсэнукъым жысIэми, IэпкълъэпкъкIэ, псэкIэ узыншэрэ пэлъэщмэ, иджыпсту щыIэ Iэмалхэр къахуэгъэсэбэпмэ, лэжьыгъитI-щы зэдахь хъунущ. Сыхъунщ-сыщIэнщ жиIэмэ, цIыхум хузэфIэмыкIын щыIэкъым, ерыщагъ хилъхьэн хуейуэ аркъудейщ. Узэрыадыгэр, уэ лъэпкъым хуумыщIэр нэгъуэщIым къызэрыхуимыщIэнур къыбгурыIуэу щытыпхъэщ.

Лъэпкъ цIыкIухэм ди къалэныр нэхъ инщ, тIуащIэщ. Дунейм, дызыхэс къэралым дыхэзэгъэн хуейщ, абы дэщIыгъуу ди бзэр, ди хабзэр тхъумэжыпхъэщ. Ди япэ итахэм ди деж къахьэсар дэ дгъэкIуэдыжыну хуитыныгъэ диIэкъым, ар хъумэныр ди къалэнщи, а пщэрылъыр напэ диIэу кIуэцIрытхын хуейуи къызолъытэ.

Ауэ щыхъукIи, Iуэхур хэкIыпIэншэ дыдэу схужыIэнукъым, ауэ ебгъэфIакIуэмэ нэхъыфI мыхъун щыIэкъым. Си ныбжь елъытауэ сэ тIэкIу сыщтэIэщтаблэми, щIалэгъуалэр абы щышынэн хуейкъым. Лъэпкъ гупсысэ жытIэу дытепсэлъыхьу щытащ япэм куэдрэ. Пионерым: «Хьэзыру щыт» жепIэмэ: «Сыт щыгъуи сыхьэзырщ», – жиIэу жэуап къызэритыжу щытам ещхьу, лъэпкъ гупсысэр и лъым хэпщауэ, къызыхэкIам хузэфIэкI псори хуищIэну хьэзыру ныбжьыщIэр школым къыщIэдгъэкIыу щытмэ, дыщыуэну хъункъым. Лъэпкъым зыщиужьынур бзэмрэ хабзэхэмрэ къытщIэхъуэхэм ящIэмэщ.

Лъэпкъыбзэхэм зегъэужьыным и махуэу хаха сентябрым и 8-м, Гамзатов Расул къыщалъхуа махуэм трагъэхуам, сыт кърикIуэну пIэрэ жысIэу согупсыс. Мазаем и 21-м, гъатхэпэм и 14-м дгъэлъапIэхэм ар къазэрыщхьэщыкIынур сщIэркъым. Унафэр къыдэбгъэкIыу абы къыкIэлъымыкIуэIамэ, ар тхылъымпIэу къонэжри, апхуэдэ къыщымыщIу фIы кърикIуэну си гуапэт.

Анэдэлъхубзэхэм пщIэ ягъуэтыжыну, ефIэкIуэну дыхуейуэ щытмэ, ди республикэр хуабжьу егупсысыпхъэщ абы ирилажьэм и Iуэхур зэригъэлъагэнум. Дызыхэс къэралым къыдитынукъыми, езым и мылъкущ абы тригъэкIуэдэн хуейр. Ди республикэм и унафэщIхэмрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Iуэхузехьэхэмрэ абы егупсысу адыгэбзэм зэрыдрагъэхьэхын Iэмал къыщIамыуIукIмэ, дызыгъэкIуэдыну Iуэхум пэIэщIэ зытщIыфынукъым. Хьэрычэт зыщIэм и быныр зыхуей хуэзэу, и унэри

ину, уэ зыгуэрым зы псалъэ къыпысхын, жыпIэу улъаIуэу удэту, адыгэбзэ къабзэ зыIурылъи къыпхуэмыгъуэту – дауэ ар?! Газетым, журналым я бзэр къулейщ, ауэ адыгэбзэкIэ псалъэ радиор абы фIыуэ къыкIэроху, ди жагъуэ зэрыхъунщи. Къэдгъэпсалъэм урысыбзэ къыхигъахуэми, зэпыдудыну дошынэ, и гупсысэр фIокIуэдри. Абы хуэкIуэн щыжиIэнум дыпоплъэ, ар «къыхэдгъэжу» урысыбзэм и пIэкIэ «щыддэжыну». Бзэр фIыуэ зыщIэхэри махуэ къэс къыпхуэпсалъэркъым.

Школхэм докIуэри, адыгэбзэкIэ езыгъаджэхэм, сыт япыплъхьэн жыпIэу, IэщIагъэлI дыщэхэщ. Абы ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэ къомыр радиокIэ къыдот, газетхэм, журналхэм къытохуэ. Ауэ абыкIи зэфIэкIыну къыщIэкIынкъым. Апхуэдэу жызэзыгъэIэри?.. Апхуэдиз фIым щIагъэджыкI, гъэсэныгъэ зыхалъхьэ сабийхэр уэрамхэм къыдыхьа иужькIэ, мыбыхэм дахэу жраIар здэкIуар дэнэ, щхьэ захъуэжа, хьэмэрэ мыхэр нэгъуэщI ныбжьыщIэу пIэрэ, жыпIэу укъагъэуIэбжь. Телефоныр я нэкIум Iулъщи, къыдэплъейуэ зы цIыху къоплъынукъым. Уэрамым ущыдэтым дежи плъагъур уи лъапэм къытеувэурэ уи гъуэгур зэпаупщIу зэрыблэкIырщ. Сигъэгузавэу согупсыс абы, ауэ си акъылкIэ зэфIэха хъуну Iуэхукъым. Гъуэгу зэпыупщIыныр щхьэ къыхиха жыпIэнщ, зэкIи мыхьэнэншэу къыпщыхъунщ, ауэ абы псори къотэджыкI.

Унагъуэм ихъумапхъэ хъугъуэфIыгъуэщ, шэч хэмылъу, анэдэлъхубзэр. АдыгэбзэкIэ зы таурыхъ сакъыхуемыджэу си бынхэр зы жэщ згъэгъуэлъыжакъым. Студенту си деж щыIа си Iыхьлы ныбжьыщIэхэр абыкIэ щыхьэт хъуфынущ. ФIы дыдэу къаухащ школри. Ауэ мы дунейм щекIуэкI Iуэхугъуэхэр апхуэдизкIэ куэдщ, хамэ къэралхэр гъунэгъу къытхуэхъури гъуэгухэри зэIуха хъуащи, абы адыгэбзэр дэкIуэд хуэдэщ. Пэжщ, псоми яджу къаубла инджылызыбзэм Iэмалхэр нэхъыбэ ещI, ауэ абыкIэ зэфIэкIрэ?! Си щхьэр къэсщтэнщи, сэри сохъуапсэ нэгъуэщI къэрал кIуэхэм, абы щылажьэхэм, нэгъуэщI цIыхухэм я псэукIэр къэзыщIэхэм, ауэ инджылызыбзэр зэрызмыщIэм си лъакъуэр иубыдамэ, зыщIэр кIуэкIэ дауэ зэрыбгъэкъуэншэнур?!

**– Зыгуэрым дытетхыхьыну, дытепсэлъыхьыну пщэрылъ къыщытщащI куэдрэ къохъу. Апхуэдэ нэтынхэр бгъэхьэзырыну къохьэлъэкIрэ, Хъаджэт?**

– ЗыкIи къыстехьэлъэркъым, ауэ уэ пфIэфIу, ухуейуэ узэлэжьымрэ пщэрылъ къыпщащIамрэ зэщхьэщымыкIынкIэ Iэмал иIэкъым. АтIэми, тIуми къарурэ зэфIэкIыу сиIэр зэресхьэлIэр арагъэнщ фIагъ и лъэныкъуэкIэ ахэр щIызэщхьэщымыкIыщэр.

Дызэпсэлъэн, купщIэ хэлъу зи Iуэху еплъыкIэ къыдэзыхьэлIэн, зыпэрыт IэнатIэм щехъулIэ лъэпкъылIхэмрэ бзылъхугъэхэмрэ куэду лъэпкъым Тхьэм къытхигъэкI.

*Епсэлъар* **ИСТЭПАН Залинэщ**



**И лэжьэгъухэм я гъусэу.** *2000*





*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **журналистхэу Тэтрокъуэ Астемыр, Жэман Мадинэ, МахуэлI Хъаджэт, Жыгуэ Иннэ сымэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и хьэщIэщ.** *2023*



**Хъаджэтрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэдрэ.** *2015*






*ИжьымкІэ къыщыщІэдзауэ:* **МахуэлІ Хъаджэт, и пщыпхъу Хъупсырджэн ФатІимэт, и нысэгъу Къэшэж Хьэлимэт сымэ.** *2021*

5 Заказ №2595

# МахуэлI Хъаджэт хужаIахэр

**Тэтрокъуэ Астемыр,** *Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и адыгэ редакцэм и унафэщI, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист:* – 1972 гъэ жыжьэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым къыщысцIыхуауэ щытащ Лыхь Хъаджэт. Абы къыщыщIидзэри, дызэдеджэми дызэдэлажьэми ди гъащIэм и нэхъыбэр зэгъусэу къэткIуащ.

Университет нэужьым, Каменномост школыщIэ (№3) къыщызэIуахати, абы егъэджакIуэу дагъэкIуат, Хъаджэти къытхэту. Илъэс зытIущкIэ абы дыщыIауэ, сэ школым сыкъыдэкIыжри къэрал телерадио комитетым сыщылажьэу, Хъаджэт редактору радиом къэуващ. И гъащIэр радиом щихьам хуэдэу, ар тыншу лэжьыгъэм хэзэгъащ, псынщIэу нэтынхэр къехъулIэу, радиом едаIуэхэр къепщIу щIадзащ.

Хъаджэт хьэлыфI куэд хэлъщ. Абыхэм я нэхъыщхьэу къыщIэкIынущ цIыхум зэхихыну зыхуеймк емыгупсысауэ нэтын зэримыгъэхьэзырыр. Илъэс 36-рэ хъуауэ республикэ радиом щолажьэри, а илъэс мымащIэм къриубыдэу ар зи ныбжькIи зи зэхэщIыкIкIи зэхуэмыдэ цIыху мин бжыгъэм яхуэзащ, еуэршэрылIащ, адыгэхэм сэбэп къахуэхъун гупсысэ къапихыу. Апхуэдэу абы радиом едаIуэхэм яригъэцIыхуащ утыку ихьэну къалэжьу, ауэ гулъытэ зылъымыса ныбжьыщIэ куэд.

МахуэлIым и нэIэ тетщ лъэпкъ литературэм зэфIэкI щызиIэхэм, лъэбакъуэщIэ абы хэзычэхэм, анэдэлъхубзэр щIэблэм зэращIэм, нэгъуэщIхэми. Лъэпкъ щэнхабзэм и зы плIанэпи гулъытэншэ ищIыркъым Хъаджэт. Абы папщIэ фIагъ лъагэ яIэу нэтын куэд ирегъэкIуэкI. ЩIэмычэу зи IэщIагъэм щIэщыгъуагъ къыщызылъыхъуэ цIыху гумызагъэщ ар. Сыт хуэдэ Iуэхуми и бгъэдыхьэкIэ, и лъагъукIэ хуиIэжщ. И нэтынхэр, шэч хэмылъу, щIэщыгъуэ ящI зым ейми зэремыщхьым, псалъэ гъэщIэрэщIа лей куэдым зэрызыдримыгъэхьэхым. Лэжьыгъэ IуэхукIэ «хьэуэ» зымыщIэ цIыхущ. Сыт и пщэ иумылъхьами, и зэманым икIи фIым и фIыжу ар зэригъэзэщIэнум шэч къытумыхьэ.

**Мыз Ахьмэд,** *Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и адыгэ редакцэм и лэжьакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист:* – Ди радиом и адыгэ журналист гупым нэхъапэм цIыхубз зыри къытхэтакъым. Дауи, адыгэ къудамэм и унафэщIу лажьэу щыта Къэрмокъуэ Мухьэмэд имыгъуэту аратэкъым гупым хигъэхьэн бзылъхугъэ, ауэ мо лIы ткIийм и дзыхь зригъэзын, зи къалэным пэлъэщыну къыфIэщI иримыхьэлIэу арагъэнт. Журналист IэщIагъэр фIыуэ зымылъагъу, зи Iуэхум IэхъуэгъуэтегъэкIыу бгъэдыхьэну шэч зыхуищI лъэпкъ абы гупым къыхишэнутэкъым. Апхуэдэу здекIуэкIым Хъаджэт редакцэм къигъэуващ. Дауи, абы ипэ ар зыхуэдэр, и тхэкIэр, IэнатIэ зыIуигъэувэнум теухуа и Iуэху еплъыкIэр, и къэухьыр здынэсыр зригъэщIат.

Япэ махуэхэм щыщIэдзауэ и щIэныгъи, и зэфIэкIи емыблэжу еувэлIащ бзылъхугъэр лэжьыгъэм. ИкIи зэман кIэщIым къриубы-

дэу журналист нэхъ Iэзэу ябжхэм я сатырым хэуващ. Хъаджэт нобэ республикэм фIыуэ къыщацIыхуу жытIэми пцIыупс дыхъунукъым. Псом хуэмыдэу тхакIуэ-усакIуэхэм, щэнхабзэ IэнатIэм пэрытхэм пщIэ къыхуащI, фIыуэ къалъагъу, уеблэмэ я унагъуэм щыщу, я шыпхъум хуэдэу къалъытэу. Апхуэдэхэр щIэх-щIэхыурэ кърегъэблагъэ, абыхэм ятеухуа нэтын хьэлэмэтхэр гугъэзагъэу къызэрегъэпэщ.

ФIы куэд пхужыIэнущ Хъаджэт теухуауэ, си щхьэкIэ си гуапэщ нобэр къыздэсым къызэрекIуэкIым хуэдэу, радиом едаIуэхэр дэзыхьэх нэтын куэд дяпэкIи къызэригъэпэщыну, унагъуэ ихьа и пхъуитIым я фIым, я щытхъум иригушхуэу ящхьэщытыну, узыншагъэ и лъэныкъуэкIэ гукъеуэр и мащIэу, дэрэжэгъуэр и бащэу и гъащIэ Iыхьэр ирихьэкIыну.

**ХьэфIыцIэ Мухьэмэд,** *Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ:* – Къэбэрдейм зы къуажэ исуу къыщIэкIынкъым Къармэхьэблэ къыдэкIа цIыхубзхэм хуэдэу цIэрыIуэ. Къапщтэмэ, Франджым и лIыхъужь, дохутыр Iэзэ Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан, къэрал псом фIыуэ щалъагъуу, щацIыхуу щыта Къэшэж Иннэ, щIэныгъэлI, профессор, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и член-корреспондент ЩауэцIыкIу (Хьэмыз) Людмилэ, журналист Iэзэ Хьэгъундокъуэ Салисэт, усакIуэхэу Бэлагъы Любэ, Вындыжь (Къэшэж) Марие, Къармэ Iэсият, Гугъуэт Заремэ сымэ, нэгъуэщIхэри. СэркIэ абыхэм я щхьэщ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, илъэс 40-м нэсауэ Къэбэрдей радиом зи макъ дахэр щызыгъэIу МахуэлI Хъаджэт.

Абы и цIэр зымыщIэрэ и макъ гуапэр зэхэзымыхарэ зы адыгэ цIыху Къэбэрдей-Балъкъэрми ди лъэпкъэгъухэр щыпсэу нэгъуэщI щIыпIэхэми ис хъункъым. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, адыгэпсэ зиIэ зы цIыхубз дунейм тетмэ, Хъаджэт етIуанэщ. И адыгэбзэр, и цIыхугъэр, и гумащIагъэр абы нэтын зыхуищIахэм ящIэ. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм иригъэкIуэкI «Си бзэ – си псэ, си дуней», «Адыгэ пщащэ» зэпеуэхэм ар куэдрэ ди гъусэу нэкIуащ икIи бзэр хъумэным теухуауэ егъэджакIуэхэм, еджакIуэхэм ящIэн хуейм удихьэхыу радиокIэ тепсэлъыхьыжащ.

Щэнхабзэм, гъуазджэм я лэжьакIуэхэм ятеухуауэ абы ищIа нэтынхэр куэд дыдэ мэхъу. Хъаджэт и зэфIэкIым и лэжьэгъухэри, хэкум ис дэтхэнэ зыри щыгъуазэщ, радиом едаIуэхэр абы ирогушхуэ, пщIэ хуащI. Бзылъхугъэм и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ щыхъу махуэм ирихьэлIэу си гуапэу сохъуэхъу абы ипхъу щIыкIафIэхэу ФатIимэрэ Гуащэрэ я насып илъагъуу иджыри куэдрэ ящхьэщытыну, узыншагъэ быдэ иIэу дяпэкIи лэжьэну.

**Сэхъурокъуэ Хьэутий,** *Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ:* – Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал телерадио IуэхущIапIэм илъэс куэд щIауэ гуащIафIэу щылажьэ МахуэлI Хъаджэт и нэтынхэм ДАХ-м и IуэхущIафэхэр Iэзагъышхуэ хэлъу къыщеIуатэ. Абы щхьэкIэ, си щхьэми Хасэм и ГъэзэщIакIуэ гупым хэтхэми къабгъэдэкIыу, фIыщIэ ин

хузощI журналист бзылъхугъэм. Адыгэ (шэрджэс) щэнхабзэр хъумэнымрэ ар цIыхухэм я деж нэхьэсынымрэ хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщI Хъаджэт куэдрэ узыншэу лэжьэну, лъэпкъым хуэщхьэпэну си гуапэщ.

**БищIо Борис,** *филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор:* – Дызэрыстудент лъандэрэ соцIыху Хъаджэти, абы щыгъуэми радиом щылэжьэну и хъуэпсапIэу зэрыщытам сыщыгъуазэщ. ЦIыхур дэзыхьэх IэщIагъэм ирилажьэ хъуамэ, абы куэд хузэфIокI. ЖысIам и щыхьэткъэ Хъаджэт и IуэхущIафэр?!

Сэ адыгэ радиор си гъащIэ гъусэу сопсэури, абы щылэжьахэми щылажьэхэми симынэIуасэ яхэткъым, зи цIэ фIыкIэ къиIуапхъэхэри мащIэкъым. Зыми и жагъуэ иремыщI, ауэ хэти хэзмылъхьэу икIи пэзмыщIу куэд лъандэрэ япэ изгъэщыр АфIэунэ Раещ. Шэч къытесхьэркъым Хъаджэт лэжьапIэу радиор къыщIыхихари, иужькIэ зыдэплъейуэ щапхъэу иIари зэры-Раем. Абы ещхь хъуну хущIэкъуати, и зэфIэкIкIэ Хъаджэт Рае бгъурыува къудейкъым, атIэ нэхъри зиIэту къогъуэгурыкIуэ. Шэч лъэпкъ къытесхьэркъым Хъаджэт зыпэрыт IэнатIэм къызэрыхуигъэщIам. Япэрауэ, радиом и лэжьакIуэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ макъкIэ Алыхьыр къыхуэупсащ, абы цIыхухэр зыIэпешэ. Абы къыдэкIуэу нэтын бгъэхьэзырым псалъэ лей хэмылъу, ауэ гупсысэ куукIэ гъэнщIауэ щытын хуейщи, абыкIи зэчиишхуэ бгъэдэлъщ. И адыгэбзэращи, абыкIи Хъаджэт и жьакIуагъэр зыхуэбгъэдэн къэгъуэтыгъуейщ. А псом хэлъхьэж и гумызэгъагъэри, и гулъытэм и инагъри.

И гулъытэм сыкъытеувыIэнщи, си фIэщ хъуркъым ар зылъэмыIэсауэ зыхуэфащэ зыри къэнауэ. Лъэпкъым зы фIы гуэр хуэзыщIа дэтхэнэри зэригъэлъэпIэн, и цIэр зэриIэтын, ныбжькIэ нэхъ щIалэхэр Iуэхум зэрытригъэгушхуэн псалъэхэр къахуегъуэтыф, а жиIэхэр и псэ хьэлэлым къызэрыбгъэдэкIыр зыхэпщIэу.

Гъуазджэм и лэжьакIуэ пашэхэм хужаIэу щыIэщ «примэ» хамэбзэ псалъэр. А мыхьэнэр иIэу адыгэм бзылъхугъэм щхьэкIэ «гуащэ» жыдоIэ. Мис, хуэфащэ дыдэу, ЖьакIэмыхъу КIунэ «Театрым и гуащэ» цIэр къызэрилэжьам хуэдабзэу, Хъаджэти адыгэ радиом и гуащэ хъуащ.

Си псалъэм и кIэухыу езы юбилярым зыхуэзгъэзэнщ. Хъаджэт, уи махуэм уэ уIущIащ узэрыгушхуэ хъун ехъулIэныгъэшхуэхэр зыIэрыбгъэхьауэ. Ауэ, «сщIар ирикъунщ, иджы сытIысыжми хъунщ» жыпIэу уигу къыумыгъэкIыххэ, дэ уэ иджыри бэкIэ дыпщогугъри, узыпэрыт IэнатIэм ухуэжыджэру, уи гукъыдэжым хэмыщIу, уи узыншагъэкIэ гукъеуэ лъэпкъ уимыIэу, еш умыщIэу пIалъэ кIыхькIэ лъэпкъым Тхьэм утхуигъэлажьэ.

**Хъыдзэдж Борис,** *КъБР-м щIыхь зиIэ и артист:* – Радиом и лэжьакIуэ пажэ МахуэлI Хъаджэт и макъыр япэу зэрызэхэсх лъандэрэ и псэлъэкIэкIи, и нэтын гъэхьэзырыкIэ-егъэкIуэкIыкIэкIи гум дыхьэу, псэм жьы дрегъэху жыхуаIэм хуэдэу мэлажьэ.

Гулъытэ хуэфащэщ абы и дэтхэнэ IэдакъэщIэкIми, ауэ си щхьэкIэ къыхэзгъэщхьэхукIынут «Прозэм и напэкIуэцIхэр», «Таурхъан», «ХьэщIэщ», «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» жыхуиIэхэр. Хъаджэт и Iуэху зехьэкIэу сигу ирихьхэм ящыщщ зытепсэлъыхьым фIыуэ зэрыщыгъуазэр, дэтхэнэ зы псалъэри гъэхуауэ, IупщIу, гурыIуэгъуэу къызэрипсэлъыр.

ЕгъэджакIуэуи лэжьащ МахуэлIыр. Си фIэщ мэхъу абы иригъэджахэм адыгэбзэр фIыуэ ялъэгъуауэ, ящIэу школыр къызэраухар.

Узыншагъэ, узыншагъэ, иджыри зэ узыншагъэ уиIэну, Хъаджэт! УефIакIуэу, уи бынхэм я хъер плъагъуу, мурад дахэу пщIыр къохъулIэу Тхьэм дунейм утригъэт.

**Безрокъуэ Маритэ,** *егъэджакIуэ, УФ-м профтехщIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, лэжьыгъэм и ветеран:* – Хъаджэт сэрэ гъащIэ гъуэгуанэ къызэдэткIуащ, дызэныбжьэгъуу дыкъызэдекIуэкIащ, ауэ дыщызэрыцIыхуар Налшыкщ. Къармэхьэблэ егъэджакIуэу щылажьэ, радиом хуабжьу щIэхъуэпс бзылъхугъэр, и Iэ зэтедзауэ щымысу, къалэм къакIуэри и мурад зригъэхъулIауэ, икъукIэ фIыуэ яхэзэгъауэ, радиокомитетым куэд щIауэ щолажьэ. Илъэс 45-кIэ сату-технологие колледжым сыщыIащ егъэджакIуэу, унафэщIым и къуэдзэу. АтIэ мис а илъэсхэм къриубыдэу сытым дежи радиом сыкIуэрт, ар фIыуэ слъагъурт, ди IэщIагъэ зыхуедгъаджэхэм теухуауэ радиом едаIуэхэм куэд яжесIэн, едгъаджэхэм сахэпсэлъыхьын хуей хъурт. Абыхэм нэмыщI, ди колледжым къедгъэблагъэурэ сабийхэри абыхэм я адэ-анэхэри, егъэджакIуэхэри къигъэпсалъэу щытащ Хъаджэт. Лэжьыгъэ, нэтын куэд зэдэтщIащ абырэ сэрэ жыхуэсIэщ.

УнагъуэкIэ дызэкIэлъыкIуэу, ди бынхэри зэрыщIэу дыкъызэдэгъуэгурыкIуащи, зэи сигу зригъэбгъакъым, сэри и жагъуэ сщIакъым. ЗэрымыщIэкIэ къыпIэщIэмыщIэмэ, ухуейуэ и гум уеуэфынукъым, апхуэдизкIэ ар цIыху Iэсэлъасэщ, зэпIэзэрытщи. И щхьэгъусэр пасэу дунейм ехыжати, и сабий дыгъитIыр егъэджэнымкIэ, зыхуей хуэгъэзэнымкIэ гугъу ехьащ. ДэIэпыкъуэгъуфIу иIа и пщыпхъум и цIэ къыхэзмыгъэщын слъэкIынукъым. ФатIимэ гугъу зыкъыдригъэхьащ, зыкъыщIигъэкъуащи, псапэу Тхьэм къритыж. И дуней тетыкIэ дахэкIэ къилэжьауэ зыхэс лъэпкъми зыдэлажьэхэми фIыуэ къалъагъу Хъаджэт.

Насыпыншэтэкъым ар, езыр гугъу ехьами, и гугъуехьыр пщIэншэ хъуакъым, и сабийхэм зэхащIыкIащ. УнагъуэфI ихуащ тIури, Къардэнхэрэ Мыдхэрэ ящыщ и малъхъитIым сыт и лъэныкъуэкIи зыкъыщIагъакъуэ. И унэр цIыху кIуапIэу, къызыхэкIа лъэпкъри зыхэсри зэхуигъадэу, уи пхъур зэрысымрэ уи нысэм и дыщымрэщ нэхъ уи благъэр жыхуиIэ псалъэжьри зыщимыгъэгъупщэу мэпсэу Хъаджэт.

Дэри, зэрыхъукIэ, дызэролъагъу, шеибжьэ дызэдефэу ди щIалэгъуэр дигу къыщыдгъэкIыж зэмани къытхуохуэ, ди гуапэ зэрыхъунщи. Мы дунейм къызыхуэт щыIэкъым пхъурылъху фIэкIаи,

дыхуохъуахъуэ а имыгъэзащIэу къэна къалэн закъуэр – анэшхуэ хъуныр – къехъулIэну.

**Лосэн Тимур,** *Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист:* – Адыгэ макъкIэ узэджэну диIэхэм ящыщ зыщ Хъаджэт ейр. РадиокIэ щызэхэпхкIэ абы уи гур къызэрегъэгъуэтыж, пасэрей адыгэ псэлъэкIэр уигу къегъэкIыж, къуажэм щекIуэкIыу щыта зэхущытыкIэ хабзэр уи нэгу къыщIегъэхьэж. Адыгэм и цIэ фIыкIэ кърииIуэу, лъэпкъым и IуэрыIуатэм тепсэлъыхьу, ди щэнхабзэр къигъэлъагъуэу, ди хъыбар дахэхэр утыку кърихьэу Хъаджэт и макъым хуэдэ уиIэн жыхуэпIэр къулеигъэшхуэщ.

**Дзэгъащтэ Азэмэт,** *«ЩIалэгъуалэм я унэ» IуэхущIапIэм и унафэщI, радиожурналист:* – Хъаджэт журналист Iэзэ дыдэщ. Радиом лъабжьэ хуэхъухэм ящыщщ абы и макъыр. АпхуэдизкIэ дахэу, псэм фIэIэфIу къоIукIри, ар зытепсэлъыхь лIыхъужьхэм лъагъуныгъэ яхууигъэщIу апхуэдэщ. ПсэгъэгуфIэ дахагъэ хэлъщ бзылъхугъэр къызэджэм. Сэ схузэфIэкIатэмэ, Iэмал сиIатэмэ, Хъаджэт псысэу, таурыхъыу къызэджауэ хъуар зэхуэсхьэсынти, мис иджыпсту щыIэ аудиотхылъым хуэдэу, къытщIэхъуэ щIэблэм папщIэ къыдэзгъэкIынт. Сабийхэр щыжеижкIэ апхуэдэ зы пычыгъуэ ебгъэдэIуэну сыт и уасэт?!

Сэ Хъаджэт и нэтын седэIуауэ «мыр нэхъыфIу пхуэщIынут» жысIэу сигу къэзыгъэкIа яхэтауэ сщIэжыркъым. ИкъукIэ си гуапэу, зэрыблэзмыгъэкIын яужь ситу, машинэм сыщедаIуэмэ, сыздэкIуэм сынэсами нэтыныр иухыху сыкъимыкIыу апхуэдэщ.



Иджыри сыстуденту хъыбарыщIэхэм сыкъеджэрт. Урысыбзэ тхыгъэр псынщIэрыщIэу зэбдзэкIыу адыгэбзэкIэ укъеджэн хуейт. СыпIэщIаи сыти, адыгэ псалъэ гъэпсыкIэм къимытIасэ гуэр сIэщIэкIащ. Эфирыр иухри, Хъаджэт си лэжьапIэ пэшым къыщIыхьащ, си жагъуэ къызэримыщIыным хэту зэрынэхъыфIыр къызжиIащ. IэфIу сигу къинэжащ и чэнджэщ къызэрызихьэлIар, ар си дежкIэ куэд и уасэт. Абы иужькIэ упщIэ къызыхэкI Iуэхухэм сызэрегупсысыр «мыбы щхьэкIэ Хъаджэт сыту пIэрэт жиIэнур?» бгъэдыхьэкIэм тетут, сыту жыпIэмэ си дзыхь езгъэз хъуат, фыгъуэ-ижэ хэмылъу нэхъыфIыр къызэрысхуигъэлъэгъуэнум шэч къытесхьэртэкъым.

**Тыгу Ислъам,** *радиом едаIуэ налшыкдэс:* – Пщэдджыжь къэс си жып телефонымрэ тхьэкIумэилъхьэ IэмэпсымэцIыкIумрэ къызощтэри сыдокI, зыри зэран къысхуэмыхъуу адыгэ радиом седэIуэн щхьэкIэ. «Хъаджэт и нэтынщ къитыр, сызэпывмыуд», – жызоIэри си ныбжьэгъу къудейхэм садэуэршэрыркъым ар имыухауэ.

Гум дыхьэу ещI Хъаджэт и сыт хуэдэ нэтынри, псом хуэмыдэжу си псэр егъэтынш, си гукъыдэжыр къеIэт ди тхакIуэхэм я рассказхэм къыщеджэкIэ. Сабийхэм яхуэгъэзар-щэ? Си цIыкIущхьэм сыкъыщагъэхутэжу, си анэшхуэм и таурыхъхэр сигу къагъэкIыжу содаIуэ. Тхьэмахуэ махуэм иригъэкIуэкIыр дэзгъэхункIэ Iэмал иIэкъым, апхуэдизкIэ фIыуэ солъагъури.

Радиом къэпсалъэхэмкIэ куэдрэ зэхызох адыгэбзэр кIуэдыжынущ жаIэу тегузэвыхьу. Хъаджэт хуэдэхэр щыIэу, си фIэщ хъуркъым лъэпкъыбзэм апхуэдэ лей къылъысыну.

**Лыхь (Къэшэж) Людмилэ,** *Къармэхьэблэ дэт курыт еджапIэ №1-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ:* – Хъаджэт си къуажэгъущ, си егъэджакIуэщ, ди жылэм дэс дэтхэнэ зыми хуэдэу, абы срогушхуэ. Хэтыт хъыджэбз цIыкIухэм ящыщу егъэджакIуэ хъуну емыхъуапсэр?! Сэри арат, ауэ сызэджэ дерсхэм ящыщу къыхэсхынур сщIэртэкъым. Хъаджэт ди классым къыщыщIыхьа махуэм сэ къызгурыIуащ адыгэбзэмкIэ езгъэджэну сызэрыхуейр, апхуэдизкIэ занщIэу сигури си псэри ихьэхуати. ЕгъэджакIуэ псори егъэджакIуэкъым, и дерсымкIэ щIэныгъэ къуитами, уигу къимынэж яхэтщ. Хъаджэт апхуэдэтэкъым. Абы псэемыблэжу адыгэбзэмрэ литературэмрэ зэрыдигъащIэм нэмыщI, мыхьэнэшхуэ иритырт гъэсэныгъэ дахэ къызэрытхилъхьэнум, адыгэ хабзэр зэрыдигъэщIэнум, тхылъым имыт щIэщыгъуэ гуэрхэм щыгъуазэ дызэрыхуищIынум. ЕджакIуэхэм балигъхэм хуэдэу ябгъэдэтт, уэршэрэгъуи чэнджэщэгъуи къыпхуэхъунут, утемышыныхьу уи дзыхь зэбгъэз хъуну цIыхут. Адрей егъэджакIуэхэм дазэремыупщIыфыну гуэрхэмкIи зыхуэдгъэзэфырт, жэуапыншэу дыкъызэримыгъэнэнури тщIэрт. Дерсыр здекIуэкIым, гушыIэ къезэгъ гуэрхэр къыхидзэу, фIыуэ дыщигъэдыхьэшхи къэхъурт. ИужькIэ, зыри къэмыхъуам ещхьу, ди пIэ дригъэзэгъэжыфырт. Апхуэдэущ сигу къызэринэжар егъэджакIуэ Лыхь Хъаджэт.



Адыгэбзэр нэхъ лейуэ зэрыслъэгъуами, егъэджакIуэу сызэрыкIуами Хъаджэт и фIыщIэшхуэ хызолъагъуэ. Ар радиом лэжьакIуэ щыкIуам тIэкIу си жагъуэ хъуат, апхуэдэ егъэджакIуэфIыр сыт щыгъуи сабийхэм яхэтын хуейуэ къысщыхъурти. МынэхъыкIэу журналист хъарзыни къыхэкIащи, къармэхьэблэдэсхэр тфIэфIу додаIуэ, куэдуи дрогушхуэ. Мызэ-мытIэу сарихьэлIащ абы и нэтынхэм фIыкIэ тепсэлъыхьхэм, и макъ зэхахын щхьэкIэ радио цIыкIур щIэзыгъанэхэм.

*Зыгъэхьэзырар* **ИСТЭПАН Залинэщ**

## МахуэлІ Хъаджэт деж

Зыми хэмыгъуащэу
УиІэщ макъ дахащэ,
ЕбгъэкІуэкІ нэтынхэр
КупщІэ зиІэ защІэщ.
ЩІым дахагъэу тетыр
ПсэкІэ зыщІыбошэ.
КъыдэкІуэтей щІэблэр
Насыпым хубошэ.
Ди лъэпкъ тхыдэр, хабзэр
Бэм ябгъэдыболъхьэ.
Ди сабийм анэбзэр
Уэ яІурыболъхьэ.
Лъэпкъ литературэм,
Лъэпкъым и щэнхабзэм
Журналист къалэмыр
Іэзэу хубогъабзэ.
Хэлъщ уи макъ гуапащэм
Телъыджащэу щэху:
Мэгъум и къарукІэ
Ди псэхэр тфІохьэху.
Пхуэдэр къызэралъхур
Илъэсищэм зэщ.
А щэр икІыхункІэ
Лъэпкъым зегъэузэщІ.
Радиом едаІуэм
ИкъукІэ утфІэлъапІэщ.
Тхьэшхуэм къыуигъэхъулІэ
Уи мурад-уи плъапІэр.

**МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ*

*Журналист Жыласэ Заурбэч илъэс 65-рэ ирокъу*





# ЗИ КЪАЛЭМЫР МЫУБЗЭЩХЪУ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Жыласэ Заурбэч Щэлэуат и къуэр Аруан щIыналъэм хыхьэ Къэхъун къуажэм 1960 гъэм дыгъэгъазэм и 5-м къыщалъхуащ.

Жылэм дэт курыт еджапIэр къиухри, Жыласэр 1979 гъэм дзэ къулыкъум ираджащ икIи и къалэныр абы а зэманым Германием щыIа советыдзэхэм я тIасхъэщIэх батальоным хэту ирихьэкIащ.

Хэкум къигъэзэжа нэужь, Заурбэч 1981 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетым щIэтIысхьащ. Тхыдэм дихьэх, зи анэдэлъхубзэри урысыбзэри зыгъэшэрыуэ щIалэм университетым и унафэщIхэр илъэсищкIэ къыкIэлъыплъащ, и зэфIэкIым зы гъэм нэхърэ къыкIэлъыкIуэм зэрыхигъахъуэм щыгуфIыкIхэу – ар фIы дыдэу еджэрт, жылагъуэ Iуэхухэм жыджэру хэтт, гъэсэныгъэ дахи хэлът. ЖыпIэнурамэ, хьэл зэтеубыда иIэ хъуат, и ныбжьым хуумыгъэфэщэну.

КъБКъУ-м и унафэщIхэм 1984 гъэм абы къыхуагъэлъэгъуащ Совет Союзым и еджапIэ нэхъыщхьэ нэхъыфI дыдэу къалъытэ, Москва дэт къэрал университетым (МГУ) и щIэныгъэм щыпищэну. Апхуэдэ зи насып кърихьэкIыр зырызыххэт. Ар насыпырыхь къудейуи щыттэкъым – щIыналъэм къыдалъагъуну, зи щIэныгъэкIи гъэсэныгъэкIи

къэзымыгъэукIытэну къалъытэхэм яхэдэурэ нэхъыфI дыдэхэрт апхуэдэпщIэ зыхуащIыр. Лъэпкъ журналистикэм зегъэужьыным хэлIыфIыхьыну зыщыгугъ щIалэгъуалэм ящыщ хъуат Заурбэч. Арати, а илъэс дыдэм ар МКъУ-м и студент хъуащ.

Къэралым и щыхьэрым еджакIуэ зыгъэкIуахэр зэращыгугъауэ къахущIэкIащ Жыласэр – и хъыбарыфI къиIукIыу абы щыIащ ар. Университетым фIыуэ зэрыщеджам и щыхьэтщ СССР-м ЩIэныгъэмкIэ и министерствэм, комсомолым и ЦК-м, къэралпсо профсоюз зэгухьэныгъэм я дамыгъэ лъапIэхэр къызэрыхуагъэфэщар. ЩIэныгъэ куу зригъэгъуэтауэ, къэралым къыщыдэкI газет нэхъыщхьэхэм журналист IэщIагъэм и щэхухэм зыщыхигъэгъуэзауэ 1987 гъэм къигъэзэжащ Заурбэч.

Партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым къыдигъэкI «Ленин гъуэгу» газетым журналист щIалэр ирагъэблагъэри, абы и корреспондент, къудамэм и унафэщI IэнатIэхэм пэрытащ. ИужькIэ Аруан щIыналъэм къыщыдэкI «Маяк» газетым къудамэм и редактору, жэуап зыхь секретару щылэжьащ. Республикэм щыяпэу а зэманым Жыласэм хузэфIэкIащ тхыгъэхэр адыгэбзэкIэ къызытехуэ напэкIуэцI район газетым къыщыдэкIыу Iуэхур зэтриублэн. ИужькIэ адрей щIыналъэ газетхэри а щапхъэм ирикIуащ.

Жыласэр яхэтащ лъэпкъ Iуэхум, ди тхыдэм, щэнхабзэм цIыхубэр щыгъэгъуэзэным хуэгъэпсауэ дунейм къытехьэу щыта «ЩIэнгъуазэ», «Нарт» газетхэр къыдэзыгъэкIахэми, дэтхэнэми егугъуу и къалэнхэр щигъэзащIэу. Абыхэм илъэс зыбжанэкIэ щылэжьа нэужь, Заурбэч «Адыгэ псалъэ» газетым къигъэзэжащ.

ЩIалэ жаным, зи IэщIагъэм фIыуэ хэзэгъам и къалэмыпэм къыпыкI тхыгъэхэмкIэ жылагъуэр зыгъэпIейтейхэр хэIущIыIу ищIырт, и Iуэху еплъыкIэри къигъэлъэгъуэфырт. Ауэрэ езым и щIэджыкIакIуэхэр зиIэж журналист Iэзэ хъуащ. Зи унафэщI къудамэм и лэжьыгъэр тэмэму зэриунэтIым, къызэгъэпэщакIуэ хьэлхэри зэрыхэлъым гу лъатэщ, ар КъБР-м Печатымрэ информацэмкIэ и министерствэм и къудамэм и унафэщIу ирагъэблагъэри, а IэнатIэм илъэсипщIым щIигъукIэ пэрытащ. Абы щыгъуи Жыласэм къигъэлъэгъуащ цIыху зэзыгъэдэIуэф, пщIэ зыхуезыгъэщIыф унафэщIу зэрыщытыр. Къэрал къулыкъум щыпэрытами, Заурбэч и къалэмыр игъэтIылъакъым – махуэ щIагъуэ дэкIыртэкъым абы и цIэ-унэцIэр зыщIэт тхыгъэхэр газетхэм къытемыхуэу.

И псэм фIэфI журналист IэщIагъэм ар аргуэру пэришэжащ газет лэжьыгъэм – 2009 гъэм «Адыгэ псалъэ» газетым къигъэзэжащ редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу. 2021 гъэм и мэкъуауэгъуэм ар газетым и редактор нэхъыщхьэу ягъэуващ.

Заурбэч щIалэгъуалэм щIэныгъэ егъэгъуэтын IэнатIэми хэлъхьэныгъэфI хуищIащ – абы КъБКъУ-м журналистикэм щыхуригъэджахэр щолажьэ республикэм къыщыдэкI газетхэм, журналхэм, телевиденэмрэ радиомрэ.

Мыхьэнэшхуэ зиӀэ нэгъуэщӀ къалэни и пщэ къыдалъхьащ Жыласэм – ар республикэм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэу хахащи, а ӀэнатӀэм зегъэужьынымкӀэ лэжьыгъэшхуэ зэфӀегъэкӀ. Къапщтэмэ, къэралым, республикэм я хъыбарегъащӀэ ӀэнатӀэхэр зылъэӀэсын хуейуэ махуэ къэс къэув къалэнхэр и нэӀэ зэрыщӀэтым къыдэкӀуэу, и зэфӀэкӀ ирехьэлӀэ щӀэблэр журналистикэм дегъэхьэхыным, абы хуегъэджэным. «Журналист ныбжьыщӀэм и еджапӀэ» зыфӀаща проектыр къыхалъхьауэ ехъулӀэныгъэкӀэ ягъэзащӀэ абы и унафэм щӀэту.

Абы и закъуэкъым. Журналистхэм я зэгухьэныгъэр ядоӀэпыкъу, зэрыхузэфӀэкӀкӀэ гулъытэ яхуещӀ а ӀэнатӀэм хьэлэлу зи къалэн щызыгъэзэщӀахэу мы зэманым пенсэм щысхэми зи узыншагъэкӀэ гуныкъуэгъуэ зиӀэ я лэжьэгъухэми.


**И къуажэгъу тхакӀуэ ХьэхъупащӀэ Амырхъан и фэеплъ пшыхьым къыщопсалъэ.** *Къэхъун къуажэ. 2022*

Жыласэ Заурбэч Къэбэрдей-Балъкъэрым щӀыхь зиӀэ и журналистщ. КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и саугъэтыр, республикэм и ӀуэхущӀапӀэ зэмылӀэужьыгъуэхэм я щӀыхь, фӀыщӀэ тхылъхэр къратащ. Республикэм, къэралым щекӀуэкӀ зэхьэзэхуэхэм мызэ-мытӀэу щытекӀуащ, «2023 гъэм и напэ» саугъэтри къыхуагъэфэщащ. Абы зэрехьэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал ӀэнатӀэм ещанэ класс зиӀэ и чэнджэщэгъу» цӀэ лъапӀэр. Ар УФ-м и Журналистхэм я союзым и Федеративнэ советми хэтщ.

Республикэм щӀыхь зиӀэ и журналист цӀэр къыщыфӀащам Жыласэм къехъуэхъуахэм ящыщ зыгуэрым къыжриӀауэ щытар дигу къэкӀыжащ мыбдежым. «ЩӀыхь зиӀэ журналист узэрыхъуамкӀэ сынохъуэхъу, Заурбэч, ауэ абы «щӀыхь зиӀэ пешеход» цӀэри къыпхущӀагъун хуеящ», – къыдэгушыӀат ар. Апхуэдэу щӀыжиӀар гурыӀуэгъуэ фщыхъун папщӀэ абыи тӀэкӀу дыкъытеувыӀэнщ. Ар зэхьэлӀар къалэм лэжьакӀуэ къызэрыкӀуэ щӀыкӀэрт. Я унэ – Къэхъун – къыщежьэу ар лэжьапӀэм къыщӀыхьэхукӀэ зэпич гъуэгуанэр умыгъэщӀэгъуэн плъэкӀыртэкъым. Налшык къызэрыкӀуэну маршруткэр къыщыувыӀэм нэс лъэсу къакӀуэрт, абы къитӀысхьэрти, къалащхьэ вокзалым къэсырт. Абдежым къыщежьэрти, Лениным и цӀэр зезыхьэ уэрамыр зи

кIыхьагъ гъуэгуанэри лъэсу къызэпичырт. ЛэжьапIэм щикIыжкIи апхуэдэ дыдэт – зы илъэскъым икIи илъэситIкъым, уеблэмэ илъэсипщIкъым апхуэдэу гъуэгу зэрытетар. АтIэ хуэфащэ дыдэкъэ «щIыхь зиIэ лъэсырызекIуэ» цIэ къэбгупсысу ари абы къыфIэпщыну!

Лъэсу къыщIикIухьыр ар лэжьапIэм къызэрыкIуэн машинэ имыIэу аратэкъым. Тхьэм и фIыщIэкIэ, апхуэдэхэр езыми и щIалитIми яIэщ, дакъикъэ бжыгъэм къагъэсынущ, ауэ и Iэпкълъэпкъым зригъэукъуэдииныр и гъащIэ мардэу игъэуващи, абы тету аращ.



**Заурбэч и унагъуэр.** *2004*

И лэжьыгъэм и гугъу зэрытщIым нэмыщI, Жыласэм и цIыху хэтыкIэм, и унагъуэм, и Iыхьлыхэм щхьэхуэу уакъытеувыIэнуи къелэжь.

Жыласэхэ Щэлэуатрэ Бабусэрэ я щIалиплIым я пажэщ Заурбэч икIи нэхъыжьым къыкIэлъыкIуэхэр къызэрыдэплъейр гурэ псэкIэ зыхищIэу апхуэдэщ зэрытцIыху лъандэрэ. Арауэ къыщIэкIынщ иужь итхэм щапхъэ дахэ яхуэмыхъун хьэл-щэн щIыхэмылъыр – и дуней тетыкIэм хуэсакъыж зэпытщ ар. Чэнджэщэгъуу, IуэхуфIхэм тезыгъэгушхуэу зэрылъхузэрыпIым нобэми яIэщ ар – Тхьэм яхуигъэузыншэ.

Заурбэч и лъагъуэм ирикIуащ и щхьэгъусэ Маритэрэ я къуэ Замиррэ. ТIури «Адыгэ псалъэ» газетым щытхъу яIэу щолажьэ. Марити ди республикэм щIыхь зиIэ и журналистщ. Замир Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхахэм яшауэ, илъэсищ хъуауэ щыIэщ. ИпэжыпIэкIэ журналист унагъуэ зыхужыпIэ хъунщ Жыласэхэ.

Иухуа и унагъуэмкIи Заурбэч гъуазэ хуэхъуар и адэ-анэм я щапхъэрщ, абыхэм я зэхущытыкIэ екIурщ, яку дэлъа пщIэмрэ нэмысымрэщ. Хъуэпсэгъуэщ, нэ фыгъуэ зытрамыгъаплъэ жыхуаIэм хуэдэщ Заурбэчрэ Маритэрэ я унагъуэр. Я быниплIри унагъуэ щхьэхуэ хъужащ, щытхъу яIэу мэпсэу. Къуэрылъу-пхъурылъхуу пщIы яIэщи, абыхэм я ехъулIэныгъэхэм я лъэр жан дохъу, бынхэм я зэфIэкIым нэхъри хагъэхъуэнымкIи зэрахузэфIэкIкIэ зыщIагъакъуэ зэщхьэгъусэхэм. Жылагъуэм щапхъэ дахэ зэрахуэхъурщ ахэр «Илъэсым и унагъуэ нэхъыфI» зэпеуэм и утыку къращэу 2017 гъэм ягъэлъэпIауэ щIыщытар. ЩIэукIытэн IуэхущIафэ я щIыбагъ дэмылъу мэпсэу ахэр – ар фIыгъуэшхуэщ, а фIыгъуэр я егугъуныгъэкIэ къалэжьыжауэ.

**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и журналист*

# «АДЫГЭ ПСАЛЪЭМ» И КЪУЭ

Адыгэ журналист нэхъ IэкIуэлъакIуэхэм ящыщщ Жыласэ Заурбэч. Дэ ди куэдкъым адыгэбзэми урысыбзэми зэхуэдэу ирилажьэ журналистхэр. Заур апхуэдэщ.

Нэхъапэхэм «полкым и къуэ» жаIэу зэрыщытам тепщIыхьмэ, «Заурбэч «Адыгэ псалъэм» и къуэщ» псалъэхэр хуэбгъэфащэ хъуну къысфIощI. Сыту жыпIэмэ, дэнэкIэ имыгъэзами и гъащIэр, Iуэхур адыгэ газетым пыщIащ. Курыт школыр Къэхъун къыщиуха нэужь, журналистикэм гу хуэзыщIа щIалэм абыкIэ щIэныгъэ щызригъэгъуэтащ Ломоносов М. и цIэр зэрихьэу Москва дэт къэрал университетым. Щеджэ лъэхъэнэми ар «Ленин гъуэгу» газетым и редакцэм къыпыщIа зэпыту щытащ, практики ди деж къэкIуэжащ. Къызэриухыуи «Ленин гъуэгум» лэжьэн щыщIидзащ.

Япэ махуэ дыдэхэм щIалэм зыкъигъэлъэгъуащ зэхэщIыкI зиIэ, щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ лэжьакIуэу. Зи IэщIагъэр фIыуэ зылъагъу Заурбэч журналистикэм и дэтхэнэ жанрми хуэIэкIуэлъакIуэщ – жылагъуэ-политическэ Iуэхугъуэхэм теухуа статьяхэм къыщыщIэдзауэ хъыбар кIэщIхэм деж щыщIэтIыкIыжауэ. Мыхьэнэшхуэ зиIэращи, дэтхэнэ тхыгъэми и гумрэ и псэмрэ хелъхьэ, цIыхухэм нэхъ гу зылъатапхъэхэр сэтей къищIу. Апхуэдэу лэжьыгъэм зэрыбгъэдэтым и фIыгъэкIэ, зэман кIэщIым Заурбэч, зыхэт гупым и мызакъуэу, республикэм и журналистхэм я дежи, щIэджыкIакIуэхэм я дежи пщIэрэ щIыхьрэ къыщихьащ. 79

Илъэс зыбжанэкIэ «Адыгэ псалъэм» щылэжьа нэужь, Жыласэм къыщалъхуа жылагъуэм игъэзэжын хуей хъуащ. Ауэ абы щыгъуэми Заурбэч журналистикэр IэщIыб ищIакъым – Аруан щIыналъэ газетым ури, и IэщIагъэм ирилэжьащ. Си гугъэщ «Маяк» газетым щыщыIа илъэсхэр Заурбэч и зэфIэкIым хигъэхъуэнымкIэ сэбэпышхуэ хъуауэ: гъащIэм нэхъ пэгъунэгъу зищIри, абы и нэгу щIэкIащ жылагъуэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэу къызэрыгуэкI цIыкIуу щымытахэр, нэхъыфIу хэгъуэзащ цIыхухэр зыхуэныкъуэ-зыхуэиз жыхуэтIэхэм. А лъэхъэнэм «Маяк» газетым тридза тхыгъэхэр абы щыхьэт тохъуэ.

1996 гъэм Жыласэм «Адыгэ псалъэм» къигъэзэжащ икIи IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэр иIэу абы щылэжьащ, и тхыгъэ купщIафIэхэмкIэ щIэджыкIакIуэхэм я гурыгъу-гурыщIэр къиIуатэу. И лэжьыгъэфIыр кърагъэлъагъуэу Заурбэч къыхуагъэфэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр.

Ди нэIэ тету къежьа журналистым и унагъуэ Iуэхухэми дыщыгъуазэщ. Абы и щхьэгъусэ Марити ди республикэм щIыхь зиIэ и журналистщ, Заурбэч и гъусэу Москва щеджащ, Къэхъун школым и унафэщIым и къуэдзэу, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу илъэс куэдкIэ лэжьащ. Я къуэ нэхъыжь Замири къыхихар адыгэбзэрщ. Школым къыщыщIэкIым дыщэ медаль зыхуагъэфэща щIалэщIэр КъБКъУ-м и адыгэбзэ къудамэм щIэтIысхьэри, ари хъарзынэу къиухащ. Иджыпсту «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэщ. Япхъу За-

реми ди анэдэлъхубзэрщ IэщIагъэ хуэхъуар – ар егъэджакIуэу Нарткъалэ щолажьэ. Я бын нэхъыщIэхэу Алимрэ Залинэри IэщIагъэ хъарзынэ ирагъэгъуэтащ.

**МЭЗЫХЬЭ Борис,**
*тхакIуэ, Урысей Федерацэм*
*щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ*
*2015*

## НАПЭР, АДЫГАГЪЭР ЕГЪЭНЭХЪАПЭ

Зи дуней тетыкIэм фIыуэ ущымыгъуазэ цIыхум ущытепсэлъыхькIэ зыгуэрхэр къэбгупсысурэ кIэрыплъхьэн хуейуэ къыщыплъыкъуэкI щыIэщ. Ауэ Заурбэч теухуауэ зыгуэр къыщIэзгупсысын щхьэусыгъуэ сиIэкъым. БлагъагъкIэ къызгуохьэри, унагъуэ къызэрыхъукIам щызекIуэ хабзэми, езым и шыфэлIыфэр зыхуэдэми мыIейуэ сыщыгъуазэщ.

«Адыгэ псалъэ» газетым уву и япэ тхыгъэхэр къытрадза нэужь наIуэ хъуащ ди журналистикэм зи хъэтI, зи Iуэху еплъыкIэ зиIэж макъыщIэ къызэрыхыхьар. Сыт хуэдэ тхыгъэ къытримыдзэми, ар ирецIыкIу, иренэхъ иныIуэ, IэхъуэгъуэтегъэкIыу зэи и Iуэхум бгъэдыхьакъым. Псом хуэмыдэу Заурбэч къигъэщIэрэщIэжащ спортым теухуауэ газетым хухаха плIанэпэр. Спорт Iуэхум, нэхъыбэу футболым, зэрыхуэнэхъуеиншэр, ар зэригущIагъщIэлъыр занщIэу хьэкъ тщыхъуащ.



Жыласэм и IэдакъэщIэкIхэм кIыхьу дытепсэлъыхьынкъым, ахэр зыхуэдэр газетеджэхэм фIыуэ ящIэ. И дуней тетыкIэм, дэслъэгъуа хьэл-щэным, ди псэукIэ-зэхэтыкIэм теухуауэ и гупсысэхэм ящыщ гуэрхэм дыкъытеувыIэнщ. Журналистикэм уи гъащIэр щхьэузыхь щыхуэпщIкIэ, щIэх-щIэхыурэ ущызэхуэзэкIэ, ущызэдэлажьэкIэ (газетыр си етIуанэ IэнатIэу собж) Iуэхугъуэ куэдым я щхьэфэ уиIэбэн хуей мэхъу. Псом япэу къэралым, республикэм ди нобэм, адыгэм ди псэукIэр зыхуэдэм теухуауэ. И щхьэ течауэ жысIэнщи, Заурбэч и къэухьыр жыжьэ нос – журналистикэм и мызакъуэу, политикэм кууэ хещIыкI, дифIри ди ныкъусаныгъэри гъэхуауэ, уи фIэщ хъуууэ уи пащхьэ кърелъхьэ. Аркъудейкъым. А ныкъусаныгъэр гъэкIуэдын е гъэмэщIэн папщIэ лэжьыпхъэу къилъытэхэри сэтей къещI.

ЩыIэщ цIыху, и лэжьэгъум, и гъунэгъум фIы къехъулIэмэ, бжэгъуу и нэм къыщIэуэу. Ди лъэпкъэгъу гуэрым ифI зэхихамэ, псом хуэмыдэу ар спорт Iуэхум пыщIамэ, дамэ къытекIауэ, кIуэаракъэ, зы фIыгъуэшхуэ гуэр къеуэлIауэ къыщохъу Заурбэч. Ди щIалэхэм къэрал, Европэ, дунейпсо утыкум медаль къыщахьауэ къыщищIэкIэ, ар зыкIэ щогуфIыкIри! ФIыуэ къыгуроIуэ апхуэдэхэм ди лъэпкъым и пщIэр, и щIыхьыр лъагэу зэраIэтыр.

Илъэс зыкъом ипэкIэ радиом жыджэру къыддэлажьэу зэманыфIкIэ къэгъуэгурыкIуащ Заурбэч. Абы тхьэмахуэм зэ игъэхьэзырырт къэралым, дунейм къыщекIуэкIхэм теухуа нэтын – политикэм, экономикэм, социальнэ Iуэхухэм ехьэлIауэ. ФIыуэ сощIэж а нэтынхэр радиом едаIуэхэм гунэс ящыхъуу зэрыщытар. ГуфIэгъуэ е гузэвэгъуэ IуэхукIэ гупышхуэ сахыхьамэ, а нэтынхэм я гугъу къысхуащIыртэ.

Заурбэч теухуа си тхыгъэ кIэщIыр никъуэ хъунт ар къызэрыхъукIа унагъуэм, езым и унагъуэм я гугъу сымыщIамэ. Абы и адэ Щэлэуат, егъэлеиныгъэ лъэпкъ хэмылъу жысIэнщи, «бегъымбарщ» хужыпIэ хъуну апхуэдэт. Егъэлеяуэ цIыху Iэдэбт, зэпIэзэрытт, жумартт. Си фIэщ хъуркъым абы зи жагъуэ ищIа цIыху дунейм тету. Езы Заурбэч и унагъуэраци, «зэмыщхьитI зэрихьэлIэжыркъым» жыхуаIэр пэжу къыщIэкIынщ. Зэхуэфащэ дыдэу псэуэгъу зэхуэхъуащ Маритэрэ абырэ. Я хьэл-щэнкIэ, я дуней тетыкIэкIэ, я цIыхуфIагъкIэ тIури зэщхьщ. Марити щIэджыкIакIуэхэм фIыуэ яцIыху: абы и тхыгъэ купщIафIэхэр щIэмычэу къытрадзэ газетым. Псом хуэмыдэу удахьэх IэнатIэ зэхуэмыдэхэм пщIэрэ щхьэрэ зиIэу бгъэдэт цIыхухэм (нэхъыбэу егъэджакIуэхэм) ятеухуа и очеркхэм. Тхэн IуэхукIэ и щхьэгъусэм зы мэскъалкIи ефэгъуэкIыркъым Маритэ. Апхуэдэу газетыр зи Iэпэгъухэм яцIыху зэщхьэгъусэхэм я щIалэ нэхъыжь Замири. И адэанэм я гъусэу ари щолажьэ «Адыгэ псалъэм».

ЦIыхур къыщалъхуа махуэм и гугъу щащIкIэ и фIыр ягъэбатэу, и щыщIэныгъэхэр щIахъумэу тепсэлъыхь хабзэщ. Никъусаныгъэ гуэри иIэу къыщIэкIынщ Заурбэч, ауэ, пцIыр сыткIэ щхьэпэ, сэ апхуэдэ срихьэлIакъым: зэрысабийрэ, илъэс 50-м щIигъуауэ соцIыхури, ифI, и Iуэху дахэ фIэкIа слъэгъуакъым, и Iей зыгуэрым жиIэуи зэхэсхакъым. Зэхэпхын, и адэм и псэукIар и гъуазэу, цIыху хуэдэ цIыхуу дунейм щытеткIэ, езым и щхьэм хуимыгъэфащэр нэгъуэщIым щримыпэскIэ.

Мы махуэхэм илъэс 65-рэ ирокъу Заурбэч. «Ярэби, дауэ къэскIуауэ пIэрэ а гъуэгуанэр?» жиIэрэ зэупщIыжу щытмэ, и щхьэр щIиIэтын мыхъумэ, щIрихьэхын щхьэусыгъуэ иIэкъым абы. Ар и гъащIэ гъуэгуанэм тетщ екIурэ ещхьу – и напэр, адыгагъэр игъэнэхъапэу, фIы щIэным и гур, и псэр хузэIухауэ.

Сыт хуэдэ ныбжь имытми, хъуэпсапIэ гуэр зимыIэ цIыху щыIэу фIэщхъугъуейщ. Ди гуапэщ и гум щигъафIэ гуращэ дахэхэр Заурбэч къехъулIэну, и бынхэм къащIэхъуэжа щIэблэм я ехъулIэныгъэхэм иригушхуэу и гъащIэ Iыхьэр ирихьэкIыну, езыми и унагъуэми узыншагъэкIэ гукъеуэ ямыIэу дунейм куэдрэ тетыну.

**МЫЗ Ахьмэд,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и журналист*

## НАСЫПЩ АБЫ ХУЭДЭ НЫБЖЬЭГЪУ УИIЭНЫР

1999 гъэм «Адыгэ псалъэм» лэжьэн щыщыщIэздзам щыгъуэщ Жыласэ Заурбэч къыщысцIыхуар. Журналист IэщIагъэм сехъуапсэрт, абы сыдихьэхырти, еджапIэ нэхъыщхьэм сызыщыпэрыта IэнатIэр къэзгъанэри, газетым корреспонденту сыкIуат. Заурбэч и цIэмкIэ, и тхыгъэхэмкIэт зэрысцIыхур, езыр си нэIуасэтэкъым, зэи слъэгъуатэкъым.

ЛэжьапIэм сыщыува махуэм «Адыгэ псалъэ» газетым и унафэщI ХьэфIыцIэ Мухьэмэд къызжиIащ: «Жыласэ Заурбэч зыщIэс пэшым узгъэкIуэнущ. Ар цIыху зэгъщ, журналист Iэзэщ, сыт и лъэныкъуэкIи

къыбдэӀэпыкъунущ. Абы и нэӀэ ущӀэту щӀэбдзэмэ, нэхъ тэмэму къызолъытэ, куэд къыуигъэщӀэнущ, лэжьыгъэм ухигъэгъуэзэнущ».

ИкӀи тхьэмадэм зэрыжиӀам хуэдэу къыщӀэкӀащ. Си хьэпшып тӀэкӀур сӀыгъыу Заурбэч зыщӀэс пэшым сыщыкӀуам, зи нэгур зэӀуха щӀалэр зыпэрыс стӀолым къыбгъэдэкӀри, гуфӀэжу къыспежьащ. Газетым политикэмкӀэ, хъыбарыщӀэхэмрэ спортымкӀэ и къудамэм и редакторт ар а зэманым. Сэлам гуапэу къызихри, къыспкърыупщӀыхьащ, дызэрыцӀыхуащ. Абы щыгъуэ Заурбэч и гъусэу пэшым щӀэсащ Къамбий Зуфар (и хьэдрыхэ Тхьэм дахэ ищӀ, нэхъыжь угъурлыт).

Мис абдеж къыщежьащ Заурбэчрэ сэрэ ди зэныбжьэгъугъэр. КуэдкӀэ сэбэп къысхуэхъуащ си лэжьыгъэ ӀуэхукӀэ, журналист ӀэщӀагъэм и щэху куэдым сыщигъэгъуэзащ. Си гум гуапэу къинэжащ, дапхуэдиз упщӀэкӀэ зыхуэзмыгъэзами, Ӏэдэбу жэуапхэр къызэрызитар, мыгубжьу, имылъу къызэрызэпсэлъар. И ручкэр игъэтӀылъырти, гупсэхуу си упщӀэхэм жэуап къаритырт, сигъэгушхуэрт, зыгуэрхэр щымыхъуам дежи, къызгуригъэӀуэжырт...

Апхуэдэури зэманыр кӀуащ, сэри лэжьыгъэм нэхъыфӀу сыхэгъуазэри, ХьэфӀыцӀэ Мухьэмэд газетым и къудамэхэм ящыщ зым редактору сигъэкӀуащ, Заурбэч и гъусэу сызыщӀэса пэшми сыкъыщӀэӀэпхъукӀащ. Пэш щхьэхуэхэм дыщылажьэми, зэман зэрыдгъуэту дызэкӀэлъыкӀуэрт, дызэщӀэупщӀэрт.

Ӏуэхум и пэр умыщӀэу и кӀэр пщӀэркъым, жи. Газетым лэжьапӀэ сызэрыува хъуам и гугъуи щысщӀыну сыхуейт мыбдеж.

ЦӀыху хъарзынэ, тхакӀуэ Ӏэзэ, нэхъыжьыфӀ Хьэх Сэфарбий и фӀыгъэщ сэ газетым сызэрыувар, си гур зыхуэпабгъэ ӀэнатӀэр ӀэщӀагъэ зэрысхуэхъуар, абы щылажьэ гуп зэкъуэтым сазэрыхыхьар. Нобэми фӀыщӀэ мыухыж хузощӀ Хьэх Сэфарбий. Си усэхэр хуэсхьрэ редакцэм сыкӀуамэ, абы и кӀэлындорым сытетт, лэжьыгъэ ӀуэхукӀэ щызэблэкӀхэм сехъуапсэу.

Журналистхэр цӀыху къызэрыгуэкӀыу къэслъытэртэкъым, ахэр къалэн пыухыкӀахэр я пщэ кърилъхьэу Тхьэшхуэм цӀыху цӀыкӀум къытхигъэхьа хуэдэу къысщыхъурт. Редакцэм и кӀэлындорым дытету, Хьэхым щэхуу сигъэцӀыхурт адыгэ газетым и лэжьакӀуэхэр. Мес, мор Брай Адэлбийщ, мор Тэнащ Толэщ, мыр Шал Мухьэмэдщ, мис, Ширдий Маринэ, ЖьэкӀэмыхъу Маринэ, жиӀэурэ Сэфарбий ахэр щызигъэлъагъум, си гур къилъэту сакӀэлъыплъырт. Абыхэм ящыщт Жыласэ Заурбэчи.

Къэзгъэзэжынщ мыдэкӀи, илъэситӀ ирикъу дызэдэмылэжьауэ Жыласэр КъБР-м ПечатымкӀэ и министерствэм и къудамэм и унафэщӀу ягъэкӀуащ, ауэ абы щхьэкӀи дызэфӀэкӀуэдакъым, дызэкӀэлъыкӀуащ, дызэрыщӀащ. ИкӀэм-икӀэжым, министерствэр иджыри ӀэщӀагъэлӀ хуей щыхъум, Заурбэч и фӀыгъэкӀэ сэри абы сыкӀуащ.

Жыласэм сэ дэслъэгъуахэм ящыщщ ар цӀыху пэжу, ныбжьэгъуфӀу дунейм зэрытетыр. ЦӀыхухэр зыхуэарэзым хужаӀэ: быдзышэ хьэлэл ефащ. Мис апхуэдэщ Заурбэч. ЦӀыху зэгъыу, зыхэтхэм, къэзыцӀыхухэм фӀыуэ къалъагъуу, езыри апхуэдэу яхуэгуэпэжу дунейм тетщ ар. Ахъшэ, къулыкъу щхьэкӀи къыпхуищӀэн щыӀэкъым. Фейдэ щхьэкӀэ


6 Заказ №2595

и напи зытрихыжынукъым, къэзылъхуари игъэукIытэнукъым, езыри и щIэблэм яхуэфащэу зэрыпсэуным хущIэкъу зэпытщ. Алыхьым кърипэсамкIэ арэзыуэ дунейм тетщ нобэр къыздэсым. Аращ абы и Iуэхур щIыдэкIри, цIыхухэм фIыуэ къыщIалъагъури.

Сыхуейщ Заурбэчрэ и щхьэгъусэ Маритэрэ зэкъуэмыхуу зэдэпсэуну, я бынхэм я насып куэд зэдалъагъуну! Уи мурадхэр Тхьэм къыпхузэпищэ, шынэхъыжь. Укъэзылъхуам уахуэфащэщ!

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег,**
*сабий тхакIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор*

## ФIЫ КУЭД ЗЫХЭЛЪ

Жыласэ зэщхьэгъусэхэм, Заурбэчрэ Маритэрэ, еджапIэр къаухыу, редакцэм япэу къыщыкIуам къыщыщIэдзауэ садолажьэ. Абы лъандэрэ илъэс пщIы бжыгъэ ирикъуами, а зэманым Заурбэч дэслъэгъуа хьэлым зыкIи зихъуэжакъым. Ар цIыху зэтетым и нэщэнэщ.

ЛэжьапIэ IэнатIэм зэману щыдгъакIуэр къэплъытэмэ, ди унагъуэм исхэм дазэрыхэтым хуэдизкIэ ди лэжьэгъухэми даригъусэщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, куэд елъытащ уи лэжьапIэ IэнатIэм къыщыбгъэдэтым. Заурбэч хуэдэ чэнджэщэгъу, унэтIакIуэ уиIэныр насыпышхуэщ. И щIэныгъэкIи, акъыл жанагъкIи щапхъэ тхуэхъухэм ящыщ ди лэжьэгъум и деж ущIыхьакIэ, зэи жэуапыншэу укъыщIэкIыжыркъым, зэрызыхуэбгъэза лъэIур къыщыпхуимыщIэ къэхъуркъым.

Журналист IэщIагъэм ухуеджэ къудейкIэ зэфIэкIыркъым, егъэджакIуэ нэсым е актёр цIэрыIуэм яхэлъ хабзэ зэфIэкIым хуэдэ, адыгэм зэрыжиIэу, уи лъым хэту укъалъхун хуейщ. Заурбэч езым и хъэтI зиIэж журналистщ, и тхыгъэхэм ущеджэкIэ занщIэу кърипцIыхуу. КъэхъукъащIэхэм япхроплъыфри, ар щIэджыкIакIуэм къызэрыгурыIуэнкIэ зэпкърыхауэ, езыр Iуэхум зэреплъри къигъэлъагъуэу матхэ.

Заурбэч си щытхъу псалъэ хуэныкъуэкъым, абы и гуащIэм къыпэкIуащ щIыхьыцIэхэри фIыщIэ тхылъхэри. Сэ жысIэну сызыхуейр нэгъуэщIщ. ФIагъ куэд зыхэлъ цIыхущ Заурбэч. Ар зэрылэжьакIуэшхуэм нэмыщI, и гуапагъэмкIэ гуэшэф, зи псалъэр зыгъэпэжыф, гушыIэ дахэ зыхэлъ ныбжьэгъущ.

Щапхъэ зытепх хъун унагъуи зэригъэпэщащ абы. И бынхэр балигъ хъури, унагъуэу игъэтIысыжахэщ. Къэзылъхуахэм зыщIапIыкIа хьэл-щэным хуигъэсащ езым и щIэблэри.

Заурбэч хуащI пщIэр къилэжьыжащ и дуней тетыкIэмкIэ. И напэ емыплъыжу зы лъэбакъуэ ичакъым зыхужаIэм хуэдэщ ар.

Уи лэжьыгъэм къуит гукъыдэжыр уи бынхэм я ехъулIэныгъэхэм ягъэбагъуэу Тхьэм куэдрэ ди япэ уригъэт. СыткIи уефIэкIуэну си гуапэщ, Заурбэч!

**ЩОДЖЭН Иннэ,**
*«Адыгэ псалъэ» газетым и корректор*

МЭШБАЩIЭ Исхьэкъ

# УАФЭНЭ*

*Роман*

## ЕпщыкIубланэ Iыхьэ

*КIыфIми укъыщалъагъу, мэзми ущызэхах,*
*Лъахъэ уимылъми, улъэхъауэ къащохъу.*

Къарэжь и жьэри, и Iэхэри, и лъакъуэхэри пхауэ, кхъухьым ирадзащ. ЩхьэкIи пкъыкIи зэриудэкIыурэ ешри, жейм хилъэфащ. ПщIыхьым хэту хым итхьэлэу къыщыхъуу, и гуIэ макъым къигъэщтэжри, къэушащ, аргуэру блыным щхьэкIэ еуэу, и Iэпкълъэпкъ инымкIэ зриудэкIыу иригъэжьащ.

Нэхущым деж Панучи, цIыхуищ и гъусэу, Къарэжь деж щIыхьэри жиIащ:

– И жьэм жьэдэлъыр къыжьэдэфх.

Къарэжь щIэупщIащ:

– Сыт мыхъуну сщIар сэ? Дэнэ щыIэ Нэпабэ?

– Фи шэрджэс псалъэжьымкIэ уи япэ упщIэм жэуап естынщ: «КIыфIми укъыщалъагъу, мэзми ущызэхах».

– Ар си закъуэкъым, уэри уэхьэлIащ. ЕтIуанэ упщIэм и жэуапыр?

– Лъахъэ уимылъми, улъэхъауэ упсэуну укъызыщIэупщIа Нэпабэ къэлъэIуащи, и лъэIур хузощIэ.

– Напэншэ!.. Абы къызищIар!..

– УкIийкIэ зыри пхузэхъуэкIыжынукъым! – жриIащ Панучи Къарэжь. – Бдзэжьей Iус ухъуну ухуэмеймэ, жытIэр щIэ, Каффэ нэгъуэщI кхъухь ущрагъэтIысхьэнущ.

– Си Iэр пхауэ, лъахъэ силъу, дэнэ сыздэфшэнур?

Панучи дыхьэшхри, Къарэжь жриIащ:

– Кэтэринэ къызэрызэпщэну уи гугъа мылъкум хуэдэ зыкъом къыщызатыну, укъызэрымыкIыжыфыну щIыпIэ уезгъэшэнущ.

– Панучи мылъкупсэ, сэ сыкъыздимыкIыжыфын щIыпIэ дунейм тету уи мыгугъэ!..



## ЕпщыкIуиянэ Iыхьэ

*Жъыгъэ-щIагъэ зимыIэр лIэныгъэрщ,*
*ЛIэм и лъэIу хуащIэжу хабзэщ.*

Лу-Бланэ зыкъызэрищIэжу, Бэчыр и нэпсыр щилъагъум, и Iэ лъэныкъуэмкIэ къиубыдри къелъэIужащ: «Дэнэ щыIэми... Си шыпхъу Кэтэринэ къэгъуэтыж...»

* КIэухыр. ПэщIэдзэр еплIанэ, етхуанэ номерхэм итщ.

Кэтэринэ итальян кхъухьым Каффэ деж щраша пщэдджыжьым Лу-Бланэ зыкъимыщIэжурэ и псэр хэкIащ.

А махуэ дыдэм хы Iуфэм къыщыхъуа тхьэмыщкIагъэр зи нэгу щIэкIа жылэдэсхэм Лу-Бланэ и шыпхъум хуиIэ дэлъху фIылъагъуныгъэм хуэдэ зэрыщымыIар жаIэурэ, ар иужьрей гъуэгу трагъэувэжри, я къуажэкхъэм щыщIалъхьэжащ. Махуэ зыбжанэ нэхъ дэмыкIыу, Къыч хьэ къуэлэнри зейм кIэлъыкIуэжащ. Унагъуэ зрамыгъэщIа Бэчыри и закъуэу унагъуитIым яку къыдэнащ.

## ЕпщыкIубгъуанэ Iыхьэ

*ФIы зыщIэм фIы къыпэщылъщ,*
*Е зыщIэр ем ехъыж.*

Жэщ псом зи напIэ зэтезымылъхьа Кэтэринэ кхъухь икIыпIэмкIэ къыщыIуа псалъэмакъым къыдэтэджащ. Щхьэгъубжэ бгъузэм здыдэплъым илъагъур Лу-Бланэкъым, Бэчыркъым, атIэ Къарэжьщ. И лъакъуэхэм гъущI лъахъэ ярылъщ, и жьэри, и Iэхэри пхащ, езым хуэдиз хъу лIышхуитI ибгъу зырызымкIэ къыщытщ, Панучирэ лIы мыцIыху гуэррэ и ужьым итхэщ.

Кэтэринэ и IэштIым цIыкIухэмкIэ щхьэгъубжэм теуIуэурэ маджэ:

– Лу-Бланэ дэнэ щыIэ?.. Зэхэфхрэ?! Сыт мыбы сыщIыщIэвубыдар?.. ФыцIыхукъэ фэ?..

Панучирэ Григориус зи цIэ урым лIышхуэмрэ Кэтэринэ и гуIэ макъыр къремыдзэу, щхьэгъубжэм блэкIахэщ. Средиземнэ хым хэт Сардинэ хытIыгум кIуэ кхъухьым Къарэжь ирадзэри, Панучи арэзыуэ, Григориус и Iэр иубыдыжри, иригъэжьэжащ. Къыпежьа и лэжьакIуэм еупщIащ:

– Дауэрэ зищIрэ ди черкази уафэнэ пщащэм?

– Ныкъуакъуэщ-ныкъуакъуэри, зиущэхужащ.

– Куэдрэ ныкъуэкъуа?

– ТIэкIурэ.

– Зы сыхьэт, махуэ ныкъуэ?

– Нэхущхэм деж увыIащ.

– СыкъыбогъапцIэ, напэншэ! – щIопщ кIэщIымкIэ Панучи лIым и щIыбым иуэри, щIэгубжьащ: – И Iуэху зыIутыр къысхуэщIэ иджыпступцIэ!

IункIыбзэIыгъым бжэр Iуихри, занщIэу иридзылIэжащ:

– Къамэ цIыкIу иIыгъщ мыбы...

– Дэнэ къыздрихар?.. – Панучи щIэупщIэри, адыгэ пщащэхэм я напэр зэрахъумэ къамэ цIыкIу бгъэщIэпхэм дэлъу къызэрыздрахьэкIыр Къарэжь къызэрыжриIауэ щытар игу къэкIыжащ. Бжэм деж уври, Кэтэринэ зыхуигъэзащ: – Щхьэхуит ухъужыну ухуеймэ, делагъэ умыщIэ, черкази пщащэ. IэпэкIэ дыномыIусэу удутIыпщыжынущ. Укъыдэзыщэну хуеяри хэтми бжетIэнщ...

Кэтэринэ ткIийуэ щIэупщIащ:

– Си дэлъху нэхъыщIэр дэнэ здэщыIэр?!

– Умыгузавэ, куэд дэмыкIыу ухуэзэжынщ. – Панучи тIэкIурэ даIуэри, и гъусэм жриIащ: – Иджы бжэр Iух. – Кэтэринэ къэмэхауэ жыхафэм телът, ибгъукIэ и къамэ цIыкIур щылът. Панучи ар къищтэри, и гъусэ щIалэм унафэ хуищIащ: – Мыр и закъуэу щIэвмыгъэсу, урыс пщащэр гъусэ къыхуэфщI.

Урыс пщащэм и куэщIым илъу зыкъищIэжащ Кэтэринэ икIи щIэупщIащ:

– Уэ ухэт? Си дэлъху Лу-Бланэ дэнэ щыIэ?

Урыс пщащэм и Iэр и бгъэм трилъхьэри, къэпсэлъащ:

– Сэри уэ сыпхуэдэу гъэр сащIауэ аращ, си цIэр Мариещ. Тэн лъэныкъуэм сыкъыщадыгъуащ. Уэ сыт уи цIэр? Зи цIэ къипIуар уи адэ, уи щхьэгъусэ, хьэмэрэ фIыуэ плъагъу щIалэ?

– Сэ сы-Кэтэринэщ, Кэтэринэ... – Лу-Бланэр зэридэлъху нэхъыщIэр IэпэтэрмэшкIэ кърагъащIэщ, иджыри зэ и цIэр жиIэри, Марие зыхуигъэзащ: – Сэ сыкъагъэпцIащ!

Адыгэ пщащэмрэ урыс пщащэмрэ я Iэр зэрыIыгъыу, къалъыса тхьэмыщкIагъэм игъэгуIэурэ дэпкъым кIэрыжеихьащ. Къыщыушыжам, абыхэм къагурыIуащ езыхэр зэрыс кхъухьыр Каффэ кхъухь тедзапIэм зэрыIумытыжыр. Бжэм деж къыщалъэгъуащ лы тыкъыррэ щIакхъуэ Iыхьэ зырызрэ зэрылъ тепщэчымрэ псы кхъуэщынымрэ.



КъыкIэлъыкIуэ махуэм и пщыхьэщхьэм КъуэкIыпIэ Византием и къалащхьэ Константинополь нэсахэщ.

## ЕтIощIанэ Iыхьэ

*Ныбжьэгъур гъуджэщ,*
*Жагъуэгъур нэгъуджэщ.*

Бэчыр а къэхъуам иужькIэ куэдрэ зыкъыхуэщIэжакъым. Махуэ зыбжанэ екIуэкIащ и щхьэр къыхуэмыIэту. Iэмалыншэ мыхъуауэ, унэми къыщIэкIакъым. Иджы Джыраджэхэ я былым хуэIухуэщIэхэр зэфIигъэкIын хуей хъуащ: Къарэжь и шымрэ езым еймрэ, Лу-Бланэрэ Кэтэринэрэ я шыр псафэ ишащ, я Iэпкълъэпкъыр зэщIигъэкIащ.

ПщэдджыжьыпэгуэрымДжыраджэхэ я деж Бэчыр щыкIуэм къилъэгъуащ я шыр шэщым зэрыщIэмытыжыр. Мэлхэри къыIэщIэлъэгъуакъым. ИщIэнур имыщIэу, пщIантIэм джэрэзу здыдэтым, Лашын къэджащ:

– Аращ, Бэчыр, аращ, си щIалэ, Алыхьым зи Iэр пигъэгъукIын дыгъуэгъуакIуэжь гуэрым Джыраджэхэ я лъапсэм псы иригъэжыхьыжащ. Шу мэхъаджэр ныжэбэ къакIуэри, къыпэрыуэн зыдэмыс пщIантIэр ихъунщIащ.

Бэчыр ерагъыу къиIущэщащ:

– Джыраджэхэ я унагъуэр зэрызэтекIуэдэжам сэри си лажьэ хэлъщ...

– Ар дауэ?

– Кэтэринэрэ Лу-Бланэрэ схуэхъумакъым...

– Ара мыгъуэщ, ара мыгъуэщ... «Кэтэринэ схуэхъумакъым» жыпIэу, зумыухыж, Бэчыр. Апхуэдэу хъун хуейуэ Алыхьталэм иуха мыгъуэт. Лу-Бланэ насыпыншэри хым къыхэпхыжа нэужь, и псэр пытыху убгъэдэсыжащ, и нэри зэтеппIэжащ. Муслъымэнхэм зэрыщIалъхьэжым хуэдэу, Алыхьым и пащхьэ ибгъэхьэжащи, Алыхьым и нэфI къыпщыхуэ.

– Кэтэринэ къэзгъуэтыжыну Лу-Бланэ къызэлъэIуащ...

– Ар пхузэфIэкIтэмэ, Бэчыр... Псори зэлъэIуу зыми емылъэIуж Алыхьышхуэм фызэхихащ, Лу-Бланэ и иужьрей лъэIур гъэзащIэ. Ара мыгъуэщ, ара мыгъуэщ... Уигу щыщIэр къызгуроIуэ мыгъуэ.

Лашын и нэпсыр щIилъэщIыкIыу дэкIыжащ, Бэчыр чы бжыхьым бгъэкIэ зытригъащIэри, Джыраджэ зэдэлъхузэшыпхъум къащыщIа насыпыншагъэм гупсысэ куум хидзащ: «Кэтэринэрэ Лу-Бланэрэ я щхьэ кърикIуам си лажьэ зэрыхэлъыр Лашын сэ жесIат, ауэ си шынэхъыжьыр сэ зэрызгъэкIуэдар хэт къыжриIэну пIэрэ, ар зыщIэр Нэпабэ и закъуэщ. – Щыблэр уэри, уэшхыншэ-уэншэу уафэм икIуэдэжащ. – Мы пщIантIэм ныжэбэ къыщыхъуар сыту пIэрэ? Нэпабэ зыIэригъэхьа дыщэ-дыжьын хъушэр фIэмащIэу, мыри ихъунщIауэ пIэрэ?.. Абы игу къэкIауэ хузэфIэмыкIын щыIэкъым. Къарэжьи сэри ар зыхуэдэр къыдгурымыIуэу, ди анэшхуэм къызэрыджиIам хуэдэу, Iуданэ налъитIу мастэнэм зредгъэшащ. Ар Нэпабэ и IэщIагъэмэ, жыжьэ IукIауэ щытын хуейкъым. Дауи, шым тесмэ, ар жыжьэ нэсыфынущ, ауэ мэлхэр Абазэхэм нэс ихун?..»

Чэтри, шэщри, IугъэузэщIыкIа куэбжэшхуэри хуищIыжри, Бэчыр къыдэкIыжащ Джыраджэхэ я лъапсэ зеиншэ хъуам. Унэм къыщыкIуэжым, Къарэжь здекIуэкIыу щыта Хъарет дежкIэ иунэтIащ, хэт ищIэрэ, еупщIыну мурад ищIащ. Куэбжэпэм щыIухьам, зи тхы псыгъуэмрэ пхэщI хъурейiмрэ къэгъэза Хъарет пщIантIэм щыпхъанкIэрт. Бэчыр еджэну хунэмысу, езыр къызэплъэкIри, илъагъур зыхуихьынур имыщIэу, къеупщIащ:

– Уэрауэ пIэрэ Гуащэхужь и къуэр жызоIэ? Екъуу ежьэжа уи къуэш нэхъыжьым и пIэкIэ псэлъыхъу укъысхуэкIуа?

– Сэ Гуащэхужь срикъуэкъым! Си адэм и цIэр Абрэджщ, – жиIащ Бэчыр. – Си шынэхъыжь Къарэжьи зыщIыпIи ежьэжакъым, залымыгъэ ирахащ армыхъумэ...

– Уи Iупэ дахэхэмкIэ къэпIуатэ къомым сыхуэныкъуэкъым сэ! – Хъарет Бэчыр жриIэри, зыхуигъафIэу дыщIигъуащ: – Узгъэтхъэну ухуеймэ, къыщIыхьэ.

– Апхуэдизу си щхьэ пщIэ хуэзмыщIыжу фэ къызумыплъ.

Аргуэру Хъарет Бэчыр хуэгуфIэри жиIащ:

– Бзылъхугъэр къыпхуеймэ, уIэщIэкIын уи гугъэрэ?

Бэчыр и нэщхъыр зэхиукIэри, Хъарет жэуап иритыжащ:

– Си гугъэкъым, сощIэ!

– Апхуэдизу уигурэ уи щхьэрэ щызэтелъкIэ, сыт Джыраджэхэ я пхъум щхьэкIэ уи къуэшым уэрэ фыщIызэныкъуэкъуар? ТIуми фи щхьэр игъэунэзащ абы!

Бэчыр жиIэнур имыщIэу, и щхьэр къыфIэхуауэ, куэбжэпэм къыщыIукIыжым, бзылъхугъэр кIэлъыджащ:

– Зэ къэувыIэ! Сытыт укъыщIэкIуар?

– Ныжэбэ Джыраджэхэ я лъапсэр яхъунщIащ... ЗыгуэркIэ Нэпабэ къыпIэщIэлъэгъуа жысIэри арат...

Хъарет зэуэ нэщхъей къэхъуат, ауэ иужькIэ къыпыгуфIыкIыжащ:

– А зи цIэ къипIуар зэрызмылъагъурэ махуэ зыбжанэ мэхъу. Ауэ, умыщIэмэ, бжызоIэ ари къызэрыстелIэр. Уи къуэш нэхъыжь тхьэмыщкIэм и хьэтыркIэ мы зыр бжесIэнщ: а мэхъаджэм зыщыдзей, фIым ухуишэнукъым.

– СощIэ.

– ПщIэмэ, аращ. Джыраджэхэ я пхъум текIуэдэжа уи къуэшым и лъагъуныгъэм нэхърэ уэ уи лъагъуныгъэр зэрынэхъ пэжыр къызгурыIуащ. Ауэ сыт и мыхьэнэж зэкъуэшитIыр фызытеунэхъуа лъагъуныгъэр уигу ибгъэлъкIэ. Хэт ищIэрэ, укъысхуей хъумэ, къыкъуэкI. ЛIы хамэ гуэрым игу жьы дезгъэху нэхърэ, сцIыхуу щыта лIы пкъыфIэм и къуэш щIалэ гурыхым игу хэзгъахъуэмэ нэхъ къэсщтэнущ. – «Уи шынэхъыжьыр жылэм щыдэмысыжкIэ, Нэпаби къысхукъуэкIынкIи мэхъу...» – гукIэ кIэлъыжиIэжащ.

Бэчыр, зэхиха напэтехым ириукIытауэ, Хъарет и бжэIупэм къыIукIыжащ.



Гъатхэ дыгъэ хуабэр уафэ джабэм къыкIэрохьэ, молэ Мачыхъу и азэн джэ макъ псыгъуэри жылэм щхьэщытщ.

КъуажэбгъумкIэ, цIыху нэхъ здэщымыIэ лъэс лъагъуэмкIэ, екIуэкIыжри, Бэчыр я деж кIуэжащ. Къэсыжыху егупсысащ и къуэш нэхъыжьым и щIасэу щыта Хъарет къыжриIахэмрэ езым жриIэжахэмрэ. Андез зэрищтэну къубгъаныр игъэхьэзырщ, къамылым къыхэщIыкIа нэмэзлыкъри ЧэбэмкIэ гъэзауэ жыхафэм щигъэтIылъри, къуажэ мэжджытым зэрыщащIым хуэдэу, и IэгушхуитIыр и бгъэгум щызэтелъу, нэрымылъагъу, ауэ гукIэ зыхищIэ Алыхьым зыхуигъэзащ: «Бисмиллахьи рэхьмани рахьим» хьэрыпыбзэкIэ къыщIидзащ, Алыхьым хуэгъэза къулъхуолэри къибжащ. «Алыхьыр закъуэщ, абы дыкъехъумэ. Ар къалъхуакъым икIи езыри лъхуэркъым, пэхъуни щыIэкъым». Лъэгуажьэмыщхьэу тIысыгъуэ-тэджыгъуэ зыбжанэкIэ нэмэз щIыныр щиухым, Алыхьым елъэIуащ: «Уи нэфI къысщыгъахуи, къыздэIэпыкъу, си Алыхь лъапIэ. Си шынэхъыжъ Къарэжь есщIари къысхуэгъэгъу. Ар щIэсщIа, уи диныр къэзыщта Кэтэринэ зэ нэхъ мыхъуми сыIугъэплъэж, уи деж нэзыгъэзэжа и дэлъху нэхъыщIэ Лу-Блани уи жэнэтыбжэр хузэIух. Уи къару хэлъхьи, ар къызэрызэлъэIуар къызэгъэхъулIэ».

Нэмэз нэужьым Бэчыр и гур нэхъ сабырауэ, Лашын и дыгъуасэрей шыпсым щыщу къэнар игъэхуэбэжри, шэджагъуашхэ ищIащ, и щхьэм къизэрыхьа гупсысэхэр зытригъэкIуэну хуэмейуэ, ичынды нэмэзыр къэсыху, пщIантIэм Iуэху гуэрхэр щищIащ. Шэщым щыщIыхьэм, Къарэжь и шыр нэбгъузкIэ къыхуеплъэкIыу къыщыхъуащ, иужькIэ щыщащ.

– ПцӀэгъуэплъ, апхуэдэу ней-нейуэ укъызэмыплъ. Уэ уанэгукӀэ къепхьэкӀар, зымахуи зэрыбжесӀащи, сэ си шынэхъыжьщ. СщӀамкӀэ сыщӀемыгъуэжауэ щыткъым... Ауэ, итӀани... – Бэчыр афӀэкӀа хужымыӀэу, и тэмакъыр щиубыдыкӀащ.

Дыгъэм и егъэзыхыгъуэ зэрыхъуу, Бэчыр андез ищтэри, ичынды нэмэзым ирихьэлӀэу мэжджытым кӀуащ. ЛӀыжь зыхыблым я ужь иувэри, нэмэзыр ищӀащ, щаухым молэ Мачыхъу Бэчыр къеупщӀащ:

– Сыт, Алыхьым и нэфӀ зыщыхуэн Бэчыр, уи Ӏуэху зытетыр?

– Хы Ӏуфэм къыщыхъуа гузэвэгъуэм иджыри зы мыхъумыщӀэ къыкӀэлъыкӀуащ – Джыраджэхэ къащӀэна тӀэкӀур ныжэбэ зэрапхъуащ.

– СощӀэ, сигу къеуащ. ЖытӀэнури тщӀэнури тщӀэркъым. Ар хэт ищӀами, Алыхь лъапӀэу лъагэм къыхуигъэгъунукъым, ипшыныжынущ. Сэ къызгурымыӀуэр Къарэжь къарууфӀэм апхуэдэу тыншу къызэрыпэлъэщаращ.

– КъагъэпцӀащ ар.

– Ы-ы! Панучи къэзыгъэпцӀар?

– Панучикъым, Нэпабэщ.

– Субхьаналыхь, субхьаналыхь, ара къэхъуар! Сэ, и ныбжьэгъур зэрыхуэмыхъумар фӀэемыкӀуу, къыздикӀа лъэныкъуэм кӀуэжа сфӀэщӀащ. А Ӏиблисым зэрыжылэу къыдищӀам еплъ! Ара-тӀэ Джыраджэхэ я щӀэиныр зэзыпхъуэжар?

– Щыхьэт сиӀэкъым. Ауэ дзыхь хуэсщӀыркъым.

– А шейтӀаным дзыхь хуэпщӀ хъурэ?! ХуэпщӀми, Алыхьталэм къыпхуидэнкъым, дэри, Абы и Ӏумэтхэм, пхуэддэнукъым. НтӀэ, сыт, дунейр къэзыгъэщӀа Алыхь лъапӀэу лъагэм и цӀыху Бэчыр, уи шынэхъыжьым теухуауэ уи мурадыр?

– Нэпабэ Ӏиблисым и унафэ Алыхьым ищӀынщ, Мачыхъу. Сэр фӀэкӀа зимыӀэ си къуэш закъуэр Ӏэмалыншэу дауэ къэзгъэнэн, сылъыхъуэнщ жызоӀэ.

– Алыхьыр арэзы зыхуэхъун Бэчыр, сэри сыпхуэарэзыщ. Уи шынэхъыжьми Джыраджэ зэдэлъхузэшыпхъуми гущӀэгъу уазэрыхуиӀар богъэпэжыжыр. Дэ, зэрыжылэу, гъуэгупщӀэ пхуэхъун тӀэкӀуфэкӀухэмкӀэ дыппэӀэбэнщ.

– Тхьэм фигъэпсэу, гъуэгупщӀэ къызыщӀэсхын шитӀи мэли ди пщӀантӀэм дэтщ, – Бэчыр Нэпабэ зэрыдэгуэшам хуэдиз дыщэ-дыжьын зэриӀэр молэ Мачыхъу жриӀакъым. Лу-Бланэ и иужьрей лъэӀури щибзыщӀащ.



## ТӀощӀрэ езанэ Ӏыхьэ

*Хъыбар нэпцӀым уегъэщхъэрыуэ,*
*Зэ укъэзыгъэпцӀам етӀуанэуи укъигъэпцӀэнщ.*

Европэ, Азие лъэныкъуэхэмкӀэ, Константинополь тӀууэ зыгуэш Босфор хытӀуалэм и уэр жьгъейхэм Панучи еплъурэ и

щхьэ хужиIэжащ: «Каффэ нэпсейм си пщащэ гъэрхэр щысщэу, закъызэрезмыгъэгъэпцIар фIыуэ сщIащ. Къару делэ зиIэ Къарэжь уасэ мащIэ фIэкIа къыщIэзмыхами, Григориус урым тхьэгъэпцIым зэресщамкIэ сыщIегъуэжыркъым. Сэри си кхъухьым исхэри дэгу дищIат абы и кIий макъым. Константинополь и бэзэр гъэрхэр щащэм къыщызэдэуащ урым хьэрэмыжьхэр!.. Абыхэм нэхърэ зыкIи нэхъыфIкъым хьэрыпхэмрэ албанхэмрэ... КъыпхуэгуфIэ-къыпщытхъу защIурэ, тыркухэми, ермэлыхэми, курдхэми укъагъапцIэ...»

Дарданел дэкIыпIэм дэсыкIри, Средиземнэ хым тету махуэ ныкъуэкIэ кIуауэ, кхъухь жыхафэ дыгъапIэм щызэхэс пщащэ гъэрхэм Панучи яблэкIри, Кэтэринэ еджащ:

– Мо хытIыгур плъагъурэ, черкази пщащэ?

– СыткIэ сыхуей сэ абы?! – Кэтэринэ Панучи хуэгубжьащ.

– Дауи, ухуейщ! Ар Сардинэ хытIыгурщ... Уи псэлъыхъу Къарэжь щопсэу иджы абы... – Панучи къыщыдыхьэшхри, къыдыщIигъуащ: – Ухуеймэ, уэри ущидгъэтIысыкIынщ мыбдеж.

Кэтэринэ и фэр зэуэ пыкIащ. Марие абы къеупщIащ:

– Хэт абы зи цIэ къриIуар?

– Зи гугъу пхуэсщIа Бэчыр и къуэш нэхъыжьращ, пщIэжмэ... Къарэжь и гугъащ сэ сыкъигъапцIэу, ауэ езым и щхьэращ къигъэпцIэжар.



## ТIощIрэ етIуанэ Iыхьэ

*Е пщIауэ, фIым ущымыгугъ,*
*IэфракIэр благъэми, уедзэкъэжыфыркъым.*

Жэщыр зи кIыхьагъым, зэзэмызэ щхьэукъуа мыхъумэ, жейр и нэ къемыкIуэу, емызэгъыу хэлъащ Къарэжь. Пщэдджыжьышхэ ирагъэщIа нэужь, и гур тIэкIу нэхъыфI къэхъуами, кIыщ уадэшхуэ хуэдиз хъу и IэштIымхэмкIэ бжэм теуIуэурэ джащ:

– Дэнэ щыIэ урымыр?.. Къысхуэфшэт иджыпсту!

Григориус бжэр щыхуIуахым, и гъусэхэм яжриIащ:

– И лъакъуэхэм хуэдэу, и Iэхэри фыпхыт мыбы!

Зи IэшхуитIыр япха Къарэжь Григориус жриIащ:

– Панучи генуезыр Панучи генуезщ, ауэ урымхэмрэ адыгэхэмрэ ижь-ижьыж лъандэрэ къызэрызэдэгъуэгурыкIуам и хьэтыркIэ, мыпхуэдэ къызэпщIэну сыпщыгугъакъым.

– Сытыт-тIэ уэ узыхуеяр?

– ДызэрымыцIыху хуэдэу зумыщI. Дэнэ щыIэ уи цIыхугъэр?

– АбыкIэ уэ зэупщIыж. Сатур цIыхугъэкъым – мылъку хэхыпIэщ.

– ПщIэрэ, сатуущIэжь, зэгуэрым уэрэ сэрэ дызэхуэдэу щытащ, ауэ иджы, си Iи, си лъакъуи пхауэ, уи пащхьэм сисщ. Сэ сылъэсщ, уэ ушущ, щхьэхъумэхэри уиIэщ.

– Нэхъ кIэщIу жыIэ.

– Щэху гуэр бжесIэнут, ауэ мобыхэм дызэхахыну сыхуейкъым.

Езы тIур я закъуэу къыщынэм, Григориус, Къарэжь и щэхур къищIэным хуэпIащIэу, щIэупщIащ:

– Сыт хуэдэ щэху уэ уиIэр? ЩIэх уи щхьэр къыфIэхуащ. УкъыздимыкIыжыфын щIыпIэ щымыIэу жыпIэу щытати...

– Къамэри зэзэмызэ дзагуэ мэхъу.

– Щхьэщытхъунми урегъэзэш.

– Апхуэдэфэ къызэпплъу ара?

– УкъыщысцIыхуа махуэм щегъэжьауэ, – Григориус ар жиIэри, и гъусэхэм захуигъэзащ: – Шэнт къысхуэфхьи, сывгъэтIыс. Мыри щывмыгъэту, вгъэтIыс.

Шэнт щхьэгуэр зи пащхьэ ирагъэува Къарэжь щхьэхуитыншэм и лъакъуитIыр зэтедзарэ къызыфIэщIыжауэ щыс Григориус жриIащ:

– Сыпхауэ уи пащхьэ сисыныр зыхуэбгъэфащэмэ, сытIысынщ.

– Уи Iуэху зытетыр иджыри къыбгурымыIуауэ ара уэ?

– Уи кхъухьым сыпхауэ сисщ, хым сытетщ, уи пащхьэ ситщ.

Къарэжь Григориус егийри, игукIэ жиIащ: «КъызищIэну хузэфIэкI къигъэнакъым, иджы къысщIонакIэ... Панучи ещэ, мыбы къещэху. Ауэ мы тIум сакъыIэщIэзылъхьар хэту пIэрэ? Джыраджэхэ япхъуращ жысIэнути, сэ схуэдэу ари щхьэхуитыншэу Каффэ дыкъэсыху кхъухьым исащ, и дэлъху нэхъыщIэри хым зэрыхадзэр слъэгъуащ... – Махуэ бжыгъэ лъандэрэ Къарэжь и щхьэм имыкI гупсысэхэр иджыри къыфIыдэвеижащ: – Нэпабэ дэнэ здэщыIэр?.. Сыт ар нэпкъым къыщIытенар?.. Бэчыр-щэ?.. Абы есщIар уафэгум зыгъэзэжа си анэшхуэм къысхуигъэгъуну пIэрэ? Си къуэш тхьэмыщкIэ... И закъуэ дауэ псэурэ ар иджы?.. Абы нэмыщI зигу сыкъэкIын дэс Жылэжь? Хъарет фэрыщIым и жэщгъуэлъхэр и тегъэупIэу аращ... Си ныбжьэгъуу си гугъа Нэпабэ къызэпцIыжауэ ара?..»

Къарэжь и гупсысэ къомым Григориус къыхишащ:

– Си пащхьэ уис щхьэкIэ, жыжьэ ущыIэщ. Уи щэхур къызжеIэ.

– Сыкъызэрыпщэхуам хуэдищ хъу мылъку уэстмэ, щхьэхуит сыпщIыжын?

Григориус ину дыхьэшхащ:

– Апхуэдиз мылъку уэ дэнэ къипхыну?

– Ар сэ си Iуэхущ.

Григориус нэрылъагъуу Къарэжь щыдыхьэшхри, еупщIащ:

– Уэ узэщхьыр пщIэрэ?

– КъызжепIэмэ, сщIэнщ.

– КъедаIуэ абы щыгъуэм. Мэзым щIэс хьэкIэкхъуэкIэхэм япщ Аслъэныр щакIуэ кIуэуэ, дзыгъуэм и гъуэм теуващ. Дзыгъуэм ар къыщилъагъум, пщым егуоуащ: «Уэ насып уиIэти, а гъуэм сэ сисакъым!» – «Уисамэ, сытыт пщIэнур?» – «А гъуэм уислъэфэнти, зыц къыптезмынэу уисфыщIыхьынт». Аслъэным абы зыри пимыдзыжу, и гъуэгу техьэжащ. Аслъэным и лъакъуапIэм Дзыгъуэр еплъри, и щхьэ хужиIэжащ: «Мыр зи лъакъуапIэм сызэрепсэлъар мы мэзым щIэсхэм зэхахамэ, къысщышынэнти, зэбгрыжынт».

– Сызэрыбгъэлъэхъшэн хъыбарщ къысхуэпIуэтар... – жиIащ Къарэжь. – Iубгъэн зытемылъхэм уигу ебгъэкIэ узэхащIыкIынукъым. Уэри Панучи хуэдэхэри зыкъыщыфцIыхужыну хъыбарым къедаIуэтIэ... Зэгуэрым а хьэкIэкхъуэкIэхэм япщ Аслъэныр сымаджэ хьэлъэ хъуащ. Мэзым щIэс псори щIэупщIакIуэ хуэкIуащ абы, ауэ Бажэр яхэтакъым. Абы и щIыхуэр джэдхэм къаIихыжыну ежьат.

Махуэ гуэрым Дыгъужьыр Аслъэным деж щIэупщIакIуэ кIуауэ, мыпхуэдэу жриIащ: «Ди мэзым хэс хьэкIэкхъуэкIэхэм, зиусхьэн, фIыуэ укъалъагъу, пщIэшхуэ къыпхуащI. ЩIэупщIакIуэ къыпхуэкIуахэм ялъэкI къагъэнакъым, ауэ зыгуэрым укъыфIэIуэхуакъым икIи къыплъыгъуэзакъым». – «Хэт ар?». – «Бажэращ». – «Ы-ы! Абы хуэфащэр есщIэнщ сэ!»

Дыгъужьымрэ Аслъэнымрэ зэжраIахэр ЩIыIубым зэхихати, Бажэм хуиIуэтэжащ. Адрейр ежьэри, сымаджэм деж кIуащ. «Сыт уэ сэ нэхърэ нэхъыщхьэ Iуэхуу уиIар? Сыт адрейхэм я гъусэу щIэупщIакIуэ укъыщIысхуэмыкIуар?» – «Ди пщышхуэ лъапIэу зиусхьэн, уэ укъысфIэмыIуэхумэ, хэт къысфIэIуэхун! Уэ уи Iуэху зесхуэти, аращ иджыри къэс уи деж сыкъыщIэмысыфар. Адрейхэми хуэдэу, сэри сыпщIэупщIэфынут, ауэ ар сыткIэ сэбэп къыпхуэхъунут... Уи Iэзэгъуэ зыхэлъыр къэслъыхъуэнщи нэхъыфIщ, жысIэри, сежьащ, Iэзэхэм сахуэзащ». – «Къэбгъуэта-тIэ си Iэзэгъуэ зыхэлъыр?» – «Къэзгъуэтащ. Дыгъужьым и лъакъуэ ижьым хэлъ кIэныр къыхебгъэхрэ пшхымэ, ухъужынущ».

Аслъэным и унафэкIэ Дыгъужьым и лъакъуэм кIэныр къыхахри, пщым ирагъэшхащ. ЛъакъуищкIэ Дыгъужьыр я деж кIуэжу Бажэм щилъагъум, еупщIащ: «Сыт къыпщыщIар, Дыгъужь?» – «Е пщIауэ, фIым ущымыгугъ», – къыжриIащ.

КъыбгурыIуа, урым, мы таурыхъыр щIыжысIэжар?

– Си хъыбарыр къызэрыбгурыIуам хуэдизкIэщ а уэ жыпIари къызэрызгурыIуар. Сыт иджыри?

– Зыри. Зи гугъу пхуэсщIа мылъкумкIэ уарэзымэ, хъарзынэщ, пфIэмащIэмэ, иджыри ныпхущIызогъури, ди Iуэхур абдеж щыдоух.

Григориус аргуэру ауан хэлъу къыпыгуфIыкIащ:

– Ар дауэ!.. УIэнэщI-жып нэщIщ уэ...

– Ар иджыпстущ. Сыкъыздипша Каффэ дыгъэгъэзэжи, си къуэш нэхъыщIэ Бэчыррэ си ныбжьэгъу Нэпабэрэ яз къысхуэшэ. Си мылъкур здэщылъыр яжесIэнщи, ар къысхуахьмэ, уи Iыхьэр къыпIэрыхьэнщ. Сыт нэгъуэщI узыхуейр?

– Зи гугъу къысхуэпщIаитIым дзыхь яхуэпщIрэ уэ?.. Ущымыуэу пIэрэ?.. Егупсыс.

– Мы жыпIэр сыт?! Нэпабэ хамэщ, и гум илъри къыпхуэщIэнукъым, ауэ си къуэш нэхъыщIэ закъуэ Бэчыр дзыхь хуэзмыщIынуи!.. – Къарэжь, губжьауэ, и IэпкълъэпкъышхуэрзэридзэукъыщылъэтущытIысыжым, зытеса шэнтыр зэпыщIыкIащ.

– Апхуэдэ зыгуэр къызэрыпщыщIынур сщIэрт сэ... – жиIэщ щIыIэ-щIыIэу Григориуси, езымрэ Панучирэ зэдащIэ щэхум и щхьэр тримычу, къэтэджри щIэкIыжащ.

## ТIощIрэ ещанэ Iыхьэ

*Зи нэгур хуитыр, зи гур къабзэр*
*Лъагъуныгъэм къыщигъапцIэ щыIэщ.*

Панучи и кхъухь Средиземнэ хы къэукъубеям жэщ псом зэридзар хуэму Генуе хытIыгум дохьэ. Жыжьэу уплъэмэ, уэс зытемылъ Апеннин бгы лъахъшэ зэбгъурытхэр къолъагъуэ, мыдэкIэ мывэ унэ хужьхэр итщ. Я инагъ-цIыкIуагъкIэ зэхуэмыдэ кхъухьхэр нал теплъэ зиIэ хытIыгум щызэхэтщ, нэгъуэщIхэри Iузэвым къыдокI, дохьэж.

– Генуе дыкъэсащ, – жиIащ Кэтэринэ.

– Дэнэ щыпщIэрэ? – щIэупщIащ Марие.

– Ди хъумакIуэхэм зыдгъэхьэзырыну ауэ сытми къыджаIакъым.

– Арамэ, мо къэлъагъуэр Генуе жыхуаIэращ-тIэ. – Марие Кэтэринэ хуэгуфIэри, къызыхэкIа урысхэм абы и цIэр зэрыжаIэм хуэдэу жиIащ: – Екатеринэ, Катя, сыту упщащэ губзыгъэ!

– Зи цIэ жаIэу зэхэсха щIыпIэм и цIэр жысIэжа къудейуэ аращ сэ, – жиIащ Кэтэринэ. – «Екатеринэ», «Катя» цIэхэр дахэщ икIи жыIэгъуафIэщ, ауэ си анэмрэ си адэмрэ, си дэлъху нэхъыщIэр къызэрызэджэу щыта КэтэринэмкIэ укъызэджэмэ, нэхъ къэсщтэнущ. Абы щыгъуэм сэ сщыгъупщэнукъым сызыщыщ адыгэ-шэрджэс лъэпкъым и бзэр, сигу илъ зэпыту щытынущ.

– Укъызогъэгугъэ. Ауэ зэзэмызэ къыхэзгъахуэ хъумэ, къысхуэгъэгъу.

– ДызэгурыIуащ. Иджы зэпэIэщIэ дамыщIамэ арат.

– Iейм уемыгупсыс, Катеринэ!

– Сэ сыхуейкъым дызэфIэкIуэдыну, уэ иджы шыпхъу усхуэхъуащ. – Кэтэринэ жиIэри, тIэкIурэ щыму щысащ, иужькIэ Марие зэхихыу и щхьэ хужиIэжащ: – Панучи жыхуиIа Сардинэр мы дыздашэм пэжыжьэу пIэрэ?..

– Сыт ар зэрыпщIынур?.. – Марие зэхихар игъэщIэгъуащ. – Уэ жыпIатэкъэ Сардинэм ухуэмейуэ... Е Къарэжь абы зэрыщыIэра?..

– СщIэркъым... Ари дэ тхуэдэу гъэру аращ... Си лъэпкъэгъущ, дауэ щымытми... А узэгупсысаракъым ар... Сэ си гугъапIэр зы цIыху закъуэщ – си дэлъху нэхъыщIэ Лу-Бланэщ.

– Бэчыр-щэ?.. «Лъагъуныгъэр мафIэм хуэдэщ» жызыIар уэракъэ?..

– Лъагъуныгъэм уегъэхуабэ... Ауэ ар зэщIумыгъэстыжмэ, ункIыфIыжынурэ яжьэ хъужынущ. Лъагъуныгъэри цIыхуфIым ещхьщ, гъэпцIэгъуафIэщ.

## ТIощIрэ еплIанэ Iыхьэ

*Ахэр зы анэ къимылъхуами,*
*ТхъэмыщкIагъэм зэшыпхъу ищIащ.*

Генуе гъэрхэр щащэ и бэзэрырщ... Гъэр щащэу дэнэ щыIэ бэзэрри аращ: гъэр ящI, щащэху, щащэж.

ЩIылъэм къыщыхъур гъэмахуэ дыгъэм игу къеуэу, уафэгум къодзэкъыкI.

IитIкIэ быдэу зэрыIыгъ гъэр пщащитIым Панучи яжриIащ:

– Фыщымыгугъ тIури фызэгъусэу фащэхуну. ЗэрывжесIащи, зырызу фызощэри, сэ си Iуэхур абдеж щызоух.

Кэтэринэрэ Мариерэ я Iэхэр иджы нэхъ быдэжу зэрыубыдащ. Ауэ япэу къыIухьа щэхуакIуэ лIым и упщIэм щыгуфIыкIахэщ:

– Мы тхьэIухудхэм, синьор, дапщэ я уасэр?

– Зырызмэ, нэхъ лъапIэщ, тIури зэгъусэмэ, нэхъ мащIэщ хуэзэр.

– Зэхэпхрэ, Пьеро, мыбы жиIэр? – илъэс тIощIрэ щырэ хуэдиз зи ныбжьын щIалэ щхьэпэлъагэм Антонио къеджэри, жиIащ: – ТIури къыдощэху.

А махуэ дыдэм зэадэзэкъуэр, адыгэ пщащэмрэ урыс пщащэмрэ я гъусэу, Флоренцие гъуэгум техьахэщ.

## ТIощIрэ етхуанэ Iыхьэ

*Лъагъуныгъэм гухэщI къыпхуехь,*
*Ауэ уи гугъэр хэпхыж хъунукъым.*



Шы тIурытI зыщIэщIа гухэр зэкIэлъхьэужьу зэрыкIуэрэ зы сыхьэти блэкIащ, зи пщтырагъыр нэхъ махэ хъуа дыгъэри йотIысэх. Япэ ит гум зэадэзэкъуэр исщ. Антонио и сэмэгурабгъумкIэ Пьеро къыбгъэдэсщ. Зи напIэ Iувхэр едзыха и адэм щIалэр мащIэу хуоплъэкI, иужь ит гум ищI макъым щIодэIукI.

Пьеро и гум щыщIэр зыхэзыщIа Антонио, и напIэр зэредзыхауэ, и къуэм жреIэ:

– Псори хъарзынэщ, Пьеро, умыгузавэ. Уи нотариус Iуэху зэфIэпхахэм тIэкIу срагъэзэшами, сыпхуэарэзыщ.

– Грацие, падре, укъэзгъэукIытэнкъым.

– Сэ си закъуэкъым. Уи анэри, уи шыпхъу Виоланти, уи шынэхъыщIэ Франчески аращ. Зэрылъэпкъыу куэдкIэ дыпщогугъ.

Зэхиха псалъэхэр Пьеро и гуапэ хъуами, абы игури и щхьэри здэщыIэр иужь ит шыгуращ. Зэ зэплъэкIащ, ауэ ар иримыкъуу, аргуэру зэ плъащ. Ещанэ зэплъэкIыгъуэм и адэр, и напIэр зэрызэтелъу, къеупщIащ:

– Апхуэдизу узыхуеплъэкIхэр дауэ щыт?

– Ди яужь иту къокIуэ. Сыт щIыжыпIэр?

– Уахуэгузавэу къысщохъу... ФIыуэ бощIэ, ахэр гъэрми, цIыхухэщ... – Антонио тIэкIу щыму щысри, къыпищащ: – ЦIыху щэным къезгъэкIуркъым, къасщтэркъым сэ ар!.. Сэ езыр сащэу сыкъащэхужауэ къысщохъу...

Пьеро и адэм зыхуегъазэ:

– Апхуэдэу жыпIэ щхьэкIэ, зищIысыр умыщIэ пщащитI къэпщэхуащ...

– Сыт щIэзмыщIэр? Къызэрысщэхуа тхылъымпIэм я цIи, зыщыщ лъэпкъхэри итщ. Пщащэ къуапцIэ нэгухур Черказым щыщщ, Катеринэщ и цIэр, адрей пщащэ сырыхур, Мариер, Русым щыщщ. Сыт иджыри пщIэну узыхуейр? Зэт, зэт, Пьеро, а тIум яз уигу иримыхьауэ пIэрэ уэ?.. – гушыIэ хуэдэу, къеупщIащ адэр.

– Хьэуэ, хьэуэ... Нобэрей махуэм шхауэ къыщIэкIынкъым ахэр... – зи цIэ зэхиха пщащэ къуапцIэ нэгуху дахэу уафэнэ зиIэр и нэгум щIэту, Пьеро жэуап иритыжащ и адэм.

– Сэри сегупсысащ а жыхуэпIэм, ауэ уэста упщIэм укъыщIигъэуIэбжьаращ къызгурымыIуар... Абы гъэщIэгъуэну зыри хэлъкъым. Хъыджэбзхэм удахьэхыу, иджыри къэс гу плъыстатэкъым. Сэ илъэс щэщIым сыфIэкIауэщ унагъуэ щызухуар. Ауэ ар сэращ, дэ апхуэдэ зэманщ дыщыпсэуар. Фэ фи лъэхъэнэр нэгъуэщIщ, фэ пщэдейрей махуэм фыхуэплъэу фопсэу. – Гублащхьэдэсым и дамэм башыпэмкIэ теуIуащ сэр Антонио: – Мо хьэщIэщым деж къыщыгъэувыIэт. Пщыхьэщхьэшхэ щытщIынщ, жэщми зыщыдгъэпсэхунщи, пщэдджыжь ди гъуэгу дытехьэжынщ. Узыхуэгузэвахэр зыхуей-зыхуэфIхэр, Пьеро, уэ зэфIэгъэкI. Умыгузавэ ахэр щIэпхъуэжынкIэ. ЩIэпхъуэжми, щIегъуэжынущ: дэ ди унагъуэм хуэдэ ягъуэтынукъым абыхэм.

Пьеро къыхуэщIэжыркъым и адэмрэ езымрэ апхуэдэу и щхьэр течауэ зыгуэрым тепсэлъыхьауэ. Антонио езым зэхихыу, «гъэр» псалъэр зыми жиIэу идэртэкъым. Оливэ, жызум къыпычыжыгъуэхэм деж пщIэкIэ игъэлажьэ цIыхухэм «лIыщIэкIэ» еджэртэкъым ар, «лэжьакIуэ жанхэр» жиIэу фIэкIа. Пьеро къыгурыIуэркъым пщащэхэр и адэм къыщIищэхуар, дяпэкIэ яхуимурадри ищIэркъым. «Гъэр щащэ бэзэрым дытехьэну ди мурадакъым дэ. ДыблэкIрэ пэт ди адэм ириIуэнтIэкIащ а лъэныкъуэмкIэ. Япэу къыжраIа уасэмкIэ къищэхуащ тIури. Иджы ахэр зыхуей хуэзгъэзэну къыспеубыд, «ахэри цIыхущ, зыхуейхэр яхуэщIэ» къызжеIэ. И шыфэлIыфэкIэ си адэр пхъашэу къыпщыхъуми, гущIэгъу хэлъщ, пщIэшхуи яхуещI цIыхухэм. Уахэмыдэфыну дахэщ пщащитIри, ауэ уафэнэ къуапцIэ нэгухур... Сыт мы сызэгупсысхэр?..»

Антонио и къуэм зыхуигъэзащ:

– Сыт апхуэдизу узэгупсысыр? Сэ си Iуэху зумыхуэу, мо хъыджэбзхэр зыхуэныкъуэр яхуэщIэ.

И адэр щыжеину пэшым пэжыжьэу, Кэтэринэрэ Мариерэ пэш къахуищтащ Пьеро. Сыхьэт пIалъэ зыкIэлъыплъыжыну яритри, пщащитIыр пщыхьэщхьэшхэ ишащ. Щыми IэпэтэрмэшкIэ я цIэхэр зэжраIащ. Пщащэхэр я закъуэ гупсэхуу шхэну, езыр нэгъуэщI Iэнэ тIысыну щажриIэм, Кэтэринэ итальяныбзэм щыщу зригъэщIа псалъэ закъуэр жиIащ:

– Грацие.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм ахэр Флоренцие щынэсым, Пьеро и адэм елъэIуащ:

– Мо гум исхэм гъусэ захуэсщIыну хуит сыкъэщI. Ахэр иджы щыпсэуну щIыпIэм нэIуасэ хуэсщIынхэщ.

– Хъарзынэщ, я бзэр къыбгурыIуэмэ... – Антонио дыхьэшхри, Пьеро хуит ищIащ икIи жриIащ: – Флоренциеракъым икIи Винчикъым, атIэ Анкианэщ дыздэкIуэр.

Пьеро щылажьэ IуэхущIапIэр зыдэт Винчи  и сэмэгумкIэ шэджагъуэ нэужьым щыблэкIым, бгылъэм хэт Анкианэ жылэр къэлъэгъуащ, икIи жыгхэм къахэщ унэ хужьышхуэм Кэтэринэрэ Мариерэ гу ялъригъэтащ Пьеро:

– Мес мо унэр зыдэтращ ди лъапсэр, фыдогъэблагъэ.

Пьеро жиIа псалъэхэм къарыкIыр пщащэхэм къагурымыIуами, ар зэрыпсалъэ гуапэр зыхащIэри, пыгуфIыкIахэщ. Антонио къыпежьа и къуэ нэхъыщIэ Франческэ IэплIэ иришэкIри, и щхьэгъусэ Лючиерэ ипхъу Виолантерэ яжриIащ:

– Мо пщащитIыр пщIантIэм дэвмыгъэту, унэм щIэфшэ.

Генуе кхъухь тедзапIэм къыщащэхуа  пщащитIым теухуар Антонио кIэщIу зэфIигъэкIами, зэгурыIуэ-зэдэIуэжу псэу унагъуэр сыхьэт зыщыплIкIэ щысахэщ зэIущащэу, зыр зым еплъыжу. Ар Виоланте пхъу гъэфIэным къыпкърыкIауэ арат. ПIэр щыхуищIыжым ар еупщIащ и анэ Лючие:

– Сыт папэрэ Пьерорэ къытхуаша пщащэ бзагуитIыр зищIысыр, гуфIэ фIэкIа, яжетIэр къагурыIуэркъым, къыджаIэр зэхэтщIыкIыркъым.



– Уи адэм жиIар зэхэпхакъэ... Зэрыгъэрыр жиIащ...

– Гъэрмэ, я пIэ иресыж, ди унэм щыдгъэхьэщIэн хуейуэ ара?.. Плъагъуркъэ, Пьеро и щхьэр ягъэунэзауэ къазэрыпижыхьыр...

– Виоланте, – и пхъум жиIэм гукIэ арэзы техъуэми, макъ ткIийкIэ жриIащ, – гущIэгъуншэу ущымыт. Абыхэм я пIэ уитамэ, сытыт пщIэнур? Мы Iуэхум уэ ухэмыIэбэ. Уи адэр лIы Iущщ, хэкIыпIэ къахуигъуэтынщ. НэхулъэфI укъикI, си пщащэ дахэ.

Пщыхьэщхьэм зэанэзэпхъум зэжраIахэр Антонио зэхиха хуэдэ, пщэдджыжьышхэ къыхутезыгъэувэ Виоланте жриIащ:

– Уи анэм къеджи, моуэ фыкъэтIысыт, ди хьэщIэхэм ятеухуауэ дызэпсэлъэнущи.

– Пьеро сыкъеджэну?

– Хьэуэ. Ар Винчи ирекIуэ, нотариус Iуэхухэр зэфIигъэкIын хуейщ. Сэ вжесIэнум щыгъуазэщ ар. – Антонио жьакIэху мыкIырым и пащхьэ иригъэтIысхьа и фызымрэ и пхъумрэ кIэщIу яжриIащ: – Нэжэбэ ди деж щыIа пщащитIым сигу ящIэгъури, гъэр щащэ бэзэрым къыщысщэхуащ. ТIэкIу ягу къызэрыгъуэтыжыху, фщIэр къывдащIэу, жыфIэр къывдыжаIэу, къывдрепсэу.  ХабзэкIэ я щхьэр къахуэсщэхужу, къызраша къэралым езгъэшэжыну си мурадщ.

– Абыхэм ди бзэр къагурыIуэркъым, – жиIащ Виоланте.

– Уи адэмрэ уи анэмрэ я бзэр умыщIэу укъалъхуащ уэри. Ди бзэри евгъащIэ, я бзэри зэвгъащIэ. Бзэ лей щыIэкъым. Бзэм гъунэгъу узэхуещI. Языныкъуэхэм деж бзэм бий ущызэхуищIи щыIэщ, ауэ ар цIыху къызэрыгуэкIхэракъым зи бзэр, атIэ  хэгъэгу зэпэщхьэхуэхэм я тетхэрщ. Мы си псалъэхэр Франчески жефIэж. Куэд иIэжкъым ари лIыпIэ иувэным.

# ТIощIрэ еханэ Iыхьэ

*Пэжыр хущхъуэщ, пцIыр щхъухьщ,*
*Пэжыр жыIэнри, нэ ищIынри зэхуэдэщ.*

Виоланте къызэрыфIэщIам хуэдэтэкъым Кэтэринэрэ Мариерэ: нэхущым къыдэтэджри, лъапэпцIийуэ унэм къыщIэкIахэщ. Кэтэринэ иджы зыпэжыжьэ Жылэжь щиIа пщIантIэм зэрыщищIу щытам хуэдэу, жыгым еупсея жыхапхъэр къиштэри, хамэ пщIантIэм щыпхъанкIэу иригъэжьащ. Марии Iуэхуншэу къэнакъым, жьауапIэм щIэт тетIысхьэпIэхэм ятелъэщIыхьащ... Пщащэ гъэритIыр зэрылажьэр Виоланте къыщилъагъум, игъэщIагъуэу и анэм жриIащ:

– Маммолино, еплъыт мобыхэм ящIэм! ПщIантIэр ягъэкъабзэ...

– Сыт, дэ ди пщIантIэр фIейуэ арат?.. – Лючие щIэупщIэри, адэкIэ пищэжащ: – Апхуэдэ гукъэкI зэраIэр хъарзынэщ. Пьеро хэжеяуэ къыщIэкIынщ. Къэгъэуш, лэжьапIэм кIуэн хуейщ ар.

– Хэжеякъым! Модэ плъэт, игъащIэ лъандэрэ ицIыхуу щытам хуэдэу, хъыджэбзхэм ядоуэршэрри щытщ.

– Сыт ахэр зытепсэлъыхьынкIэ хъунур?

– СщIэркъым, IэпэтэрмэшкIэ зыгуэрхэр ярегъэлъагъу. – Виоланте еджащ и дэлъхум: – Пьеро, уи пщэдджыжьышхэр мэупщIыIуж.

Лючиерэ Виолантерэ зэбгъэдэсу щысащ, Пьеро зэрышхэм еплъу. Пьеро унэм щыщIэкIым, къызэплъэкIыжри, абыхэм захуигъэзащ:

– Сэ Винчи лэжьапIэ сокIуэ. Пщащэхэм я жагъуэ фымыщI...

– Умыгузавэ, Пьеро, – анэм и къуэм жэуап иритыжащ, – умыгузавэу, уи Iуэхухэр тэмэму зэфIэгъэкI.

Виоланте щхьэгъубжэмкIэ дэкIиикIри, и дэлъху нэхъыжь гум итIысхьэм кIэлъыджащ, пщащитIым захригъэхыу:

– Черкасыбзэмрэ русыбзэмрэ зыщIэ гуэр Винчи къыщыгъуэт.

– Уи дэлъху нэхъыжьым апхуэдэу уемыпсэлъэну къыбжаIатэкъэ, Виоланте!

– Мы ди унэм щIэс хъыджэбзитIыр зищIысыр зэдгъэщIэн хуейкъэ-тIэ?..

– Уи адэм и Iуэхум ухэмыпсэлъыхьыну бжесIатэкъэ?

– Ар жыфIэурэ къытщыщIынур фщIэрэ!.. ДызыхэмыкIыжын бэлыхь дыхэхуэнущ... Сэр фIэкIа хэмытами, апхуэдэ къэзгъэхъунукъым!

Виоланте щIэгузэвар махуэ зыбжанэ нэхъ дэмыкIыу нахуэ къэхъуащ: лэжьапIэм къыщыгувэу щыта Пьеро иджы шэджагъуэ нэужьым къокIуэж, пщащэ гъэрхэм я Iуэху зыIутым щIэх-щIэхыурэ щIоупщIэ, Марие русым нэхърэ черкес пщащэ къуапцIэ нэгухум и цIэр нэхъыбэрэ жеIэ, зрегъэлъагъу. Ар къигъэсэбэпу, Виоланте IэпэтэрмэшкIэ Марие епсалъэ щхьэкIэ, шыпхъу пэлъытэ хуэхъуа Кэтэринэ теухуауэ и Iэпхъуамбэшхуэр кърригъэлъагъу мыхъумэ, нэгъуэщI къыжриIэркъым. Виоланте абыхэм дауэ захуимыщIами, я щытыкIэкIэ щIигъэкъуэншэн гуэри ядилъагъуркъым. Пьеро абыхэм ящихъумэну щыхуежьэкIэ, и анэм «абыхэм я пIэ уитамэ» къызэрыжриIар игу къокIыж... Бзылъхугъэхэм нэхъри нэхъ гъунэгъу яхуохъу езыри, нэхъ гуапэу йопсалъэ. Уеб-

лэмэ, и анэм жриIащ хъыджэбзитIым я бостейхэр зэрызэрахъуэкIын хуейр. Анэри абы арэзы дэхъуащ.

Пщэдджыжь гуэрым Виоланте зыхуигъэзащ лэжьакIуэ кIуэну зызыгъэхьэзыр Пьеро:

– Винчи сыздэшэ... ауэ сэ си закъуэкъым.

– Уздэсшэнщ, ауэ уи гъусэнур сщIэн хуейкъэ... – Пьеро зэхихар игъэщIагъуэу, жэуап иритыжащ и шыпхъум.

– Сэ, Катеринэ, Марие. Уи шыгум дихуэнкъэ? УмыгъэщIагъуэ, мио фрателло, дэ папи, маммолини, Франчески хуит дыкъащIащ. Винчи зыщытплъыхьынущ дэр-дэру, зэран дыпхуэхъунукъым.

– Фэ зыкIи зэран фыкъысхуэхъунукъым, – жиIащ Пьеро, гуфIэу Кэтэринэ хуеплъэкIри. – Абы нэмыщIи, Виоланте, уи лъэIур сщыгъупщакъым: черкази бзылъхугъэ зэдзэкIакIуи къэзгъуэтащ.

– Дэнэ щыIэ а бзылъхугъэр? Марие и русыбзэри ищIэрэ?

– ЕщIэ, ещIэ, и итальяныбзэри уэр-сэрщ, и русыбзи аращ. Си лэжьапIэм дыщызэхуэзэну дызэгурыIуащ дыгъуасэ.

ЛэжьапIэм Пьеро къыщежьэ бзылъхугъэм илъэс щэ никъуэ и ныбжьынт.

– Мы синьоритэ дахитIыр, Чарзати, а зи гугъу пхуэсщIа Катеринэрэ Мариерэщ.

– Хэт фэ тIум адыгэ хъыджэбзыр? – Чарзати адыгэбзэкIэ къыщыщIэупщIэм, Кэтэринэ къыщиудри, гъыуэ и лъэпкъэгъу бзылъхугъэм IэплIэ иришэкIащ. – Умыгъ, си шыпхъу дахэ, умыгъ, мы фыкъызыхэхуа итальянхэр цIыху Iейхэкъым, сэри, мис, фолъагъу, абыхэм садопсэу. – АдэкIэ урысыбзэкIэ Марие жреIэ: – Уэри, си шыпхъу, Тэн лъэныкъуэм укърашауэщ зэрызэхэсхар. Умыгъ, си шыпхъу, умыгъ. Мы итальянхэр цIыхуфIщ. Сэ схуэдэу, я бзэр зэвгъащIэмэ, фахэзэгъэнущ, фIыуи фыкъалъагъунущ.

Чарзати Пьеро къеупщIащ:

– Сыт, синьор, мы синьоритэхэм сэ сазэрыдэIэпыкъуфынур?

Иджыри къэс зыри жызымыIа Виоланте и дэлъху нэхъыжьым и пIэкIэ Чарзати зэдзэкIакIуэм жэуап иритыжащ:

– Нобэ удигъусэну дыхуейщ. Уи Iуэху хуэкIуэмэ, Анкианэ унедгъашэурэ, ди унагъуэм зэдзэкIакIуэу удиIэнщ.

КъыщыщIар имыщIэу, Кэтэринэ асыхьэтым и дэлъху нэхъыщIэ Лу-Бланэ и нэгу къыщIыхьащ, и нэпсхэм къызэпижыхьащ. Ар зылъэгъуа Пьеро гузавэу и шыпхъу Виоланте хуеплъэкIащ.



## ТIощIрэ ебланэ Iыхьэ

*Гум фIэIэфIыр нэм фIэдахэщ,*
*УзищIасэм и псэм ухуегъадэ.*

Лъагъуныгъэр къыздикIар умыщIэу къоунэху. Гъатхэр губгъуэ щIэращIэм иплъагъуэ удз гъэгъа зэмыфэгъухэм хуэдэщ. Нэм псори фIэдахэщ, ауэ абыхэм ящыщу гум къыхихыр зы закъуэщ...

А махуэм Генуе гъэр щащэ и бэзэрым, и ни, и пси зыгъэфIын IэщIэмылъагъуэу, Пьеро здрикIуэм, и нэр техуащ гъэру ящэ пщащитIым я зым – нэхъ къуапцIэ нэгухум, икIи а зэ Iуплъэгъуэм и гум къыдыхьащ пщащэр...

«Си гум илъыр си адэм къищIа хуэдэ, пщащитIри къищэхуащ. Хабзэм къезэгъ тхылъхэр зэригъэпэщу, къыздраша къэралым иригъэшэжыну и мурадщ. Дапщэщ ар къыщыхъунур? Абы илъэс ныкъуэкъым, илъэс псо текIуэдэнущ. Ди бзэр езыгъэщIэн тэрмэши къахуэтщтащ, псалъэкIи Iэпэтэрмэшуи иджы хъарзынэу дызэгуроIуэ. Си къуэш нэхъыщIэ Франческэ дэ нэхърэ нэхъыфIыжу ягуроIуэ. Чарзати здигъэIэпыкъуурэ, черкасыбзи русыбзи мащIэу зригъэщIащ. Виоланте иджы зыуи зищIыжыркъым, и адэм и унафэм арэзы техъуащ. Зымахуэ Винчи тыкуэнхэм защригъэхуэпащ, езым и щыгъынхэм ящыщхэри яритыжащ. Ауэ езым нэIуасэ сызыхуищIа синьоритэм и гугъу къысхуищI зэпытщ.

Абы къыгурымыIуэу ара?.. Гум къыхихыр зы цIыхущ. Бейти, тхьэмыщкIэти, нэгъуэщI лъэпкъти, жиIэу, лъагъуныгъэм зэхэгъэж ищIыркъым. Черкази лъэпкъыр дунейм зэрыщыпсэур сщIэрт, ауэ я бзэр щызэхэсхари япхъу уафэнэр щыслъэгъуари иджыщ. Я лъагъуныгъэр къызэраIуатэ псалъэхэр сымыщIэми, плъэкIэ къудейкIэ зыхэсщIащ. Иджыпсту сызэрынэсыжу, Катеринэ ди бзэкIэ «уи унэ къеблэгъэж» къызжиIэнущ. Сэри «тхьэм уигъэпсэу» жесIэжынущ. Шыпхъу хуэхъуа Марии къысхуэгуфIэнущ»... – Пьеро и лъагъуныгъэ гупсысэхэм къыхэмыкIыжурэ, Анкианэ дэт я лъапсэм къыIулъэдэжащ. Куэбжэшхуэр къыхуIузых Кэтэринэ дэIэпыкъуну гум къыщикIым, зэжьа псалъэхэр ноби зэхихащ:

– Бенвенути а каса, къеблэгъэж, синьор!

– Посса дио даре ла вита, тхьэм уигъэпсэу, – Пьеро Кэтэринэ жриIащ, къыбгъурыт Марии хупыгуфIыкIащ.

Ар зылъэгъуа Виоланте и дэлъху нэхъыжьыр щигъашхэм жриIащ:

– ДызыхуэкIуэ тхьэмахуэм Флоренцием дыгъакIуэ.

Пьеро, и щхьэр къимыIэту, и шыпхъум еупщIащ:

– Сыт абы щытщIэнур?

– Куэд щIащ дызэрымыкIуэрэ... Укъилъагъуну зыфIэигъуэ гуэри дэсщ абы... Пщыгъупщэжа?

Пьеро и щхьэр къыдрихьейри жиIащ:

– Тхьэмахуэ къакIуэми, къыкIэлъыкIуэми, мазэкIи сыкIуэфынукъым.

– Сыт щхьэкIэ? – зэхихар зэригъэщIагъуэр и нэгум къищу, щIэупщIащ Виоланте.

– Плъагъуркъэ си Iуэхур си пщэм къызэрысыр.

– Апхуэдиз Iуэху уиIэр пэжмэ, шэджагъуэ зэрыхъуу, сыт унэм укъыщIэкIуэжыр? Сэра, папэ, маммолинэ е Франческэ узыхуэзэшыр? Хьэмэрэ куэбжэр пхуIузыххэра?..

Пьеро, зэхихар фIэемыкIуу, и нэкIур плъыжь къэхъуащ:

– Виоланте! КъызгурыIуэркъым, сыт мыпхуэдэу ущIыщытыр, си шыпхъу дахэ, зымахуэ жыпIахэмрэ пщIахэмрэ емыщхьыжу?.. СызэхэпщIыкIыну сфIэщIати... Флоренцием щыщ а пщащэ зи гугъу пщIыр къыздипхар сщIэркъым. Умылъагъуу ара абы сызэрыхуэмейр!

– А уафэнэ тхьэIухудым насыпыфIэ удэхъун уи гугъэу ара?

– Мылъкум жьы уещI, армыхъумэ уигъэдахэркъым... СынолъэIу, афIэкIа и гугъу къысхуумыщI Флоренцием щыщ пщащэм!

– Сэ зыкъысхубогъэгусэ, – Виоланте, и нэпсыр къызэпижыхьауэ, и дэлъху нэхъыжьым егиящ, – ауэ уэри щIэхыу нэгъуэщI зыгуэр ухъуащ... Ухэзгъэзыхьыркъым, узэрыхуейщ. Ауэ уи щхьэр зыгъэунэзам, зищIысыр дымыщIэ пщащэ гъэрым дэплъэгъуар сщIэркъым. Зэрыдахэ закъуэр арамэ...

– Абы и закъуэкъым! – Пьеро и шыпхъум жиIэр зэпиудащ.

– Дэгъуэщ, дэгъуэщ, – и дэлъхум едауэкIэ зыри къызэримыкIынур къызыгурыIуа Виоланте нэхъ щабэ зыкъищIащ, – абы нэмыщIи, фIы гуэрхэр дэплъэгъуамэ. Маммолинэ къыбдиIыгъынщ, ауэ папэ къыпхуидэнукъым.

Пьеро зэхихыну зыщышынэр Виоланте щыжиIэм, и гур хэщIу тIэкIурэ щысри, и макъыр ешэхауэ и шыпхъум жриIащ:

– Ар папэ къыздиIыгъынымкIэ уэ укъыскъуэувэн си гугъащ...

Виоланте нэхъ Iэсэу жиIащ:

– Каро фрателло, си дэлъху лъапIэ, сэ сыбдэмыIэпыкъуну жысIакъым. – Бжэм къытеуIуэри, шей иIыгъыу, Марие къыщIыхьащ. – Грацие, Марие, мыр дызыхуей дыдэт. Дэнэ щыIэ уи шыпхъу Катеринэ, сыт ищIэр?

– Сер Пьерорэ Франческэрэ я щыгъынхэм ету тредзэ.

Виоланте жэуапыншэу Пьеро хуеплъэкIри, Марие пэшым щIигъэкIыжащ. Я закъуэу къэна нэужь, Виоланте и дэлъху нэхъыжьым и гур хуигъэфIу жриIащ:

– Уи гухэлъыр апхуэдэу куумэ, апхуэдэу пфIэлъапIэмэ, сэ папэ сепсэлъэнщ, ауэ маммолинэ зэрыжиIэу, пщIэркъэ абы кърикIуэнур... Флоренцие щыщ пщащэм и гугъу афIэкIа пхуэзмыщIыжыну укъызогъэгугъэ. Зэрыкъулейм сыдихьэхащ, армыхъумэ пщащэ гъэфIа гуэрщ ар.



## ТIощIрэ еянэ Iыхьэ

*Лъагъуныгъэ IэфIым игъафIэр*
*Зы цIыхукъым, атIэ цIыхуитIщ.*

1451 гъэм, август мазэм и кIэхэм. Гъэмахуэ жэщщ, зэрыхуабэвэхым нэмыщIи, пщIыхь мыфэмыцхэм Пьеро ямыгъэжейуэ къэтэджри, щхьэгъубжэм тIэкIурэ кIэрытащ, гъуэлъыжащ, къэтэджыжащ. Унэм щIэмызагъэу щIэкIри, зи тхьэмпэр щхъуантIафэ-гъуэжьыфэ кхъужьейхэм я лъабжьэм щIэтIысхьащ, и джанэм и зы щIыIуи итIэтащ. Асыхьэту, Кэтэринэрэ Мариерэ зыщIэлъ унэмкIэ макъ къыщыIуащ.

Пьеро къызэплъэкIащ икIи кIыфIым къыхилъагъукIащ Марие. Абы джанэ фIэкIа щыгътэкъым, лъапцIэт. Пьеро къыщилъагъум, ар къыхэкIиикIри, занщIэу унэм щIэлъэдэжащ.

– Пьеро хадэм исщ... – жриIащ абы Кэтэринэ.

– Нэхущым сыт абдеж щищIэр?.. – Кэтэринэ къэгузавэри, и лъакъуэ псыгъуэ дахэмкIэ унэм щIэлъэтащ.

Зи джанэпщэ щIыIухэр псынщIэу зэзыгъэзэхуэжа Пьеро ежьащ, Кэтэринэ хуэкIуэу:

– Сыту жэщ телъыджэ, Катеринэ!

– Грацие, Пьеро, пэж дыдэу, жэщ дахэщ, – Кэтэринэ Пьеро жэуап иритыжри, еупщIащ: – Сыт мыбдеж щыпщIэр? Зыгуэр къэхъуа?

– ПщIыхь гуэрым сигъэжейртэкъыми, сыкъыщIэкIауэ аращ...

– Сыт хуэдэ пщIыхь, Пьеро?..

– СщIэркъым зэрыжысIэнури зыхуэсхьынури... Черкази щIалэ гуэррэ сэрэ, хьэнцэ дымыIыгъыу кхъуафэм дису, хы уэрым дызэридзэу дытету сепщIыхьащ...

– И цIэр пщIэжрэ?

– Дэнэ щысщIэн, «черказ» жиIауэ аращ.

– Сэри си дэлъху нэхъыщIэ Лу-Бланэ щIэх-щIэхыурэ пщIыхьэпIэу солъагъу... – Кэтэринэ игу къызэрыгъуэтыжа нэужь, Пьеро жриIащ: – Ди анэми зэрыжиIэу щытауэ, хьер ухъу уи пщIыхьэпIэр.

– Аращ, ауэ черкази щIалэр...

– Апхуэди къохъу, Пьеро. Уогузавэри аращ. Си дэлъху нэхъыщIэм нэмыщI, хэт сэ къысхуейр?..

– Апхуэдэу жумыIэ, Катеринэ! Сэ бжесIэн сиIэщ... – Пьеро лъэгуажьэмыщхьэу пщащэ гъэрым и пащхьэ щетIысэхащ, – ти амо, сэ уэ фIыуэ узолъагъу, Катеринэ!

– Къэтэдж, Пьеро, зыгуэрым дыкъебгъэлъагъунущ... – жриIэри, щабэу къыпищащ: – Сэри...

... Абы нэхъ жэщ IэфI хэтакъым тэрмэш хуэмыныкъуэж ныбжьыщIитIым я гъащIэм...

## ТIощIрэ ебгъуанэ Iыхьэ

*Гъуэгу зэхэкIыпIиблым*
*И ебланэр сыт хуэдэу пIэрэ?*

ИлъэситI-щыр дунеймкIэ зырикIщ, зы напIэ дэхьеигъуэщ. Ауэ цIыху гъащIэм дежкIэ ар мащIэкъым. Уи ныбжьыр хэкIуэтэхукIэ, уи акъылми, уи гулъытэми хохъуэ. ТхьэмыщкIэр бей хъуфынущ, бейр – къулейсыз. А илъэсхэми цIыхур сымэджэнкIэ хъунущ е и узыншагъэр ефIэкIуэфынущ, игъуэ къэсауэ е къэмысауэ, дунейм ехыжыфынущ. Хэти и натIэ илъыр, къыпэщылъ илъэсхэр, икIуну гъуэгур зыхуэдэр, къыхихыну лъагъуэ IуэнтIа-шэнтIахэр, бгъузэхэр, щылъэпэрэпэнур ищIэркъым. Ауэ жыгыр пиупщIмэ, лъабжьэр къызэрэдэжыжынур, езыр лIэмэ, и къуэхэмрэ ипхъухэмрэ дунейм къызэрытенэнур ещIэ.

Шэрджэс къущхьэ тIуащIэм дэс Жылэжь, адрей жылэхэми хуэдэу, хы ФIыцIэмрэ Мэуэт хымрэ я зэхуакум щопсэу. ЦIыхухэр къыщалъху, щолIэж. Я нысашэ джэгухэми щызэдогуфIэ, я хьэдагъэ, нэщхъеигъуэхэри щызэдашэч. Ноби, дыгъуаси, вэсэмахуи, адрей махуэхэми илъэсхэми хуэдэу, гъэм и зэманиплIым елъытауэ, зэ щIыIэу, зэ хуабэу, ауэ нэхъ ини, нэхъ цIыкIуи мыхъуу, уафэгу дыгъэр къуэкIыпIэмкIэ къыщыдокIуейри, къухьэпIэмкIэ щотIысэхыж. Жэщхэри щымщ. ФIыуэ зэрылъагъухэм сабий къахохъуэ. Сыт хуэдэ цIыху хъуну ахэр?.. Сыт хуэдэу къахущIэкIыну къапэщылъ гъуэгухэр?.. Мазэм къепхъэкIа вагъуэхэри зэхуэдэкъым. Язынықъуэхэр мэлыд, адрейхэр йож. Ахэри, цIыхухэм ещхьу, зэхущIэплъэ, зэбийхэ?..

Пьеро зэпщIыхьа черкази щIалэ хьэнцэншэ кхъуафэншэм хуэмыдэу, Бэчыр хы уэрыр зэбэн нэпкъым тесщ. И гупсысэхэр, зыхэплъэ хым хуэдэу, и бгъэгум уэру щызобэн: «Си къуэш нэхъыжь Къарэжь и пащхьэ сыщыкъуаншэщ, апхуэдэу есщIэн хуеякъым. Зылъът тщIэтыр, зы унагъуэт дыщапIар, къыстекIиеми, си шынэхъыжьтэкъэ... Ди анэшхуэм зэрыжиIэу щытам хуэдэу, IэлъэщI зытелъхэм уамыгъэщIэн щыIэ... Зэт, Бэчыр, а жыпIэр сыт? КъыпхуэмыгъэнэхуаIлъагъуныгъэр бгъэкъуаншэу ара? Зи нэр зэтупIэжа Лу-Бланэ и лъэIур пщыгъупщэжа?.. НэпабэкIэ лъы пщIэжынукъэ?.. – Бэчыр япэ къыIэрыхьа мывэр псым хидзащ... – Хы уэр, уэ укъысщодыхьэшх, ауэ плъагъунщ уи хы гъуэгу сынытехьауэ!..»

Бэчыр къеджа Хъарет хузэплъэкIащ икIи и нэщхъыр зэхэлъу жриIащ:

– Сыт иджыри?.. КъыскIэрыкI!

– Мыбы къызжиIэр... Дауэ сэ и закъуэ къызэрызгъэнэнур си Къарэжь тхьэмыщкIэ и къуэш нэхъыщIэр?.. Си унащхьэр къыщIоху. Молэ Мачыхъу гущIэгъу къысхуищIри, укъыздэIэпыкъуну сынолъэIуну сыкъыпхуигъэкIуащ. НакIуэ, цIыхум къыпхужаIэнум щхьэкIэ умыгузавэ. Мы дуней хьэхум, Мачыхъу зэрыжиIэу, хэти зэрылъэкIым хуэдэу щыпсэууэ аращ. Уи шынэхъыжь гу пцIанэр уэ пщыгъупщэжами, сэ сигу имылъыжу къыпщымыхъу.

– Жылэм сыт къысхужаIэр?..

– Ара зи гугъу пщIыр... УнэкIуэн щхьэкIэ бжесIауэ аращ ар, армыхъумэ си Къарэжь гущэм и къуэш нэхъыщIэм зыкIи сыхуейкъым сэ... Фэ тIум дапщэрэ вжесIа, мы Джыраджэхэ япхъу цIыкIум зыкъевмыгъэгъапцIэ, жысIэурэ. И дэлъху нэхъыщIэ Iэшэм, къысхуэгъэгъу, си Алыхь, и лъэIур хуэзмыгъэщIэнуракъым, ауэ уи къуэш нэхъыжьыр къысхуэбгъуэтыжамэ, ди жылэм игъащIэкIэ ящымыгъупщэжын пщыкъуэгъафIэ махуэшхуэ пхуэсщIынт. Сыт апхуэдэу укъыщIызэплъыр? НакIуэ, си унащхьэ гъуанэр схуэбгъэбыдэжмэ, «Гъуэгу махуэ!» бжесIэнщ.

## ЕщэщIанэ Iыхьэ

*Гузэвэгъуэм хэта унагъуэр мэгуфIэ,*
*Сабий къэзылъхуа анэм зегъэпсэху.*

1452 гъэ, апрелым и I4. Чыристан Пасхэр блэкIащ. Сэр Антонио лIыжьымрэ и къуэ сэр Пьерорэ я унэм къыщIэIукI бзылъхугъэ макъым йодаIуэри, я Iэр зэрыубыдауэ, пщIантIэм дэсщ. Моно Лючиерэ абы ипхъу Виолантерэ унэбжэм Iуохьэ, мэдаIуэ, къыIуокIыж. Франческэ пIалъэ-пIалъэкIэрэ унэмкIэ маплъэ, унэм псы къыщIэзых Марие бгъэдолъадэ, хъыбар щыIэкъыми, мэтIысыж.

Сэр Антонио лIыжьым и пкъыр хуэмыIыгъыжу мэкIэзыз, итIани, и къуэ Пьеро тригъэуну, къыхуалъху сабийр щIалэмэ, фIищыну цIэмкIэ йоупщI. «ЩIалэмэ, «Леонардо» фIэтщыну Катеринэрэ сэрэ дызэгурыIуащ», – жиIэу, и адэм зыщыхуигъазэм, сэр Антонио зэрыарэзыр къригъэщIащ.

Кэтэринэ и кIий макъыр нэхъ мащIэ мэхъу... Абдежым, унэр, пщIантIэр, Iэгъуэблагъэр, зэрыдунейуэ къигъаджэу, сабий гъы макъ къоIу.

ПщIантIэм гузавэу дэтхэмрэ дэсхэмрэ унэм щыщIыхьэм, фызым и Iэ лъы защIэхэмкIэ иIыгъ щIалэ щхьэгъум цIыкIур къаригъэлъэгъуащ.

Жэщ ныкъуэщ.

Кэтэринэ езэшауэ жейм хилъэфащ.

Зи лъакъуэхэм ямыIыгъыж сэр Антонио нотариальнэ тхылъыр къиштэри, IэкIэ иритхащ: «1452 гъэ. Апрелым и 15, щэбэт жэщым сыхьэтыр 3-м си къуэ Пьеро щIалэ къыхуалъхуащ. «Леонардо» фIэтщащ...»



## ЩэщIрэ езанэ Iыхьэ

*Гъуэгур япэ лъэбакъуэкIэ ирагъажьэ,*
*ГъуэгурыкIуэм къигъэзэжыну пIэрэ?..*

Сабийхэр къалъху, я теплъэкIэ я адэ-анэхэм е я Iыхьлыхэм ещхьу, ауэ гъащIэм щыхыхьэкIэ я гупсысэкIэр, дуней тетыкIэр зэмыщхь мэхъу, ягукIэ зэхуэмыфIу, зэблагъэ-зэхамэу мэпсэухэ. Жылэхэр здэщыс щIыпIэкIэ зэрызэмыщхьым хуэдэу, абы дэс унагъуэхэри зэщхькъым. Зым мывэ сэрей ещI, унэ лъагэ еухуэ, адрейр ятIэ унэ лъахъшэ щIэсщ. ГъащIэм зыр пхрокI, шым тесу, адрейр лъэсщ. Шум и шы лъэгум къыщIригъэху сабэр лъэсым жьэхехуэ. Къару зиIэр зэрыхуейуэ хущытщ къаруууншэм. Зыр ягъафIэ, адрейр ягъэикIэ. Къулейм и хьэр сыт щыгъуи гъэшхащ, тхьэмыщкIэм ейр, шхынщIэлIэщи, мэкъугъ, и кIэр зыкIэщIикъуэжауэ... «Сыт мы си щхьэм къизэрыхьа гупсысэхэр?» – Бэчыр жиIэурэ, и къуэш нэхъыжьым къыщIэна дыщэ-дыжьыныр Iыхьищу игуэшри, зыр и жыпым, адрейр къэлътмакъым, ещанэр гуфIакIэм дилъхьащ. – СыщIэкIуэр сощIэ, ауэ къыспэплъэрщ сымыщIэр». Хъарет и бгъэгум щIэлъ къэлътмакъыр и IитIымкIэ щIиIыгъэу, пщIантIэм къызэрыдыхьэр щилъагъум, Бэчыр щIэупщIащ:

– Зыгуэр къэхъуа? Сыт апхуэдизу укъэзыгъэгузэвар?

– Фэ зэкъуэшитIым нэхъ гукъеуэ сиIэкъым сэ. Сыту фIыт и чэзум сыкъызэрысар. Мы къэлътмакъыр къыздэщтэ, гъуэгум къыщыпхуэсэбэпыжынщ.

– Сыт мыр? – жиIэри, дзыхьмыщIу Хъарет хуеплъэкIащ.

– Къызэптауэ щыта мэлищым я зыр пхуезгъэукIри, лы гъэгъуа пхуэзгъэхьэзыращ. Ар хьэжыгъэу езгъэубащи, бжэмышхищ хуэдиз пшхырэ псы хуабэ утефыхьыжмэ, махуэ псом умэжэлIэнукъым. Сэ аращ пхуэсщIэну слъэкIар. Уи шынэхъыжьыр къысхуэпшэжмэ, адрей мэлитIым сысей гуэри гъусэ яхуэсщIыжынурэ, а зэрыжысIам хуэдэу, ефэ-ешхэ дэгъуэ фхуэсщIыжынущ. СощIэ дыгъуасэ Джыраджэхэ я къуэм и кхъащхьэм узэрыщыIар. Абы и лъэIур хуэбгъэзащIэрэ и шыпхъур къэпшэжмэ, нысэгъу бэлыхь схуэхъунущ... Моуэ зэ IэплIэ зыхуэзгъэщIыж, си Къарэжь IэплIэ есшэкIа хуэдэу, гъуэгу утезгъэхьэнщ. Сакъ. Си анэшхуэм зэрыжиIауэ, гъуэгурыкIуэр гъуэгу къытенэркъым. Гъуэгум Iэджэми уащыIущIэнущ, уи дзыхь зыми иумыгъэз, уи гум илъи яжумыIэ... Уэ укъызэмылъэIуми, Джыраджэхэ я лъапсэм Лашын и нэIэ зэрытригъэтым хуэдэу, сэри фи лъапсэм сыкIэлъыплъынущ, хэт сыт къысхужиIэми.

«Гъуэгур япэ лъэбакъуэкIэ ирагъажьэ, гъуэгурыкIуэми къегъэзэж а япэ лъэбакъуэр щича щIыпIэм», – жиIэщ Бэчыр игукIи, къызэмыплъэкIыжу, гъуэгу техьащ. Сыт хуэдэу къыхущIэкIыну абы а гъуэгур? Къыщыпэплъэр сыт?.. Хэт сымэ щахуэзэну абы?..



## ЩэщIрэ етIуанэ Iыхьэ

*Лъагъуныгъэр мафIэшхуэщи, укъисынщ,*
*Жьыбгъэм сахуэр зэбгрипхъыжынщ.*

Бэчыр Каффэ нэсыху и гъуэгур хъарзынэу къехъулIащ: хыр щыму техуэри, хьэнцих кхъуафэкIэ Iузэв и гъунэгъуу зэпрыкIри, лъэсу махуищкIэ Каффэ нэсащ. Абы щыIэ кхъухь тедзапIэм махуэрэ никъуэкIэ тетащ, Панучи и кхъухьым щылъыхъуэу. АдыгэбзэфIэкIа зымыщIэ Бэчыр щIэупщIэрт: «Панучи генуэз кхъухьзехуэр фцIыхурэ?» жиIэу. Языныкъуэхэм абы жэуап къратыжырт, ауэ нэгъуэщIыбзэкIэти, зыри къыгурыIуэртэкъым. Адрейхэр къемыплъэкIыххэу блэкIырт. Ауэ Бэчыр и гугъэр хихыжыртэкъым, емызэшу къызэхикIухьырт кхъухь тедзапIэр. «Мы дуней хьэхум хэти зэрыщыпсэуфым хуэдэущ зэрыщыпсэур», – Мачыхъу и псалъэхэр игу къигъэкIыжурэ, зиущиижырт.

Шэджагъуэ нэужьт адыгэбзэкIэ уэрэд гукъутэ щызэхихам: «Лъагъуныгъэр мафIэшхуэти, сыкъисащ, жьыбгъэм си сахуэр зэбгрипхъыжащ...» Бэчыр, и гур къызэрыгъуэтыжауэ, уэрэджыIакIуэбдзэжьеящэм щхьэщыхьэри еупщIащ:

– Уадыгэ?

– Сызэхэпхкъэ сызэрыадыгэр? ЖыIэт узыхуейр!

– Уи уэрэд гуузым бдзэжьейхэр игъащтэркъэ?

– Абыхэм я гуузри си гуузри зэхуэдэщ... Ауэ ахэр сэ си тебэм щыжьэнущ... Уэ ухэт? Япэу ущыслъагъуу аращ мыбы. КъэтIыс.

– Сэ си цIэр Бэчырщ, Шэрджэсым сыкъикIащ, Жылэжь сыщыщщ.

– Сэ си цIэр Зэчырщ. Уэрэ дэрэ дызэщхькъым, ауэ ди цIэхэр зэподжэж. Мыбы дэс тэтэрхэм зэрыжаIэу, сэ схуэдэ Алыхьым уимыщIкIэ... Уэ зыгуэрым укъигъэгузавэу къысщохъу... Дзыхь къысхуэпщIмэ, къызжеIэ. Ауэ япэщIыкIэ си щхьэ къэрикIуахэм ущызгъэгъуэзэнщ. Илъэс пщIыкIутхукIэ узэIэбэкIыжмэ, илъэс тIощI си ныбжьу, сэр нэхърэ илъэсищкIэ нэхъыщIэ ди гъунэгъу пщащэмрэ сэрэ лIы мэхъаджитIым Мэхъуэш дыкъыщадыгъури, мыбы дыкъашащ. СызэрыцIыкIурэ фIыуэ слъэгъуа, схъума си Зулихъан курд лIыжь гуэрым слъагъуу Константинополь щищэхури, абы иужькIэ сытеплъэжакъым. Сэ сызыщэхуа хьэрып-бедуиным Конья сишэнути, сыкъыщIэпхъуэжри, Босфор деж Галатэм зыщызгъэпщкIури, илъэс зыбжанэкIэ сыдэсащ. Лъыр къызэщIэзыгъаплъи зэсхьэлIэ хъуащ... ЕрагъкIэ мыбы сыкъэкIуауэ сыщыIэщ.

– Здэбгъэзэжын гуэр ущиIэ Мэхъуэш?

– АбыкIи мыбыкIи зыри щызиIэжкъым... – и щхьэр къыфIэхуауэ, Зэчыр тIэкIурэ щысри, жиIащ: – ЦIыху теплъэ симыIэжу, плъагъуркъэ, дунейм сыкъытенащ. Лъагъуныгъэр мафIэшхуэщ, мафIэшхуэм сисри, яжьэу жьым срихьэжьэжащ. Сыт абы нэхъыбэ узыхуейр... Сэ схуэдэ Iэджи щыIэщ... Иджы уэ укъэзыгъэгузавэм сыщыгъэгъуазэ, си фIыгъэ уэзгъэкIыфынумэ, зыпщIэзгъэкъуэнщ.

– Тхьэм уигъэпсэу, Зэчыр. Сэ мыбы нэс щхьэусыгъуэншэу сыкъэкIуакъым. Сэри сегъэгумэщI зыгуэрым. Мыбы щыпсэухэм ди бзэр ящIэркъым, сызэреупщIыр къагурыIуэркъым.

– Сыт ди бзэр щIамыщIэр! – Зэчыр къызэпиудащ и псэлъэгъур. – Дэ ди къалэщ мыр! Къэбэрдей, мэхъуэш, шапсыгъ жыIэкIэкIэ «къафэм» къикIыр пщIэрэ? УмыщIэмэ, мо хы уэр къафэхэм къыбжаIэнщ. А узэупщI бзэмыIухэр ди къалэм зэрыдэсым щхьэкIэ ирегуфIэ! ЖыIэ уи Iуэху зытетыр.

– Панучи генуез сатуущIэр пцIыхурэ?..

Бэчыр жиIэнур Зэчыр иригъэухакъым:

– Хэт а напэншэр, а тхьэгъэпцIыр зымыцIыхур! Сэ схуэдэу, уэри укъигъэпцIа? ЗэдзэкIакIуэу сыкъищтэри, си лэжьапщIэм сытригъэплъэжакъым. Уэ сыт къыуищIар? Уэри укъигъэпцIа?

– Си шынэхъыжьымрэ ди жылэм щыщ пщащэмрэ лей якIэлъызэрихьащ.

– Дапщэщ?

– Куэд щIакъым.

– Дыгъуасэ, вэсэмахуэ, мы гъэра, нэгъабэ?

– Нэгъабэ.

– КъызэрыщIэкIымкIэ, сэ сыщыуакъым: лъагъуныгъэр мафIэшхуэти, укъисри, уи сахуэр жьым ирихьэжьэжащ? Иджыри къэс дэнэ ущыIа, насыпыншэ? Нэсрэн тхьэмадэ махуэр Пагуэ Iуащхьэмахуэ зэрыкIэрипхам хуэдэу, уэри укIэрапхат? Адыгэр иужь-

рей акъылщ, жезыгъэIар уэрэ сэрэ хуэдэ гуэр хъунт. Ауэ умыгузавэ. Панучи и нэIуасэу, адыгэбзи, итальяныбзи, урысыбзи, франджыбзи, тэтэрыбзи зыщIэ, уэ уи ныбжьын е тIэкIу нэхъыжьын щIалэ гуэр, Iэдэм и цIэу, соцIыхури, уэзгъэцIыхунщ, адэкIэ фызэрызэгурыIуэщ.

Зэчыр Iэдэм жыхуиIа зэдзэкIакIуэм Бэчыр нэIуасэ хуищIащ. КъыкIэлъыкIуэ пщэдджыжьым гъуэгу щытехьэм, Бэчыр ахъшэ Зэчыр IэщIилъхьэри, елъэIуащ:

– Уи лъыр къэзыгъэплъу зэпхьэлIэу жыхуэпIар хыфIэбдзэнущ, жысIэмэ, уэри сэри зыкъыдогъэпцIэж. Ауэ, лIыгъэ зыхэлъхьи, еплъ упэлъэщмэ. Щыгъын теплъафIэ гуэр зыщытIагъи, мыбдеж къыщызэжьэ. Къэзгъэзэжмэ, Шэрджэсым зэгъусэу дгъэзэжынщ.

Гугъэ зыхэмылъ плъэкIэкIэ Зэчыр еплъащ Бэчыр, иужькIэ IэплIэ хуищIри жиIащ:

– Къэбгъэзэжынумэ, сыножьэнщ.

А махуэ дыдэм хым техьа Бэчыррэ и зэдзэкIакIуэ Iэдэмрэ дэнэ щащIэнт, къещакIуэ хъунщIакIуэм Зэчыр иукIыу, хым зэрыхидзэжар...

## ЩэщIрэ ещанэ Iыхьэ

*Анэм дежкIэ быныр тыгъэ лъапIэщ,*
*Ар икIи гуфIэгъуэщ, икIи гухэщIщ.*



Каффэ кхъухь тедзапIэм IукIри зыкъомрэ кIуауэ, хым хэплъэ зэпыт Iэдэм Бэчыр жриIащ:

– Гъуэгу дыщызэтехьакIэ, нэхъ гъунэгъуу дызэрыцIыхунщ, нэхъ дзыхь зэхуэтщIын папщIэ.

– Сэ дзыхь зыхуэзмыщIым гъуэгу сыдытехьэркъым.

– Мы дуней Iейм, умыцIыхум дзыхь хуэпщIу, гъуэгу удытехьэныр лIыгъэшхуэщ, жызоIэри аращ.

– Дзыхь пхуэзмыщIыну дауэ, уадыгэкъэ?

– А жыхуэпIэр пэжынкIэ мэхъу... Ауэ сэ сыадыгэ ныкъуэщ. Адыгэбзэ фIыуэ сщIэуэ аркъудейщ.

– Ар дауэ?..

– Си анэкIэ сыадыгэщ, си адэкIэ сыкорсикэ франджыщ. Зэхэпха апхуэдэ лъэпкъ щыIэу?

– КъызжепIар ди молэ Мачыхъу зэхихамэ, «субхьан Алыхь!» жиIэнти... «Франккардашыр» зэхэсхащ, ауэ «корсикэ» жыхуаIэр иджы япэу зэхэсхыу аращ.

– Корсикэр цIыху лъэпкъыцIэкъым, хытIыгущ. Абы франджыхэри, флорентин-итальян жыхуаIэхэри, урымхэри, хьэрыпхэри, испанхэри щопсэу. Сардинэ хытIыгури, зэхэпхамэ, ди сэмэгурабгъумкIэ къэдгъэнэнурэ, махуитIкIэ ди бгъумкIэ щыIэу десынурэ, Флоренцие къалэм кхъухьым дыщикIынущ.

– АтIэ, Панучи сатуущIэр кхъухькIэ къыздикI Генуе къалэр-щэ? – зи цIэ зэхиха къалэр зэдзэкIакIуэм щыгъупща къыщыхъуу, Бэчыр щIэупщIащ.

– БжесIаи, Флоренцие къалэращ уэ уи Iуэху здэщыIэр.

– Дэнэ щыпщIэр?

– УзыщIэупщIа Панучи псэужамэ, еупщI бжесIэнут. Нэгъабэ Каффэ щыщIэтлъхьэжащ ар. Уи къуэш нэхъыжьыр здэщыIэр сщIэркъым, ауэ ар зытекIуэда Кэтэринэ здэщыIэр Панучи къызэрызжиIам хуэдэу бжесIэнщ: «Флоренцие къалэм пэмыжыжьэ Винчи къалэ цIыкIум пэгъунэгъу Анкианэ жылэм щаIыгъщ». КъыпIысха лэжьапщIэр куэд хъуми, уигу къызумыгъабгъэ, апхуэдэ дунейщ дыщыпсэур. КъыпщыщIа тхьэмыщкIагъэм тIэкIу сыщыгъуазэти, уи Iуэхур псынщIэ бдэсщIыну, гъуэгу сыкъыбдытехьауэ аращ. АдэкIэ зэрыхъу хъунщ.

Гъуэгу техьэр тенэркъым, жаIэ. Шэджагъуэм ирихьэлIэу, абыхэм къагъуэтащ Кэтэринэ щыпсэу унэр.

Кхъужьейм кIэщIэт гущэм щыжей Леонардэ щIалэ цIыкIум щхьэщыс сэр Антонио еджащ Iэдэм:

– Сэр, уи пщIантIэм дыныдыхьэ хъуну? – Iэдэм зыхуигъэзащ Антонио. ЛIыжьым, щIалэ цIыкIур къэвгъэушынущ къригъэкIыу, башыр игъэдалъэри, къапежьащ. Iэдэм и макъыр ешэхауэ жиIащ: – Мы си гъусэ щIалэм и цIэр Бэчырщ, Черказым къикIащ, Iуэху къыпхуиIэщ. Сэ абы сритэрмэшщ.

Мыжыжьэу жьыщIэу щыт Кэтэринэ, зи цIэ зэхиха Бэчыр пежьэным и пIэкIэ, гужьеяуэ къажэри, гущэм къыхипхъуэта Леонардэ щIалэ цIыкIур и бгъэм щIикъузащ. Марие абы ибгъукIэ къэуващ.

Башыр здигъэIэпыкъуурэ, сэр Антонио здэщысам деж тIысыжащ. КъызэрыуIэбжьар къызыхимыгъэщу, абы Бэчыр зыхуигъэзащ:

– СынодаIуэ.

А псалъэр зэрыжиIа щIыкIэмкIэ Бэчыр къыгурыIуащ я хьэщIагъэр зэрамыгуапэр, икIи, тэрмэшыр зыдигъэIэпыкъуурэ, Антонио жриIащ:

– Мо сабийр зи бгъэ щIэлъ Кэтэринэ и дэлъху нэхъыщIэ Лу-Бланэ сриныбжьэгъущ. Сэ ар къэзгъэгугъат и лъэIур хуэзгъэзэщIэну.

Кэтэринэ зыхуэмыIыгъыжу къэкIиящ:

– Си дэлъху Лу-Бланэ дэнэ щыIэ? Сыт ар ущIимыгъусэр?..

– Лу-Бланэ гъуэгу къытехьэфынукъым... А махуэм ар Панучи сымэ кхъухьым кърадзащ... Абы и ужькIэ тхьэмахуи псэужакъым...

– Тхьэр къызэуаи!.. – Кэтэринэ, сабийр имыгъэщтэну и Iэгу лъэныкъуэмкIэ и жьэм епхъуэжри, адрей Iэ лъэныкъуэмкIэ Леонардэ и бгъэм щIикъузэри, къэкIиящ: – СыбгъэгуIа мыгъуи!..

Сэр Антонио лIыжьым унэм къыщIэкIа Виоланте жриIащ:

– Мы сабийр Iых! – Бзылъхугъэхэр унэм щIыхьэжа нэужь, хъыбар гущIыхьэр унагъуэм къахуэзыхьа Бэчыррэ Iэдэмрэ игъэтIысри, лIыжьым жиIащ: – Фи адыгэ хабзэм сэ сыщыгъуазэкъым, ауэ фэ фщIар тэмэмкъым, апхуэдэу занщIэу жывмыIэу, дыхуэвгъэхьэзырын хуеящ.

– Дэ ди лъэныкъуэмкIи, фэ фхуэдэу, хъыбар гущIыхьэм и жыIэкIэ иIэжщ. Ауэ Кэтэринэ къызыкъуипхъуэтри щIэупщIати, зэрыхъуар сымыщIэу, зэрыщытыр жесIащ.

– Зэрыхъун хъуащ, хэпщIыхьыжын щыIэкъым. Ауэ зэрыщытыр аращи, Катеринэ си къуэм и щхьэгъусэкъым, си нысэкъым, Генуе гъэр щащэ и бэзэрым къыщысщэхуащ. Ди хабзэмкIэ, абы и сабийр дэ ди лъэпкъыущ зэрыдбжынур. НобэкIэ аращ вжесIэнур. НэгъуэщI зыгуэрым фыщIэупщIэнумэ, жыфIэ, сывдэIэпыкъунщ.

Бэчыр зыпэмыплъауэ и нэгу щIэкIахэм ерагъыу закъыхишыжри, жиIащ:

– Кэтэринэ зэрыса кхъухьым си къуэш нэхъыжьри гъэру исащ...

– Ар япэу зэхэсхыу аращ. Сэ сщIэр Катеринэ черказимрэ Марие русымрэ Генуе гъэр щащэ и бэзэрым къызэрыщысщэхуаращ. Аращ ди Iуэхухэр зэрыщытыр... Иджы сэ бзылъхугъэхэм я дежкIэ секIуэкIынщ. Фэ, дауи, Винчи фыкъыщыувыIауэ къыщIэкIынщ. Пщэдей фыкъакIуэ, нэхъ хуиту дызэпсэлъэнщ.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм сэр Антонио лIыжьым и пщэдджыжь хьэщIэхэм, псом хуэмыдэу Бэчыр, жриIащ:

– Фи IуэхукIэ Катеринэ сепсэлъакъым, уи шынэхъыжьым теухуауи сеупщIакъым. Езы Катеринэ фепсалъэ, жиIэу хъуар хуэсщIэнущ, зы закъуэ фIэкIа къэмынэу. ... – Кэтэринэ къыщыIухьэм жриIащ: – Мы уи лъэпкъэгъухэм укъыздраша Черказым уашэжмэ, яфIэигъуэщ. ЯжепIэнур сщIэркъым. «ЗанщIэу сыкIуэжынущ» жыпIэрэ, уэри, шыпхъу пщIа Марии фыщхьэхуитщ, фи тхылъхэр нэхъ пасэуи згъэхьэзыращ.

Кэтэринэ сабий зэригъуэтрэ зыгъэгузавэ IуэхумкIэ къыщIидзащ:

– Си сабий Леонардэ си гъусэмэ, иджыпстуи сыхьэзырщ...

Сэр Антонио и нэгур плъыжь къэхъуащ, иужькIэ и макъым зригъэIэтауэ жиIащ:

– Леонардэ дыдейщ! – итIанэ нэхъ макъ щабэкIэ къыпищащ: – Си жьыщхьэр зыгъэщIэрэщIа щIалэ цIыкIур къытхуэплъхуащ, уэ уилъ зэрыщIэтым хуэдэу, дэри дилъ щIэтщ. Уэ иджыри ущIалэщ, уи насып къэкIуэгъуэщ, уигу зыгъэфIыни, насыпыфIэ узыдэхъун гуэри урихьэлIэнщ. Ауэ сэ дунейм сыт щыпхуэсщIами, щIалэ цIыкIумкIэ узыхуейр пхуэсщIэнукъым, къыпхуащIэуи здэнукъым.

Кэтэринэ и Iуэху зытетыр, и сабийр къызэрырамытыжынур къыгурыIуауэ, и нэм нэпсыр щIэзу, сэр Антонио лIыжьым жриIащ:

– Умыгузавэ, гущIэгъулы сэр Антонио, уи къуэ Пьеро ардыдэращ къызжиIар. Мариерэ сэрэ къытхуэпщIахэмкIэ дыпхуэарэзыщ. Гуапэу къызэрытхущытам щхьэкIэ фIыщIэ худощI Лючие, Виоланте, Францескэ сымэ. Сэ си къуэр къэзгъанэу, зыщIыпIи сыкIуэнукъым, шыпхъукIэ сызэджэ Марие ирекIуэж, хуеймэ.

– Уи закъуэу укъэзгъанэуи?! – ину жиIащ Марие.

– Сыт сыщIизакъуэр, си къуэр си гъусэщ... – Кэтэринэ жиIэри, нэщхъейуэ къыпыгуфIыкIыу, и щIалэ цIыкIу Леонардэ щыIуплъэм, езы сабийми ар зыхищIа хуэдэ, и анэм зытэлайкIэ нэщхъейуэ къеплъри, иужькIэ къыхуэгуфIащ.

# ЩэщIрэ еплIанэ Iыхьэ

*Хамэ щIыпIэ гур щызагъэркъым,*
*Уи мыхэкум уи лъэр щIежьыкI.*

Гъатхэ бгылъэ щхъуантIэ зэщымыщым хэс Анкианэ жылэм цIыхуищыр къыдэкIыжащ. Ахэр псалъэмакъыншэу къэкIуащ зыкъомрэ. Винчи къалэ цIыкIур къыщызэранэкIым, Марие зыхуэмыIыгъыжу къыщиудащи, магъ, и нэпсыр къещэщэхыу. Бэчыр къэхъуа псор къыгурыIуащи, ари игукIэ магъ. Абыхэм ягу щыщIэ-щыхъэр Iэдэми къыгурыIуащи, и плъэкIэ къудейм къыбжеIэ зэрыгузавэр. Шыгум и шэрхъиплIым гъуэгум телъ сабэр къагъэхъейуэ, ирокIуэ.

Адыгэ-шэрджэс бгы щыгухэр, щIыналъэ зэмыщхьэр, псы зэхэлъа-дэ-зэхэжыжхэр зылъэгъуа дыгъэр иджы италие уафэгум къоплъых. Анкианэ къыдэна Кэтеринэ и гукъеуэхэр зымыщIэ жьы щабэ жэрым гъуэгубгъу удзхэр, жыг тхьэмпэ зэмыфэгъухэр егъэсыс, уэгум игъуэща пшэху закъуэм щIэнакIэурэ, удз дэжейм хогъуащэ.

Бэчыр, игъащIэ лъандэрэ Марие ицIыхуу щыта фIэкIа умыщIэну, и Iэм щабэу теIэбэри, тэрмэшыр къигъэсэбэпурэ жриIащ:

– Умыгъ, си шыпхъу, къытщыщIахэм зыри пхуещIэжынукъым.

– Сэ си щхьэракъым згъейр, – Марие Бэчыр къыжриIащ, нэпс зыщIэз и нитIымкIэ къеплъри, – Катеринэ тхьэмыщкIэмрэ и сабиймрэщ. Сэр Антонио къытхуищIахэм щхьэкIэ тхьэм игъэпсэу, ауэ абы Катеринэ и сабийр къызэрыпиубыдар тэрэзкъым. Сабийр къритыжамэ, Катеринэ ди гъусэу къэкIуэжынут. Сэр Антонио гущIэгъу хэлъми, Катеринэ гъэрщ, унагъуэм щыщу къилъытэркъым, фэри зэхэфхащ ар... – Марие къыщиудащ. – Абыхэм Катеринэ къахэзнэу сыкъежьэжын хуеякъым. Езы Катеринэ сыт щыгъуи си къыщхьэщыжакIуэу щытащ. Ар мыхъуамэ, сэ куэд щIат сызэрыщымыIэжрэ.

Iэдэм, Марие тригъэуну хэту, жеIэ:

– Зумыухыж, Марие. Катеринэ и сабийм щхьэкIэ къызэрынар тэрэзщ. Уэрами, арат пщIэнур. Уэри, Бэчыр, уи насып къутауэ къыпщыхъуми, Катеринэ Марие щхьэкIэ къызэролъэIуар хуэбгъэзэщIащ. Сардинэ хытIыгум щаIыгъ уи шынэхъыжьыр къэдгъуэтыжрэ, Каффэ дынэсыжмэ, Марие хуэтщIэнум дегупсысынщ.

Марие Iэдэм гуапэу еплъащ, фIыщIэ зэрыхуищIыр наIуэу.

– КъывэхъулIэнщ фи мурадыр. Сардинэ щыщ Григориус урым гуэрым зэрищэхуар жаIэу зэхэсхащ.

– Григориус урым жыпIа?.. – Iэдэм зэхихам и щхьэм иригъэпхъуэжащ. – А урымыр сэ соцIыху. Гъэрхэр къещэхури, иужькIэ ещэж. Уигу умыгъэкIуэд, Бэчыр. Абыи екIуэлIапIэ гуэр къыхуэдгъуэтынщ.

– Катеринэ тхьэмыщкIэр зыщыгугъар уэрат... КIасэIуэ хъуами, и лъэужьыр къэбгъуэтащ... – Марие Бэчыр и гур фIы хуищIыну хэтщ: – Катеринэ зэрыжиIауэ, узэрыхуейуэ псори хъууэ щытамэ...

– Аращ, Марие, дызэрыхуейуэ псори щыхъуркъым дунейм... Сэ схузэфIэкIыр хуэсщIащ Кэтэринэ, кIасэ хъуами... Лу-Блани и иужьрей лъэIур хуэзгъэзэщIащ. Ауэ Кэтэринэ гухэлъ зэрыхуэсщIар ди деж щыжесIэн хуеящ нэхъ пасэу... Апхуэдэу сщIамэ, мы къэхъуа къомыр къэхъунутэкъым... – Бэчыр и гур къызэфIэнауэ, и псалъэр и кIэм нигъэсыжащ: – Кэтэринэ нэгъуэщI хэкIыпIэ иIакъым. Абы къуэ иIэщи, и гъащIэ псор а сабийм триухуэнущ. Ди гъусэу къежьэжамэ, сигури си унэбжэри хузэIусхынут... – Ину хэщэтыкIри, адэкIэ къыпищащ: – Ауэ иджы си къуэш нэхъыжьыр хамэ щIыпIэ къыщызнэфынукъым.

– ДауикI, – диIыгъащ Iэдэм Бэчыр жиIэр. – «Хамэ хэгъэгум гур щызагъэркъым, уи мыхэкум уи лъэр щIежьыкI», – жиIэу щытащ си анэм. АбыкIэ хьэкъ къызытеднэнкъым, къэдгъуэтыжынщ.

– Уэри ущхьэзакъуэ? – Марие Iэдэм еупщIащ, игу щIэгъуу. ИтIанэ къыпищащ: – Сэри, Катеринэ сыхуэдэу, дунейм сыщыщхьэзакъуэщ. – Катеринэ зыхуигъазэ щIыкIэу, иужькIэ къыпищащ: – Хьэуэ, хьэуэ, Катеринэ, къысхуэгъэгъу, уэ уи закъуэкъым. Уи дэлъху нэхъыщIэ Лу-Бланэ и фэ епплъу, иджы Леонардэ уиIэщ, ар уи гъусэщ. Пэж жысIэр, Iэдэм?

– Пэжщ, – Марие зэупщIар мы-Бэчырми, Кэтэринэ и шыпхъу пщащэм арэзы зэрыдэхъур жиIащ, икIи къыпищащ: – Флоренцие кхъухь тедзапIэр жыжьэжкъым.



Тхьэм зэриухауэ, а пщыхьэщхьэ дыдэм Сардинэ хытIыгум кIуэ кхъухьым щыри итIысхьэри, дыгъэр уафэ джабэм къыщыдэкIуей зэманым ирихьэлIэу нэсахэщ. Григориус урым сатуущIэм Iэдэм щыщIэупщIэм, зэупщIар къыщыдыхьэшхыурэ, и IуэхущIапIэр къаригъэлъэгъуащ.

Щыри унэм щIыхьащ. Лулэ Iугъуэр дрезыгъэхуей Григориус лIы Iув къуапцIэ нэшхуэ-пэшхуэм и пащхьэм щиувэм, ахэр къримыдзэ щIыкIэу, къеплъри къажриIащ:

– Къысхуэфша бзылъхугъэм и уасэм сыщIэупщIэркъым, лиритху фызот.

– Ущоуэ, Григориус! – пэрыуащ абы Iэдэм. – Уэ зыхуэбгъэувыж уасэм хуэдищэ къыдэптми, мы пщащэр уэтщэнукъым! Дэ уи деж къыщытщэхужынур нэгъуэщIщ.

– Хэт зи гугъу фщIыр? УасэфI къызэфтмэ, фэзмыщэн сиIэкъым.

Марие хуэмышэчыжу къыжьэдэлъэтащ:

– Мыр къытщумыгъэдыхьэшхыу, Бэчыр, жеIэ уи шынэхъыжьым дызэрылъыхъуэр! – ИтIанэ зыкъищIэжри, Григориус зыхуигъэзащ: – Зыгъэ Панучи деж къыщыпщэхуа Къарэжьщ дызыхуейр.

– Ара зи гугъу фщIыр?.. – Григориус ину дыхьэшхащ. – А щхьэхынэ, Iуэхуншэжьрамэ, щIэста уасэм хуэдиз телъыжу фызотыж. Зэ, зэ, согушыIэ, щIэста лирэ щэщIым иджыри лирипщI къытефлъхьи, си нэгум щIэфш.

Бэчыр зымахуэ Кэтэринэ Iимыха дыщэ Iэлъыныр Григориус и пащхьэм щрилъхьэм, ар къэгуфIащ, и Iэпхъуамбэшхуэр къаригъэлъагъури, и лэжьакIуэм еджащ:

– Мыбыхэм джэдыхъуэ черказыр къетыж.

Iэдэм Григориус хуидакъым:

– Апхуэдэу хъунукъым. КъызэрытщэхужамкIэ тхылъымпIэ гъусэ къыхуэщI.

– Ари зэрыжыфIэщ. Черказым нэс фшэжыфынумэ, фызотыж.

Джэдэщым и дыгъэуапIэ лъэныкъуэм кIэрыс Къарэжь и къуэш нэхъыщIэр къыщилъагъум, къэмытэджыфу, и Iэр ерагъыу къишийри къеджащ:

– Бэчыр... Си шынэхъыщIэ, уэра мыр!.. Дауэ сыкъыщыбгъуэтыжа хамэ щIыпIэм?..

Бэчыр, и тэмакъыр къызэфIэзэрыхьауэ, нэпсым имыгъаплъэу, и къуэш нэхъыжьым IэплIэ иришэкIащ.

## ЩэщIрэ етхуанэ Iыхьэ

*Уи лъахэм нэхърэ нэхъ IэфIрэ*
*Нэхъ щабэрэ дунейм щIыпIэ темыт.*

Бэчыррэ Къарэжьрэ гъуэгум фIыуэ щызэрылъэгъуа Iэдэмрэ Мариерэ Каффэ къалэм къыданэри, езыхэр Мыуэт хым и кIэщIыпIэр кхъуафэкIэ къызэпаупщIри, къэкIуэжащ. Я Жылэжь къыщыдыхьэжым, Къарэжь, и нэпситIыр къелъэлъэхыу, лъэгуажьэмыщхьэу щIым зридзыхащ:

– Уи пащхьэ щысщIахэри щызгъэхъахэри къысхуэгъэгъу, си Хэку. Сэ сынасыпыншэми, си къуэш нэхъыщIэр насыпыфIэ пщIыну сынолъэIу.

Бэчыр, Кэтэринэ и нэгу нэщхъейр игу къэкIыжауэ, Къарэжь жриIащ:

– Къэтэдж, си шынэхъыжь! Хьэуэ, уэ унасыпыфIэщ, уэ Хъарет къожьэ.

*ЗэзыдзэкIар* **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ**

ТIЫМЫЖЬ Хьэмыщэ

# ЗИ НЭХЭМ УАФЭХЪУЭПСКI КЪЫЩIИХ СУЛЪТIАН*

*Повесть*

## МафIэм псыр къегъавэ, псывэм мафIэр егъэункIыфI

1

СулътIаныр зэрыгукъыдэжыншэт, уеблэмэ пщэдджыжьым къыхущIахьа ерыскъым хэIэбэфакъым. Къэхьэуэ фIыцIэр зэрыт кхъуэщынымрэ шейщIэтымрэ къагъанэу адрейхэр щIахыжыну яжриIэри, и Iэпкълъэпкъ щIэлIар пIэм нихьэсын мурад иIэу, пэшым щIыхьэжащ. Бэрыкъуэ и гур къекIуэрт, и щхьэр уназэрт, и щIыфэм зэрыщыту пщIэнтIэпс щIыIэр къытрикIутат. И гум жьы езымыгъэгъуэту къыфIэщIа къэдабэ хъэлат Iувыр и лъапэмкIэ зригъэтIылъэкIри, зыбжанэу зэтелъ щхьэнтэхэм закIэригъэщIащ. Дунейр а зэрыкIэрахъуэм хуэдэт. ПщIэнтIэпсым и щIыфэм кIэришхэжа бжьэхуц джанэ хужьыр къыкIэрихыжыну и Iэпхъуамбэ дияхэмкIэ хуежьащ, арщхьэкIэ къехъулIакъым. Зэгуэудыпэу къыщыфIэщIым, къызэфIэтIысхьэжащ, итIанэ ерагъкIэ къэуври, щхьэгъубжэмкIэ иунэтIащ.

– Жьыбгъэми ухуейщ, абы хьэуар егъэкъабзэ, – езым зэхихыж къудейуэ къыжьэдэкIащ сулътIаным. – Апхуэдэу умыщIэххэу, абы къыщыпхуихь щыIэщ щIыналъэ жыжьэхэм щыгъагъэ епэрхэм я мэ гуакIуэр е къуршыщхьэ хужьхэм телъ уэс къесагъащIэм и салъкъын щIыIэтыIэр. Хэт жиIэфын си гум апхуэдизу къилъыхъуэ бэуэгъуэ закъуэр мы жьыбгъэм хэкужьым къримыхауэ? Иджыпсту... иджыпсту хуит къэсщIынщ, сэ...»

Дыгъуасэтэкъэ хамэ щIыналъэри, абы и цIыхухэри, и хьэуа Iуври къыуззеритын дуней фIыгъуэ щымыIэу щыщытар. Пэжщ, ар дыгъуасэт: Ашэмэз и бжьамийм и кIапэхур къыхуигъэзати, дунейр тIэу пкIэгъуэ хуэхъуртэкъым. Иджы «гъащIэ кIапэхум» и щIыб къыщыхуигъазэм, гузэвэгъуэ зылъыс дэтхэнэми япэу и анэм зэреджэм хуэдэу, Бэрыкъуи щалъхуа лъахэм и гур жат – хуейт, нэгъуэщI мыхъуми, и хьэуар иджыпсту къылъысыжыну.

Абы хэту, пэшым къыщIыхьащ IуэхутхьэбзащIэр, сулътIаным къигъэна къэхьэуэр иIыгъыу. Ауэ илъагъур къыгурымыIуауэ, и пIэм иумэзэхащ. ИщхьэмкIэ къыщыпытхъыу хуежьа къэдабэ щхьэгъубжэ Iупхъуэм и Iэ лъэныкъуэмкIэ зыкIэрищIауэ, Бэрыкъуэ иIыгът. Абджынэ щIыIэм кIэрилъхьэурэ игъэупщIыIу адрей и IэмкIэ и напэр кърилъэщIэхырт.

– Бисургъэ, бисургъэ (псынщIэу)! – кIиящ IуэхутхьэбзащIэр, гужьеяуэ.

---

* КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр етхуанэ номерым итщ.

СулътIаным и щхьэхъумэхэр, Саирбей я пашэу, пэшым къыщIэлъэдащ. Абыхэм техьэгъуэ къытехьауэ зэщIэкIэзызэ пащтыхьыр къапхъуатэри, и пIэм яхьыжащ.

– Дохутыр! ПсынщIэу дохутырым фыкъеджэ! ЕзгъэIубыну псы къысхуэфхь! – зэкIэлъигъэпIэщIащ и псалъэхэр Саирбей.

Шынакъ къыхуашиям ит псым Бэрыкъуэ иригъэIубыху, дохутырри къэсащ. Шэхум хуэдэу зи фэр пыкIа, зи Iэ-зи лъэр зэщIэдия сулътIаным и щытыкIэм ар игъэгужьеякъым. ЛъэIуащ зэрызехьэр ягъэувыIэну, итIанэ унафэ яхуищIащ шыгъу гъэплъа зэрылъ къэлътмакъ цIыкIу зыбжанэ къыхуахьыну. Ахэр хьэзыр хъуху, хущхъуэ ткIуэпс зыбжанэ псым хигъаткIуэри, Бэрыкъуэ иригъэIубащ. Къэлътмакъхэр къызэрыхуахьу, сулътIаным и лъэнкIапIэнэгэгъухэм, и пщэ лъабжьэм щIидзащ. Куэд дэмыкIыу, Бэрыкъуэ и гур къиутIыпщыжащ, и нэкIуми лъы къыщIэлъэдэжащ.

Я гур къызэрыгъуэтыжауэ, къыхуэгуфIэу къыщхьэщытхэм яхэплъэри, сулътIаныр лъэIуащ къэхьэуэ къыхуахьыну. IуэхутхьэбзащIэхэм задзат сулътIаным и лъэIур ягъэзэщIэну, ауэ дохутырым къызэтригъэувыIащ.

– Зи щIыхьыр ин, иджыпсту пщIэ мыхъуну зыгуэр щыIэххэмэ, ар къэхьэуэ уефэнырщ. СынолъэIу укъызэдэIуэну.

Бэрыкъуэ дохутырым акъылэгъу зэрыдэхъур и плъэкIэмкIэ къригъэщIа мыхъумэ, зыри жиIакъым.

Дохутырыр щыщIэкIыжым, Саирбей зыкъыхуигъэзащ:

– СулътIаныр зыкIи бгъэпIейтей хъунукъым. Иужьрей зэманым абы ишэчам хуэдиз зи фэ дэхуэн щыIэкъым, Кэрэк хьэпсри лъэужьыншэ хъуагъэнукъым.

– СулътIаным унафэ ищIащ, мынобэмэ, пщэдей ежьэжыну, – къэуIэбжьащ Саирбей.

– Зы тхьэмахуэ-тIу хуэдэкIэ гъуэгу теувэ хъунукъым. Гу-лъынтхуэ узхэмкIэ Iэзэшхуэхэр щыIэщ, апхуэдэхэри къегъэплъамэ нэхъыфIт.

– Чымшыбгъэ лIыкIуэ Багъдад игъэкIуащ, дохутыр къригъэшэну.

– НэхъыфIщ, арыншамэ лъынтхуэхэм лъыр яхузри, и гур къигъэчэнкIэ хъунущ.

Шэджагъуэм ирихьэлIэу борэнри теужащ, дыгъэри, сабафэ хъужауэ, къыщIэкIыжащ. СулътIанри къэтэджыну хуежьат, ауэ къыхуадакъым. Сымаджэр тIэкIу ягъэшхауэ Iуахыжырт, адрей пэшымкIэ Iэуэлъауэ макъ къыщыIуам. Бжэм адэкIэ Iэщэзехьэхэмрэ Бэрыкъуэ и къуэш нэхъыщIэ Iэнсокъуэрэ щызэныкъуэкъурт. СулътIаныр икIэщIыпIэкIэ ирагъэлъагъуну къэзыгъэув щIалэм зихъунщIэрт, хъумакIуэ нэхъыжьым унафэ къахуищIыху, Iэщэзехьэхэм ар къызэрызэтрагъэувыIар имыдэу. Саирбей бжэр Iуихри, лъэныкъуэкIэ IукIуэтыжащ, Iэнсокъуэ гъуэгур хуит хуищIу.

– Мэзза хъадэсэ? Iэйна Iахъи? (Сыт къэхъуар? Дэнэ щыIэ си къуэшыр?) – зэкIэлъигъэпIэщIащ абы дахэ-дахэу хуэмыгъэшэрыуэ хьэрыпыбзэмкIэ. Дохутырым зэрыIуплъэу, ар нэхъри къызэщIэнат.

– СулътIаным тIэкIу зегъэгукъыдэмыж...

Ар имыгъэпIейтеину Саирбей къызэрелъэIуар абы зэхихыжакъым: бжэ щIыхьэпIэм и деж щызэтрихьа IуэхутхьэбзащIэхэм яблитхъури, Бэрыкъуэ зыщIэлъ пэшым къыщIэхутащ.

– Бэрыкъуэ, сыт хьэIуцыдзхэм къыуащIар? – зидзащ абы сымаджэр здыхэлъымкIэ. Ауэ щхьэхъумэхэр къапхъуэри ар яубыдащ икIи гъуэлъыпIэм нагъэсакъым. Абыхэм заIэщIиудыну хуежьами, зыри къикIакъым. Бэрыкъуэ и къуэшым къыщыгуфIыкIыу къеплъри и щхьэр ищIащ, «къэвутIыпщ» къригъэкIыу. ЩIалэ гужьеям и къуэшыр зэпеплъыхь. Дыгъуасэ лажьэ имыIэу Чымшыбгъэ Къахир иутIыпщыжащ, езыри абы кIэлъыкIуэтэну унафэ къыхуищIат.

– Хэт укъэзыуIар? Хэт и хьэ и удын къытехуа си шынэхъыжь закъуэм? Сэ тхьэр согъэпцI мы лъапахъуэжьхэри хъыдан бгырыпххэри...

Iэнсокъуэ адэкIэ къыпищэнур къыгурыIуат Бэрыкъуэ. Ар къэIэбэри, и къуэшым и Iэр иубыдащ икIи, къызэрыгумэщIар и макъымкIэ къапщIэу, къригъэжьащ:

– СощIэ, сощIэ... умыгузавэ, Алыхьым и шыкуркIэ, зыми и удын стелъкъым сэ. Ауэ уэ сыпхуей дыдэу укъэкIуащ.

– Чымшыбгъэ згъэкIуэтэжри, къэзгъэзэжа къудейщ.

– Чымшыбгъэ сыт хуэдизкIи нэхъ псынщIэу Къахир нэсын хуейщ, дэри зыдгъэгувэ хъунукъым. Иджыпсту дысымаджэ щымыхъун дыдэщ...

– Бэрыкъуэ, Тхьэшхуэри узогъэлъэIу, сэри сынолъэIу къэбгъэнэну мы узыхэтхэр. ДыгъэкIуэж ди хэкужьым, – Iэнсокъуэ къызэщIэплъауэ, жиIэхэр делагъэу къилъытэу, сулътIаныр къыхуилъынкIэ шынауэ, зэкIэлъигъэпIащIэрт. – «Хъунщ» жыIэ закъуэ, тхьэр согъэпцI зы цIыхупсэ къыптемыплъэу усхьыжынкIэ!

СулътIаным и Iупэр фIызэтежащ.

– Хэт зыщIэбгъэлIэжыр, узыхуэзауэри хэт? – къикIуэтыртэкъым Iэнсокъуэ. – ХамэщIщ мыр, цIыху гущIэгъуншэхэмрэ фэрыщIхэмкIэ гъэнщIауэ. СулътIану щытын щхьэкIэ, пщы чор езыр-езыру зэрылIыжыну хьэзырщ. ЗэрымыщIэкIэ улъэпэрэпакъэ – зэфIэкIащ. Уигу къэгъэкIыжыт: дядэ тхьэмыщкIэр псэуху къищтакъым мыпхуэдэ хьэIуцыдз зэхэтыкIэр. Мыбы щыIэ уардэунэ абрагъуэхэм щынэхъ шынагъуэщ ди жыгей мэзыжьхэм нэхърэ. ИхъуреягъкIэ дыщэрэ налкъутналмэсу зэщIэпщIыпщIэу плъагъур мылъкукъым – ажалщ. Зым адрейр и жагъуэгъущ, лъэпкъ-лъэпкъ, гуп-гуп зэрыгъэхъуауэ, я лъабжьэр зэрыщIотIыкI. Дэ мыр хэку тхуэхъунукъым. Куэдщ хамэщIхэм, хамэ лъэпкъхэм щхьэкIэ адыгэ щIалэхэм я псэр зэратар. Аращ зытекIуэдар ди къуэш Анфокъуи. Апхуэдэ гъащIэкъым дэ дыкъызыхуигъэщIар. Мы дунейм анэкъилъхууи Iыхьлыуи щызиIэжыр уэ зырщ. Сыхуейкъым мы зэхэщIыкIыншэхэм уакъыхэзнэну. Ирикъунщ ар – зэрырешхыж езыхэр, ирырехъу къаруушэ, къеплъакIуэу щыс къаплъэнхэмрэ хьэIуцыдзхэмрэ тыншу Iус яхуэхъун хуэдэу. Хъумэн хуейри къызыщхьэщыжыпхъэри ди лъахэрщ, аддэ щыIэрщ.



8 Заказ №2595

И къуэшым жиIэхэр игу иримыхьми, сулътIаныр абы пэрыуакъым. Иджы Бэрыкъуэ езым зигъэкъуэншэжырт: и адэм и лIэныгъэри и Iуэху зэхэзэрыхьыгъуэри зэрихьэлIэри, щIалэр унагъуэу игъэтIысыжыну хунэсатэкъым. Пэж дыдэу, Iэнсокъуэ и лъабжьэр щезыгъэубыдын мыбы щыIэтэкъым.

– Ди лъахэкIэ узэджэри, абы щыпсэу ди лъэпкъри хъума хъунукъым, Iэнсокъуэ, – адыгэбзэкIэ кърigъажьэри, хунэмыгъэсу, хьэрыпыбзэм техьэжащ Бэрыкъуэ, – хъума хъунукъым, Мысырыр щымыIэу. – ИтIанэ, къуэшым и гупсысэкIэр игу зэрыримыхьыр къикIыу, и макъым нэхъ пхъашэ зригъэщIри къыщIигъужащ: – Абы и сулътIанри адыгэу щымыту хъунукъым.

– Мысырыр дэнэ щыIэ, хэкужьыр дэнэ щыIэ?

– А уэ узэригугъэм хуэдизу зэпэжыжьэкъым ахэр. Мысырым щIыр щыхъеймэ, шэрджэс лъахэри щIеупскIэ. Дэ къытхуэкIуэ бийри нэсынущ абыхэм я деж. А шынагъуэм ди лъэпкъэгъухэр щызыхъумэфынур дэращ. Абы щхьэкIэ Iуэдыщэм (Золотая Орда) ди Iэр хуэтшиин хуейщ.

СулътIаныр ебгъэзэш зэрымыхъунур, псалъэмакъыр яухмэ зэрынэхъыфIыр Iэнсокъуэ ираIуэкI щыхъум, Бэрыкъуэ ахэр къызэтригъэувыIащ. СулътIаным жиIэну зыхуейр иухатэкъым.

– ИтIанэ сэ сыарэзыкъым мыр ди хэкукъым жыхуэпIэмкIэ, – пищащ и псалъэм Бэрыкъуэ. – Мы щIыналъэм лъэпкъищэхэр щопсэу, адыгэхэри яхэту. А псоми зы къэралыгъуэщ яIэр. Иджы Алыхь IэмыркIэ абы и унафэр – лъэпкъхэмрэ цIыхухэмрэ гъэпсэуныр, нэгъуэщIыпIэ къикI бийм щыхъумэныр – адыгэм къыIэрыхьащ. Дэ къытщогугъ мелуанхэр, къытщогугъ ди адэжьхэм я лъапсэм исхэри. А псор зэздзэкIыу, кIэбгъу зысщIыжыну къысхубогъэув уэ, ар зэрымыхъунур езым къыбгурыIуэж пэтрэ. Дежьэжыпэу сощIри, жыжьэ дынагъэсыну пIэрэт?..

И псалъэр зэпигъэури, зытэлайкIэ гупсысащ, итIанэ Iэнсокъуэ и нэхэм щIэплъэурэ жиIащ:

– Сэ сыщIыпхуейр нэгъуэщI Iуэхущ. Ди гупсысэр абыкIэ зэтехуащ: хэкужьым кIуэжын хуейщ, ауэ кIуэжынур уэращ, сэ срыуимыгъусэу. Инд, Перс щIыналъэхэм къикIыу къытIэрыхьэ хъыбархэм ятепщIыхьмэ, Темырлан Кавказыр зэрипхъуэнущ.

– Ар зыхуей къуентхъым хуэдэ а щIыналъэм щигъуэтынукъым: щыIэкъым абы къэралыгъуэжь бейхэри къалэ щIэращIэхэри.

– Темырлан нэхъыбэу зыхуейр тепщэныгъэщ. Кавказым щыщIедзэ и ныкъуэкъуэгъу нэхъыщхьэм – Iуэдыщэм и хъаным – и щIыналъэр. Дзыгъуэр и гъуэм ихуэжтэкъыми, фэлъыркъэб зыкIэрищIат, жыхуаIэм хуэдэу, Къашакъ-Дарья псыхъуэм дэмыхуэжу, шейтIаныр къежьащ. Абы зэрипхъуащ Сейстаныр, Индыр, Азей Курытыр. А псори Мавераннахр къэралыгъуэм и бжьым щIигъэуващ, «сэ Чингизхъан и лIакъуэм сыщыщщ» жиIэри, езыри эмиру яфIытеувэжащ. Абы и хъуэпсапIэщ цIыхур къызэригъэщIрэ зыми къемыхъулIа Iуэху – хышхуитIым яку

дэлъ щIыналъэшхуэм Сэмэркъанд тепщэ хуищIыну. Езыми жиIауэ, зэрагъэхъыбарыжымкIэ, дунейр зэрыгуэша Iыхьиблым ящыщу хыр иубыдакIэщ, и лъэр здынимыхьэсар иужьрейрщ. Иджы а и хъуэпсапIэр зригъэхъулIэн папщIэ лъэпощхьэпо инитIым яфIэкIын хуейщ.

ИгъащIэкIэ Iэнсокъуэ и гупсысэр зыхуэмыкIуэну Iуэху телъыджэхэр сулътIаным зэрызэпищIэмрэ куэдми зэрыщыгъуазэмрэ игъэщIагъуэу, Бэрыкъуэ жиIэхэм едаIуэрт, псалъэ дидзэну дзыхь имыщIу. Ауэ хуэшэчакъым:

– Зыр Мысырырщ, етIуанэр, дауи, Тохъутэмыщ и хъаныгъуэрщ.

– Тэмэмщ, – къыпыгуфIыкIащ сулътIаныр. – Иджы солъагъу уи егъэджакIуэхэм я гугъуехьыр пщIэншэ зэрымыхъуар…

Хы ФIыцIэ Iуфэм нэхъ жыжьэ игъащIэм имылъэгъуауэ, и адэ Iэнэс и гъусэу Мысырым къэкIуа щIалэр Бэрыкъуэ и унафэкIэ ирагъэджат. Iэнсокъуэ, и къуэш нэхъыжьым хуэдэу гурыхуэти, еджэнми псынщIэу хэзэгъащ. ЩIалэм и къэухьми фIыуэ зиубгъуат. Бэрыкъуэ абы егъэлеяуэ щыгуфIыкIырт, Кавказым ис шэрджэс лъэпкъ псори зэгуигъэхьэу, Мысырым къепхыжа къэралыгъуэ лъэщ щIыныр сулътIаным щэхуу Iэнсокъуэ и цIэм ирипхырт. Ауэ зыгъэпIейтей щыIэт. Iэнсокъуэ и щIалагъэ-псынщIагъэр зыхинатэкъым: тэмакъкIэщIт, ерыщт, жиIам пхутекIынутэкъым. Жьэнахуэу, къыдрихьеяр хэт щхьэкIи къимыгъанэу зэрыжиIэм щхьэкIэ, пащтыхь сэрейм фIыуэ къыщалъагъуртэкъым ар.



– Аращ, а гъуэгуитIырщ Темырлан иIэр, – пищащ адэкIэ и псалъэм сулътIаным. – Япэ гъуэгур пхрокI Мысырымрэ тырку бейлыкъхэмрэ я щIыналъэм. Дунейм и ебланэ Iыхьэм ар нэхъ пэгъунэгъущ, ауэ нэхъ гугъущ. Мыбы щыкуэдщ къалэхэмрэ быдапIэхэмрэ. Ахэр псори пэувыфынущ сэмэркъанд эмирым. ЕтIуанэ гъуэгур нэхъ жыжьэщ, ауэ Iэпхъуэшэпхъуэным хэту псэу лъэпкъхэрщ нэхъыбэу исыр а щIыналъэшхуэм. Iуэдыщэм хуэдэ хъаныгъуэ лъэщ Темырлан и щIыб къыдинэну фIэщщIыгъуейщ. Исфаган, Сиуас къалэхэм къикIыу къытIэрыхьэ хъыбархэр абы хэплъхьэжмэ, эмирым и къару нэхъыщхьэр тэтэр хъаныгъуэм хуиунэтIынущ.

– Ар дэ тпэжыжьэщ, итIанэ езы тэтэрхэр зэрыукIыжыну хуеймэ, дэ абы дыщIыхэIэбэн хуейр сыт? – и Iуэху еплъыкIэр иукъуэдийрт Iэнсокъуэ, а псор Бэрыкъуэ щIыжиIэр къыгурымыIуауэ.

– Япэрауэ, езым я Iуэхужщ зэзэуэнуми зэкIужынуми, жыпIэу, лъэныкъуэкIэ уувыж хъунукъым. Тэтэрхэм я закъуэкъым а щIыналъэм щыпсэур. Ди деж хуэдэу, абыи лъэпкъ куэд исщ. ЕтIуанэрауэ, дэ Iуэдыщэм и хъаным быдагъэ худиIэщ, Къэзэр тенджызымрэ хы ФIыцIэмрэ я зэхуаку дэлъ щIыналъэм адыгэхэр пэрыуэншэу щигъэпсэуну, лей къатримыгъэхьэну. Ди деж щыпсэу я лъэпкъэгъухэм дэри апхуэдэу дахущытынущ. ИтIанэ дэ ар къэдгъэгугъащ нэгъуэщIыпIэкIэ къикIыу шынагъуэ къытехьэ хъужыкъуэмэ, дыдэIэпыкъуну. СыщIыпхуейри арат, гъуэгу утезгъэхьэнут.

Имыхабзэу, Бэрыкъуэ и мурадыр кIыхьу къыщIригъэкIуэкIыр иджы Iэнсокъуэ къыгурыIуат...

И къуэш сымаджэр щилъагъум, Iэнсокъуэ хуэшэчатэкъым къимыIуэтэн куэд щIауэ ищIа мурадыр – Бэрыкъуэ идыгъужу, цIыху тримыгъаплъэу, хэкужьым ихьыжыныр. Ауэ Iуэхур зэримыгугъауэ къыщIидзат.

Пщэдджыжьым жьыуэ Дамаск быдапIэм шууитху къыдэкIри, ищхъэрэкIэ драгъэзеящ. Iэнсокъуэ зи пашэ лIыкIуэхэм гъуэгуанэ кIыхь икIи егъэлеяуэ гугъу къапэщылът. Ахэр яIущIэн хуейт Хьэлэб, Дия-бакир, Сиуас быдапIэхэм я тетхэм. Бэрыкъуэ ахэр къыхуриджэрт къуэкIыпIэмкIэ къикI бий гущIэгъуншэм зыхуагъэхьэзырыну, я дзэхэр зэуIу ящIыну. АдэкIэ гупым къапэплъэрт Трабзон щитIысхьэу хы ФIыцIэр зэпаупщIын хуейуэ. Ауэ абдежми щиухыртэкъым абыхэм я гъуэгуанэр. Iэнсокъуэ и лъэр нихусын хуейт Гум псы Iуфэм Iут Мэджар сэрейм, къыпчакъхэм Темыр Кавказым щаIэ я щыхьэрым. Iэнсокъуэ Тохъутэмыщ хуихьырт Мысыр сулътIаным и тхылъ, Темырлан ябгэм и дзэр, Къэзэр тенджызым Iуту, Iуэдыщэм зэрыхуэкIуэр иту. СулътIаным хъаныр къигъэгугъэрт дэIэпыкъуныгъэкIэ. ЕлъэIурт, мы тхыгъэр зэрыIэрыхьэу, хъаным и мурадхэр къыжриIэу, Iэнсокъуэ къиутIыпщыжыну.

Ауэ Iэнсокъуэ къигъэзэжакъым. ИужькIи Бэрыкъуэрэ и къуэш нэхъыщIэмрэ зэрылъагъужакъым. Темырлан хьилэшым Мысыр сулътIанми, Iуэдыщэм и хъанми, тырку бейлыкъхэми я мурадхэр яфIызэхигъэзэрыхьащ. Абы и дзэ фIыцIэм БагъдадкIэ иунэтIащ икIи пасэрей тхыдэжьхэм я лъапсэм, Тигр псы Iуфэм VIII лIэщIыгъуэм аббасидхэм щаухуа къалэ щIэращIэм, и удын нэхъыщхьэр иридзащ.

Бэрыкъуи куэдрэ ежьащ и къуэш нэхъыщIэм. ГумащIагъэу а цIыхум Алыхьым къихилъхьауэ хъуар гъунапкъэншэу зритыр а зырт – Iэнсокъуэт. Зыгуэрым щхьэкIэ абы къигъэзэнумэ, къыщIигъэзэнур и къуэш нэхъыщIэрт, къэзыгъэдзыхэри Iэнсокъуэ къемыхъулIэ Iуэхухэрт. Пасэу гъащIэм ээкIэрича зэкъуэшхэм зэхуаIэ гуапагъэр аддэ щысабийм зэрыщытам хуэдэу къэнат. СулътIаныр къэзыухъуреихьхэми абы гу лъатат, икIи ягъэщIагъуэрт зи быдагъэмрэ фIэлIыкIымрэ хамэр зыгъащтэ Бэрыкъуэ и къуэшыр илъэгъуамэ, къыпхуэмыцIыхужыну гу щабэрэ хьэлэлрэ зэрыхъур. Хэт зыщIэр сулътIаным и къуэшыр гъуэгуанэ щытригъэувэм зэгупсысар: къэблагъэ шынагъуэм пэIэщIэ ищIыну хэта, хьэмэрэ хэкужьыр зигу къэкIыща щIалэм ари иригъэлъагъумэ фIэфIа? Языныкъуэхэми жаIэ нэгъуэщIхэр щымыгъуазэу Мысырымрэ Iуэдыщэмрэ я пащтыхьхэм зэгурыIуэныгъэ щэху гуэрхэр зэхуаIэнкIи хъуну щытауэ, икIи арагъэнщ къызыхэкIар нэхъыфI дыдэу илъагъу цIыхур Бэрыкъуэ лIыкIуэ ищIыныр.

Дауэ щымытами, и къуэшым и хъыбар Бэрыкъуэ афIэкIа зэхихыжагъэнукъым. Ауэ дэ дощIэ Iэнсокъуэ и цIэр иджыри зэ тхыдэ толъкъуным и сыджым къызэрыдридзеижынур. Ар хэтащ, Темыр-

ланрэ Тохъутэмыщрэ Тэрч Iуфэ деж лIэнкъэнэну зыщызэрадзауэ, курыт лIэщIыгъуэхэм зихуэдэ къэмыхъуа зауэшхуэм, хэтащ сэмэркъанд дзэзешэм и япэ удыныр зытехуа шэрджэсыдзэм (бгырысхэм я дзэуи щыжаIэ щыIэщ). Iэнсокъуэ зыхэт адыгэ, къыпчакъ шуудзэм, Темырлан и дзэзешэ, мингбаши Исмэхьилбей щIигъэIэри, Тэрчи зэприхужат. Ауэ текIуэныгъэр апхуэдэу тыншу Темырлан хьилэшым зыми зэрыримытыр абыхэм дэнэ щащIэнт? Псым зэпрыкIыжыну хунэса Исмэхьилбей и шууейхэр зэгуэжри, абыхэм якIэлъыпхъэрахэм я пащхьэ къихутащ сатыр зыбжанэу зэтекI шабзауэхам я блын лъагэр. Асыхьэтым шабзэ Iувыр ебгъэрыкIуэхэм къателъэлъащ, къателъэлъащ аргуэруи, аргуэруи... Гъатхэпс щIыIэмылыр утхъуауэ езыхьэх псы фIыцIэжьым гущIэгъуншэу ирилъэсэхырт цIыху гъащIэ минхэр...

2

Гур зэрыгъум дыгъур ирожэ жыхуаIэрати, Бэрыкъуэ щIэгузэва дыдэр къэхъуащ. ИужькIэ уIуужми, уи натIэр зэгуимыудыжыну, бгъажэ мывэ хъурейр зэманым дзакIэ жану гуиупсыкIынкIэ зэрыхъунум щыгъуазэ пэтми, ищIат апхуэдэу – Диамис и чэнджэщым тету, иутIыпщыжат МэнтIаш. Дапщэрэ и дзэзешэхэм ягу езым къигъэкIыжрэт цIыхухъу Iуэхум цIыхубз псалъэ лъабжьэ хуэпщI зэрымыхъунур. И зауэлIхэри къэзыухъуреихьхэри абы ткIийуэ иIыгът. Ауэ иджы Диамис едэIуат... хьэмэрэ езыр абы хуэмеяуэ пIэрэт? Зэт... Пэжщ, Бэрыкъуэ фIэфIу ищIат апхуэдэу – сулътIаныр хуейтэкъым, эмирхэм я щхьэзыфIэфIагъым къыхэкIыу, мамлюк хейхэм ялъ игъэжэну. МэнтIаши дерс хуэхъун хуейт и пэр зэ щIым зэрыхущахуар. ИтIанэ, зэхэщIыкI гуэр иIэххэмэ, Мысыр щIыналъэм и бжэщхьэIум къыIузэрыгуа бий мэхъаджэм, хэкур напIэзыпIэм зэрызыпхъуэнкIэ хъунум, псоми зыщыхуагъэхьэзыр лъэхъэнэм зимыгъэIэуэлъэуащэу къуэгъэнапIэм къуэсынырт къылъысыр. Ауэ МэнтIаш апхуэдэтэкъым. Бэрыкъуэ и дерсыр абы зэрыхурикъуар Къудыс (Иерусалим) и лъэр нихьэсыхущ. Къалэм дэс и IупэфIэгъухэр къигъэсэбэпурэ абы Бэрыкъуэ теухуа хъыбарыпцIхэр игъэIурт, жиIэрт адыгэлI емылыджым гъэпцIагъэкIэ сулътIаныгъэр зыIэщIиубыдауэ, пащтыхь Шэхьбан иригъэукIауэ, абы и къуитIыр тахътэм къридзу, езыр залымыгъэ защIэкIэ яфIитIысхьауэ. Къудыс и тетыр къигъэдаIуэри, абы Галилейми Самариеми хъыбар щызэбгригъэхащ «сулътIан нэпцIыр» Щам къыдэмыкIыу яубыдын, «шэрджэс залымхэм» Мысырыр къыIэщIахыжын хуейуэ. Тхьэм «сулътIаныну зыхуигъэфэща» МэнтIаш къызэригъэпэщ дзэм цIыхухэр къыхыхьэну къыхуриджэрт.

Чымшыбгъэ Къахир зэрынэсыжу, зыкъэзыIэтахэр къалэм дихуащ, къыпэщIэувахэми ящысхьакъым. Зэхэзехуэн хъуа зауэлIхэм МэнтIаш и хъыбар щызэхахым, зырыз-тIурытIурэ Палестинэм къакIуэу хуежьащ. Зэрыхьзэриймхэхуэу, хьэпсым кърагъэкIыжа Елыбгъаи МэнтIаш тхыгъэ къыхурегъэхь, зэкIужу, тIуми я зэхуэдэ бийм

пэщIэувэну къелъэIуу. МэнтIашрэ Елыбгъарэ зэхуэтхэурэ зэрогъуэтыжри, пасэрей зэфIитIу, Бэрыкъуэ езэуэну загъэхьэзыру щIадзэж. Куэд дэмыкIыу, зауэлI минитхум щIигъу я гъусэу, МэнтIашрэ Елыбгъарэ хы ШыугъэмкIэ яунэтI, абы и Iуфэм Iутурэ Иордан псым нэс кIуэну, адэкIэ зэпрыкIыу, Идрей быдапIэм зыщагъэбыдэну. МэнтIаш гугъэрт а быдапIэм щынэсым ирихьэлIэу и дзэр тIукIэ, щыкIэ нэхъыбэ хъуну. Ар пIащIэрт, сулътIаным Дыгъэ дзэшхуэ гъусэ хуищIу, Щам лъахэм и ищхъэрэ гъунапкъэм игъэкIуауэ зэхихати. Тэтэрхэри къекIуэлIат абы. МэнтIаш ауи и пщIыхьэпIэ къыхэхуэртэкъым Дамаск гъунэгъу зэрыхуэхъуар къалэдэсхэм зэрызэхахыу, зыкъаIэту «шэрджэс мыгъасэр» хьэ бжьыдзэу ямыгъэлъэн жыхуэпIэр. Езыр эмиру здэщыта къалэм ар куэдкIэ щыгугъырт.

Бэрыкъуэ аргуэру мафIитIым яку къыдэхутат. Иджы абы къыхуэнэжыр гъуэгуитIт. Япэр – щэхуу Дамаск дэкIыжу, и лъэр Хышхуэм нихьэсынырщ, адэкIэ кхъухькIэ Александрей нэсынщи... ГурыIуэгъуэщ, Чымшыбгъэ гъусэ къещIри, аргуэру Щам къегъэзэж. БыдапIэр зыубыдыжа МэнтIаш кърохьэлIэжри, аргуэру зауэ, аргуэру къэралыгъуэм и куцIыр щIэзых зэпэщIэтыныгъэ, аргуэру зауэлI минхэм я гъащIэр зыхь зэбиинырэ... Аращ езыр зыхуеиххэр тырку пэщэхэр, къуэкIыпIэмкIэ къахуэблагъэ бий ерур.

ЕтIуанэр – шынагъуэу къежьа благъуэм занщIэу пэщIэувэнырт, зиубгъуну хунэмыс щIыкIэ Iэпхлъэпх щIынырт. Ауэ сыт и Iэмалт – зэрабзыр сиIэ щхьэкIэ, кърабзэр сIэщIэлъкъым, жыхуаIэм хуэдэ хъуащ Iуэхур. Бэрыкъуэ и Iэ къызыпекIуэкIыр зэкIэ мащIэт. МэнтIаши Дамаск къэбгъэс хъунутэкъым. Лъэхъэнэ кIыхькIэ быдапIэмрэ абы къегъэщIылIа щIыналъэмрэ я пашэу щытам IупэфIэгъухэмрэ Iужажэхэмрэ къалэм зэрыщиIэнум шэч хэлътэкъым. МэнтIаш зэрыгугъэ дыдэм хуэдэуи, и дзэр Дамаск гъунэгъу къыхуэхъуху уэскIурийуэ бэтэнут. «Тхьэм апхуэдэу иухамэ, пхуещIэжын щыIэкъым, ауэ биййм си щIыб хуэгъэзауэ сэ сылIэнкъым, си IэпщитIым языхэзым джатэр зэрыхуэIыгъын къару гуэр къыхэнауэ», – жиIащ Бэрыкъуэ, икIи и гум къэкIа гупсысэм и нэхэр къыдэхъуэпскIащ. Абы Саирбей унафэ хуищIащ псынщIэу сулътIаным деж Хъалил Iэл-Джаркаси (Черкес) къашэну. МэнтIаш и мамлюк еджапIэм къыдыщIэса и лъэпкъэгъу икIи и ныбжьэгъу Хъалилрэ Бэрыкъуэрэ махуэ енкIэ тепсэлъыхьащ къэхъуа Iуэхум. Абыхэм зэжраIари унафэу ящIари нобэр къыздэсым щэхуу къэнащ, дызыщыгъуазэр иужькIэ къэхъуарщ.

Пшапэр зэхэуа къудейуэ, шэрджэс защIэу зэхэт шууей щитхурэ тIощIрэ хырэ, дзэзешэ Хъалил Iэл-Джаркаси я пашэу, быдапIэм къыдэкIри, уэсанхэм я лъахэм пхрыкIыу, Идрей быдапIэжьым хуэкIуэу ежьащ. Бэрыкъуи унафэ ищIащ, куэд зи нэгу щIэкIа Дамаск къалэм аргуэру зауэм зыхуигъэхьэзырыну. БыдапIэм къекIуэкI щIытIыр нэхъ бгъуэи нэхъ кууи иригъэщIащ. Иджы абы и бгъуагъыр арычэ 30-м (метри 9), и кууагъыр – I3-м (метри 4) нагъэсат. Къалэм кIуэцIрыж Бэрдэ псы цIыкIур дагъэуэхри, щIытIым дэз ящIащ. Ищ-

хъэрэ къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ бжитIыр къагъанэри, адрейхэр зэхуащIащ, а тIум яхуэзанщIэ лъэмыжхэм фIэкIа щIытIми къытранакъым. Шы илъыгъуитI хуэдизкIэ быдапIэм пэIэщIэ Къасюн Iуащхьэжьми плъырхэр тригъэуващ, къалэм къыхуэкIуэхэр зыхуэдэр нэхъ щIэхыу къищIэн щхьэкIэ. Жэщми махуэми къалэм Iэуэлъауэр щхьэщытт – Дамаск бийм зэрыIущIэнум зыхуигъэхьэзырырт.

Зы жэщ-махуэкIэ гъуэгу тетауэ, Хъалил и гупыр Идрей нэсащ, ауэ абы дыхьакъым. ЩIыр щыхъеям зэхикъута урым чэщанэжьхэр къызэранэкIри, Самарием хуэкIуэу, ипщэкIэ ирагъэзыхащ. Напэр зыпхъэх бжьыхьэ жьы щIыIэ гъущэ къепщэрт. Зи щыгухэр шакъафэу жьыбгъэмрэ дыгъэмрэ тражьыкIа Iуащхьэжь пцIанэхэм я зэхуаку дэкIырт шуудзэр. Бжьыхьэм зи гуащIэр щIиха дыгъэм и бзийхэр зыпэмылъэщыж уэххэм щхъуантIагъэр къыщызэщIэрыуэжат. Гуэрэн-гуэрэнурэ дыгъэмыхъуэ лъэныкъуэм щызэхэт жыгхэр, чыцэхэр Iуащхьэжь щыгухэм жьыбгъэм кърихьэха жьуджалэ удзыжь гъуахэмкIэ къэгъэтIылъыхьыжат. Гъэужьымрэ удзыжь гъуахэмрэ зэхыхьэжауэ ящI фIэIурымэу пIалъэ-пIалъэкIэрэ вауэлI ешахэм къаIурыуэр зэрызыхащIэ щыIэтэкъым. Ар зыхэзыщIэр Хъалилт. Дзэзешэр здэкIуэри къыпэщыт шынагъуэри щыгъупщэжауэ, Хэкужьым лъыхъуэрт, аддэ Псыжь Iуфэ щыгъагъэ накъыгъэхэм къапих мэм, езыр зыщыгъуазэм хуэдэм. Ауэ дэнэт? Къалэн гугъут икIи шынагъуэт султIаным Хъалил и пщэ къыдилъхьар – Бэрыкъуэ и дзэр нэсыху, абы зэтриIыгъэн хуейт МэнтIаш япэкIэ къэкIуэтэныр.

Хъалил и гупсысэм къыхашыжащ асыхьэтым къыбгъурыхута шу зыбжанэм. Дзэм и гъуэгур зэIузых хъумакIуэхэм я Iэтащхьэ Ахьмэд ибн МэлтIи дзэпщым къыжриIащ Iуащхьэ зэпэщытым адэкIэ къыщылъ уэхыр МэнтIаш и зауэлIхэм егъэзыпIэ зэращIар.

– Шынагъуэ лъэпкъ мыбы щахуэзэнкIэ хъуну пэплъэххэркъым ахэр, – пищащ и псалъэм Ахьмэд. – Я шэтырхэр къазэрыпэщIэхуэм хуэдэу гъэуващ, хъумакIуэ здыIутри мащIэ дыдэщ.

– Iиншаалахь, нэнтIэсыру хьалэл IэхьдаI (Тхьэм жиIэмэ, ди насып текIуэнщ), – жиIащ абы и жэуапу Хъалил.

Гупыр къигъэувыIэри, абы щэ тетхэр езым и деж къриджэжащ. Шу пашэхэм ечэнджэща нэужь, Хъалил мурад ищIащ, Бэрыкъуэ хуэдэу, щIыпIэм и щытыкIэр къигъэсэбэпыну. ЯпэщIыкIэ абы шууищэ зырызыр IуащхьэжьитIым я лъабжьэм щIигъэуващ. Мыдрейхэр къуэм къыдинащ. Иджыпсту зауэлIхэми шыхэми зрагъэгъэпсэхун хуейт. Нэхулъэ къыщищIым ирихьэлIэу бийм ебгъэрыкIуэну зэгуры Iуахэщ.

КъуэкIыпIэмкIэ къыщхьэщыт Iуащхьэжьым и щыгум адэкIэ уафэ джабэм вагъуэхэр икIуэдыкIыу щIидза къудейт, Хъалил Iэл-Джаркаси и зауэлIхэр хьэзыру щиувыкIам щыгъуэ. Хъалил аргуэру зэ щэ тетхэм ягу къигъэкIыжащ теуэр зэрырагъэкIуэкIыну щIыкIэр. Езыр шым зэрытесу джабэ нэкIум ихьэри, зауэлIхэм закъыхуигъэзэжащ:

– Хушдаш, мы Iуащхьэм адэкIэ дэ къыщытпоплъэ ди бий нэхъ еру дыдэхэр – зи лъахэми, лъэпкъми, тхьэ дыдэми епцIыжахэр! Абыхэм зэкъым хеилъ зэрагъэжар, ауэ нобэ, тхьэр ди дэIэпыкъуэгъуу, джаурхэм кIэ ягъуэтынщ! Тхьэм и губжьыр зыхэлъ шэрджэс джатэм и удыныр ятрырехуэ бзаджащIэхэм! Дэращ джатэмрэ шууеинымрэ къыхуигъэщIар! Шэхьид дыхъурэ – жэнэтыр зэхудипIалъэщ, напэ хужькIэ Тхьэм дызэхуихьыж! Аллахьу Акбар!

– Аллахьу Акбар... – зыжьэу къызэдэIуа макъ лъэщым къуэр джэрпэджэжкIэ зыбжанэрэ къыпэджэжащ.

Асыхьэтуи, Iуащхьэ лъабжьэм къыщIина зауэлI щитIыр къанэри, адрейхэр бийм хуэкIуэу ежьащ. Iэуэлъауэ иным игъэщтауэ, хьэжэпхъажэ хъуа бийм зыкъищIэжыну хунэмыс щIыкIэ, япэ шууищэр абы ебгъэрыкIуащ. Шабзауэхэм я шабзэшэхэр гъунэгъу шэтырхэм ятелъэлъащ. Япэ ит гупыр тIууэ зэгуэжри, бжы кIыхьхэмкIэ зэщIэузэда етIуанэ шууищэм гъуэгур хуит хуищIащ. Езыхэм къагъэзэжри, ещанэ шууищэм я ужь иувэжащ. Зыхуэзэр шыбгъэкIэ ирахыу, бжыкIэ зэтракъутэу кIуэцIрыкI зауэлI гупым и бгъуитIымкIэ мыдрей шууей щэ зырызри МэнтIаш и дзэ зэхэзежэ хъуам теуащ.

Хъалил шу тIощIырыпщI хуэдиз и гъусэу джабэ нэкIум кIэрытт, уэхым къыщыхъухэм еплъу. Iуащхьэ фэншэм сакъыпэурэ къыщхьэщыува дыгъэм и бзийхэри зэпхимыдзыжу, уэхыр сабэмрэ гъуэзымрэ зэщIащтат. ЩIыр зыдэгыз шы лъэ макъхэм къахэIукIырт мамлюк губжьахэм я хъущIэ псалъэхэр, гъущI зэуIу, щэIу, гурым... Зи уанэгур нэщI хъуа шыхэр гужьеяуэ гуэрэн-гуэрэнурэ адэ-мыдэкIэ щызежэрт.

Сыт хуэдиз хахуагъ къамыгъэлъэгъуами, зэрымащIэIуэм къыхэкIыу, Хъалил и шуейхэр МэнтIаш и шэтыр къалэм и кIэм нэсыфакъым. Ар ещхьт техьэр щIэзылъафэ шэдым. МэнтIаши гу лъитат къытеуахэр куэд зэрымыхъум, ар зы эмирым и щхьэхъумэхэу къыфIэщIащ. «Дарий бгырыпххэм» ягу къызэрыгъуэтыжащ. Ахэр лъэныкъуитIымкIэ къыщебгъэрыкIуэри, шэрджэс шухэр я зэхуаку дапIытIэу хуежьащ. Асыхьэтым уэхым къыщхьэщыт Iуащхьэжьым Бэрыкъуэ и бжьамияпщэхэм я джэ макъ лъэщыр къыщыIуащ, сулътIаным и дамыгъэр – лъэтэну зызышэщIа дыщэ бгъэжьыр – зыщхьэщыт шэтыри къытехутащ. Накъырапщэхэмрэ бэрэбанауэхэмрэ я макъым щIэту, Iуащхьэм дзэр лъэныкъуитIкIэ къехыу хуежьащ. СулътIаным и зауэлI фащэкIэ хуэпа шууейхэр зылъэгъуа бий зауэлIхэр зэрыгъэкIиящ:

– Iэл-хьэсакъые! Iэл-хьэсакъые!

Хъалил Iэл-Джаркаси я пашэу етIуанэу ебгъэрыкIуа шууейхэр бийм къыщыхъуащ сулътIан Бэрыкъуэ и дзэр къэсауэ, иджыри къэс зэзэуар дзэшхуэм япэ иту кIуахэр ара къудейуэ. Бийр хьэжэпхъажэ хъуащ икIи, Хъалил зауэм къыхиша къаруущIэм пэщIэмытыжыфу, щIэIащ. Бэрыкъуэрэ Хъалилрэ махуэ енкIэ зэгупсыса Iуэхур зэрахуейуэ къайхъулIат – бийм акъылкIи лIыгъэкIи иджыри ятекIуат...

Шэджагъуэм ирихьэлIэу зэхэуэр иухащ, бийм хэщIыныгъэшхуэ

игъуэтауэ, зауэлI куэд, Елыбгъаи яхэту, гъэр къащIауэ. Ауэ мызыгъуэгуми МэнтIаш яIэщIэкIат. Хъалил унафэ ищIащ къаукIа я ныбжьэгъухэр а уэх дыдэм щыщIалъхьэну. Апхуэдэуи ящIащ. Нобэр къыздэсым а щIыпIэм «мамлюкхэм я кхъэхалъэкIэ» йоджэ.

ЕтIуанэ махуэм мы щIыпIэм къэсащ сулътIан Бэрыкъуи, зауэлI мин зыбжанэ и гъусэу. СулътIаным фIыщIэшхуэ хуищIащ Хъалил икIи къигъэгугъащ тепщэныгъэрэ псэукIэм и нэхъыфIымрэ лъигъэсыну.

СулътIаныр и псалъэм епцIыжакъым. Къахир игъэзэжа нэужь, абы Хъалил иритауэ щытащ къалэм и сату щIапIэ нэхъ ин дыдэр. Абы Хъалил зригъэубгъуащ, икIи, 1400 гъэм щегъэжьауэ, «Iэл-Хъалил хъанкIэ» зэджэ бэзэрыр нобэр къыздэсым щолажьэ Египетым и къалащхьэм. Зауэр щекIуэкIа щIыпIэм къэса Бэрыкъуэ и пащхьэ кърашащ Елыбгъарэ и блыгущIэтхэмрэ. Елыбгъа лъэгуажьэмыщхьэу уври сулътIаным къелъэIуащ, гущIэгъу къыхуищIыну, къыхуигъэгъуну. Бэрыкъуэ шым къепсыхакъым, зы псалъи жиIакъым, и пащхьэ къитым зы тэлайкIэ еплъри, ежьэжащ. Абы къикIыр къызыгурыIуа Елыбгъа гурымри щIым натIэкIэ хэхуащ... МэнтIаши куэд ирагъэкIуакъым. Ар и щыкъум – Нахъир Iэл-Джэббар и деж – зыщигъэпщкIуу къащIэри яубыдащ икIи, и блыгущIэтхэри и гъусэу, и щхьэр палъащ.



Апхуэдэу иухащ къэрал кIуэцI бийхэм яхуэгъэзауэ Бэрыкъуэ иригъэкIуэкIа иужьрей зауэр. ТекIуэныгъэ гъуэзэджэ къызыщахьа а зауэр дунейпсо тхыдэм хыхьащ «шэрджэс мамлюк шууей 500-м я зауэкIэ» еджэу. Бэдэр деж Мухьэмэд бегъымбарым щригъэкIуэкIа зауэм и ужькIэ тхыдэм къыщыхъуакъым куэдкIэ нэхъыбэ бийм пэщIэувэу, джатэрэ бжыкIэ зауэлI гуп апхуэдэу текIуэфауэ. Ар и щыхьэтщ мамлюк дзэзешэхэм я IэкIуэлъакIуагъэу щытам, ипэжыпIэкIэ мамлюкхэм хуэдэу шууейрэ джатэр Iэзэу зыгъэбзэфрэ курыт лIэщIыгъуэхэм зэрыщымыIам.

АдэкIэ-щэ? Абдежым щиуха япэ адыгэ сулътIан Бэрыкъуэ теухуа хъыбарыр? Хьэуэ. АдэкIэ – 1390 гъэм – щIидзэжа къудейуэ аращ адыгэлI щэджащэм и етIуанэрей тепщэгъуэм. Бэрыкъуэ гъуэгу тетт, КъуэкIыпIэри КъухьэпIэри зэпызыщIэ къалэ щIэращIэм хуэкIуэу. Абы иджыри къыпэплъэрт Мысыр къэралыгъуэжьыр бзэпсым хуэдэу жыIэщIэу щигъэпсэуну илъэсхэр, ауэ гуфIэгъуэрэ гужьеигъуэкIэ гъэнщIахэр.

Бэрыкъуэ Къахир кIуэжырт, Темырлан, Тигр псы Iуфэм Iуту, Багъдад хуэкIуэрт...

3

Бэрыкъуэ къызэригъэзэжам къахирдэсхэр хуабжьу щыгуфIыкIащ. Иджы ахэр щыгугъырт, икIэм-икIэжым, Мысырым мамырыгъэр тепщэ щыхъужыну. КъызыфIэгъэщIыгъуейщ Бэрыкъуэ къызэрыта илъэситIым «КъуэкIыпIэмрэ КъухьэпIэмрэ я куэбжэкIэ» зэджэ

къалэм и нэгу щIэкIар. Махуэ щIагъуэ дэкIыртэкъым тырку, алыдж, шэрджэс, тэтэр мамлюкхэр, гуп-гуп зэрыщIауэ, къыщызэреупщIэтэх къэмыхъуу. 1340-1341 гъэхэм сулътIан Iэн-Насир Фостатым къыщежьэу Къахир кIуэуэ иригъэухуауэ щыта псыжапIэ (акведук) хьэлэмэтыр зэтракъутати, къалэдэсхэр псыкIэ гугъу ехьырт. Шынагъэ щыIэт мызэ-мытIэу къахирдэсхэр лъэрыщIыкI зыщIа емынэ узыр цIыхухэм къахыхьэнкIэ. Бэрыкъуэ къызэрысыжу, япэ унафэу ищIар къалэр псыкIэ гъэнщIыныр щ. Абы щхьэкIэ цIыхухэм ирафыну псыр махъшэхэмкIэ, къыдырхэмкIэ къашэну цIыху мин 12 Iуигъэуващ, тхьэщIэпс, фIеипс хуэдэхэр къалэм кIуэцIрыкI кIэнауэм хагъэлъэдэныр щригъэгъэташ, псыжапIэр зэгъэпэщыжыным цIыху мини 6 махуэ къэс иришэлIащ.

Псом хуэмыдэу екIэкIуат сатур. Зэуэн-бэнэным хэмыкI къалэм и кхъухь тедзапIэр нэщI хъуат. Гъаблэ къэхъункIэ гузэвэгъуэ къыщхьэщыхьат.

Илъэс зыбжанэ ипэкIэ Къахир и закъуэ чэруан-сэрейуэ 11, касариеу 23-рэ, сыкъкIэ зэджэ сату щIыпIэу 50, сату зэгурыIуэныгъэхэр щызэращIылIэу, нэгузыужьыпIэу, шыгъэжапIэу 10 дэтамэ, абыхэм ящыщу къэнэжаи щыIэтэкъым. А мащIэми хъунщIакIуэхэр, дыгъуакIуэхэр щытепщэти, сатуущIэхэм дзыхь ящIтэкъым я хьэпшыпхэр утыку кърахьэн. Япэм а бэзэрхэм сытри щыбгъуэтынут: сабын, дагъэ, шылэ щэкI, щыгъын, IэфIыкIэ, дэ, пхъэщхьэмыщхьэ, индигэ. Ахэр апхуэдизкIэ хьэпшыпкIэ гъэнщIати, щэхуакIуэхэм зекIуапIэ къахуэнэжтэкъым. Сындыкухэр дыщэрэ дыжьынкIэ къуат – апхуэдиз къулеигъэр уи щхьэм къыпхуигъэтIасэртэкъым. Бэрыкъуэ къыщигъэзэжам а фIыгъуэм и лъэужьи щыIэжтэкъым. Иджы сулътIаным къыпэщытт, къэралым дзыхь къыхуащIу, сату къыдащIу зэтеублэжыныр.

Псом япэу сатуущIэхэмрэ щэхуакIуэхэмрэ залымыгъэ езых щIэпхъаджащIэхэм кIэ яритащ. Куэд къалэм дихуащ, куэди Баб аз-Зувейлэ куэбжэшхуэм и деж щхьэпылъэ щригъэщIащ. Нил къухьэпIэмкIэ кIуэта нэужь, хуит къэхъуа уэхым чэруансэреищIэ къыщызэIуихащ. «ВикалекIэ» зэджэ а сату щIыпIэр зэпэплIимэу къэщIыхьат, ику нэщIышхуэм псыутх итыжу. Мыбы сатуущIэхэр къыщыувыIэрт, зэгурыIуэныгъэхэр щызэращIылIэрт, я хьэпшыпхэмкIэ щызэхъуажэрт. Сэрейм хэтт хьэщIэщи, я хьэпшыпхэр щахъумэни, шхапIи. Махъшэхэми шыхэми егъэзыпIэ иратырт. Бэрыкъуэ и ныбжьэгъу, МэнтIаш и дзэр шууей щитхукIэ Самарием щызэтезыкъута Хъалил Iэл-Джаркаси «ХъанкIэ» зэджэ сату щIыпIэпщIантIэшхуэр иратащ. Ар Булакъ кхъухь тедзапIэм пэгъунэгъути, «Хъаным» япэу кърашалIэрт Венецием, Генуем, Неаполь, Португалием, Испанием, Францием, Индым къикI хьэпшыпхэр. ЦIыкIуминми, кхъухь мини 3-м нэс зы илъэсым тенджыз Плъыжь кIэнауэмкIэ щызэблэкIырт. Къахир щежьэрти, Александрей нэс Нил тету кIуэрт, адэкIэ Хышхуэм техьэрти, хэт ВенециемкIэ, хэти КонстантинопольмкIэ яунэтIырт. Къахир псэ къыхыхьэжу хуежьэжат.

**Мыри гъэщIэгъуэнщ.** Иджыри Бэрыкъуэ IуэхуитI зэфIигъэкIын хуейуэ къыпэщытт, сыт щыгъуи къаугъэ нэхъыби псалъэмакъи къызэрыкIхэу. Ахэр щIыр гуэшынымрэ дзэм зыхуэмыфащэхэр хэгъэкIыжынымрэт. ЩIымрэ къэрал мылъкумрэ зыгуэшыр сулътIанырат. А хабзэр 1169-1193 гъэхэм Египетым и сулътIану щыта Сэлэдин лъандэрэ айюбидхэм къащIэнауэ къекIуэкIырт. Бэрыкъуэ абы зэхъуэкIыныгъэ хилъхьэну зэгуэр хуежьат, ауэ къехъулIакъым – мамлюк-зауэлIхэм къыхуадакъым, ахэр зэрыхуейм хуэдэу имыщIмэ, Къахир ягъэсыну жаIэри. Иджы а Iуэхур тэмэму зэфIэкIа хъунымкIэ абы чэнджэщэгъу къищIат еджагъэшхуэ, тхыдэтх цIэрыIуэ ибн Хъалдун. Ар Бэрыкъуэ и лъэIукIэ Тунисым и сулътIан Абу Iэл-Хьэбас къыхуигъэкIуат, Мароккэм щагъэхъу хьэрып шы лъэпкъым хуэдэу зы гуартэ тыгъэу и гъусэу.

Адыгэпщхэм егъэлеяуэ фIыуэ ялъагъурт Африкэ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм яшхэр. Ахэр жэрт, лъэрызехьэт, хуабэр, пшахъуэщIыр фIыуэ яхуэхьырт, зэуэнми фIыуэ тегъэпсыхьат. Езы Бэрыкъуи хабзэншэ хуэхъуакъым Тунисым и тетым. А хэкум къикIа хьэжыщIхэм хъумакIуэ гъусэ яхуищIри, Мэчэ нэс иригъэшащ. Къагъэзэжа нэужь, Индым, Персым къраша щэкI лъапIэхэр, алэрыбгъухэр яритащ. Я сулътIанри Iыхьэншэ ищIакъым.

Ибн Хъалдун Бэрыкъуэ псэуху и гъусащ, абы и IуэхущIафэхэр итхыжу. СулътIанми еджагъэшхуэм пщIэшхуэ хуищIырт, и псэукIэкIэ зыхуей хуэзэным и нэIэ тригъэт зэпытт. Бэрыкъуэ Мысырым и хеящIэ нэхъыщхьэу ибн Хъалдун игъэуват.

Зэгуэрым ибн Хъалдун сулътIаным зыхуигъэзащ, Тунисым къигъэна и унагъуэр Къахир къишэжыну хуит къищIыну. Бэрыкъуэ Iуэхум «хьэуэ» къыхигъэкIакъым, икIи мысыр сулътIаным и цIэкIэ Абу Iэл-Хьэбас тхылъ хуригъэхьащ, ибн Хъалдун и лъэIур иту. Тунисым и сулътIанми Iуэхур кIыхьлIыхь имыщIу, тхыдэтх цIэрыIуэм и унагъуэр кхъухькIэ къригъэжьэжащ, шы хэплъыхьа зыбжани тыгъэ къыхуищIри. Ауэ кхъухьыр Мысырым къэсакъым. Александрей къалэм пэгъунэгъу къэхъуауэ, жьапщэшхуэм хэхуэри, псым щIилъэфащ. Кхъухьым исахэм ящыщу къелар сулътIаным и лIыкIуэ закъуэрщ. Насыпыншагъэр ину зыхищIащ ибн Хъалдун, Бэрыкъуи и жагъуэ хъуащ ар икIи хеящIэм и гуауэр щигъэпсынщIэн щхьэкIэ лъэкI къигъэнакъым. Тунис сулътIаным и лIыкIуэр иригъэблагъэри пщIэ хуищIащ, игъэлъэпIащ, щежьэжым щэкIыфI дыдэхэр, дыху, бгъэсмэ, мэ дахэхэр къызыпих баш цIыкIу лъапIэхэр тыгъэ хуищIащ.

Абу Iэл-Хьэбас сулътIаныгъэр Бэрыкъуэ зэрыIэщIахар щызэхихам и жагъуэ хъуат. ИужькIэ, адыгэ щIалэр пащтыхь тахътэм зэрытетIысхьэжар щыжраIэм, пIалъэ къыхимыгъэкIыу, лIыкIуэ къыхуигъэкIуащ къехъуэхъуну. ЛIыкIуэ гупым хьэж ящIмэ зэрафIэфIыр Бэрыкъуэ къищIати, ахэр гъусэ яхуищIащ тенджыз Плъыжь кIэнауэмкIэ хым нэс кIуэну и зауэлI мин 12-м, «нэхъ хъума хъунщ» жиIэри. АдэкIэ дзэм ЩамкIэ яунэтIын хуейт. Тунисым и

лIыкIуэхэр, кхъухькIэ тенджыз Плъыжьым тету, Джиддэ нэс иригъэшащ.

Хьэж щIын къудейртэкъым Мысырымрэ Африкэм и адрей хэгъэгухэмрэ зэрызэпыщIар. Абыхэм сату зэдащIырт, зауэ Iуэхухэмкlи зэдэIэпыкъурт. Мысырыр муслъымэн дунейм я плъапIэт. Абы и сулътIаным псори къыфIэлIыкIырт. Муслъымэнхэм я хъалифату Къахир щыIэм хуит имыщIауэ е и чэнджэщ хэмылъу, зы къэрали хуиттэкъым ислъам диным теухуауэ Iуэху гуэр кърахьэжьэну. Мысырым и сулътIаным и арэзыныгъэ хэмылъу, муслъымэн хэкухэм я зы пащтыхьи къытехьэртэкъым е трагъэкIыртэкъым. Бэрыкъуэ зэхэзехуэн щащIа лъэхъэнэм а псори къэтIэсхъат, икIи япэм Египетым иIа пщIэр зэфIэгъэувэжыным, лъэпкъхэмрэ хэгъэгухэмрэ я дзыхь сулътIаным кърагъэзу щIыжыным къаруушхуэ ирихьэлIэн хуейт.

Бэрыкъуэ и унафэкIэ, Мысырым и кхъухь тедзапIэ псори Европэм къикI кхъухьхэм къыхузэIуахыжащ, ахэр зэIузэпэщ яригъэщIащ. Иджы абыхэм яIэт хьэщIэщ тыншхэр, хьэпшып хъумапIэхэр, зыгъэпсэхупIэ-нэгузегъэужьыпIэхэр. СатуущIэхэр яхъумэрт, пщIэ хуащIырт, уеблэмэ зэрагъэфIэIуэм къыхэкIагъэнт Португалием къикIхэм кхъуэ къыздашэурэ муслъымэн щIыналъэм щашхыу зэрыщытар. Апхуэдиз хуитыныгъэ иратат абыхэм. Дауи, абы щхьэусыгъуэ иIэт...



КъуэкIыпIэмкIэ къикIыу Европэм кIуэ хьэпшыпхэр зэрыщыту КъахиркIэ блашырт. Псом хуэмыдэу, сату IуэхукIэ зэпыщIа хъуат Венециемрэ Къахиррэ. Жорзехьэхэм я еплIанэ зекIуэм и ужькIэ Венецием и зауэлIхэм Константинополь зэрапхъуауэ, Левантри яубыдауэ щытащ. Венецием сыт щыгъуи и ныкъуэкъуэгъу Генуер тригъэкIуэтри, уеблэмэ хы ФIыцIэми тепщэ щыхъуат. Левантым и кхъухь тедзапIэхэмкIэ, Венецием и дыгъэ къуэкIыпIэмкIэ щыIэ лъэпкъхэм сату ядищIу хуежьащ. Ар Мысырым идэнкIэ Iэмал зимыIэт. 1291 гъэм а кхъухь тедзапIэ псори мамлюкхэм Венецием къытрахыжащ икIи ар ирахулIащ езыхэм я сэбэп зыхэлъ сату къадищIыну. Абы щегъэжьауэ, итальян сатуущIэхэмрэ абыхэм я лIыкIуэхэмрэ Къахир щыпэкIурт. Иджы КъуэкIыпIэмкIэ икIыу Европэм яшэ хьэпшыпхэм я нэхъыбэр шэрджэс сулътIанхэм я щыхьэрымкIэ блашырт. Таможнэм и лэжьакIуэхэм зэщIакъуэну хунэмысу, дыщэр къилъалъэрт я кIадэм. Дауи, абы щыщу нэхъыбэр лъысырт сулътIаным – абы хэкур игъэпсэун, дзэр иIыгъын хуейт.

**Мыри гъэщIэгъуэнщ.** СулътIану къытехьэм къэрал мылъкур, щIыри абы хыхьэу, игуэшыжырт. Езыми Iыхьэншэ зищIыртэкъым, и благъэхэри, и Iыхьлыхэри зыщигъэгъупщэртэкъым. Ауэ сулътIаныр трагъэкIмэ е лIэмэ, къэрал мылъкум щыщу абы иратар и бынхэм къахуэнэртэкъым, ар къыIахыжырт. ЩIэину къанэр езым и ахъшэкIэ къищэхужарат: ар и бынхэм я мылъкут, зыри еIусэну хуимыту. Мыпхуэдэ демократ псэукIэм Европэр хуэкIуэным лIэщIыгъуэ зыбжанэ иджыри хуейт.

СатуущIэхэм тыншыпIэ псори къыхузэрагъэпэщми, абыхэм па-убыдхэри щыIэт. Ахэр Бэрыкъуэ нэхъри щIигъэткIият. Псалъэм папщIэ, мэрем махуэм, жумыхьэ нэмэзыр зэфIэкIыхукIэ, хамэ сатуущIэхэр хьэщIэщхэм къыщIэкIыну хуит ящIыртэкъым. Апхуэдэ хабзэ игъэуват сулътIан Iэл-Ашраф Насир ад-дин Шэхьбан ЕтIуанэм, 1365 гъэм, мэрем махуэу, къалэдэсхэр мэжджытым щыIэу, Александрей къалэм Кипрым и пащтыхь Лузинен къытеуэу зэрипхъуа нэужь. Бэрыкъуэ хамэ сатуущIэхэр къыщыувыIэ хьэщIэщхэми хъумакIуэ Iуигъэуват – нэгъуэщIыпIэ къикIа цIыхухэр жэщу къалэм къыдыхьэу идэртэкъым. Адыгэ сулътIаныр зэтэкъым зэрыбэлэрыгъари, зэрыщыуари, иджы быдэ и анэ зэрымыгъым Iуэхур трищIыхьырт.

Александрей, Къахир, Аден, Бейрут, Латакие, Джиддэ кхъухь тедзапIэхэм, абыхэм пэгъунэгъу Дамаск, Хьэлэб, Хьэмэ, Мэчэ, Мэдинэ къалэхэм псынщIэу заужьыжу щIадзат. А къалэхэм щыIэт Италием, Португалием, Испанием, Мароккэм, Iуэдыщэм (Тэтэрым) къикI сатуущIэхэм папщIэ хьэщIэщ, чэруан-сэрей щхьэхуэхэр. Кипрым апхуэдэ сату щIыпIэхэр Мысырым и къалэхэм щиIащ, и дзэр Александрей къытеуэу зэрипхъуэху. Псом хуэмыдэу зэгъэпэщат Марсель икIхэм я хэщIапIэр. Мароккэм нэхъыбэу сату зэрищIыр шыхэмкIэти, къыщыувыIэ сэрейр абы тегъэпсыхьат: шэщ инхэр иIэт, IускIи сыт щыгъуи къызэгъэпэщат. Тэтэрхэм, увыIэгъуэ ямыIэу, Мысыр къалэхэм кърашалIэрт цIыху щхьэхуимытхэр, гъэрхэр – я сату нэхъыщхьэри арат. ЦIыху щэныр фейдэ хэкIыпIэ зыхуэхъуа сатуущIэхэм я IуэхущIафэр даIыгъырт мысыр сулътIанхэми, эмирхэми, дзэзешэхэми. Мыбы пуду щызыIэрагъэхьэрт щIалэ цIыкIухэр. ИужькIэ ахэр мамлюк еджапIэхэм щагъасэрти, я зауэлIхэм хагъэхьэрт. СулътIанхэм, дзэзешэ цIэрыIуэхэм я благъэ, я Iыхьлы апхуэдэхэм къахэхуамэ, ахэр лъапсейуэ иращэжырт. Тэтэр, тырку сатуущIэхэм я гъусэу, Мысырым къыщыхутэрт шэрджэс цIыху куэди.

ЦIыхуу зэкIэлъыкIуэр куэд щыхъум, мамлюк сулътIанхэм хуит ящIащ мысыр къалэхэм члисэхэр къыщызэIуахыну. ИужькIэ абыхэм къэрал къыздикIахэм я лIыкIуэхэри (посолхэр) дэс, щылажьэ хъуащ. Мысырым хьэпшыпу кърашэр нэхъыбэ ищIын щхьэкIэ, Бэрыкъуэ сатуущIэхэм къыIах дорыдэр (налогыр) игъэмэщIащ. Мыбдежми сулътIаныр фIыуэ япэкIэ плъэуэ къыщIэкIащ. Нэхъыщхьэу абы Iуэхур зытрищIыхьар нэщI хъуа хэку пхъуантэр гъэнщIыжынырт. ЕтIуанэу, Бэрыкъуэ IэщэщIэхэм хуэныкъуэт, абы зауэшхуэ къыпэщытт. Генуем, Венецием сэшхуэ, бжы, уэщ хуэдэхэр фIы дыдэу щащIырт, итIанэ абыхэм къагъэсэбэпу щIадзат зэрызауэ IэмэпсымэщIэхэр – арбалетхэмрэ бомбардхэмрэ. Бэрыкъуэ зэкIэ ахэр иIэтэкъым. Иджы, сатуущIэхэм я хьэпшыпхэм ят дорыдэр щыхуагъэмащIэм, абыхэм Мысырым къашэу хуежьащ Iэщэ зэмылIэужьыгъуэхэри, гъущIхэкIхэри, апхуэдэхэр муслъымэн къэралхэм Iэрагъэхьэну Урымым (Римым) и папэм хуит зэримыщIым емыплъхэу. Бэрыкъуи арат зыхуеиххэр.

Хамэ хэку къикI кхъухьхэр къызэрырагъэблагъэ хабзэми зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ. Иджы кхъухь тедзапIэ къэс екIуэлIапIитI иIэт: муслъымэн лъахэхэм къикIахэм зыр ейт, адрейм къесылIэр чристэнхэрт. Кхъухьыр къызэрыIухьэу, кхъухь тедзапIэм и лэжьакIуэхэр ихьэрти, исри илъри къапщытэрт, зрагъащIэрт я бжыгъэр, хьэлъагъыр, лIэужьыгъуэр, къыздикIа щIыпIэр, здаунэтIыр. Iуэхум зэIумыбзыныгъэ, гурыщхъуэ къыхэмыкIын щхьэкIэ къэпщытакIуэхэм Iэмал имыIэу я гъусэн хуейт кхъухьыр къыздикIа къэралым и лIыкIуэу а къалэм дэсыр. Кхъухьым еплъа нэужь, къалэ тхьэмадэм, абыкIэ зэфIэмыкIынумэ, сулътIаным хъыбар иригъащIэрт. Ар тхыгъэкIэ ягъэхьэзырт, щIыпIэм пэжыжьэмэ, тхьэрыкъуэ гъэсар пощтзехьэу къагъэсэбэпырт. СатуущIэхэмрэ таможнэмрэ зэгурыIуа нэужь, нэрыбгэ къэс зы дукат (Венецием къыщыщIагъэкIыу щыта ахъшэ жыгъейщ, дыжьыным и ужькIэ дыщэми къыхащIыкIырт, грамми 3,4-рэ хуэдиз хъууэ) сэкъылэту итын хуейт. Абы къищынэмыщIауэ, ахъшэу иIыгъым, дукати 100 къэс тIу хуэзэу, таможнэм къыIихырт. ИтIанэ сатуущIэр хуит хъурт, и хьэпшыпхэр Мысырым и сыт хуэдэ къалэми щищэну.

Апхуэдэу Бэрыкъуэ зэтриублэжа сату Iуэхум Мысырыр иужькIэ дэунащ. Хамэ хэку къикI сатуущIэхэм хэхъуэшхуэ къахуихьу екIуэкIащ, Португалием Инд хы тIуащIэ гъуэгур къызэIуихыху. 1487 гъэм а къэралым и кхъухьхэм, Патлу Мью Дияз я пашэу, Африкэр къаухри, Инд хым техьэгъащ. Илъэс пщыкIуз дэкIри, Васкэ да Гамэ Лиссабон щежьэри, Индием нэсащ, а гъуэгу дыдэмкIи къигъэзэжащ. СулътIан Къанщауэ Гъурым и зэманым Мысырымрэ Португалиемрэ лIэнкъэнэну зэпэщIэуват, Инд сату гъуэгур яхузэрымыгъэгуэшу, яку зауи къыдэхъуэгъащ, ауэ ар нэгъуэщI хъыбарщ...



МызэкIэ Бэрыкъуэ хузэфIэкIат цIыху мелуаным нэс зыдэс Къахир къалэ абрагъуэм гъаблэр, емынэ узыр щхьэщихын. Иджы къару псори ехьэлIэн хуейт Мысырым и щхьэхуитыныгъэр хъумэным. Абы щхьэкIэ къызыхуэтыншэу зэщIэузэда дзэ лъэщ уимыIэу хъунутэкъым. Арат Бэрыкъуэ псэхугъуэ къезымытыр...

Мылъкумрэ щIымрэ гуэшынырт сулътIаныр нэхъ зыгъэпIейтейр. А Iуэхум хасэр зэхуригъэшэсри тригъэпсэлъыхьащ, езыри ибн Хъалдун ечэнджэщащ. Бэрыкъуэ мы хабзэм зэхъуэкIыныгъэ хилъхьэмэ нэхъ къищтэрт, ауэ хасэм и фIэфIыныгъэри къимылъытэу хъуакъым. «Хабзэр хабзэщ, ар лIэщIыгъуитI нэблэгъауэ къыддокIуэкI», – жаIащ къэрал хасэм хэтхэм.

1382 гъэм Бэрыкъуэ, сулътIан хъуауэ, щIыр щигуэшам, мыарэзыныгъэ куэд кърикIуат: къахирдэсхэм зыкъаIэтат, уеблэмэ мамлюкхэр зэпэщIэувэжат. Зы мыхьэнэншэми мафIэ къилыдыкIынкIэ хъунут, а илъэсхэм Дэрмэс и Iуэхум къикIа бэлыхьым хуэдэу.

Бэрыкъуэ и Iыхьлы гъунэгъу Дэрмэс хуэупсэри, щэ тет ищIат, а къулыкъум хуэфэщэн мылъкуи щIышхуи иритат. Дэрмэс кIуэцIры-

къуэ гуэрт, къару фIэкIа, акъыл дунейм щызекIуэу имыщIэу. Езыр къыкът, адыгэбзэ фIэкIаи ищIэртэкъым. ГурыIуэгъуэтэкъым абы и мамлюкхэм – тыркуи, тэтэри, алыджи, Iэрнаути, хьэрыпи зыхэтым – зэрепсэлъэнур. Ауэ, дауэ щымытми, сулътIаным и унафэр унафэти, абы къэгъазэ иIэтэкъым. Дэрмэс хуэмыфащэ къулыкъу зэрылъысам сулътIаным и мамлюкхэр зэщIигъэплъащ, губжьыр бэм ядищтащ, икIи зэрызехьэшхуэ Къахир къыщыхъуащ. ЦIыхухэм ягъэхъыбарырт Дэрмэс «Iэшхьэду Iэннэ лаIилахьэ Iилла лахь, уэIэшхьэду Iэннэ Мухьэмэдэн рэсулул лахь» къудей зэрыхужымыIэр, нэмэз щIыкIэ зэримыщIэр. Дэрмэс и деж Iуэхутхьэбзащlэхэр щIыхьамэ, сыт щыгъуи ялъагъурт ар и егъэджакIуэм бгъэдэсу «Iэл-Фатихьар» (КъурIэныр къызэрызэIуих сурэр) зригъащIэу. Дэрмэс гъумэтIымэрт, егъэджакIуэм и «дерс гугъур» къыгурыIуэртэкъыми.

Абы щыгъуэ Бэрыкъуэ быдапIэм зауэлI мин 14 къыдишэн хуей хъуат, зыкъэзыIэтахэр игъэсабырыжын щхьэкIэ. Нобэ апхуэдэ къэбгъэхъу хъунутэкъым. Япэрауэ, 1382 гъэм Бэрыкъуэ дзэпщти, зауэлI псори и телъхьэт, Мысырри хуэщIауэ псэурт. Иджы къэрал кIуэцI бийхэм зи куцIыр щIиха хэкур лъэрымыхьт, адыгэ сулътIаным и къэгъэзэжыныгъэм щымыгуфIыкIахэр бгъуэтынут. Абы и щIыIужкIэ, дзэм къэпщытэныгъэ щегъэкIуэкIауэ, къулыкъум емызэгъыж, жьы хъуа зауэлIхэри хэгъэкIыжын хуейт. Ари тынш цIыкIуу зэфIэкIыну Iуэхутэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, хабзэр ткIийт.



Дзэр къыщапщытэм и деж, мылъкур щIэрыщIэу ягуэшыжырт. ЗауэлIым къулыкъур ирихьэкIыну и узыншагъэм къимыхьмэ е унагъуэ, бын, нэгъуэщI щхьэусыгъуэкIэ и Iуэху хуэмыхъужмэ, дзэм хагъэкIыжырт, иратауэ щыта мылъкури (унэ, лъапсэ, щIы, улахуэ) къытрахыжырт. Ауэ Бэрыкъуэ дзэм къэпщытэныгъэ щригъэкIуэкIыну мурад щIищIам нэгъуэщI щхьэусыгъуи иIэт. Япэрауэ, къэрал кIадэр нэщI ящIауэ кърихьэлIэжат, зауэлIхэм яритыну улахуэр беижьхэм е сатуущIэхэм я деж щIыхуэу къыщилъэIухуэрт. ЕтIуанэрауэ, узхэм, жьыгъэм къарууншэ ящIа зауэлIхэр хигъэкIыжмэ, дзэр нэхъ жан, лъэщ, зэпэщ хъунут. Апхуэдэ къаруущIэм иджыпсту Бэрыкъуэ хуэныкъуэт.

ИтIанэ дзэзешэхэмрэ дзэм и Iуэхур зезыхьэхэмрэ зэрыщыту адыгэт. Шэрджэс сулътIанхэм ар зэи нэгъуэщI лъэпкъхэм къахэкIахэм Iэрагъэхьэртэкъым. Абы нэхъри гугъу ищIырт Бэрыкъуэ и мурадыр – хуейтэкъым абы и лъэпкъэгъухэм, Iэмал щыIэххэу, я жагъуэ ищIыну.

Мысырым и дзэр щыуэ гуэшат: зэуэным хуэхьэзыр гуп, сулътIаным и хъумакIуэхэр, эмирхэм, пщыхэм я хъумакIуэхэр. Дауи, япэ гупырт бжьыпэр зыIыгъри, хэкур зыщыгугъри. Ахэр къэралым и щIыналъэхэм игуэшат, улахуэ нэхъыби хуагъэувырт. СулътIаным и щхьэхъумэхэри мащIэтэкъым. Бэрыкъуэ апхуэдэу миниплI иIыгът. Абыхэм сулътIаным щIым я нэхъыфIыр яхупичырт, улахуи яритырт. Вилайхэм, мухьэфэзхэм япщхэм, къалэ-быдапIэхэм я эмирхэм я уна-

фэ щIэт зауэлIхэм езыхэм улахуэ иратыжырт. Бэрыкъуэ и лъэхъэнэм япэ гупым хыхьэ зауэлIхэм я бжыгъэр мин 42-м нэсырт. СулътIаныр зауэм щыIухьэкIэ, щIыналъэ псоми зауэлIхэр къыхуагъакIуэрт икIи мысырыдзэр хуэдитIкIэ, хуэдищкIэ нэхъыбэ хъурт.

СулътIаным и хъумакIуэ гупри Iыхьищу зэхэтт: сулътIану къытехьам езым иIа мамлюкхэмрэ щIэуэ къищэхуахэмрэ, япэкIэ тетам ейуэ къэнахэр, эмирхэм я зауэлIу щытауэ, щхьэусыгъуэ гуэрхэмкIэ сулътIаным и щхьэхъумэхэм къыхагъэхьэжахэр. Абыхэм улахуэ хуагъэувырт, я унагъуэхэри зыхуей хуагъазэрт, уеблэмэ яшхэм ирагъэшхыну Iус нэгъунэ щхьэхуэу иратырт. СулътIаным и зауэлIхэр нэхъ гъэфIат, къыхэщыпыкIа защIэт. Ахэр Францием, Инджылызым, Германием я пащтыхьхэм я зауэлI хэхахэм хуэдэт. Ауэ зэхуэдэу пащтыхьхэм къулыкъу хуащIэми, абыхэм зэщхьэщыкIыныгъэшхуи яIэт. Европэм и пащтыхь пщIантIэхэм къулыкъу щызыщIэ зауэлIыр и лъабжьэкIэ пщылIт, хуит къащIыжами. Адыгэ сулътIаным и зауэлIхэр уэркът, шымрэ лIымрэ я хабзэм щIапIыкIауэ. Япэр унафэ гъэзащIэщ, етIуанэр хабзэзехьэщ. Уэркъхэр пщы шу гъусэурэ тегуэшэжат эмирхэм – щIыналъэхэм япщхэм. Апхуэдэхэм я бжыгъэр сулътIанырт зэлъытар. Псалъэм папщIэ, Бэрыкъуэ и зэманым пщыхэм я бжыгъэр 25-рэ хъурт, зэрыщыту адыгэ защIэу, икIи абыхэм дэтхэнэми уэркъ шу мин зырыз я гъусэжт. ЗауэлIхэм я улахуэр зы илъэсым ику иту динар 80 – 100-м нэсырт, ауэ яхэтт лэжьапщIэу динар 200 – 600 къыдэзыхи. Улахуэр зыхуэдизынур зэлъытар езы сулътIанырт. ЗауэлIым и лIыгъэм, и жыджэрагъым къищынэмыщIауэ, ар пащтыхьым и Iыхьлымэ е и нэфI щыхуамэ, къулыкъум щIат пщIэр къэIэта хъурт.



**Мыри гъэщIэгъуэнщ.** Мин тетым къыкIэлъыкIуэр щэ тетырт, адэкIэ плIыщI тет е «бэрэбанэIыгъкIэ» зэджэт. ПлIыщI тетым апхуэдэу щIыфIащар а къулыкъур зыIыгъ зауэлIым и куэбжэм бэрэбанауэ зэрыIутрат, пщыхьэщхьэкIэрэ макъамэ хэха еуэу. ПщIы тетым мамлюк 40 – 80 иIыгъыну хуитт, мылъкукIэ къикI закъуэмэ. Ауэ и унафэм щIэт зауэлIхэм я бжыгъэм хэхъуэ щхьэкIэ, абы и тетыгъуэм зихъуэжыртэкъым. ЩыIэт пщIы тети, апхуэдэхэм зауэлIу 20-м щIигъу зыIыгъи яхэтт. АдэкIэ къыкIэлъыкIуэрт тху, плIы, тIу тетхэр. Хьэрып тхыдэтх Iэл-Тэрхъани зэритхымкIэ, «абыхэм адыгэхэр яхэттэкъым, ахэр нэхъыбэу зыIыгъыр хьэрып пщыхэрт».

Иджырей къэралхэм я дзэм къулыкъу щызыщIэ сэлэтхэм хуэдэ къабзэу, мысыр зауэлIхэми я увыпIэр нэхъ лъагэ хъуурэ кIуэрт. Ар нэхъыбэу зэлъытар цIыхум и зэфIэкIырт, и IэкIуэлъакIуагъэрт. Езы Бэрыкъуи мамлюк еджапIэм зэрымыщIэкIэ къыщIэхута Iэхъуэ щIалэжь цIыкIум икIри сулътIаным нэсат. СулътIану щытыну, дауи, зауэлI псоми къахуихуэртэкъым, ауэ мамлюк еджапIэм къыщызэдэщIадзэрт я гъуэгуанэм. СулътIанхэмрэ эмирхэмрэ я еджапIэхэм зауэлIхэр щагъасэрт, абыхэм фащэ хэхаи хуадырт, мазэ къэси динарибл улахуэу иратырт. ЩIалэ цIыкIухэр лIыпIэ зэриувэу, сулътIаным щхьэхуит ищIыжырт икIи тху тет къулыкъур яхуигъэ-

фащэрт. Апхуэдэхэрт Бэрыкъуэ иджыпсту нэхъ зыщыгугъыр, и дзэр къызэригъэщIэрэщIэжыну къарур.

Дзэр къэпщытэн хуейуэ Бэрыкъуэ хасэм къригъэщта унафэр щызэхахым, зауэлIхэм абы къикIыр ящIэрти, сулътIаным деж лIыкIуэ ягъэкIуащ, мамлюк нэхъыжьхэм гущIэгъу къахуищIыну ирагъэлъэIуу. СулътIаным Мысырым и дзэпщ Чымшыбгъэрэ щIэныгъэ IуэхухэмкIэ и унафэщI Бейбэрсрэ къриджэри унафэ яхуищIащ, дзэм хагъэкIыж зауэлI ныкъуэдыкъуэхэм я мылъкур – унэ-лъапсэр, щIыр – къыхуагъэнэжыну. Ауэ, къэрал пхъуантэр нэщI зэрыхъуам, щIыхуэшхуэ зэрытелъым къыхэкIыу, улахуэ зэраримытыжыфынури гурагъэIуэну яжриIащ. Зэи къэмыхъуа апхуэдэ гулъытэр зи ныбжь хэкIуэта зауэлIхэм я гуапэ хъуащ, икIи сулътIаным псалъэ быдэ къратащ, къыхуей щыхъу сыхьэтым Iэщэр къащтэжу абы къыкъуэувэну.

Пащтыхь еджапIэр къэзыух зауэлIхэм иращIэкI махуэшхуэм Бэрыкъуэ къригъэблэгъащ дзэм хагъэкIыжа нэхъыжьхэри. Апхуэдэу ахэр иригъэплъащ тенджыз кIэнауэр Нил щеуалIэ уэхым деж щащIа джэгупIэщIэм щекIуэкIа топджэгум. СулътIанымрэ къалэм и тет Айтмэшрэ я мамлюк еджапIэхэм я гуп къыхэхахэр шым тесу топ зэдэджэгурт. Мы джэгукIэм икъукIэ дихьэхырт Мысырым щыпсэухэр. Ар, ипэжыпIэкIэ, лIыгъэм, IэкIуэлъакIуагъэм и щапхъэу ябжырт, джэгуакIуэ нэхъ Iэзэхэм я цIэр къраIуэрт, саугъэтхэр хуащIырт. Ар «полокIэ» зэджэ иджырей джэгукIэм ещхьщ, и хабзэхэри зэтохуэ.

Мис апхуэдэу губзыгъэу, чэхъумэхъу къыхэмыкIыу, дзэр къэпщытэным и Iуэхур Бэрыкъуэ зэфIигъэкIащ. Уеблэмэ дзэм хагъэкIыжхэмрэ абы къыхагъэхьэхэмрэ нэхъ гъунэгъу зэхуищIащ, а еджапIэр къэзыуххэм иращIэкI гуфIэгъуэм зауэлI нэхъыжьхэри иригъэблагъэри.

ЩIыр гуэшыжынри апхуэдэу къаугъэ къыхэмыкIыу иригъэкIуэкIащ Бэрыкъуэ. А зэхъуэкIыныгъэхэм ятеухуауэ иужькIэ сулътIаным и судыщIэу щыта ибн Хъалдун и «Пролегоменэ» лэжьыгъэм щитхыгъащ: «... къэралым нэхъыфI дыдэу унафэ зэрыхуэпщIыфынур цIыхухэм я гуапэ пщIыкIэрэщ». ЩIыр гуэшыным и Iуэхуми сулътIаным щхьэзыфIэфIагъ хилъхьакъым. Абы, Мысырым и тхакIуэ нэхъыщхьэ (щIэныгъэ IуэхухэмкIэ и тет) Бейбэрс я пашэу, гуп щхьэхуэ хасэм яхигъэхьэри къригъэпщытащ къэралым и гъавэ щIапIэ псори. ЩIым и инагъыр, фIагъыр, псы здынэсыр, трасэ хабзэр, къытрахыр зыхуэдизыр къэзылъыта гупым ар Iыхьэ-Iыхьэурэ зэпычыжауэ зэрыт тхылъымпIэр сулътIаным иратыжащ. ИужькIэ Бэрыкъуэ и мустэшархэр (чэнджэщэгъухэр) къригъэблагъэри, аргуэру зэ хэплъэжащ щIыр зэрагуэшыну щIыкIэм.

Европэм щыIэ къэралхэм щIыри, адэ щIэину, быным къыхуагъанэрт. Мысырым щыапхуэдэтэкъым. ЩIым, адрей мылъкухэми хуэдэу, унафэ тезыщIыхьыр сулътIанырт. ЩIыр зейр лIамэ, ягъэтIысамэ е, щхьэусыгъуэ гуэрхэм къыхэкIыу, хуземыхьэж хъуамэ, ар къыIахыжырти нэгъуэщIым иратыжырт. ЩIыр гуэшынми



9 Заказ №2595

къеIыхыжынми хьэлэбэлыкъ къыщикI щыIэт. Бэрыкъуэ хуэмеиххауэ, апхуэдэу къэхъуат мы зэми.

Зы махуэ гуэрым мамлюк гуп сулътIаным къелъэIуащ, сымаджэ хьэлъэу хэлъ я эмирым и щIыр къахуигуэшыну. Бэрыкъуэ идакъым щIыр зейр псэууэ, апхуэдэ Iуэху хыхьэн. ЗауэлI губжьахэм лIэуэ телъ лIыр ятхьэлащ. Бэрыкъуэ ар къыщищIэм, мамлюкхэм щIы яритын дэнэ къэна, ахэр иригъэубыдри, хьэпсым щIригъэдзащ, я мылъкури къытрыригъэхыгъащ.

Мысырым и мэкъумэшыщIэхэм илъэсым зэт щIым гъавэ зэрытращIэр. Щамым гъавэ щIапIэр IыхьитI щращIыкIырти, зым трасэрт, адрейм зрагъэгъэпсэхурт. Апхуэдэ щIы зехьэкIэм тетт Кавказым щыпсэу адыгэхэри. ЩIыр зей пщыхэр, дзэзешэхэр абы зэрыкIэлъыплъ щыIэтэкъым. Ахэр Къахир дэст, унэ зэгъэпэщахэм щIэсу. ЩIыр абыхэм IуэхутхьэбзащIэхэм дзыхь хуащIырт, адрейхэм мэкъумэшыщIэхэр ирагъэлэжьырт. ЩIым дзейуэ зэгухьэу щелэжьи, бэджэнду щати щыIэт. Пщым и блыгущIэт зауэлIхэми мымащIэу яхэтт щIы зиIэ, абы махуэ къэс кIэлъыплъ, зезыхьэ. Къэхъурт уз зэрыцIалэ гуэр къежьэрэ цIыху куэд ихьу. Апхуэдэхэм деж щIыр зейм и Iэщхьэлъащхьэр дрихьейрти, губгъуэм ихьэрт. Зыми хуадэнутэкъым щIыр игъэхьэулейуэ.

НэгъуэщI зы хабзэфIи Бэрыкъуэ хилъхьащ щIы гуэшыкIэм. Абы унафэ ищIащ хэкум илъэс куэдкIэ хуэлэжьа, пщIэшхуэ зыхуащI цIыхухэм я узыншагъэм, ныбжьым къимыхьыжу, къулыкъум ахэр щыхагъэкIыжкIэ, яIыгъа щIы Iыхьэри къыхуагъэнэжыну, улахуи хуагъэувыну. Иджырей пенсэм хуэдэщ зи гугъу тщIыр. Абыхэм сулътIаным пщIэшхуэ яхуищIырт, цIыхухэри «тэрхъанкIэ» еджэрт. «Тэрхъан» псалъэр тыркубзэм къыхэкIащ, «пщы» жиIэу аращ.

ЩIышхуэ, мылъкушхуэ яIэу, бей дыдэхэри щыIэт. Мылъкум щигъэкIауэ, абыхэм мыхъумыщIагъэ щалэжь къэхъурт: псалъэм папщIэ, мэкъумэшыщIэм и гугъуехьым пэкIуэр ирамыту, цIыхухэр зэхэзехуэн ящIу, езыхэм ефэн-ешхэн фIэкIа Iуэху ямыIэу. Апхуэдэхэр Къахир щыбэгъуат сулътIаныгъэр Бэрыкъуэ щыIэщIахыгъа илъэсхэм. АдыгэлI щэджащэм пащтыхьыгъуэр зэриубыдыжу, «бетIалкIэ» (хьэрыпыбзэкIэ «Iуэхуншэ» жиIэу аращ) зэджэ гупым зауэ яришIэкIащ. Куэдым суд трыригъэщIыхьри, ящIхэри я мылъкури къытрыригъэхащ икIи нэхъ зыхуэфащэу къилъытэхэм яритащ. «БетIал» губжьахэм щытыкIэр ягъэутхъуэ, къаугъэ къаIэт щыхъум, зэщIригъакъуэри, псори Димят къалэм иригъэшащ, абы къыдэкIыну хуимыту.

Къаугъэшхуэ къыхэмыкIыу, щIы гуэшынри зэфIэкIащ. Абы и щIыхькIэ тхьэлъэIушхуи ящIыжри, жэщищ-махуищкIэ ешхахэщ, ефахэщ, джэгуахэщ. Абы хамэ хэкухэм къикIа хьэщIэ лъапIэхэри хэтащ. ЦIыхухэм яIуатэми яхуэухыжыртэкъым ар гъэщIэгъуэну зэрекIуэкIар, ерыскъышхуи къызэрыщаIэтар. Гуп щхьэхуэ зэрыгъэхъуауэ, зэныкъуэкъуным, зэзэуэным къыдэмыхуэу псэуа къахирдэс-

хэр хуэзэшат мыпхуэдэ хэкупсо махуэшхуэм. ПщIыхьэпIэ дахэм хуэдэу, яIуэтэжырт сультIаным къахирдэсхэр зэрыIущIар.

Махуэшхуэм къалэр мазэ псокIэ хуагъэхьэзырат. Пащтыхьым, пщыхэм я уардэунэхэм, быдапIэ дыхьэпIэхэм сультIаным и бэракъыр, и дамыгъэхэр къыщыфIадзат. Тхьэшхуэм Мысырыр, муслъымэнхэр къыхъумэну зэрелъэIу духьэхэр зытет шылэ щэкI удзыфэхэр быдапIэ дыхьэпIэхэм къепхъухат. Алэрыбгъуэкlэ щIэгъэна тетIысхьэпIэхэр, теувапIэхэр къалэ утыкухэм, сультIаныр зыблэкIынкIэ хъуну IуэхущIапIэхэм, кхъухь тедзапIэхэм, стадионхэм щагъэуват.

ЗыкъызэрыпхузэкъуихынкIэ хъунур сыт щыгъуи къэщIэгъуей къуэкIыпIэ хэгъэгум телъыджэ гуэркIэ ежьэрт къэралыгъуэ куэдым къикIа хьэщIэхэри. Ахэри зэрыпэплъауэ къыщIэкIащ. Япэ махуэм, шэджагъуэ нэмэзыр зэфIэкIа къудейуэ, сультIан къэсрэным къыщыIуащ сультIаным и бжьамияпщэхэмрэ бэрэбанауэхэмрэ я макъамэ дахэр. Асыхьэтым Баб ан-Наср («ТекIуэныгъэм и куэбжэ») быдапIэбжэр зэIужащ. Сатыр блырыблурэ зэхэт дзэр дзэзешэхэм я унафэм дэщIэхъеящ икIи хуэмурэ ежьащ алэрыбгъуэхэр щиубгъукIа куэбжэшхуэм хуэкIуэу. ЗэщIэлыдэу зэщыхуэпыкIа зауэлIхэм зы IэмкIэ я бгъэгум кIэраIыгъэрт мэIуху дыжьыныфэр, адрей IэмкIэ яIыгъ бжымрэ ящхьэрыгъ дыщафэ тажымрэ дыгъэ бзийхэр щыджэгурт. Бжызехьэхэм кIэлъыкIуэрт джатауэхэр. Абыхэми афэ джанэ ящыгът, мэIуху яIыгът, фэ пIащIэ щабэ я Iэпщэм къешэкIат. ЛъэсырыкIуэдзэм, пщIэгъуалэ дахащэм тесу, яужь итт зи лъабжьэр фIыцIабзэ, зи щIыIур гъуатIафэ шылэ щIыIутелъ кIыхьышхуэр зи плIэм къеубгъуха сультIаныр. Къабзий хьэплъыфэр зыщхьэщыт пыIэ лъагэм ику дыдэм хуэзэу хэст щхъуэкIэплъыкIэу дыгъэ бзийхэр зыгъэджэгу налмэсышхуэр. Бэрыкъуэ и бгъуитIымкIэ, сультIаным зы шыщхьэ хуэдизкIэ яужь къинэу, къыбгъурытт Мысырым и дзэпщ Чымшыбгъэрэ Къахир и тет Айтмэшрэ. Абыхэм я гъусэт дзэзешэ нэхъыщхьэхэр, эмирхэр, хасэм хэтхэр. Псори зэщыхуэпыкIат. АдэкIэ къыкIэлъыкIуэрт шууей мин пщыкIутI, Iэщэм я нэхъыфIхэмкIэ зэщIэузэдауэ.

ЛъэсырыкIуэдзэмрэ сультIаным и гупымрэ Фил хытIыгу кхъухь тедзапIэхэмкIэ яунэтIащ, шууейхэм занщIэу ДжизэкIэ драгъэзеящ, Булакъ деж дзэм къыщежьэ кхъухьхэм итIысхьэри, Бэрыкъуэ зи пашэ зауэлIхэми шухэр здэкIуамкIэ ягъэзащ. Дзэр зэуIу щыхъужым, Бэрыкъуэ и унафэкIэ щIадзащ зауэм ар зэрыхуэхьэзырыр къапщытэн. СультIаным щхьэхуэ-щхьэхуэу зригъэлъэгъуащ шабзауэхэм я Iэрыхуагъэр, джатауэхэм сэшхуэр зэрагъабзэр, бжыкIэ зауэхэм «бийр» зэрырагъэкIуэтыр, шууейхэм я ебгъэрыкIуэкIэр. Зэи къэмыхъуауэ, Бэрыкъуэ кхъухьхэри «джэгум» къыхишат. Ар куэд щIауэ егупсысырт щIыгум фIэкIа щымызауэ Тимур лъашэ и дзэм пэщIэувэн хуей хъумэ, тенджыз къарухэри къызэригъэсэбэпыну щIыкIэм.

Пасэрей фирхьэунхэм я Iэужь телъыджащэ пирамидэхэм закъуигъэпщкIуауэ, дыгъэм щIым гъунэгъу зыхуищIырт, къэпщытэныгъэхэр щиухам щыгъуэ. Бэрыкъуэ игу зэгъауэ къежьэжат. Абы Мысырым и цIыхухэм я гур къиIэтат, нэхъыщхьэращи, хамэ къэрал

къикIа хьэщIэхэм хьэкъ ящищIат и къэралыгъуэм и лъэщагъыр, ар сыт хуэдэ бийми зэрыхуэгъэзар.

– МафIэр пхъэм хуэлъэщ, псыри къегъэкъуэлъэф, Чымшыбгъэ, – жриIащ Бэрыкъуэ и дзэпщым, кхъухьым къитIысхьэжрэ пэт, – ауэ псывэми мафIэр егъэункIыфI. МафIэу къытхуэкIуэм ди деж щигъуэтынур псывэу къыхущIэкIыну джатэрщ.

– Узахуэщ, зи щIыхьыр ин, – пидзыжащ Чымшыбгъэ, сулътIаныр зыгъэпIейтейр къыгурыIуауэ...

## Пылымрэ аслъэнымрэ пхъэ закъуэ лъэмыжым щызэрихьэлIэ хабзэкъым

1

Махуэ щIагъуэ дэкIыртэкъым Щам щIыналъэм къикIыу Бэрыкъуэ хъыбар зэхуэмыдэхэр къыIэрымыхьэу. Тигр псы Iуфэм Iус къалэхэр Темырлан зэтригъасхьэурэ, Багъдад нэсат. Маверраннахрым и эмирым и дзэ нэхъыщхьэм и гуэжхэри изэрыгуат тыркумэнхэм, ермэлыхэм, куржыхэм, къэжэрхэм я лъахэхэм. Темырлан и мингбаши АтIламыш и шуудзэр Диябакыр быдапIэм къыпикIухьри, Мэлати (Малатья) къалэм и ипщэ лъэныкъуэмкIэ Евфрат псым къыIухьат. Тыркумэныпщ Къарэ Мухьэммэд, и лъахэм къыщхьэщыхьа лъапсэрых къарум пэщIэмытыфу, икIуэтащ. Абыхэм ягъэгузэвауэ, Сиуас къалэм и къады Бурхъан Iэл-Дин къэлъаIуэрт, Бэрыкъуэрэ Байзэдрэ зауэлIхэр хуагъэкIуэну. СулътIаным Хьэлэбрэ Дамаскрэ щыIэ и уэлийхэу Iэл-Тыныбгъэ Iэл-Джубанирэ (Кубань щыщ Iэл-Тыныбгъэ) Ешбэгъ Дыгъэрэ унафэ ялъигъэIэсащ, Бурхъан Iэл-Дин дэIэпыкъунхэу.

МафIэ лыгъэр къыщылыдат Щам и ищхъэрэ щIыналъэми. Iэл-Тыныбгъэ кIуэрыкIуэм тету ебгъэрыкIуащ АтIламыш зи пашэ гупым. Мингбашим и гугъакъым мы Iэхэлъахэм апхуэдэу къыщыпэщIэувэфын къару щыIэу. АтIламыш и зауэлIхэм ягъэзащIэр жасус къалэнт: абыхэм щIыпIэр зрагъэцIыхурт, быдапIэхэм я щэхухэр Темырлан Iэрагъэхьэрт, ауэ дзэ пакIэ IуукIи икIуэтыжхэртэкъым – ахэр зэрызэхакъутэным яужь итхэт. Уащхъуэдэмыщхъуэу теуа шуудзэм бийр хунигъэсакъым и сатырхэр зэуIу ищIыжыну. Гужьейуэ икIуэт дзэмрэ ар зыхуей-зыхуэфIхэр къызэрыздрашэкI шыгухэмрэ щIэх зэхэзэрыхьыжащ. Куэд мыщIэу, Мингбашим и зауэлIхэм я Iэщэр ягъэтIылъащ, езы АтIламыши гъэр хъуащ.

Ешбэгъ Дыгъи Ракъкъэ (Сирием и щIыналъэм щыIэ къалэщ) и къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ Зенобие быдапIэжь зэхэщэхэжам деж Евфрат къыIузэрыгуа дзэм пэщIэувэри, псым къызэпригъэкIакъым. Сэмэркъанд эмирым гъуэгу хузэIузых тIасхъэщIэх гупхэм – зауэлI минитху-пщIы хуэдиз хъухэм – къракуфыртэкъым тафэм къихьэу мамлюкхэм къапэщIэувэн. Бэрыкъуэ и унафэкIэ, мыдрейхэр гупгупурэ Азие Курытым къикIа бийм теуэрти, яхузэхэкъутэр зэхакъутэрт, яхуэукIыр яукIырти, псынщIэу загъэбзэхыжырт. Псоми къагурыIуэрт гува-щIэхами къару нэхъыщхьитIыр – мысыр сулътIанымрэ сэмэр-

къанд эмирымрэ – утыку къызэрихьэнур, иджыпсту екIуэкIыр гъэунэхуныгъэ къудейуэ зэрыщытыр.

ЖаIэж мысыр зауэлIхэм я теуэм и хъыбарым Темырлан хуабжьу игъэгубжьауэ щытауэ. Абы тхьэ иIуат, мамлюк-джаурхэм я лъапсэм псы иригъэжыхьыжыну, абыхэм я лъэныкъуэ хъуахэми яхуимыгъэгъуну. Иджы абыхэм гъунэгъу захуищIат, Багъдад иубыдри.

Аббасидхэм (хьэрып хъалифхэм я лIакъуэхэщ, Мухьэмэд бегъымбарым и адэ къуэш Аббас (Хьэбас) деж къыщожьэ) я щыхьэру щыта къалэ щIэращIэр Темырлан игъэсащ. Дыгъэ къуэкIыпIэмкIэ щыIэ лъэпкъхэм зи къулеигъэмрэ дахагъэмрэ таурыхъыу яIуэтэж къалэр, «Баб Iэл-УэстаникIэ» зэджэ текIуэныгъэм и куэбжэшхуэр зэхакъутащ, Мустансирие мыдрисэм и тхылъ хъумапIэ цIэрыIуэр зэрапхъуащ. ЛIэщIыгъуэкIэрэ хьэрып щIэныгъэлI пажэхэм зэхуахьэса тхылъхэм я нэхъыбэр Сэмэркъанд ирагъэшащ, адрейхэр Тигр хадзэри ирырагъэхьэхащ. ГъэщIэгъуэнракъэ, хэт и гугъэнт абы щыгъуэ къэзэуакIуэ гущIэгъуншэм и къуэрылъхур – Шахрухь и къуэ Улугбэч (Улугбек) – щIэныгъэлI цIэрыIуэ иужькIэ хъуну. 1428-1429 гъэхэм Сэмэркъанд и Iэхэлъахэм абы щригъэухуэгъа обсерваторэм хуэдэ курыт лIэщIыгъуэхэм щыIакъым. Ауэ ар иужькIэт. Иджы зэрыпхъуакIуэхэм гущIэгъуншэу зэрапхъуэрт КъуэкIыпIэм и къалэ нэхъ дахэ дыдэр – Багъдад. Абыхэм щысхь хуаIэтэкъым КэрбэлаI, Рамади къалэхэм дэт шиит-муслъымэнхэм я мэжджыт къулейхэми. Махуэ къэс, шыгуищэм яхуэгъэхъей мылъку илъу, Багъдад дэкIыурэ СэмэркъандкIэ яунэтIырт. Апхуэдэу мазэ псокIэ екIуэкIащ.

Щам щIыналъэм ит къалэхэм дэз хъуат щтапIэ ихьэжа цIыхухэр, бий гущIэгъуншэм зыщызыдзейхэр. Ахэр нэсырт Къахири. СултIан Бэрыкъуэ и унафэкIэ, аз-Азхар еджапIэшхуэмрэ езым иригъэщIа мыдрисэмрэ егъэзыпIэ щрагъэгъуэтат Багъдад зи щхьэр къыдэзыха щIэныгъэлIхэм. МафIэм, щIэпхъаджагъэм къыIэщIаха тхылъхэр Азхарым щызэхуахьэсыжырт. Бэрыкъуэ зэхуишэсыжырт айюбидхэм я зэманми зэбграхугъа еджагъэшхуэхэр, абыхэм улахуэ етыным кIэлъыплъырт щIэныгъэ IуэхухэмкIэ хэку тхьэмадэр. Бэрыкъуэ деж дэIэпыкъуэгъу щылъыхъуэу, абы зи щхьэр езыхьэлIахэм яхэтт Багъдад и хъан Ахьмэд ибн Iэуеси.

ГугъапIэ зимыIэж цIыху гужьеяхэм кIуэ пэтми яуфэбгъурт Къахир, тхьэм и ужькIэ къихъумэну зыщыгугъри адыгэ сулътIанырт. ЕрагъкIэ зэтриублэжа сату Iуэхур къызэтеувыIэу хуежьэжат. Европэм и кхъухьхэм дзыхь ящIыртэкъым МысырымкIэ блэкIыу Инд хым техьэн. Монгол-тэтэрыдзэр Къахири къэсынкIэ зэрыхъунум игъэшына цIыхухэм хьэпшыпымрэ ерыскъымрэ зэщIакъуэрт, чэруан-сэрейхэр, касариехэр, викалехэр нэщI хъуат. Бэрыкъуэ аргуэру гупсысэ хэхуащ: дауэ къэIэтыжа хъуну цIыхухэм я гукъыдэжыр, дауэ къэхьэхужа хъуну я фIэщхъуныгъэр?

Гупсэхугъуэ къезымыт гупсысэм и жэуапу, насып джэшу, Алыхьым уафэм къыхурипхъыхауэ Бэрыкъуэ къыщыхъуащ Къахир хэщIапIэ

зыщIа Ахьмэд ибн Iэуес къыхуигъэкIуа лIыкIуэм къыхуихьа хъыбарыр. Багъдад хъаныгъуэр, Бэрыкъуэ и щIэгъэкъуэну, зыубыдыжыну зи гугъэ ибн Iэуес сулътIаным къыхуитхырт: «... си щхьэм кърикIуахэм щхьэкIэ узэрымыгуIам сыщыгуфIыкIащ, узэрымыгуфIам папщIи фIыщIэ пхузощI... Ди гуапэу, уи благъагъэ къэтщтэнут...»

«Нысашэшхуэри нысашэщ, нысашэ цIыкIури нысашэщ», – жиIащ игукIэ Бэрыкъуэ икIи, хъаным и лIыкIуэр къызэрыхуэкIуэрэ махуэ бжыгъэ фIэкIа дэмыкIауэ, ибн Iэуес хуиIуэхуащ хъаным и благъагъэр къищтэну зэрыарэзымкIэ. Куэд дэмыкIыу, Бэрыкъуэ и мустэшарыр (чэнджэщэгъур) я пашэу, цIыху гуп Багъдад хъаным и хэщIапIэм кIуащ, муджэугъэрату (нэчыхь уасэу) пхъуантэ цIыкIум дэз дыщэхэкIрэ мывэ лъапIэхэмрэ яIыгъыу. Абы и ужькIэ, кIыхьлIыхь ямыщIу, ибн Iэуес и къуэшым ипхъу Сание дахэр сулътIан къэсрэным къашащ.

ХьэгъуэлIыгъуэр ехьэжьауэ ящIакъым, ауэ сулътIаным щхьэгъусэ къызэришам теухуа хъыбарыр мухьэфэз псоми, хамэ хэгъэгухэми нагъэсащ. Бэрыкъуэ игурэ и щхьэрэ зэрызэтелъым, апхуэдэу шынагъэ зэрыщымыIэм и нэщэнэу ува нысашэм цIыхухэм фIэщхъуныгъэ къахилъхьэжащ. Бэрыкъуэ и мурадар къехъулIат, ауэ абыи гузэвэгъуэ къэблагъэр зэрыщIихъумэфар пIалъэкIэщ...



## 2

Жьыуэ къэтэджыныр зэрыцIыкIурэ хьэл хуэхъуат Бэрыкъуэ. И анэм иригъэсат апхуэдэу. Нэхутхьэху къыщищIым къыщхьэщыхьэнти: «Тэдж, си щIалэ, ухожае!» – къыжриIэнт. Бэрыкъуэ абы ирихьэлIэу, дауи, къэушакIэт, итIани, фIэфIт и анэм тIэкIу зыхуигъэфIэн, зригъэубзэн.

– Дянэ, нобэ зи бжэныхъуэгъуэр Iэнфокъуэщ е Iэнсокъуэщ, – пидзыжырт и анэм и псалъэм, и къуэш нэхъыщIэхэм языхэзым и цIэр кърИуэурэ. ИтIанэ, къэтэджыну хуэмей хуэдэу зищIурэ, щхьэщIэдзым нэкIукIэ зыхиIубэрт.

– Пщэдджыжьыракъэ насыпыр щагуэшыр, си псэ! Тэдж, хьэблэм зы цIыху дэсыжкъым иджыри къэс пIэм хэлъу. Сэ бжэнхэри къэсшакIэщ, шэ шынакъым хьэлури пхухэспIытIащ.

Ар жиIэурэ, ерыскъымэ IэфIыр сыт щыгъуи къызыкIэрих и IэхэмкIэ Бэрыкъуэ и щхьэм телъэщIыхьырт, иужькIэ, и Iэгу хуабэхэм мащIэу дикъузэ щIыкIэу, щIалэм и нэкIубгъуитIыр диубыдэрти кърИгъэзэкIырт.

– Уэ унагъуэм урищIалэ нэхъыжьщ, си псэ, къалэн нэхъыби уи пщэ къыдохуэ. Уэ ебгъэлъагъурщ уи къуэш цIыкIухэми къащтэнур...

Бэрыкъуэ гукIэ ищIэрт адэкIэ анэм къыжриIэнухэр, ищIэрт къызэредэхэщIэнури. Езыр щIалэ тыкъыр хъуами, итIани, фIэфIт, пэплъэрт анэм фIэкIа нэгъуэщIым къыпкърымыкI хуабагъэм, гумащIагъэм...

«Сыту пIэрэ си анэм и псэр зыгъэпIейтейр, сэри сызыхуигъэпIащIэр?» – пщIыхьэпIэ илъэгъуам егупсысурэ, Бэрыкъуэ пIэм къыхэтэджыкIри, мывэ хьэплъыфэкIэ къищIыкIа къэсэр шордакъым техьащ. Муккатам бгыхэмкIэ уафэ джабэр нэхум къыщызэкIэщIитхъыу хуежьат. ХышхуэмкIэ къриху акъужь щабэм гум фIэфIу хьэуар нэхъ псыIи щIыIэтыIи ищIат. Хъуэпсэгъуэу дунейр дахэт. «Мырмырауэ пIэрэт си анэ тхьэмыщкIэм пщэдджыжь насыпу къыслъигъэсыну зыхуеяр? – зэупщIыжащ ар игукIэ. – Бетэмал, си Iэ-си лъэр пыупщIа хъури, сыхунэсакъым зи дахагъэр псысэ къудейми щыпхуэмыIуэтэн къалэр езгъэлъагъуну. Си адэмрэ си къуэшхэмрэ къагурымыIуами, си анэр Iэмал имыIэу щыгуфIыкIынт абы, щыгуфIыкIынт а таурыхъ гъащIэм и щIалэ пажэр зэрыщытепщэм».

СулътIаным щIыIэ къеуэкIынкIэ шынэу, щхьэхъумэхэм ящыщ зым кIагуэр къыщIихри, и плIэм къытриубгъуащ. Iэпкълъэпкъым и дэтхэнэ налъэми нэс пщэдджыжь хьэуа щIыIэтыIэм зыщимыгъэнщIу кууэ жьэдишэурэ, Бэрыкъуэ хэплъэрт къалэ къызэщыум, игъэщIагъуэрт къахирдэсхэр зэрыжьырытэджыр. Нил уэхымкIэ – кхъухь тедзапIэмкIэ – хьэлъэ зыгъэIэпхъуэхэм я Iэуэлъауэ макъыр кIыфIым къыхэIукIырт. СулътIан къэсрэным пэмыжыжьэу къыщыт, зи пщIантIэм удэплъэ чэруан-сэрейри зэщIэтэджат. ДэкIыпIэхэм щыблэ мафIэхэм уагъэлъагъурт зэхэзежэу махъшэхэм, шыхэм зи хьэпшыпхэр тезыгъэзэгъэж сатуущIэхэр. БыдапIэ блыным бгъурыкI тенджыз Плъыжь кIэнауэри къэушат: тIэкIу дэкIмэ, гъуэгур къыплъамыгъэсыжынкIэ зэрыхъунур къызыгурыIуэ кхъуафэжьейзехуэхэр кхъухь тедзапIэхэм хуэпIащIэрт, хьэпшып зыгъэIэпхъуэнухэм Iуэхутхьэбзэ хуащIэну хьэзыру. Асыхьэтым сулътIан Хьэсэн иригъэщIыгъа мэжджыт-мыдрисэм и щхьэм къыщыIуащ муIэзиным и макъ лъагэ шэщIар:

*Аллахьу акбар, Аллахьу акбар.*
*Iэшхьэду Iэн-лаIилахьэ Iилэлахь.*
*Iэшхьэду Iэннэ Мухьэммэдэ расуллулахь.*
*Хьэия хьэла щщэллат.*
*Хьэия хьэлал фэлахь.*
*Аллахьу акбар. Аллахьу акбар.*
*ЛаIилахьэ Iилэлахьи.*

ФIэфI дыдэу, азэным и кIэм нэс едэIуащ Бэрыкъуэ. Ар щызэфIэкIым, и щхьэхъумэхэм сулътIаныр ирагъэблэгъащ пщэдджыжь нэмэзыр ищIыну. Абы и ужькIэ Бэрыкъуэ КъурIэныр къригъэхьри, пщIыхьэпIэу илъэгъуа и анэм щхьэкIэ «Ясин» къеджащ, духьэ зыбжани къыхуибжри, и псэм мылъку хуищIыжащ. «Си анэм муслъымэныгъэр зищIысыр ицIыхуу щымытами, абы псэкIэ пэгъу-

нэгъут», – жиIащ сулътIаным икIи, игу зэгъауэ, хэIэбащ къыхущIахьа ерыскъым.

Пщэдджыжьышхэр зэфIэкIати, хасэм кIуэну, сулътIаным зрагъэхуапэрт. Асыхьэтым хьэкIэкхъуэкIэхэр щаIыгъ пщIантIэмкIэ Iэуэлъауэ ин къиIукIащ. Къэхъуар къыгурымыIуауэ, Бэрыкъуэ шордакъымкIэ иунэтIащ. Абы кIэлъежьащ къэзыухъуреихь псори. Шордакъым къытехьахэм ялъагъур зэрагъэщIэгъуэнур ямыщIэу, я пIэм ижыхьат. «Фэрэдж, Фэрэдж...» А псалъэм нэгъуэщI къыпамыгъэувэфу, ахэр гужьеяуэ еплъырт пщIантIэм къыщыхъухэм.

Топ зэрыджэгу шы псыгъуэхэм хуэдэм тесу, Фэрэдж ежалIэрт аслъэныжьыр зэрыс гъущI хъарым. Шыр гужьеяуэ щыщырт, «сыкъ» жиIэу къэувыIэрти, зыкъритIэрт. Фэрэдж и джатэр пщэдджыжь дыгъэм дэхъуэпскIырти, гъущI пхъэшыкъум техуэрт, хъуаскIэхэр зэбгригъэлъэлъу. Апхуэдэ джэгукIэр къыпхуэзымыдэну аслъэныжьым, дунейр икъутэжу, зэрыс гъущI хъарым и джабэм зыкъыкIэридзэрт.

– Iихьтарис ия, Фэрэдж! Латэкъкътэриб! (Сыт пщIэр, Фэрэдж! Бэяу!) – и макъым къызэрикIкIэ кIийрт шэщымкIэ къыщIэпхъуа цIыхухъу гупым япэ иту къажэ ибн Юсыф, пащтыхьыкъуэм и гъэсакIуэр. И къэси, и епхъуи зы ищIу, абы щIалэ цIыкIур шыбгым кърихащ икIи быдэу зрикъузылIащ, пащтыхьыкъуэм фэбжь гуэр къыщымыщIу къэзыхъума Алыхьталэм фIыщIэ хуищIурэ. Къэхъуам игъэгужьеяуэ унэм къызэрыщIэха цIыхубз гупыр, Диамис зыхэтыр, щилъагъум, ибн Юсыф абыкIэ иунэтIащ, Фэрэджи зэриIыгъыу.

– Къытхуэгъэгъу тхьэм щхьэкIэ, маликкэ (гуащэ), щIалэм дытеплъэкъукIащ. ЗытедгъэтIысхьэну шым уанэ тетлъхьэху, ткIэщIэкIуэсыкIри езыр нэгъуэщIым... – ибн Юсыф и псалъэр и кIэм нигъэсыну хунэмыс щIыкIэ Диамис абы зыкъыхуигъэзащ:

– Тхьэм щхьэкIэ, уэ езым къытхуэгъэгъу! Фэрэдж сабиижкъым, апхуэдэу ищIэ зэрымыхъунур къыгурымыIуэн хуэдэу!

– Хьэуэ, маликкэ, дыкъуэншащ, уи фIэщ щIы дяпэкIэ дысакъынкIэ.

Ар жиIэри, Фэрэдж иригъэувэхыжащ икIи, дэтхэнэри пщIантIэм дэту гуащэм епсалъэ зэрымыхабзэр къыгурыIуэжауэ, Диамис щхьэщэ хуищIри, ибн Юсыф къыIуигъэзыкIыжащ. Гуащэми и къуэр унэмкIэ иришэжьэжащ.

– Iумми (сянэ), сэ аслъэным сызэрыщымышынэр, сэри зауэм сыкIуэ зэрыхъунур ибн Юсыф езгъэлъэгъуа къудейуэ ращ, къэхъуа щыIэкъым! – зэрыкъуэншар трилъэфэжыну хэтт Фэрэдж.

– Сыт зауэ? Хэт узэзэуэнури? – зыри къыгурыIуэртэкъым анэм. – Уэ пщIар лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэкъым, атIэ акъылыншагъэщ, – пищащ и псалъэм Диамис. – Аслъэн губжьам и пхъэшыкъур къыIуиудрэ къикIатэмэ, уи зэранкIэ цIыхуу хэкIуэдэну щытар зыхуэдизыр къыбгурыIуэрэ уэ?

– Сэ абы сегупсысакъым...

– Уэ усабиижкъым, Фэрэдж, уемыгупсысауэ уи щхьэм къихьэ

псор пщIэну. Ар уи адэм хуэфащэкъым, зэхихыжмэ, сыт жиIэн? Уэри абы пщIэ къыпхуихьыркъым.

И къуэр балигъ хъуауэ анэм къызыщигъэхъуну хэтми, Фэрэдж иджыри а зэрысабийт, икIи цIыху Iущым и ущиер сабий акъылым и къэухьым икIуадэрт.

– Шыр къэрабгъэщ, дянэ, аслъэным узэрыбгъэдыхьэн хуейр пылым утесущ. Си Iуэхуи ар шынэмэ...

– Шым и гум и инагъыр тесым и лIыгъэм хуэдизщ. Шыр губзыгъэщ, ибг исыр хахуэмэ, ари къикIуэтынукъым. ИтIанэ, игъащIэми жаIэ шы сакъым хьэ къызэремыдзакъэр, си псэ.

– Хьэуэ, Iумми, сэ шы сакъкъым сызыхуейр, атIэ аслъэным текIуэфынщ, – анэм и псалъэр зыщхьэдигъэIухыу, езым жиIэр иукъуэдиину хэтщ Фэрэдж.

– Нэхъ шынагъуэ дыдэми текIуэфынур акъылырщ, Фэрэдж! – щIалэр игъэгупсысэмэ фIэфIу, щIагъыбзэ тIэкIуи щIэлъу, ауэ и фIэщыпэу псалъэрт Диамис.

– НтIэ, аслъэныжьым хуэдэу къытхуэкIуэ бийм акъылщ пэдгъэувынур, жытIэу дызэхэс хъуну? Къарум къарущ пэщIэгъэувэн хуейр, укъызгурыIуэркъым сэ уэ, Iумми! – и упщIэм езым жэуап иритыжу, жиIащ пащтыхьыкъуэм. Диамис къэскIащ.

– Хэт ахэр къыбжезыIэр, Фэрэдж?

– СулътIаным и зауэлIхэрщ. Мыпхуэдиз цIыху къыщIэмыпхъуэжу, щхьэ бийм емызауэрэ жысIэу сыщыщIэупщIэм: «Аслъэныжьым зрагъэшхынукъыми аращ, абы пэщIэувэфынур пылырщ. Апхуэдэ къару зиIэр ди сулътIанырщ», – къызжаIащ. Иджы сэри ин сыщыхъуакIэ, сулътIаным сыдэзэуэну къыстохуэ.



Диамис, жиIэнури зэрызищIынури имыщIэжу, кIэрэхъуат. И къуэм и псалъэхэр и гум щIыхьэщауэ, и нэпсхэр къыфIекIуэрт. НетIэ ин хъуауэ и щIалэр къызэрызыщигъэхъуам и лъэужь къудей иджы къэнэжатэкъым. Ар хуейтэкъым апхуэдизу псынщIэу и къуэр балигъ гъащIэм хыхьэну. ЩIэхыщэу щIалэ цIыкIухэр балигъ зыщI мамлюк гъэсэкIэм хуиIэ лъагъумыхъуныгъэр къызэщIэтэджати, анэгур къызэгуиудырт. Сабийхэр къыфIадыгъуу, анэпсэ минхэр зыгъэгузэсэж, цIыхукIэ сату щIын хабзэ мыхъумыщIэм цIыхубзым и гущIэм къыщызэщIиIэта губжьым и нэхэр щигъэункIыфIыкIыу, и щхьэм дэуеят. Диамис и гупсысэм хэкIыртэкъым Iуэху напэтехыр мылъку хэхыпIэ зыщIа сондэджэр напэншэхэм зэхащIыхьхэр яхуэзыгъэдахэ сулътIанхэм къахь гуэныхьыр я бынхэм къапекIуэкIыжынкIэ зэрыхъунур. Гуащэм къыхуэнэжырати, и тэмакъым къыщIэгъуэлъхьа губжьыр иджыри зэ ирикъухыжащ.

– Аслъэнымрэ пылымрэ лъэс лъагъуэм щызэрихьэлIэ хабзэкъым. Апхуэдэу Тхьэшхуэм иухакъым, – къыжьэдэIукIащ хуэм дыдэу Диамис, а псалъэхэр щIыжиIэри зыжриIэри къыгурымыIуэжу. Тхьэ Iэмыр зыхэлъ а дуней хабзэмкIэ игу игъэфIурэ адэкIэ къыпищащ: – Хэт ищIэрэ – иджыри абыхэм я лъагъуэхэр зэхуэмызэнри хэлъщ.

– Iумми, хэт а тIур зэрихьэлIэмэ, лъагъуэм текIынур? – къикIуэтыркъым щIалэ ерыщ цIыкIури.

– Нэхъ губзыгъэрщ...

Фэрэдж адэкIэ щIэупщIэну Iэмал иримыту, Диамис абы и Iэблэр иубыдри унэмкIэ иришэжьэжащ. Анэм абдеж игу къэкIыххатэкъым КъэгъэщIакIуэ Иным дунейм къытригъэхьа псори псэун щхьэкIэ къаритыжа хабзэхэр къизымыдзэр цIыхурауэ зэрыщытыр. Анэгур асыхьэтым къэчэнт, Азей жыжьэм къыщежьауэ, къыпэщIэхуэр зылIу къахуэкIуэ аслъэныжь бзаджэр зытет лъагъуэм техьэнур иджыпсту зи Iэпэр иIыгъыу унэм щIишэж и къуэр араууэ зэрыщытыр ищIамэ. Хэт жызыIар цIыхум и натIэ къритхар къиищIэфу?!

Анэр хуэмейуэрэ, гуIэжурэ, Фэрэдж Мысыр къэралыгъуэжьым и утыкум къихьэрт. Тхьэм иухагъэнт апхуэдэу хъуну...

Къэсрэн пщIантIэм къыщыхъухэр зи нэгу щIэкI сулътIаным ауи и напщIэ къудей хъеякъым. Абы и теплъэмкIэ къызэрыпщIэн щыIэтэкъым зыгъэпIейтей гуэр илъагъуу, уеблэмэ зэхихтэкъым и щхьэхъумэмрэ и Iуэхутхьэбзащ Iэхэмрэ гужьеяуэ ягъэIу макъ мыгурыIуэгъуэхэр. И блыгущIэтхэм къагурымыIуэу, сулътIаным и Iупэр фIызэтежырт, гуфIэгъуэ хъуаскIэхэр къыщIихыу, и нэхэр лыдырт. СулътIаным игу къэкIыжат Щам къумхэм игъуэщыхьауэ Бырчытрэ езымрэ щитам щыгъуэ зэрымыщIэкIэ зыIууауэ щыта аслъэныжьыр. Къалэ-къалэкIэрэ зыкъагъэлъагъуэурэ къэзыкIухь джэгуакIуэхэм къаIэщIэкIа аслъэныжьыр я псэр зи лъэдакъэпэм нэсыжа щIалитIым къабгъэдэлъадэри, Бэрыкъуэ и лъакъуэхэм деж къыщытIысат. Хэт и гугъэнт абы щыгъуэ ялъагъур телъыджащэ зыщыхъуа хьэрып джэгуакIуэхэм жаIам IэкIэ теIэбэну. Къэхъуар тхьэ Iэмыру щыту, Бэрыкъуэ пащтыхь тахътэр къыпэплъэу, къыжраIэгъат. Тхьэмахуэ енкIэ ерыскъы зымылъэгъуа щIалэ фейцеитIым а псалъэхэр щызэхахар джэгуакIуэхэр тIэкIу зэIурагъэуа нэужьт, къазэрыщыхъуари таурыхъ гуэрут...

Иджы мис – и къуэм аргуэру аслъэным зрипщытащ.

– Iэнна IэттэIэмалу минхьу (сэ абы куэдкIэ сыщогугъ), – и щхьэм хужиIэж щIыкIэу, къыжьэдэкIащ сулътIаным. Абы къыфIимыгъэкIыуи, зигъазэри пэшым щIыхьэжащ.

СулътIаным къыжьэдэлъэта псалъэр «ду» жиIэу быдапIэм щызэлъащIысащ. Пащтыхьыр лIэмэ, абы и пIэ и къуэр иувэу щыIа хабзэм ебакъуэу, къэрал хасэм и унафэкIэ тахътэм къихута Бэрыкъуэ и мурадхэр зэрымыщIэкIэ наIуэ хъуат. Пэж дыдэу, Бэрыкъуэ и гугъэт, мамлюкхэр зэрызыгъэукIыж хабзэр икъутэжу, Европэм щыIэ къэралхэм хуэдэу пащтыхьыр щымыIэжмэ, и къуэр абы и пIэ иувэу ищIыжыну.

СулътIаным и псалъэхэр Диамиси Iурадзэжащ. Ар зэрызэхихыу, гуащэм ищIэнур имыщIэжу, кIэрэхъуащ. Анэм и кIуэцIыкIыщIэм зыкъыдигъэзат хутыкъуауэ Бэрыкъуэ къыжьэдэкIа псалъэхэм и къуэм къыхуахь шынагъэм. Диамис зэрызыкъиищIэжу, сулътIаным деж

лIыкIуэ игъэкIуащ, икIэщIыпIэкIэ хуэзэну зэрыхуейр жрыригъэIэну, ауэ IуэхутхьэбзащIэм къигъэзэжакъым. Гуащэм къыгурыIуащ къызэрыкIэрыхуар. И лIыкIуэр сультIаным деж, дауи, нагъэсагъэнутэкъым. Диамис мысакъыу ича лъэбакъуэм и щхьэм мыгъуагъэ хуригъэхьыжащ – и гугъакъым апхуэдизу Iуэхум псынщIэу зиубгъуну, цIыхупсэ гъэныныр къэсрэным зыуи къыщрамыдзэу. Пэжщ, Диамис щыгъуазэт, щыгъуазэ къудей мыхъуу, фIы дыдэуи ищIэрт пащтыхь пщIантIэм зауэ щэху, зауэ гущIэгъуншэ зэрыщекIуэкIым. СультIаным и никъуэкъуэгъу мамлюк пэщэхэм я гугъу умыщIыххи, Бэрыкъуэ и адрей фызхэмрэ абыхэм я бынхэмрэ лъэпкъ-лъэпкъкIэрэ загуэшауэ, къакъуэтхэм къыщIагъэзэн мы дунейм теттэкъым. ФIырыфIкIэ и щхьэгъусэр зэрырамыгъэлъагъунур къызыгурыIуа гуащэм къыхуэнэжыр зыт – Iэмал хуекIуэнырт. Ауэ, дауэ? Iуэхум пIалъэ къыхэкIмэ, Фэрэдж фIэкIуэдырт. Гуащэр тегушхуащ и щхьэр зыхилъхьэнкIэ хъуну Iуэхум. Абы Фэрэдж и гъэсакIуэ ибн Юсыф къриджэри и щэхур хуиIуэтащ икIи елъэIуащ, сультIаным хуэза хъунымкIэ къыдэIэпыкъуну.

СультIаныр къэрал хасэм кIуэнут. Ар щекIуэкI хабзэ КъухьэпIэ Уардэунэ цIыкIукIэ зэджэмрэ пащтыхьыр щыпсэумрэ зэбгъурытт – етIуанэ къатыр зыIыгъ мывэ упса пкъохэр зыкIуэцIрыкI сенэ кIыхьым зэпищIэрт ахэр. А сенэм, жор теплъэ ириту, и курыкупсэм деж къудамитI къыщыхэкIырти, зыр цIыхубзхэр щыпсэу Iыхьэм кIуэрт, адрейм сультIаным и шэщхэр здэщыIэ пщIантIэм удишэрт. Пкъо къэс хъумакIуэ гъэувыжат.



СультIаныр къызэрежьар къозыгъащIэ бжьамийр къаджэу, хъумакIуэхэм абыкIэ я щхьэр зэрагъазэу, ибн Юсыф и цIыхухэм сенэ зэхэкIыпIэм хуэзэу тета цIыхуиплIыр Iуахри езыхэм ящыщхэр ягъэуващ. Ар апхуэдизкIэ псынщIэу икIи IэуэлъауэншэуВ зэфIагъэкIати, адэкIэ къыщытхэм гу къылъатакъым. СультIанымрэ и хъумакIуэхэмрэ сенэ кIыхьым къыщытехьэм ирихьэлIэу, Диамиси, цIыхубзитI и ужь иту, декIуеипIэм къехыу хуежьащ. Ауэ гуащэм и гугъакъым цIыхухъу гупыр апхуэдизу псынщIэу сенэ зэхэкIыпIэм къэсыну. СультIаным гу къылъимытауэ щыблэкIым, кIэлъыджэнуи и щхьэ щытримылъхьэм, гуащэм и чысэр зыIэпигъэхуащ. Мывэ лъэгум техуа дыщэ чысэм ищIа IэуэлъауэмВ пащтыхьыр къригъэплъэкIащ. Илъагъур телъыджэ щыхъуауэ, ар къэувыIащ.

– Зи щIыхьыр ин, сынолъэIу укъэмыувыIэну! – зыхуигъэзащ Саирбей сультIаным, мащIэу зыхуигъэщхъыурэ. ИтIанэ макъ пхъашэкIэ хъумакIуэхэм ящIэкIиящ: – Фыздэплъэр дэнэ фэ, мыбы щызекIуэр щхьэ фымылъагъурэ?

ХъумакIуэхэм Саирбей и унафэр ягъэзэщIэн дэнэ къэна, уеблэмэ мащIэу зэлъыIукIуэтащ, и щхьэгъусэм дежкIэ иунэтIын зэрыхуейр пащтыхьым гурагъаIуэу. СультIаныр Диамис пежьащ, ящIэнур зымыщIэ и щхьэхъумэхэр къызэхинэри. Гуащэр зэрыпIейтейр къыуигъащIэрт хьэбзыпэ фIыцIэ къызэкIуэкI и данэпс щхьэтеп-

хъуэр и щхьэм зэрытелъ щIыкIэр зэригъэзэхуэну щIэх-щIэхыурэ зэрыдэIэбейм.

– Зи щIыхьыр ин, – къригъэжьащ Диамис щтэIэщтаблэу, пащтыхьым щхьэщэ хуищIурэ. – Сэ къызгуроIуэ мы нобэ сщIар ирибгъэзэхуэну зы хабзи зэрыщымыIэр, нэмысми къызэремызэгъыр, ауэ сынолъэIу зы дакъикъэ закъуэкIэ укъызэдэIуэну...

IуэхукIэ ежьа сулътIаныр апхуэдэу къагъэувыIэу зыхуадэн щыIэтэкъым, уеблэмэ Диамис дыдэми ар хуагъэгъунутэкъым. Гуащэри абы фIыуэ щыгъуазэт, ауэ быным уимыгъэщIэн щыIэ?! Анэр мафIэми пэрыхьэну хьэзырт. Езыр хэкIуадэми идэрт, Фэрэдж лей къытемыхьэ закъуэмэ. СулътIанри дэтхэнэ зым щхьэкIи къызэтеувыIэну щыттэкъым. Ауэ иджыпсту абы и пащхьэ къитт Диамис, зыми пимыщI и Iэсэ дахэр. Зыгуэр къэмыхъуауэ, мыпхуэдэу къызэрыпемыжьэнури ищIэрт.

Гуапагъэрэ фIылъагъуныгъэрэ сыт щыгъуи къызыщIих абы и нэ щхъуантIэ угъурлыхэм щIэплъамэ, Бэрыкъуэ сыт хуэдизу емышами, щыгъупщэжырт. Я мыхьэнэм елъытауэ псалъэхэр хикъузэурэ, Диамис щыпсалъэкIэ, сулътIаныр сыт хуэдизу къэмыгубжьами теужырт. ЦIыхубзым Iуплъэхукъэ игу лъащIэ дыдэм къыщылыд хъуаскIэхэу мэскъал бжыгъэншэу и Iэпкълъэпкъым щызэбгрыжхэм игу къагъэкIыжырт КъэгъэщIакIуэм дунейр щIиухуамрэ абы къытригъэхьа псоми – цIыхухэми, псэущхьэхэми, къэкIыгъэхэми – къащищIа фарз нэхъыщхьэхэмрэ – гъащIэр зэры-Тхьэ Iэмырыр, ар хъумэн зэрыхуейр.



– Мыбдежыр зэпсэлъапIэ хъун-тIэ, гуащэ?! – мащIэу губгъэн зэрыхуищIыр и макъымкIэ къригъащIэу, жиIащ сулътIаным.

– СощIэ, ауэ сыщIыпхуейр Iуэху пIэщIэгъуэщ, зиусхьэн!

– ИтIани, къекIуркъым...

– КъызгуроIуэ, зи щIыхьыр ин, пудыныгъэ Iуэхум зэрыхэлъри, ауэ Фэрэдж лей къылъысынкIэ шынагъэ щыIэщ.

– Зи гугъу пщIыр нышэдибэ аслъэным зэрызрипщытар арамэ, ар шынагъуэкъым. Сэ гъэсакIуэхэм унафэ яхуэсщIащ пащтыхьыкъуэм нэхъ хуэсакъынхэу.

– Хьэуэ, зи щIыхьыр ин, абы и ужькIэ къэхъуарщ зи гугъу сщIыр.

– КъызгурыIуэркъым...

– Си деж къагъэсыжащ Фэрэдж щхьэкIэ «сэ абы куэдкIэ сыщогугъ» зэрыжыпIар. Къэсрэным а псалъэхэр къазэрыщыгурыIуар зи щIыхьыр лъагэм и пIэм ирагъэувэну Фэрэдж хуагъэхьэзырущ. ИхъуреягъкIэ я дзэр ялъ, хутыкъуауэ къапэщIэхуар ирагъэлъэтэхыну хьэзырхэщ. Сошынэ щIалэр ягъэхутыкъуэнкIэ.

– Гуащэр щIэгужьеин щыIэкъым, – жиIащ Бэрыкъуэ, и макъым нэхъ лъахъшэ зригъэщIри икIи, къэхъуар къыгурыIуэжауэ, дыщIигъужащ:

– Апхуэдэ гуэр щыIамэ, сэ сщIэнт...

– ИтIани... псы мыгъавэ бдзэжьей хэсщ, жаIэ, зи щIыхьыр ин.

СынолъэIу мы къежьа псалъэмакъыр ужьыхыжыху, Фэрэдж Александрей сшэну хуит сыпщIыну.

– СулътIан къэсрэным нэхърэ абы Фэрэдж нэхъ хъума щыхъуну? – щIэупщIащ сулътIаныр, Диамис и лъэIур игъэщIагъуэу.

– Мысырым зауэм зыхуегъэхьэзыр, щIалэм зэхихри и щхьэм итри аращ. Щам и ищхъэрэ щIыналъэм хъыбарыфI къиIукIыркъым. Мынобэмэ, пщэдей Темырлан Дамаск къебгъэрыкIуэну зэхыдох. Iимансызым ар къехъулIэмэ, Къахири...

– Хъунщ, гуащэ, къэгъанэ. ЦIыхубзхэм тIэкIу евгъэлеин ффIэфIщ, – игу зэрыгъу дыдэр Диамис къызэриIуатэр и гуапэ хъуакъым сулътIаным. – УкъыщIысхуеяр арамэ, абы щхьэкIэ ущIэпIейтеин щыIэкъым.

Зэрежьэжынур гуащэм кърigъащIэу, къыпэплъэхэм я дежкIэ еплъэкIащ сулътIаныр. Диамиси зыхуеяр къызэремыхъулIар, псалъэмакъри нэгъуэщIыпIэкIэ зэрыфIытехьэр къыгурыIуэжауэ, зэкIэлъигъэпIэщIащ:

– Зи щIыхьыр ин, сынолъэIу си хьэтыр къэплъагъуну. Зауэр кIэн джэгукъым. Зиусхьэным дзэр зэрыришажьэу, Фэрэдж дыгъужь нэщIахэм къахуэнэнущ. Къэсрэным дыпэIэщIэмэ, пащтыхьыкъуэр къэжэпхъыху нэхъ хъума хъунущ. ИтIанэ... итIанэ, – зэрыпIащIэм къыхэкIыу, псалъэхэр хузэпыщэжыртэкъым Диамис, – итIанэ нэгъуэщI зыгуэркIи сынолъэIунут.

– ЖыIэ! – пиупщIащ сулътIаным, и макъым мыарэзыныгъэр нэхъыбэу къыхэщу.

– СынолъэIунут, Тхьэшхуэми муслъымэн динми зэхуигъэда цIыхухэм зым адрейм лей ирихыныр щебгъэгъэтыну. Ящхьэщыхь пщылIыгъэр, яхуумыдэ цIыхукIэ сату ящIыну, щегъэгъэт гыз макъыр зыщхьэщымыкI «мылъку» хьэдэгъуэдахэр ди кхъухь тедзапIэхэм къращэлIэныр. Сэ сыанэщ, сэ схуэдэ минхэм гуIэжу я бынхэр къаIэщIэзыххэмрэ ахэр къэзыгъэсэбэпхэмрэ щхьэ къащыхъурэ цIыхубзхэм я гыбзэр зэгуэр Тхьэшхуэм зэхимыхыну? Апхуэдэ защIэу зэхэт дзэм текIуэныгъэкIи ущыгугъ хъуну? Мы Iуэху напэтехым кIэ езытыфынур уэращ, арыншамэ... арыншамэ, езым уи лъахэм уи лъэпкъэгъу къимынэжынри хэлъщ. ПшахъуэщIым псыкIэ зебгъэгъэнщIын щхьэкIэ уэлбанэ кIыхь ухуейщ, Шэрджэсыр абы пэлъэщынукъым...

СулътIаным фIэмыфI щызэхихым деж зэрищIым хуэдэу, и Iупэхэр зэтрикъузащ, и напщIэр зэхуишащ. Абы гу лъызыта Диамис и псалъэм пичащ икIи, сыт хуэдизу къызэщIэмыплъами, адэкIэ къифIигъэкIакъым. Къигъэгубжьа сулътIаным къыжьэдэкIынкIэ хъуну сыт хуэдэ унафэми хуэхьэзыру, ар еплъыхыу увыжащ. Ауэ Бэрыкъуэ, и макъым губжь налъи къыхимыгъэхьэу, зызэтриубыдэжын хузэфIэкIащ.

– «Шэрджэсыр» жыпIа? Хьым... ГъэщIэгъуэнщ абы и Iуэхум сулътIаныр емыгупсысу нэгъуэщIхэм къащыхъуныр! Сэ апхуэдэ къару Алыхьым къызитакъым дуней псом пщылIыгъэр щхьэщысхыну. Шэр-

джэс пщащэхэмрэ щIалэхэмрэ къыдезмыгъашэу Мысырым и куэбжэр зэхуэсщIмэ, ахэр къытехутэнущ Константинополь, Генуе, Венецие, Урым бэзэрхэм. Апхуэдэурэ дуней псом тепхъа хъунущ. Шэрджэсхэм я лIыгъэм нэхъыбэ хуэфащэщ. Мы лъахэр нэгъуэщI лъэпкъхэм зэкъым икIи тIэукъым псэупIэ зэрахуэхъуар. Лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм лъэпкъ зызыужьа куэдым я зэфIэкI, я щIэныгъэ мыбы къахьэсащ. Мысырыр нобэ дунейм и джэлэсу ябжмэ, апхуэдэ пщIэ къыхуэзыхьар хамэ щIыналъэхэм къикIахэрщ. Иджы Алыхь IэмыркIэ адыгэхэр тепщэ хуэхъуащ мы хэкум. Ахэрщ нобэ Мысырым хуэдэ къэралыгъуэшхуэр ящызыхъумэфынур лъэныкъуэ куэдкIэ абы къещхьэпэплъ бийхэм.

СулътIаным и псалъэр зэпигъэури, къыщиудыну хьэзыру, и пащхьэм къит Диамис еплъащ. ЦIыхубзым зыхуигъэлI нэхъей, бгъэдэувауэ хэку Iуэху зэрыхуиIуатэм игурэ и щхьэрэ зригъэбгъэжауэ, Бэрыкъуэ тэлайкIэ щыму щытащ, зыри хужымыIэжу. ДэIэпыкъуэгъу лъыхъуэу зыкъыхуэзыгъэза Iэсэ, зыми пимыщI и Iэсэ, и жагъуэ ищIат. Пащтыхьым Iуэху къызэрыпэплъэр, ежьэжын зэрыхуейр къагурыIуэу, и гъусэхэми адэкIэ зыщагъэлъагъуэрт.

– Сыкъуэншащ, Iэсэ, – жиIащ Бэрыкъуэ макъ лъахъшэ щабэкIэ. – Гуащэр а псом игъэпIейтейуэ щытын хуейкъым. Нэхъ пасэу сэри абы гу лъыстэну къыстехуэрт. Хъунщ, мыр хеймрэ мысэмрэ щызэхагъэкI щIыпIэкъым, фыкIуэ, фи Iуэху яужь фитыж! – жиIэри, сулътIаныр хьэрэмыгъэншэу Диамис къыхупыгуфIыкIащ икIи, Iэнкун хъуауэ щыт цIыхубзыр къигъанэри, къыпэплъэхэмкIэ иунэтIыжащ...

**Мыри гъэщIэгъуэнщ.** Курыт лIэщIыгъуэхэм хабзэу къекIуэкIырт сулътIанхэмрэ эмирхэмрэ цIыхубз тыгъэ хуащIу. Дауи, апхуэдэу пэщэхэм яIэр зытэкъым икIи тIутэкъым. Диамиси алыдж къалэхэм ящыщ зым тырку сатуущIэ Iэл-Хъэуаджэ ибн Уэсмэн къыщищэхури, Мысырым къиишат, лъапIэу ищэжын мурад иIэу. Ауэ зэгуэрым сондэджэрым и Iуэхухэр зэхэзэрыхьауэ дзэзешэ Бэрыкъуэ пэщIэхуати, зыдигъэIэпыкъуну пщащэ дахащэр къритат.

Бэрыкъуэ сулътIан хъуа нэужьи апхуэдэ тыгъэхэр къыхуащIащ, ауэ Диамис хуэдэу и гумрэ и псэмрэ дыхьа къахэкIакъым. Алыджхэм я пхъур султана (пащтыхь гуащэ) ирамыгъэщIыну, адыгэ щIалэм куэд къеныкъуэкъуащ. Диамис и къекIуэкIыкIар къыщащIэм, уеблэмэ Бэрыкъуэ и адэри, и къуэшхэри къыпэщIэувэжыгъат, «бэзэрым къыщащэхуа цIыхубзыр» хуэмыфащэу жаIэурэ къраудэкI зэпытт. Пащтыхьым япэу къуэ къыхуэзылъхурат зи кIэн къикIынури, тхьэм апхуэдэу иухам уфIэкIынт, а насыпыр зылъысари алыдж бзылъхугъэ дахащэрт.

Диамис Iущт, щIэныгъи иIэт, пасэрей алыдж гупсысакIуэшхуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм нэгъунэ еджат, усэр, макъамэр, тхыдэр фIыуэ илъагъурт, вагъуэхэм кIэлъыплъ хьэрып щIэныгъэлIхэм я лэжьыгъэхэми щыгъуазэт. А псом ищIыIужкIэ, анэ гумащIэт. Сытми, Бэрыкъуэ псэуху Диамис нэхъ дзыхь хуищIу икIи хуэсакъыу щытащ.

Гуп ежьэжым закъыкIэригъэхури, Саирбей ней-нейуэ Диамис къеплъащ. ФIы зигу щымыщIэ гуащэм езыр зыщыпсэу Iыхьэр зыхъу-

мэхэр ибн Юсыф и зауэлIхэмкIэ зэрыригъэхъуэкIащ. И къуэр кърыгъэшэжри, пэшым зыщIиубыдэжащ, фIырыфIкIэ зимытын мурад иIэу.

Пшапэр зэхэуа къудейуэ сулътIаным и унафэр Диамис къыIэрагъэхьащ. Куэд дэмыкIыу, кIэнауэм тету быдапIэм къесылIа кхъухьым гуащэмрэ Фэрэджрэ ирагъэтIысхьащ, зауэлI гупышхуэ я гъусэу. Кхъухьыр Нил техьэри, ищхъэрэкIэ иригъэзыхащ. Диамис тхылъ иIыгът, сулътIаным и мыхъурыр тегъэуауэ. Абы итт пащтыхь къэсрэным тепщэныгъэр нэгъуэщIым щыIэщIыхьэ хъужыкъуэмэ, Спартэ е Константинополь и къуэр ишэну Диамис хуит ищIу.

Мысырыр адэкIэ къэхъунум пэплъэрт...

3

Нышэдибэ къеуэлIауэ къыфIэщIа насыпыр Бэрыкъуэ иригъэщхьырт нэр пIэпихыу гъэгъауэ нэху къекIрэ асыхьэтуи гъуэлэж удз гъэгъа цIыкIум. И къуэм кърита гуфIэгъуэ мащIэр насыпыншагъэм иджы хуэкIуэжыныр зы бетэмалт. «Насыпыр зыхуэдэр езы цIыхурщ зэлъытар: игуэшыркъым ар цIыкIу-инкIэ, – егупсысырт сулътIаныр хасэм здэкIуэм. – ЩыIэр пIалъэщ. ЩIэхыу зи чэзу икIыр нэхъ IэфIу къыпщызыгъэхъури аращ. Лъагэу Лъэщым цIыхум акъыл къыщIритар IэфIыр Iум зэрызыхищIэ уахътыр нэхъ кIыхь ищIыфын щхьэкIэщ. Сэ абы си гъащIэ псор теслъхьащ. Теслъхьащ си адэри, си къуэшитIри, си ныбжьэгъу нэхъыфIхэри, уеблэмэ си узыншагъэри. Иджы си щIалэм и ужь къиихьахэщ. Ар мыхъунщ. Ар зыми хуэзмыдэн Iуэхущ. Сэ иджыри сыхунэсакъым а фоупсым си гум нэсу сыхэфыну, си лъэпкъэгъухэри езгъэIубыну – фор зэрыт чейм секIуэлIа къудейщ. Дзыгъуибгъур зэдеIэмэ, кIадащхьэр трач, жаIакъэ? Зэи хуэмыдэу, сэ иджыпсту сыхуэныкъуэщ акъылэгъу, щIэгъэкъуэн – си лъэпкъэгъухэм. Ауэ Диамис пэтрэ сыкъыгурыIуэркъым. «Уи щхьэр хэплъхьэнущ, – жи, – мы зяужь уит Iуэхум, къикIынIаи щымыIэу. Гуэныхь къыумыхь, бэлыхь мыгъуэжьыр зытумылъхьэж, адыгэхэри умыгъэунэхъу». Куэд щIауэ си хъуэпсапIэр къищIащи...»



КъухьэпIэ Уардэунэ цIыкIум пащтыхь къэсрэныр пызыщIэ сенэмкIэ имыгъэшу, сулътIаным Къафурэ жыг хадэм узэрихьэ бжэмкIэ иунэтIащ. Бэрыкъуэ и ужь итхэр, Саирбей я пашэу, къэувыIащ, сулътIаныр щыуа я гугъэу, ауэ, фIэщхъуныгъэ хэлъу, и гъуэгу хэзыгъэщI пащтыхьыр къыщемыплъэкIым, тIэу пкIэгъуэм абы къыбгъурыхутэжахэщ. СулътIаным абыкIэ иунэтIыну зи мыгугъа хъумакIуэхэри зэхэзежэ хъуащ. ЩIыхьэпIэм деж щыплъырхэм бжэр сулътIаным хузэIуахыну яхэгуоуа Саирбей и макъым зэпиуда и гупсысэм и кIапэлъапэхэр зэригъэубыдыжурэ, Бэрыкъуэ дэкIуеипIэм къехыу хуежьащ.

«Си хэку, си лъэпкъ... Зэкъуэча хъуащ хэкури лъэпкъри. ХьэIуцыдз псэукIэм кърихужьа бийхэм щIахащ и гуащIэр. «Дыпсэунщ, дыунэнщ» жаIэу етIысэхамэ, Iэпхъуэшэпхъуэнымрэ мылъку

къэфыщIынымрэ хэмыкIыу псэухэр къакIэлъос. Апхуэдэу щыщытащ щIыналъэжьми, апхуэдэу щыщытщ Ахынрэ Iузэврэ я Iуфэхэми. ЦIыхупсэм хъуэпсэн иухынукъым зэикI, цIыхугуми зыгъэнщI иIэнукъым. Езым ейр къэнауэ, нэгъуэщI щIыпIэмкIэ еплъэкI зэпыту и гъащIэр ехь. Зыхуэмышэчыжхэм Iэщэ къащтэри къожьэ. ХьэкIэкхъуэкIэм и ныбэр измэ, щэкIуэжыркъым. Ауэ а хабзэр цIыхум и деж щызекIуэркъым. Аращи, е лIэн, е лIын – нэгъуэщI къахуэнэжыркъым адыгэхэм. ХитI зэхуакум къыдэнащи, дунеитI зэпэщIэувам я дэкIыпIэм Iутщ къэрэгъулу, блэкIри къыблэкIыжри къыжьэхэлъэу. Хьэуэ, аракъым адыгэм хуэфащэр. Лъэпкъым псом япэу иIэн хуейщ къэралыгъуэ, итIанэ Мысырым хуэдэ лъапсэрэ псэукIэрэ.

«Хэт тепщэу щыщымытар Мысырым? – зэупщIыжырт Бэрыкъуэ, икIи жэуапыр езым зритыжырт. – Урымхэр, эллинхэр, персхэр, византейхэр, хьэрыпхэр... дэтхэнэм и цIэр къыипIуэн?! Иджы Алыхь IэмыркIэ, Мысырым и цIыхухэм я фIэфIыныгъэкIэ ар къалъысащ адыгэхэм».

Тепщэныгъэр шэрджэсхэм щIахуэфащэр и гум щызэригъэзахуэрт сулътIаным: «Хэт нобэ Мысырым и къарур?» И упщIэм и жэуапри хьэзырыххэт: «Адыгэхэрщ». «Хэт, зи пси зи къаруи емыблэжу, а къэралыгъуэр зыхъумэр?» «Адыгэ зауэлIхэрщ, мысырыдзэм и куцI дыдэрщ». «Хэт Мысырым и акъылыр?» «Адыгэпщхэрщ». «Хэт, лъэпкъищэхэр зи унафэм щIэту, зэгурыIуэу зыгъэпсэур?» «Адыгэ сулътIанырщ». Къэралыгъуэри, лъапсэри, къарури, цIыхухэр гъэпсэунри ГуащIэрэ ГущIэгъумрэ зи бэм ди IэмыщIэ къыщрилъхьакIэ...»



– Зи щIыхьыр ин, хасэм хэтхэр псори къызэхуэсакIэщ, – сулътIаным и гупсысэр къызэпиудащ зыкъыхуэзыгъэза Саирбей. Ар къэгузэващ, хасэр щекIуэкIынумкIэ мыкIуэу, мывэ хужьыбзэкIэ къищIыкIа псыутхымкIэ Бэрыкъуэ зэриунэтIыр щилъагъум. СулътIаныр къэувыIакъым, Саирбей и псалъэхэми къапидзыжаIакъым. Пащтыхьыр зыгуэрым зэригъэпIейтейр къызыгурыIуа Саирбей къикIуэтыжащ.

– Адыгэхэм дуней жэнэт къахузэIусхыну, я псэукIэр езгъэфIэкIуэну сызэрыхэтым щхьэкIэ гуэныхь къэсхьмэ, сыхьэзырщ къемэтмахуэм ар жыхьэнмэ мафIэкIэ сыпшыныжыну, – жиIащ сулътIаным адыгэбзэкIэ.

Зыри къыгурымыIуауэ, Саирбей абы еплъащ, ауэ модрейр, «зырикIкъым» жыхуиIэу, и Iэр ищIурэ къыщыхупыгуфIыкIым, мыдрейми къыфIигъэкIакъым. Асыхьэтым Бэрыкъуэ игу къэкIыжащ ислъам диным пыщIа зы хъыбар цIыкIу.

И гъащIэр хъунщIэ-теуэу езыхьэкIа лIым и ныбжьыр щыхэкIуатэм, и къуажэгъухэм хагъэзыхь хъуат: «Тобэ къэхьыж, Алыхьыр гущIэгъулыщ, къыпхуигъэгъунри Iуэхум хэлъщ», – къыжраIэурэ. «Хьэуэ, – идакъым хъунщIакIуэм, – сэ куэдым мылъку къатесхащ, куэди згъэгуIащ, къыспэувхэури, куэдым я псэр згъэнащ. Иджы си жьы хъугъуэм, гущIэгъукIэ тхьэм селъэIужыфынукъым. Си

дуней тетыкIамкIэ къэсхьыр жыхьэнмэщи, ахърэтым нэгъуэщI хэдэ щызиIэкъым». «ИтIани, Алыхьыр гъэгъуныгъэкIэ бейщ, елъэIу, хэт ищIэрэ...» – икIуэтыртэкъым и къуажэгъухэри.

Зы жэщ гуэрым хъунщIакIуэр жейуэ здыхэлъым, уэхьи къыхуехри къыжриIащ жылэм дэкIыу, гъуэгущхьиблыр щызэхэкIыр хэщIапIэ ищIыну. Абдеж лIым хъарбызрэ хъэуанрэ щигъэкIыурэ, блэкIми къыблэкIыжми яригъэшхын хуейт, и гуэныхьхэр къыхуэгъун щхьэкIэ.

– Дауэ къызэрысщIэнур си гуэныхьыр Алыхьым къысхуигъэгъуарэ къысхуимыгъэгъуарэ? – зыхуигъэзащ лIым мелыIыч ежьэжым.

– Уи хадэм къыщыкIыну курхьэ жыгыр гъэгъауэ плъагъунущ, – къритыжащ жэуап уэхьим.

Тхьэм и лIыкIуэм къызэрыжриIам хуэдэу, лIыр къуажэм дэкIри, гъуэгущхьиблыр щызэхэкIыр псэупIэ ищIащ. ЩIыр ивэри, хъарбыз трисэжащ. Ар щыхъум, блэкIри къыблэкIыжри кърherригъэблагъэурэ хъарбызкIэ я псыхуэлIэр иригъэкIащ. Апхуэдэурэ илъэсхэр кIуащ, ауэ пэж дыдэу хъарбызыпкъэм къыхэкIа жыг цIыкIур, зикI, а зэрымыгъагъэт. И гуэныхьыр абыкIэ къыхуэгъуным и гугъэр хихыжауэ, зы махуэ гуэрым здэщысым, плъэри къилъэгъуащ щхьэрыутIыпщу къыхуэкIуэ шу закъуэр. Зэрихабзэу, лIыр абы пежьащ, къыхуеблагъэу и хъарбызым щыщ зыIуигъэхуэну елъэIуу. Ауэ, пIащIэу жиIэри, адрейм идакъым. «Алыхьым щхьэкIэ», – жиIэу зыщыхуигъазэми зытригъэхьакъым.



– ФIыуэ зэрылъэгъуа ныбжьыщIитI зэрышэну зэгурыIуащи, сынэсу, я Iуэхур сымыкъутэу хъунукъым, – къызэпсэлъэкIащ шым тесыр.

– А къэсхьа гуэныхь псоми мыри къыхэжыжынкъым, ирехъу лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ апхуэдэу, – жиIэщ, шабзэкIэ кIэлъыуэри, шым тесыр кърихудыхащ.

Абы и ужькIэ и хьэпшып тIэкIур зэщIикъуэжу къуажэм ехыжын мурад иIэу, лIыр ежьащ. Хадэм ихьэмэ, илъагъур и фIэщ хъуакъым: курхьэ жыгыр гъэгъат, узримыгъэплъу...

Бэрыкъуи, апхуэдизу фIыуэ илъагъу и лъэпкъэгъухэм я къэкIуэнум теухуа гупсысэм и пэжагъым щыхьэт техъуэ гуэр лъыхъуэу, Къафурэ хадэмкIэ зигъэзащ. КIэнауэ бжьэпэм екIуэкIыу къыщхьэщыт курхьэ жыгхэр нэр пIэпахыу зэщIэгъэгъат. ИмыщIэххэу игу къэкIыжа хъыбарыр мыхъуамэ, гу зылъитэну щымыта накъыгъэ дахащэхэм арэзыныгъэшхуэ къыхалъхьауэ, Бэрыкъуэ къыпыгуфIыкIащ.

– «Псори зэхуэсащ» жыпIа? – зыхуигъэзащ и щхьэхъумэхэм я пашэм.

– НтIэ, зиусхьэн! Уэращ псори зэжьэр!

– Сэрамэ, сэ сыхьэзырщ! – жиIащ Бэрыкъуэ, КъухьэпIэ Уардэунэ цIыкIум утыкумкIэ къэгъэзауэ хэлъ бжэмкIэ иунэтIурэ.

Асыхьэтым дэкIуеипIэм адэкIэ къытет бжьамияпщэхэм яIыгъ бжьамий кIыхьхэм я пэхэр уафэмкIэ драгъэзеящ, бэрэбанхэри къызэ-

10 Заказ №2595

рылъэлъащ. Пащтыхьыр зэIущIэ щекIуэкIым зэрыщIыхьэ хабзэ лъэныкъуэр зэрихъуэжам и щхьэусыгъуэр къызыхуэмыщIа лIыкIуэхэм бжэшхуэмкIэ зыкърагъэзэкIащ икIи, зауэлIхэм яку къыдэкI сулътIаныр щалъагъум, я Iэгухэр я бгъэм щызэтралъхьэри зыкъыхуагъэщхъащ.

Унащхьэ папщIэу етIуанэ къатыр къызыщхьэщыувэ мывэ пкъо хужьыбзэхэм я щIыбкIэ щыгъэува тетIысхьэпIэхэм тесхэри къэтэджащ, сулътIаным фIэхъус кърахыу. Бэрыкъуэ зы лъэныкъуэкIи еплъэкIакъым, кхъуэщын теплъэ иIэу кIыхьу шэщIа пэшышхуэм кIуэцIрыкIри, пащтыхь тахътэм деж зыкъыщигъэзащ. ИтIанэ и Iэ ижьыр и бгъэм трилъхьэри, къыпэплъэхэм фIэхъус зэрарихыр кърищигъэкIыу, и щхьэр мащIэу ирихьэхащ. Дыщэ къабзэм къыхэщIыкIа къэрал дамыгъэр къызыщхьэщыт тахътэм итIысхьа нэужь, сулътIаным хуит ищIащ хасэм кърищджахэри тIысыжыну.

СулътIаным псалъэмакъ гугъу къыпэплъэрт. Ар езыми фIыуэ къыгурыIуэжырт, куэд щIауи зыхуигъэхьэзырырт. Мысырым и гъунапкъэм къыIузэрыгуа бийм зэрыпежьэнум и Iуэхум нобэ фIэмыкIыу унафэ тращIыхьын хуейт. Бийм утекIуэн щхьэкIэ, зауэлIхэм я улахуэр къыумыIэту зэрымыхъунури хасэм хэтхэм я фIэщ имыщIыныр Iэмалыншэт. Ауэ мызыгъуэгукIэ Бэрыкъуэ и мурадтэкъым мылъку зиIэми зимыIэми зэхуэдэу яригъэтыну, сатуущIэ къулейхэм къыIах хьэкъулэхьхэм хигъахъуэкIэрэ а Iуэхур зэфIигъэкIыну хэтт. Дауи, мухьэфэзхэм япщхэр абыкIэ арэзы щIыгъуейт, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ езыхэр зыкъуэпсэукI, я IупэфIэгъу сатуущIэхэм къащхьэщыжу, абыхэм зыкъратIэ хабзэт. Арат нобэрей зэIущIэм ахэри къыщIрагъэблэгъар. ИтIанэ Бэрыкъуэ хуейт сулътIаным и тепщэныгъэр зэрыбыдэр, и псалъэр тIэужыIэ ящIу зыми зэрыхуимыдэнур ягуригъэIуэну.

ЗэIущIэм и мыхьэнэр къигъэлъагъуэрт Щам щIыналъэм щыIэ мысырыдзэм и пашэ Iэл-Тыныбгъэ къызэрырагъэблэгъам. Мыбы щыIэт Дамаск быдапIэм дэс дзэм и унафэщIу куэд мыщIауэ ягъэува Саутынэ (пщы Садону тхыдэм хыхьащ), Къахир, Хьэлэб, Александрей, Къудыс къалэхэм я тетхэу Айтмэш, Iэн-Насир Хьэмид, ас-Саид Мансур, Къанщауэ Яхья сымэ, хъалиф нэхъыщхьэ ибн Мухьэсин, къады Сирадж Iэл-дин Умар Iэл-Балъкъыни, Мысырым и дзэпщ Чымшыбгъэ, къэрал хасэм и тхьэмадэ Мухьэмэд ибн Рэджэб, цIыхухэр хьэжыщI зышэ щихъ МуIэед, щIэныгъэ Iуэхухэр зезыгъакIуэ ибн Фэдлалла, бырджы зауэлI-хъумакIуэхэм я нэхъыщхьэ, пщы Бейбэрс, тхыдэтх, пащтыхьым и тхакIуэ нэхъыщхьэ, хеящIэ ибн Хъалдун, сатум епха IуэхущIапIэхэр зи IэмыщIэ илъ Хъалил Iэл-Джаркаси, хьэкъулэхьхэр, нэгъуэщIу къыхах ахъшэхэр зезыгъакIуэ Муса ибн Айсами, Сэфэд, ТIэраблус быдапIэхэм я эмирхэр, кIэщIу жыпIэмэ, Мысыр къэралыгъуэм и унафэщI псори.

СулътIаныр тахътэм итIысхьа къудейуэ, абы къыбгъэдыхьащ пщы Бейбэрс. Ар Бэрыкъуэ и Iыхьлыт, и дзыхь нэхъ зригъэзхэми ящыщт.

СулътIаным Бейбэрс Мысырым и еджапIэ нэхъ хэIэтыкIахэм щригъэджат. ЩIэныгъэм фIыуэ хэзэгъа, пIалъэ кIэщIым къриубыдэу куэдым щыгъуазэ зыхуэзыщIыфа щIалэ акъылыфIэр япэщIыкIэ езым и тхакIуэу Бэрыкъуэ къищтащ. ИтIанэ, етIуанэу пащтыхьыгъуэр иубыдыжа нэужь, быдапIэр зыхъумэ бырджы зауэлIхэм я пашэ ищIащ.

– Зи щIыхьыр ин, – зыхуигъэзащ Бейбэрс сулътIаным, – Темырлан и тхылъ яIыгъыу, Багъдад къикIауэ лIыкIуэ зыбжанэ Къахир щыIэщ, къыпIущIэну хуейхэу.

Имычэзууэ кърихьэлIа хьэщIэхэм Iуэхур зэблагъэункIэ зэрыхъунур зэрыфIэмыфIыр и макъым къыхэщу, Бэрыкъуэ жиIащ:

– СулътIаныр зэрыхущIэмыхьэр ягурывгъаIуи, къытхуагъэгъуну фысхуелъэIуж. Хъунумэ, къыдрырежьэхэ.

– Зиусхьэн, си гугъэмкIэ, хасэр щIызэхыхьа Iуэхум епхащ абыхэм я къэкIуэныгъэри. ИтIанэ, нобэ махуэкущ, хамэ хэгъэгу къикIа хьэщIэхэмрэ лIыкIуэхэмрэ сулътIаныр щаIущIэ махуэщ. Темырлан и лIыкIуэхэр махуэ ещанэ хъуауэ Къахир дэсщ, абы пыдогъаплъэри. Хэт ищIэрэ... – жиIэнур и кIэм нимыгъэсу, щIилъэфыжащ Бейбэрс.

ЛIыкIуэхэр къригъэблэгъэным ипэ къихуэу зэIущIэр зэфIигъэкIыну и мурадат сулътIаным, ауэ ахэр къыщIэкIуам и щхьэусыгъуэр Бейбэрс къыщыхуиIуатэм, Iуэхур кIыхьлIыхь имыщIмэ нэхъ тэмэму къилъытэжащ.

– Хуит щIы къыщIыхьэнхэу!

Пэжыр жыпIэнумэ, лIыкIуэ псалъи хэмыту, сулътIаным къыгурыIуат зи хъыбарыфI къэмыIу Сэмэркъанд дзэзешэр къыхуеинкIэ щIэхъунур. Къыпиубыдынуми щыгъуазэт: ар, дауи, зэтригъэсхьа лъахэхэмрэ къалэхэмрэ яхуигъэувахэм хуэдэт, пхуэгъэзэщIэнкIэ Iэмал имыIэу. КIэщIу жыпIэмэ, Темырлан зылъыхъуэр щхьэусыгъуэщ. Ар хьэкъщ, ауэ Бэрыкъуэ и гугъатэкъым зауэр апхуэдизу благъэ къыхуэхъуауэ. «Зэхрырах хасэм хэтхэми Темырлан Iимансызым и гуращэхэр. Зэкъым икIи тIэукъым Мысырымрэ Щамымрэ я цIыхухэр ягъэбэлэрыгъыурэ, Азей жыжьэм къикIа бийхэм къызэрагъэпцIар. Ирикъунщ ар. Иджы дэ абыхэм я хъым ихуэгъуафIэ дыхъункъым», – егупсысырт Бэрыкъуэ.

СулътIаныр щыгъуазэт 1260 гъэм монголхэм Дамаск иращIам, къалэр зэхакъутэу, зи щхьэр дэзымыхыфа псори зэрыфIагъэжам. Апхуэдэу Бэрыкъуэ щыгъуазэт сулътIан ХъутIэжь (Кутуз) Мустэфа Щам щIыналъэм щызэтраукIахэм ялъ зэрищIэжами. ЯщIэнур ящIа нэужь, зэгурыIуэну къелъэIухэу, Чингизхъан и къуэрылъху Хулагу ХъутIэжьым лIыкIуэхэр Къахир къыхуигъэкIуат. Мустэфа абыхэм епсэлъэн идакъым, атIэ иригъэупщIэтащ. АбыкIэ хъийм икIа монголхэм сулътIаным хъыбар яригъэщIат зэращымышынамкIэ, екIэ къыхуэкIуахэм я кIуэдыр къызэрысамкIэ, Щам щIыналъэм нэсыныр зэрахуипIалъэмкIэ. СулътIаным и псалъэр игъэпэжыгъащ. А гъэ ды-

дэм ХъутIэжьым монголыдзэм удын гуащIэ щридзащ Щам бгъуэщIым икIи ар щIигъэIащ.

Бейбэрс япэ иту, зауэлI зыбжанэ къакIэлъыкIуэу, лIыкIуэхэр пэшым къыщIашащ. Абыхэм пэшым щIэсхэм фIэхъус кърахакъым, сулътIанми щхьэщэ хуащIакъым. Бэрыкъуэ и гуапэ хъуакъым хьэщIэхэм я фасикъыгъэр, уеблэмэ къыфIэщIащ я Iэщэхэр пщIэхамыхыгъамэ, занщIэу зыкърадзыну щытауэ. СулътIан тахътэм гъунэгъу къыщыхуэхъум, лIыкIуэ пажэм и нэ мыджылхэр Бэрыкъуэ къытриубыдэри къригъэжьащ:

– Уафэри щIылъэри зэтезыIыгъэ, щыIэри щымыIэри зыщIэ, цIыхубэр зыузэщI Алыхь иным и цIэкIэ, бегъымбар лъапIэм хигъэнэхукIа ди хагъаным (пщым и пщыж)...

– Хэт ар хуит зыщIар сулътIаным апхуэдэу епсэлъэну?! – зэпиудащ лIыкIуэм и псалъэр Бэрыкъуэ, къызэрылыбар ерагъкIэ ирикъухыурэ.

Асыхьэтым сулътIаным и щхьэхъумэхэм задзащ лIыкIуэхэм я дежкIэ. НапIэдэхьеигъуэм лIыкIуэ нэхъыщхьэм и лъакъуэхэр щIаудри, лъэгуажьэмыщхьэу щIым хагуащ, зэгъащIэ узэпсалъэр хэтми, жыхуаIэу. Бэрыкъуэ апхуэдэ егъэлеиныгъэри фIэфIтэкъым, ауэ ар апхуэдизкIэ псынщIэу къэхъуати, жиIэнIауэ хунэсыжакъым. ЛIыкIуэри, и дамащхьэ зырызыр езыгух зауэлIитIым закъыIэщIиуду, къэтэджыжыну къеIат, ауэ сулътIан къэуIэбжьам и нитI хъуаскIэхэр къызыщIэлъэлъу къыфIэщIам щыщIэплъэм, «псори къызгурыIуащ» кърагъэкIыу, етIысэхыжащ. Къэхъуар телъыджэ зыщыхъуа цIыхухэм я макъ мыгурыIуэгъуэхэр пэшым къыщIэIукIырт. СулътIанри абы тIэкIу Iэнкун ирихъужауэ, ауэ пщIэ къыхуамыщIу зэримыдэнур кърагъэлъагъуэу, и щхьэр ищIри, лIыкIуэр къагъэтэджыжащ, зауэлIхэри я увыпIэмкIэ икIуэтыжащ.

– КъуэкIыпIэ щIыналъэ гъунапкъэншэм и тепщэ, хъанхэм я хъаныж, зи гуащIэр мыкIуэщIрэ лъэпкъ минхэм я гъуэгугъэлъагъуэу Тхьэшхуэм хигъэунэхукIа Тимур щэджащэм, КъухьэпIэм и пщым, сэламкIэ зыкъыпхуегъазэ, – кърагъэжьащ и псалъэр Сэмэркъанд къикIа хьэщIэм. – ИтIанэ, дунеягъэкIи ахърэтми тхьэр зыхуэупсэным уи ныбжьэгъугъэ зэрылъыхъуэр, муслъымэн псори зэкъуэшын зэрыхуейр къыбжеIэ. Абы щхьэкIэ зыкъыпхуегъазэ мэжджыт псоми Тимур щэджащэм и цIэр фIыкIэ щыбгъэIуну, пщы и пщыжым и псапэ нэмэз щебгъэщIыну, тхьэ щыхуебгъэлъэIуну, бегъымбарыр къыщалъхуа лъахэу Лъагэу Лъэщым игъэлъэпIам и гъуэгур хузэIупхыну, кагъан иным и цIэр тету, дыщэ ахъшэ требгъэдзэну, Алыхьым и нэфI зэкIа пщышхуэм и губгъэн къэзыхьа Багъдад хъаныкъуэ ибн Iэуес и хьэкъыр лъигъэсыжын щхьэкIэ ептыжыну, и дзэзешэ АтIлэмыш, пIалъэ къыхэмыкIыу, хуит къэпщIыжыну, арыншамэ...

– Арыншамэ?... – адэкIэ хуэшэчыжакъым сулътIаным, уи жеин къэзыгъакIуэ макъамэм ещхьу, зи псалъэхэр зэпызыш лIыкIуэм жиIэхэр.

– Арыншамэ, хъанхэм я хъаныжым и жагъуэ хъунущ. Фэ щыгъуазэу фыщытын хуейщ абы и жагъуэ зыщIхэм къащыщIым.

– Дыщымыгъуазэмэ-щэ?...

– Фыщымыгъуазэмэ, псори зыфIэлIыкI, ауэ зыми фIэмылIыкIыж езы дыдэм къалэн къысщищIащ нывжесIэну адэкIэ зауэ къызэрыпытыр, ауэ абы хъаныр зэрыхуэмейр, фи ныбжьэгъугъэр нэхъ къызэрищтэр. Апхуэдэу си пщэ къралъхьащ мыри фэзгъэщIэну: дэ Тхьэшхуэм дридзэщ, зи бжыкIхэр мыкъутэжынщ, ди шабзауэхэм зрагъапщэм фIэкIыркъым, ди бжыгъэр пшахъуэщIщ, дигухэр къыр быдэщ, ди губгъэн къэзыхьхэм яхуэдгъэгъуркъым...

– Ирикъуащ дызэрыбгъэшынар! – лIыкIуэм и псалъэхэр аргуэру Iэпиудащ Бэрыкъуэ икIи, адэкIэ абы едэIуэну зэрыхуэмейр, зэIущIэр зэриухар къригъэкIыу, и Iэр бжэмкIэ ищIащ.

Апхуэдэ мамлюк дамыгъэ гъэлъэгъуэкIэм нэгъуэщI зыгуэри къызэрыпытыр къызыгурыIуа къады Iэл-Балъкъыни къэгузэващ:

– Зи щIыхьыр лъагэ, – къэтэджащ ар, – КъурIэн лъапIэм къыщыкIуащ «лIыкIуэр фымытхьэлэ, дэлэлри фымыукI», жиIэу. Муслъымэным Iэщэ къыхурих хъунукъым нэгъуэщI муслъымэным.

– ПщIэ зыхуэтщI къады, апхуэдэу щыхъуакIэ, уигу къэбгъэкIыжыну сыхуейт «Фущщилат» сурэм жиIэхэри: «ФIы зыщIэм и щхьэм хуещIэж, Iей зыщIэм ищIэр и щхьэм тохуэж», – хьэзырыххэт Бэрыкъуэ и жэуапыр. – Муслъымэн лъэпкъищэхэм я лъапсэм псы иригъэжыхьыжагъэххэщ муслъымэнкIэ а узэджэм, цIыху минхэм я мащэхэр я IэкIэ къаригъэтIыжурэ, псэууэ щIаригъэтIащ, къалэ щIэращIэхэр щIым щыщ иригъэщIыжащ. Темырлан зыщахъумэу, муслъымэн минипщIхэр щтапIэ ихьэжащ. ЦIыху щылъхукъым ар, Iиблисщ. Iиблис зыщышынэр мафIэрщ, абы щылъыхъуэкIэ, ари лъысынщ.

Къадым зиущэхужащ. И псалъэхэр къыдэзыIыгъын гуэр лъыхъуэу зиплъыхьат, ауэ зыми зыри щыжимыIэм, гуитIщхьитI хъуауэ, етIысэхыжащ.

– Ди ныбжьэгъугъэ лъыхъуэу къытхуэкIуэр зыхуэдэр къыдгуригъэIуащ ди пащхьэ итам, – жиIащ макъ хэкъузакIэ сулътIаным, хасэм хэтхэм захуигъазэурэ. – ЕкIэ Мысырым и ужь къихьэм лъысынур жорзехьэхэмрэ монголхэмрэ ялъысам хуэдэщ – лахьнэту лахьи алейхьим (тхьэм и нэлатырщ)! Сэ жызоIэ апхуэдэу, Мысыр пащтыхьыгъуэм и сулътIаным!

Пэшышхуэм бадзэ щылъэтамэ зэхэпхынут, апхуэдизкIэ щым хъуати. Бэрыкъуэ тегушхуауэ псалъэрт. Псори дихьэхат сулътIан губзыгъэм жиIэхэм, къагурыIуат езыхэм ямыщIэ куэдым пащтыхьыр зэрыщыгъуазэр. Абы къыпкърыкI фIэщхъуныгъэм ягухэр къызэригъэгъуэтыжат.

– Тхьэр ди щыхьэтщ дэ зауэ дызэрымылъыхъуэмкIэ, ар зищIысри фIы дыдэу зэрытщIэмкIэ, – пищащ адэкIэ Бэрыкъуэ, – ауэ нэгъуэщI-

хэм я гуащIэ къыдэкIамкIэ загъэтхъэжын мурад яIэу къежьахэр къыжьэдэкъуэн хуейщ. ДунеягъэкIи ахърэткIи къыпхуэмыгъунщ ар – къарукIэ нэгъуэщIыр лъэгущIыхь пщIыныр, и мылъку къытепхыныр, пхъунщIэныр, и бынхэр пщылIакIуэ пхууэ, и лъапсэр бгъэгъуныр. Ар муслъымэныгъэми, нэгъуэщI зы лъэпкъ хабзэми къезэгъыркъым, ар хьэкIэкхъуэкIагъэщ, ар Iейщ. Iейм пэщIэувэн хуейщ.

Дунейр къызэригъэщIрэ цIыхур зауэм хэкIыркъым. Апхуэдэуи екIуэкIынущ, абы и щхьэусыгъуэр къыгурыIуэжыху. Ар тыншкъым, къыщыхъуну лъэхъэнэми дэ хуабжьу дыпэIэщIэщ. ЦIыхур адрей псэущхьэхэм езыпх хьэлыр – езым имыIэр шынагъэкIэ нэгъуэщIым къытрихыныр, IэмалкIэ къыIэщIигъэкIыныр – иджыри и акъылым и щIыIу куэдрэ къытетынущ. Апхуэдэу щытыхункIи, и гъунэгъумкIэ еплъэкI зэпыту и гъащIэр ихьынущ. Ар лъым хэгъэкIыгъуейщ: и хъуэпсапIэр къехъулIамэ, «аргуэру» жиIэнущ, адэкIэ Iэбэнущ – гъунэгъуншэ ухъун, апхуэдэщ дунейр! ГъунэгъущIэм зрипщытурэ кIуэнущ, цIыху здэщымыпсэум нэсыху, кIэщIу жыпIэмэ, щIымрэ хымрэ я кIапэр зэтехьэху. Апхуэдэ мурадкIэщ Темырлан къыщIежьар, армыхъумэ щыпсэунрэ зыхэпсэукIынрэ хуэныкъуэу аракъым. Сэмэркъанд хъаныгъуэм ар и тIасхъапIэщ, щIэхи зэхэщэщэжынущ. Беигъэр цIыхум дежкIэ нэхъ гъэунэхуныгъэ гугъущ, тхьэмыщкIагъэм нэхърэ. Мылъкум игъэудэфа сэмэркъанд зауэлIхэр хьэлъэ хъуащ, дапхуэдизу ткIийуэ абыхэм я пашэр яхущымытми. Аращ дэ бийм дыщIытекIуэнур!

Бэрыкъуэ и псалъэр зэпигъэури, жиIэхэр къедаIуэхэм къазэрыщыхъур зригъащIэу, пэшым щIэсхэм яхэплъащ! Iэл-Тыныбгъэ деж щынэсым, къригъэжьэжащ:

– Дэ дыщыIущIакIэщ Щам щIыналъэм Темырлан и дзэ пакIэхэм. А мащIэхэми къыбжаIэ апхуэдэу фIыуэ зэщIэузэдауэ, унафэ быдэрэ хабзэ ткIиймрэ тету зауэ, сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщ дзэ иджыри къэс Мысыр гъунапкъэм къызэремыкIуэлIар. Тэтэрхэм я зауэлIу гъэр къэтщIахэм жаIахэм, зэуэкIэм теухуа я тхылъхэу къытIэрыхьахэм, ди тIасхъэщIэххэм кърагъэхь хъыбархэм ятепщIыхьмэ, дэ къытхуокIуэ къару ин. Ауэ текIуэныгъэ къэзыхьыр пIащэракъым, атIэ хахуэрщ, бийр фIыуэ зыцIыхурщ. Иджыпсту сыхуейт Iэл-Тыныбгъэ тэтэрыдзэм и зэуэкIэ хабзэхэм нэхъ гупсэхуу щыгъуазэ фыхуезгъэщIыну. АбыкIэ къэзгъэлъэгъуэну сызыхуейр мыбдежым щыжысIахэр зэрымылъабжьэншэрщ.

Iэл-Тыныбгъэ утыкум къихьэри къригъэжьащ:

– Зи щIыхьыр лъагэ, пщIэ зыхуэсщIхэ! Темырлан и дзэр зэгурыIуэу, зэдэIуэжу, зы унафэ щIэту, псоми яфI зыхэлъым дэтхэнэри щIэбэну гъэсащ. Дзэр зезыгъакIуэри, зауэм Iузышэри, къыIузышыжри эмир нэхъыщхьэрщ. Ар езыр егъэлеяуэ хьилэшыщ, гущIэгъуншэщ, зауэм къыщимыгъэсэбэп Iэмалрэ гъэпцIагъэрэ щыIэкъым. ТекIуэныгъэм хуишэну къищIамэ, сыт хуэдэ хэкIыпIэри Iэпэгъу ищIынущ, цIыхугъэр зыуи къримыдзэу. Ауэ и Iэщэ нэхъыщхьэр и шуудзэрщ, абы

и псынщIагъырщ, уздыпэмыплъагъэххэ щIыпIэхэм уащхъуэдэмыщхъуэу ар къызэрыщигъэхутэфырщ.

ЗэрыжысIауэ, дзэр хабзэ ткIийм тетщ. Ар зэхэзылъхьар езы хъаныр щ, «ЗауэлIыр зытетын хуей хабзэхэр» фIэщыгъэр иIэу. Тхылъми къыщыгъэлъэгъуащ цIыху мин 12, мин 40, мини 100-м щIигъу зыхэт дзэр зэрызэуэн хуей щIыкIэхэр. ИщхьэкIэ тетым и унафэр и лъабжьэмкIэ щIэтхэми, и дзэзешэхэми фIэкIыпIэ имыIэу ягъэзащIэу щытщ. Псалъэм папщIэ, Темырлан и жыIэм эмирхэр фIэкIыркъым, абыхэм унафэ зыхуащIыр мингбашихэрщ (зауэлI миным я пашэхэрщ), мингбашихэм я ужь итщ юзбашихэр (щэ тетхэр), адэкIэ унбашихэр, мирзэхэр. Мыри къыхэзгъэщыну сыхуейт: Темырлан и эмирхэр хуит ещI, къапэува дзэр мин 40-м фIэмыкIмэ, езыр хэмыIэбэу, и дзэзешэхэм Iуэхур зэфIагъэкIыну. Абы щIигъумэ, мини 100-м – 200-м нэсмэ, дзэм унафэ хуэзыщIыр езы хъанырщ. Иджыри къэс дэ дызыIууар тIасхъэщIэх къалэн зыгъэзащIэ гупхэрщ, зи бжыгъэр зауэлI мин зытхух нэхъыбэ мыхъухэрщ.

Темырлан и «ЗауэлIыр зытетын хуей хабзэхэр» тхылъым зэритымкIэ, апхуэдэу инд, къэжэр щIыналъэхэм щригъэкIуэкIа зауэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, и дзэр мин плIыщI-плIыщIурэ зэпыудащ, лъэсырыкIуэдзэр мащIэщ, дэтхэнэ зауэлIри шым тесщ, бжыкIэ, шабзэкIэ, сэшхуэкIэ ээрызэуэным хуэгъэпсащ. Къыпэува лъэныкъуэм япэщIыкIэ шууей мин 40-р иреутIыпщ. Ари щыуэ гуэшыжащ: ижьырабгъу, курыт, сэмэгурабгъу гупхэу. А гупхэри Iыхьэ щырыщу зэпыудыжащ. ЯпэщIыкIэ зауэм хыхьэр курыт гупырщ. Ар зауэлI нэхъ лъэрызехьэ, лIыхъужь дыдэхэр зыхэтырщ. Курыт гупищым щыщу тIур зэуэ бийм йобгъэрыкIуэ, «Аллахьу акбар» псалъэхэр ину жаIэурэ. А зэманым хъаныр лъагапIэм тету йоплъ зауэр зэрекIуэкI щIыкIэм, бийм и тIасхъапIэхэр, и сатыр гъэувыкIэхэр зрегъащIэ, зауэлI гъэпщкIуахэр иIэрэ-имыIэрэ, дэIэпыкъуэгъу къыхуэкIуэрэ-къыхуэмыкIуэрэ кърегъэхутэ. И унафэхэр эмирхэм я деж нэзыгъэс и блыгущIэтхэм увыIэгъуэ имыIэу ядолажьэ.

ИтIанэ мыпхуэдэ Iэмалри щIэх-щIэхыурэ къагъэсэбэп хъаным и эмирхэм. ЕбгъэрыкIуэн щIэзыдза курыт гупыр занщIэу щIэпхъуэжынри хэлъщ. Абы игъэщхьэрыуахэр бийм кIэлъопхъэрри, бэлэрыгъауэ лэныстэ зэхуакум къыдохутэ. Апхуэдэу зэрыхъуу, ижьырабгъу, сэмэгурабгъу гупхэм я япэ Iыхьэхэр Темырлан зауэм хегъэхьэ. Ахэр мащIэ хъумэ, етIуанэ, ещанэ Iыхьэхэри еутIыпщ. Абыхэми бийр ирамыгъэкIуэтыфмэ, курыт гупым и ещанэ Iыхьэр йожьэ. Абы иужькIи текIуэныгъэр къахуэмыхьамэ, адрей и зауэлI псори ирешажьэри, езы хъаныр зауэм Iуохьэ. Темырлан лъагапIэм тету зауэр зэрекIуэкIым щыкIэлъыплъкIи, зауэм езыр щыIухьэкIи, и ныпыр псоми ялъагъун хуэдэу, Iэтауэ яригъэIыгъщ. Хъаным ныпым мыхьэнэшхуэ ирет. Ныпыр ямылъагъужмэ, тэтэрхэм къащыхъункIэ хъунущ я хъаныр ямыгъусэжу. Ныпыр зыхьыр къаукIыу, ар IэщIэхуа нэужь, зауэлIхэр

зэрыгъэгужьейуэ щыщIэпхъуэжаи щыIащ. Езы Темырлан бийм и бэракъзехьэхэр къищэху хабзэщ. Зауэр и гуащIэгъуэу здекIуэкIым, я ныпыр щамылъагъужкIэ, я дзэзешэр къаукIа я гугъэу, бий зауэлIхэр зэрызехьэ, зэмыдэIуэж мэхъу. Аращ зыхуеиххэр хъаныр, абы къикIыр текIуэныгъэщ.

Дэтхэнэ мингбашими, юзбашими, унбашими, мирзэми езым и къалэн иIэжщ, Iэмал имыIэу игъэзэщIэн хуейуэ. Эмирым дежкIэ нэхъыщхьэр бийм и дзэзешэм и хэщIапIэм хуэкIуэр сыт хуэдизкIи нэхъ псынщIэу кIуэцIритхъыу, ар гъэр ищIынымрэ абы и ныпыр зыIэщIигъэхьэнымрэщ.

Iэл-Тыныбгъэ и псалъэр зэриухар кърригъэкIыу, сулътIаным зыхуигъазэри, и щхьэр хуигъэщхъащ. Псори щымт. КъахуэкIуэ бийр зыхуэдэр иджыри къэс къызыгурымыIуа цIыхухэр сулътIанымрэ Iэл-Тыныбгъэрэ я псалъэхэм щэху дэхъуат.

Дзэзешэр тIысыжыну хуит ищIри, сулътIаным хасэм хэтхэм захуигъэзащ.

– Зэрыфлъагъущи, Темырлан Мавераннахрым нэс къыщIикIар, дауи, дигъэунэжыну е димыIэ къытхуихьауэ аракъым. Ди къуэшыгъи лъыхъуэркъым ар, муслъымэнхэр абы дыкъыхуриджэ хуэдэу зищIми. Муслъымэнт абы Инд лъахэм гъэр къыщищIу зэтриукIа цIыху минищэр, муслъымэнт Iисфахьэн къалэм щыпсэухэри. Ауэ зэтрыригъэукIа цIыхухэм я щхьэхэмкIэ чэщанэ зэтрыригъэлъхьэну игу техуащ абы. Сиуас цIыху миниплIым щIигъу псэууэ щыщIригъэтIащ, абыхэми ислъамырат я диныр. Я гугъу умыщIыххэ къалэ щIэращIэу щытахэу щIым щыщ ищIыжахэм. Худэшыр дишауэ, абыхэм щыдэкIыжкIэ зэтримыкъутауэ, имыгъэсауэ зы псэуалъэ къигъэнакъым. Багъдади зэтрикъутауэ, иджы хъанри еттын хуейуэ къытхуегъэув. Иджы жыфIэ ар къызэредгъэблэгъэн щIыкIэу фэ нэхъ ффIэтэмэмыр.

– Тыркумэн, тэтэр хъанхэр къыдэныкъуэкъу зэпытщ, бегъымбарым и мэжджыт лъапIэу Мэчэ дэтыр яхуэпэну, щэкI фIыцIэ лъапIэр траубгъуэну хуит тщIыну, – къэтэджащ аргуэру къады Умар Iэл-Балъкъыни. – Темырлан Багъдад къэсауэ, Iумрэ (хьэж цIыкIу) имыщIу кIуэжыну хуэмейуэ къыщIэкIынщ, хузэIудвгъэх гъуэгур, хэт ищIэрэ...

– Къадым жиIэр пэжщ, – диIыгъащ Iэл-Балъкъыни и псалъэр хъалиф ибн Мухьэсин. – Iэмал щыIэххэмэ, зауэр муслъымэн лъахэм щхьэщыхын хуейщ. Мэжджытым къраубгъуэхыну щэкI фIыцIэ къищэхуну хуит тщIын щхьэкIэ динар минипщI илъэс хъуауэ къытхуегъэлъагъуэ тыркумэныпщ Къарэ Юсыф.

– Пэжщ апхуэдэ гуращэ абы зэриIэр. Бегъымбарым хигъэунэхукIа закъуэу, муслъымэн псоми я тепщэу, хъалифу щытын хуейуэ зыкъыщохъуж Темырлан. Ауэ Мэчэр, Мухьэмэд хьалейхи Iэссаламым и мэжджытхэр зыхуей хуэгъэзэн къалэн лъапIэхэр мысыр сулътIанхэм иджыри къыздэсым зэи нэгъуэщIхэм дзыхь хуащIакъым, – жиIащ Бэ-

рыкъуэ. – Темырлан ар хуит хуэпщIынри тенджыз Плъыжьым къэсу, Мысырым и щIылъэныкъуэр ептынри зыщ. Ар зыхуейр нэгъуэщIщ. Тхьэм игъэлъэпIа щIыпIэхэр зэхебгъэфыщIэ хъунукъым джаурхэм. Яхуэфащэкъым абыхэм апхуэдэ пщIэ.

– Зи щIыхьыр ин, – къыхыхьащ псалъэмакъым Чымшыбгъэ, сулътIаным зыхуигъазэурэ, – джатэкIэ къауэм Iэ пцIанэр пэщIадзкъым, джатэм пэщIадзыр мэIухущ. Иджыпсту Мысырыр бийм щызыхъумэфынури абы мэIуху хуэхъуфынури дзэрщ. Ауэ дзэр зэкIэщIэпхъащ: хы зауэлIхэр Хышхуэмрэ тенджыз Плъыжьымрэ тегуэшащ, шуудзэхэм ящыщу зауэм хуэхьэзырыр Къахир щыIэрщ, иджыблагъэ къэтпщытарщ. Иемэным, Суданым щытIыгъхэр IуэхуншагъэмзэкIэщIигъэлэжьыкIауэ, абыхэм зауэлIкIэ уащыгугъыж мыхъунущ зэхэтхыр. ИкIэщIыпIэкIэ хыми щIылъэми щызауэ псори зэуIу щIауэ, бийм пежьэн хуейщ, Темырлан, тIуащIэр къызэпиупщIу, Евфрат псым къызэпрымыкI щIыкIэ.

Чымшыбгъэ и Iуэху еплъыкIэр дамыIыгъыу, къэрал гъунапкъэхэм щыIэ мысыр зауэлIхэр къебджэжмэ, абыхэм щыпсэу лъэпкъхэм сулътIаным и бийуэ зыкъаIэтыну, португалхэм Инд хыр хуит яхуэпщI мыхъуну жаIэу мухьэфэзхэм я пщы зыбжанэ къэпсэлъащ. Ауэ абыхэм къагъэувхэр яхуидакъым Бэрыкъуэ, шынагъэ нэхъыщхьэр къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ къикIыр зэрыарар япигъэуври. Языныкъуэхэми жаIащ Мысыр къалэхэр тыншу къыпхуэмыщтэну, абыхэм емызэгъыурэ щIымахуэр къатехъуэмэ, сыт хуэдэ бийри лъэрыщIыкI хъуну. Хасэм хэтхэм къахэкIащ Темырлан къихъунщIар ирикъуащ, и хъуржыныр хьэлъэ хъуащи, Щам къумым къыкIуэцIрыкIын дзыхь имыщIу, игъэзэжынкIи хъуну жызыIаи, уеблэмэ абыхэм ягъэкъуаншэрт зауэр къэблэгъауэ ягъэхъыбарурэ цIыхухэр хьэжэпхъажэ зыщIхэр.

Псалъэмакъыр зэщIэплъэрт. Ар нэгъуэщIыпIэкIэ трашэу, езыр зыхуэмей ухыкIэ игъуэтынкIэ зэрыхъунур къызыгурыIуа Бэрыкъуэ Саутынэ дежкIэ зигъэзащ. СулътIаным и мурадт Темырлан и дзэм Щам щIыналъэм щыпэщIэувэну. Иджы ар хуейт Дамаск и дзэпщым и Iуэху еплъыкIэр зригъэщIэну. ЗауэлI хабзэу, щIалэ ес хэщIыхьар «сыкъ» жиIэу къызэфIэуващ.

– Ди тхьэмадэхэм зауэм и зы хабзэ зыщагъэгъупщэу къысфIощI, – жиIащ абы макъ хэкъузакIэ. – Зауэм текIуэныгъэ къыщызыхьыр ебгъэрыкIуэрщ. Аращ цIыху къарууншэр губжьауэ аслъэным щыжьэхэлъэкIэ, адрейм кIэбгъу зыщищIыж къыщIэхъур. Зи кIэр зи бэкъу дэзыупщIэжу, быдапIэм дэтIысхьэжыр лIыгъэншэхэрщ. Щхьэ фи гугъэ Темырлан и дзэр зы жэщ-махуэм мыбы къэсауэ, къурш гъуэгуи къызэпамычауэ, щIымахуэ щIыIи ямылъэгъуауэ?! Тэтэрыдзэм Iууа ди зауэлIхэм ягъэунэхуащ ахэр зыхуэдэр, быдапIи къали къызэрамыгъэувыIэр. Абыхэм китай IэщIагъэлIхэр я гъусэщ. МымащIэу яIэщ мафIэрыдзхэр, блын нэхъ Iув дыдэхэри зэракъутэхэр, къагъауэ шейтIан Iэмэпсымэ дэ дызыщымыгъуазэхэр. Ауэ фи мыгугъэ

ди зауэлIхэри нэхъ лIыгъэншэу, бийм игъэунэхуакIэщ ди шабзауэхэм я Iэрыхуагъэр, тхьэм и губжь зыхэлъ ди джатэхэм я хьэлъагъыр. Ди лъыр къокъуалъэ, дыхуопIащIэ ди сэшхуэ маисэхэр лъахэм къизэрыгуа биидзэм и щхьэщыгум щыщыхъуэпскIыну дакъикъэхэм.

Езы зауэлIым ещхьыжт и къэпсэлъэкIэри: мафIэр къыпыщэщырт. Ауэ Саутынэ хасэм хэтхэр къигъэнэжэгужат, псалъэмакъ кIыхьхэм щIаха ягухэр къигъэжаныжат. СулътIанми и Iупэр фIызэтежащ.

– Дэ зауэм зыпыIуддз хъужынукъым, апхуэдэ Iэмали къыдитынукъым бийм, – жиIащ Бэрыкъуэ, зыкъомрэ хэгупсысыхьауэ щыса нэужь. – Мысырым хуэдэ къэралыгъуэ бей икIи лъэщ Темырлан и щIыбагъым къыдинэнукъым. Мынобэмэ, пщэдей абы къиунэтIынущ КъахиркIэ. Дэракъым Мавераннахрым зауэ езыщIылIар, атIэ езырщ ди куэбжэпэм къыIуувар. Абы къыхэкIыу, сыт хуэдмыщIэми, дапхуэдизкIэ дыпэщIэмыкIуатэми, щхьэусыгъуэ къигъуэтынурэ, пщIантIэм къытфIыдыхьэнущ. Ар хьэкъщ. Апхуэдэу хьэкъщ тхьэм и нэфIыр зыщыхуэн ди бегъымбарым и цIэкIэ, ислъамым и цIэкIэ зигъэIуми, Темырлан муслъымэныгъэм зэреплъ щIагъуэ зэрыщымыIэри. Дэ абы дыкъелъытэ суннэм дытекIауэ, къызэрыдэджэри «джаурщ». Ауэ ари фIэгъэнапIэ къудейщ, нэхъыбэкъым.

Темырлан хуейщ и пащтыхьыгъуэр хитI зэхуакум щигъэувыну. Абы къыщохъуж дунейр зэрыгуэша климатиблым (апхуэдэу къалъытэрт Азие Курытым и еджагъэшхуэхэм) ящыщу хыр иубыдакIэу. Къыхуэнэжар зы закъуэщ, ауэ ари и Iэрылъхьэу къелъытэ.

Нобэ Мысырым дежкIэ зэхэгъэкIыгъуэ лъэхъэнэщ: е илъэс мин зыбжанэ зи ныбжь къэралыгъуэ лъэщу, фIэлIыкI зиIэрэ пщIэ зыхуащIу дыкъэнэжын е, бий шы лъэгухэм къащIиха сабэу, тхыдэм и жьыбгъэм дызэбгрихыжын. НэгъуэщI дызыхэдэн щыIэкъым.

Зи псалъэхэр зэпэшэчауэ дахэу псалъэ сулътIаным жиIэхэм едаIуэхэр зэщIэхъеящ. Хэти: «Зауэ! Арыншэу бэяунукъым а емынэ фIыцIэр!» жиIэрт, хэти къыхэкIиикIырт: «Я кIэбдз кIэщIхэр яхущIэудауэ, егъэплъын хуейщ ди мывалъэ щIыпIэхэм щытехуэкIэ ягъэузрэ ямыгъэузрэ!» СулътIаным и Iэгу ижьыр къиIэтащ, «зэ фыувыIэ» кърigъэкIыу.

– Иджыпсту дзэм дэIэпыкъун, зэщIэузэдэн хуейщ IэщэкIи мылъкукIи. Сэ Генуем и дожым хъыбар хуезгъэхьащ IэщэщIэ къагупсысам хуэдэ – «бомбардкIэ» зэджэ топхэр – къыдащэну, кхъухьхэмкIи къыддэIэпыкъуну. Си гугъэщ Темырлан и дзэ нэхъыщхьэм Хышхуэм пэмыжыжьэу Либн къырхэм я щIыбкIэ сыщыпэплъэну. Зауэм къыхэсшэнущ шуудзэмрэ лъэсырыкIуэдзэмрэ я гъусэу, хым щызауэ зауэлIхэри. КъикIуэтын хуей хъумэ, кхъухьхэр быдапIэ хьэлэмэтщ, зауэлIхэр кърigъэтIысхьэжрэ хым къытехьэжу, тэтэрыдзэр къалъэмыIэсын хуэдэу. Ахэр зэдгъэхъулIэн папщIэ мылъку дыхуейщ. Нобэ дэтхэнэми зымащIэ зыхигъэщIрэ нэхъыбэ къыхуэ-

нэмэ нэхъыфIщ, пщэдей зыри имыIэжу къыщIидзыж нэхърэ. Абы къыхэкIыу унафэ сощI.

Пащтыхьым и тхакIуэхэм зыхуагъэхьэзыращ Бэрыкъуэ и зы псалъи зэрыдамыгъэхуным. ИужькIэ дунейм къытехьащ Мысыр къэралышхуэм и тепщэм, тхьэм хигъэщхьэхукIа сулътIаным и унафэр:

«Япэу. Мухьэфэзхэм я Iэтащхьэ псори, сулътIаным и унафэр яIыгъыу, гъуэгу тохьэж, зэрынэсыжхэуи гъэзэщIэн щIадзэ.

ЕтIуанэу. Мухьэфэз, къалэ къэс хеящIэу цIыху тIурытI щыхэгъэщхьэхукIын, дэтхэнэ унагъуэми мылъкуу къатыну зыхуэдизыр яубзыхуну. Къыхах мылъкур зрахьэлIэнумрэ ар зыхъумэнухэмрэ гъэбелджылын. Хьэкъулэхьыр къыхэдзыным теухуа унафэр къызэпызыудхэм яхуэфащэ хьэкъыр ятезылъхьэну хеящIэхэр хэхын, хьилмы зиIэ нэхъыжьхэм къахэкIыу. Ахэр цIыхуищ нэхърэ нэхъ мэщIэн хуейкъым, зыр Iэмал имыIэу Iэтащхьэу щыту. Къэрал кIадэм къихьэ мылъкур нэхъыбэ хъун папщIэ, Мысырым и къалэхэм сату щызыщI хамэ сатуущIэхэм къыIах зы дукатыр зырэ никъуэм нэгъэсын. Фадэ, серчэ, тхъуэбзащхъуэ, щтауч, шыгъу зыщэхэм хьэкъулэхьу ирагъэтым дукат никъуэ зырыз яхущIыгъун. ГъущIым, дыщэм, дыжьыным къыхэщIыкIа хьэпшыпхэмкIэ, мывэ лъапIэхэмкIэ сату зыщIхэм ящэ хьэпшып къэс дукат плIанэ хуэзэу къеIыхын. МэкъумэшыщIэхэм я гъавэ щIапIэхэм щIагъэлъадэ псым и уасэр къэIэтын...

Ещанэу. Мухьэфэзхэм я Iэтащхьэхэм къалэн ящыщIын къалэ, быдапIэ къэс гъавэ гъэтIылъыгъэхэр къыщызэрагъэпэщыну, зы илъэскIэ ярикъунум тегъэпсыхьауэ.

ЕплIанэу. Мухьэфэзхэм я Iэтащхьэхэм я къалэнщ зауэм кIуэ зауэлIхэм я унагъуэхэр зыхуей хуагъэзэну. ЗауэлIыр шэхьид хъумэ, сулътIаным ярита щIыр, мылъкур, псэупIэр абы и бынхэм къыхуагъанэ...»

Унафэм адэкIэ къыщыгъэлъэгъуат хэт сыт хуэдиз зауэлI сулътIаным и дзэм къритын хуейми, Мысыр хэкур хъумэнымкIэ къыдэIэпыкъуну уэтэнейхэм, бедуинхэм, друзхэм, итурейхэм, идумейхэм, нэуэтейхэм, тыркувилайхэм я пэщэхэм зэрызахуигъазэри.

СулътIаным и псалъэри зэIущIэри зэриухар къригъэкIыу, къэтэджыжащ. Бэрыкъуэ тахътэр зытетым къехри, хасэм хэтхэм сэлам ярихыжу, и щхьэр ирихьэхащ. Абы и жэуапу, зи Iэхэр зи бгъэм щызэрадзауэ зыкъыхуэзыгъэщхъа гупым зымащIэкIэ хэплъэри, къызэрыщIыхьамкIэ мыхъуу, тахътэ щIыбыр здэгъэзамкIэ хэлъ бжэшхуэмкIэ иунэтIыжри, асыхьэтуи, хъумакIуэхэр зяпэкIи зяужькIи ит сулътIаныр, къэсрэн сенэ кIыхьым къытехутэжащ.

Зауэм къэгъазэ иIэжтэкъым. Гуп-гупурэ къэсрэным дэкIыж цIыхухэм ар нэхъри хьэкъ щащIащ Баб Iэл-Зувейлэ куэбжэшхуэм деж щалъэгъуахэм. Хасэм хэтахэм къацIыхужащ нышэдибэ сулътIаным и деж къыщIаша лIыкIуэхэр. Иджы ахэр къелэлэхырт зыри къызыгурымыIуа цIыхухэр Iуву зэпщIа щхьэпылъапIэм.

– Тыркухэм «кхъуэщыныр псыхьэ лъагъуэм токъутэ» жыхуаIэр мыракъэ иджы, – зыхуигъэзащ Саутынэ и гъусэ Iэн-Насир Хьэмид. – Мысырым и кхъуэщыным къищэщыну дыщэм щымыгугъыу, Темырлан игъэзэжамэ нэхъыфIат.

– КъифыщIа хъугъуэфIыгъуэр из хъуагъэнкъым кхъуэщыным. Зыхуэчэмыр ди деж щригъэкъужыну и мураду къыщIэкIынщ, – пидзыжащ абы Хьэлэб и тетым. – Ди сулътIаным жиIакъэ Темырлан и тепщэныгъэр дуней псом щигъэувыну зэрыхуейр.

– Ар къызэхъулIа щыIэкъым.

– ИкIи щыIэнукъым. НэгъуэщIым мащэ къыхуэзытIыр а мащэм езыр ихуэжынщ.

ЗэныбжьэгъуитIымрэ я гъусэхэмрэ тенджыз Плъыжь кIэнауэм къащыпэплъэ кхъухьым хуэкIуэрт, хамэ бий бжыгъэншэхэм я шы лъэгухэм мызэ-мытIэу игъэзджызджа Щам щIыналъэм нэсыжыным хуэпIащIэу.

Мысыр къэралыгъуэжьым и цIыхухэм иджы я гугъапIэр зрапхыр адыгэ сулътIанырт. Арат нэмэзым теувэху, муслъымэн псори Бэрыкъуэ тхьэ щIыхуелъэIур, дуней къутэжыгъуэм и махуэ къэблэгъар зэращхьэщихыфын къару Лъагэу Лъэщым кърритыну. ЛIэщIыгъуэ зыбжанэ ипэкIэ дунейм и щIылъэныкъуэр зыIыгъа хьэрып хъалифатым къыхэнэжа Iыхьэм аргуэру къару шынагъуэ къыщхьэщыхьат.

*КъыкIэлъыкIуэнущ*





МАХУЭЛI Нарзан

* * *

Сыхуейт сэ Хэку, щытепщэу пэжыныгъэр,
Зи жьэгу мыужьыхыу зи псэ хуэсакъыж.
УэтIпсытIыр Iуэхукъым, гум къыщепсмэ дыгъэр,
Мылъку лейм зэблишри гъащIэм еузэхуж.

Гъэ блэкIхэр уэшхыу тешхэми дэп мафIэм,
Зэманым и щтаучыр хъуами псыф,
Сыхуейт сэ Хэку, щымыщу зызыгъафIэм,
Хьэуам зи хъуаскIэр къыхэзыудыжыф.

Сыхуейт сэ Хэку, тэджамэ щхьэмыгъазэу…
Щигъажэ мывэ щIимыпIытIэу цIыху.
УишэнкIи мэхъу насыпым гурыгъуазэу
Зэманым и нэм телъмэ щIыIуху.

Нэбжьыцхэм сытхъу пищIами, нэхэр цIууэ,
И нэгу кърихыу гъатхэм и хуабагъ,

Сыхуейт сэ Хэку, бжьыхьэкӀэ къуалэбзууэ
И бын хуимыгъэзэжу и щӀыбагъ.

ЧэзукӀэри къэслъыхъуэу нур щӀэщыгъуэ,
Гупсысэу схэлъыр йоуэри тхьэгъуш,
Си Хэкур пщӀыхьхэм щысщӀу къэралыгъуэ
НахуапӀэ мыхъуф куэд къызогъэуш.

АрщхьэкӀэ къызэпхыщу цӀыху унафэр
Щхьэщытщ си Хэкум ныбжь схуимыгъэкӀуэт.
Дапщэщ къыщихъуэжынур нэщӀ хъуа уафэр,
Вэныжь хъуа щӀыгури зысэжынур хэт?!

Хыхьауэ уафи щӀылъи хэтщ гъущӀымэ,
УджакӀи зэхэпхыжкъым джэрпэджэж.
ПщӀыхьэпӀэкӀэщ къыщиӀуэр си тхьэкӀумэ
Си Хэкум дуней псор къыщыпэджэж.

Зэман мылыпсыр тӀухуэми — допщӀантӀэ,
ТлъэкӀынур тщӀэжми — дыхъуркъым нэхъ лъэщ.
Дуней насыпыр илъми сэ си натӀэ,
Къеуэнущ сигу: «Дапщэщ си Хэку… Дапщэщ?!»
2020

ПКЪО ТХЬЭМЫЩКӀЭ

Гъуэгу гъунэм Ӏутщи пхъэ пкъоушхуэ,
Ток кӀапсэр и плӀэмкӀэ иӀыгъщ.
Абы зэм жьыбгъэр къытогушхуэ,
Зэм сытхъур кӀапсэхэм ящыгъщ.

Щыджэгуу тхьэмпэхэм акъужьыр,
Зэгуэр жыг дахэу пкъор щытащ.
Иджы ар игу къэзыгъэкӀыжыр
Ток кӀапсэм бзу къыпытӀысхьарщ.

Щыгъупщэжащ иӀами лъабжьэ,
Щыгъупщэжащ щыбэринар.
Ӏэпкълъэпкъ джафабзэр хъуауэ гъуабжэ
Ток кӀапсэрщ лъынтхуэу къыхуэнар.

Иджы гъуэгущхьэм щыхэтIауэ
Iуэху Iэджэ пкъохэм зэфIагъэкI.
ЗэпыIудза зэпэщIэхауэ
Псэлъэгъу яIэжккъым я щхьэм фIэкI.

Пкъор пкъо зыщIар щыгъуазэщ пэжым…
ЕупщIкъым жыгым щащIкIэ пхъэхь…
Къудами лъабжьи зимыIэжым
Теплъхьар и хьэлъэу гъащIэр ехь.
2020

* * *

Бжьыхьэ! СощIэр усэ уэ зэрыптхыр…
Тхьэмпэр згъэскIэ сыхъурэ зэран?!
ТхакIуэ псоми яIэщ я Iэрытхыр
Зэхуахьэсу щагъэсыж зэман.



УмыщI закъуэ бжесIэхэр уи жагъуэ.
СфIэмыфIынкIи мэхъур уи уэтIпсытI.
«Гъатхэм и хьэл-щэнхэр пхэзмылъагъуэ»
ЖысIэмэ емыкIуу хэлъыр сыт?!

Уэ сэ сурихамэ уимыгугъэ.
Сэри Iэджэ дум изокIутэж.
Гъэм и чэзу блэкIхэм къуатми гугъэ,
Уэ зыращ жызыIэр псалъэ пэж.

Сэри нэгум щIэтхэм сатхьэкъуауэ,
АкъылыфIэ хъуа уи тхьэмпэ къэс,
Сигу илъ IэфIым трамыщIэу жьауэ,
Нэху телъыджэр си псэм къылъагъэс.

Ауэ, пщIэрэ, умыIыгътэм си Iэр,
ЩызимыIэу гъащIэм щхьэкъэIэт,
КъэзмыщIэнкIэ хъунут зэрыщыIэр
Псэм и фIэфI гъужыгъуэ хьэлэмэт.

КъэзмыщIэнкIи хъунут си гум нэсу
ГъащIэр щыфIи къыщыттеси уэс,

Псэр зэрымыпщIэншэм ещхьыркъэпсу
КупщIи зэримыщIыр и кIэм нэс.

Бжьыхьэ! Сыт умыщIэу бжесIэфынур?!
Псори зиIэр сыткIэ бгъэгуфIэн!
ЩыслъэмыкIкIэ жыгыу сыкъэкIыну
ЗыпхуэсщIынщ къудамэу щIэгъэкъуэн.

Гум пэхъуну щыIэкъым шакъалъэ,
Псэм нэхъ инуи щыIэкъым къалэм.
Тхьэмпэ къэс тезмытхэу си зы псалъэ
Сигу къэкI псор схуэщIынукъым хьэрэм.

Бжьыхьэ, сощIэр усэ уэ зэрыптхыр.
Щэхуу сэри сохур уи лъэужь.
Тхьэмпэм ещхьуи згъэсыжынщ Iэрытхыр,
Сыхуэмыхъумэ тхэным хуэIэижь…
2020

## БЖЬЫХЬЭ ШУ

Щыслъэгъуат нэхъ пасэу ди мэз лъапэ
КъалъхуагъащIэу бжьыхьэ-шыщIэ цIыкIу.
Гур къилъэтырт хъуауэ ар си гуапэ!
БжьыхьэншэныР щIылъэм зэремыкIу!

Тезгъэзат, блэзгъэкIри зы мазэ.
Алъп телъыджэт сызыIуплъэжар.
Хэтхэ яйт а щIалэ щхьэмыгъазэр,
Сяпэ ищу шэсу ежьэжар?!

Бжьыхьэ шу! Бэвыгъэр зи щIыналъэ!
Берычэтыр куэду зи Iэнэгу!
Нобэм уэрщ мыбгъунлъэу зи пшыналъэ
Дуней псом епсалъэр зи шы лъэгу.

Хэт гъукIэлIхэм нобэ я нэхъ Iэзэр?!
Дыщэ нал хэт шым пхущIэзылъхьар?!
Уи мэсхьэб къыпшэфу узыхуэзэр
Пхэлъ нэмысри хэт къыпхэзылъхьар?!

Уи лъэужьыр къехур шу хужьыбзэм.
Къыпхуэзэнуи зэкIэ ар хуэмей.
Удихьэхыу фо хэмылъми и бзэм,
Сытхъу телъыджэр сытуи дахэкIей!

Сызупэсмэ, зыпхуэсщIынщ шу гъусэ.
ЩIымахуэпэм нэс сыбдэкIуэтэнщ.
Сэ пщэдей къыспоплъэ нэгъуэщI псысэ,
Уэсчэсейуэ арикI къэхутэнщ.

Куэбжэр хуэпщIкIэ блэкIыркъым уи бжьыхьэр,
ХузэIупхкIи къэсу имыувыкI.
Гум хэлъ псысэрщ сызэрыплъэщIыхьэр.
Ей, си бжьыхьэ, тIэкIу сызэхэщIыкI.

Сыджэрэзми, тхьэмпэ къыпыхуауэ,
Псэ къэсыху диIэжкъэ гъуэгу зырыз!
ЩымыIэнт плъыфищэ икъухьауэ
Плъыфэ закъуэм хуэщIтэм гъащIэр из.



СлъагъухункIи удзым си псэр хэлъу,
Си гупсысэр, жьыбгъэу, мэхъури жэр,
ГукъэкIыжхэр, тхьэмпэу къыпылъэлъу,
Си псэм щокI къэзмыщIэу жыг лъэпкъ гуэр.

Гъэ къэсыхукIи зэ узогъэжьэжыр.
Ди мэз лъапэм лъэсуи сыкъокIуэж.
ШыщIэ джэгур зэрыщымыIэжыр
ЩIокI си нэгуми, сытосабырэж.

Псэр итыхукIи хуиту гъащIэ губгъуэм,
Сытуи IэфI гъужыгъуэр къыщысам,
Уи джэгугъуэр техуэу сабиигъуэм,
Уи жьы хъугъэр бжьыхьэм щылъысам.

Уигу илъ псоми сэ сыщымыгъуазэ.
Ауэ, бжьыхьэ, гугъэр сэ пхэзмых.
Гъэ къэсыху щыIэху къытезыгъазэ
ТфIэфI дунейм иIэнукъым кIэух!
2020

* * *

Толъкъунхэм зэм къатекIэм хуэдэщ дамэ.
Зэрохьхэри хы нэпкъыр ягъэгыз.
АрщхьэкIэ Iуфэ лъагэр щымыIамэ,
Зэгуэр къэмыунэхункIи хъунт тенджыз.

Апхуэдэу къыщебэкIым яхэлъ лIыгъэр,
Ди щIалэгъуалэм куэдым зрапщыт.
КъафIощIыр къыпаубыду хуитыныгъэр,
Къащхьэщытыху балигъ зэпIэзэрыт.
2020

ПСЫНАЩХЬЭ

Зыр хоф, зым IэгукIэ къыщIегъалъэр,
Адрейм фэндырэм иту ехь.
Зэхэсхыу псыхъуэр зэрыпсалъэр
Сэ псы схуэлIэнкIэ гугъу семыхь.

Дуней насыпыр щытми псыкIэу
ФIы зыщIэм и пщIэр фIэмыкIуэд.
Псынэпс телъыджэр и гъэпсыкIэу
ЩIы щIагъ къыщIэкIыу арщ уэрэд.

Ар псы къудейуэ уимыгугъэ —
УзыгъэIэфI узыгъэдийщ.
ЩIы щIагъ къыщепсу щытмэ дыгъэ,
ЩIы щхьэфэм ар къыпхырыкI бзийщ.
2020

* * *

Сабиигъуэм аргуэру сопщIыхь.
Сахоплъэж гур пэщыху гъэ блэкIахэм.
Си лъым хэту нышхьэби къакIухь
Псыхьэлыгъуэм кхъухь цIыкIу езгъэхьахэм.

Си зы лъынтхуэ имынэу щоджэгу
ЩIимылъафэрэ я фэр изыбзэу.

Кхъухь домбей щIэтым хуэдэщ си нэгу
Щхьэпэлъагэ толъкъунхэр къеубзэу.

Псыхьэлыгъуэм иджыри сехьэху,
КъыIузнащ Iуфэм деж си лъакъуапIэ.
Слъагъу къысфIэщIырт абы сыIуплъэху
ГъащIэ псор зэкIуэлIэж кхъухь тедзапIэ.
2020

* * *

Лэгъупым псы ирекIэ пщафIэм,
ЕлIалIэу мафIи кIэщIещIыхь.
Лэгъупырами хэтыр мафIэм,
Псыращ зылэжьыр Iуэху бэлыхь.

Псым дэпыр сыткIи къогуэщIэкIыр,
ЗэхуэпщIмэ хуит зэрыукIыжынщ.
КъыщыпщIэр ахэм я зэфIэкIыр
Лэгъупыр я кум дэтыхунщ.

ЗэлъэмыIэсхэу щызэгъусэм
Псыр тохуэ мафIэм и гупсысэм.
2020



## ГЪЭМАХУЭ ГУБГЪУЭ

Губгъуэшхуэм ситщ си нитIыр зэтеспIауэ…
ЩысIэткIи напIэр псэр гъунапкъэм йокI.
Щхьэмыж дыщэпсхэм сахэгъуэщыхьауэ
Си хъуреягъкIэ дыгъэ къыщыщIокI.

ЩымыIэу хуабэ уэтIпсытIат мы гъатхэр.
Ауэ гъэмахуэр сыту хьэлэмэт.
Зэхуэсыжахэу дыгъэ къемыпсахэр
Бзу гуартэм ещхьу пащхьэм зыщаIэт.

Блэлъэтрэ пэт си Iэгу изубыдауэ
Къыслъысу сэри сIыгъщи зы нур цIыкIу,

Iэгуфэр къысфIисынкIэ мэхъур… Ауэ
ЩIыхупсэм дыгъэншэныр зэремыкIу.

ФIэхъус ярихыу щхьэлъэ хъуа щхьэмыжхэм
Дыгъэшхуэри къехауэ къызбгъэдэтщ.
Я ныбжь нэсауэ хьэдзэ игъухьыжхэм
Зэран яхуэмыхъуну уеблэм хэтщ.

СоущIри Iэгур, хуит сощIыж нур дахэр.
Щхьэхуит мэхъужри, дыгъэр докIуеиж.
НапIитIыр сIэтмэ дэнэIэ слъэгъуахэр?!
Си Iэгум, къыпысчауэ, илът щхьэмыж.
2020

## БЖЬЫХЬЭ МАФIЭС

Бжьыхьэщ… Игу къызэфIэнауэ,
ЩIылъэм куэд зыхущIегъэплъ.
Уафэр мафIэу зэщIэнауэ,
Дэп жьэражьэу къещIыр пшэплъ.

Слъагъухэр си гум изоубыдэ,
МафIэр псэм щыдызошей.
Сыхисхьэнри сымыдэ,
ЗгъэункIыфIынуи сыхуэмей.

Жыг къэсыхукIи я фэр изу
Плъыфэ минхэр зэхуахьэс,
Бжьыхьэ мафIэр, дэп зырызу,
Зэбгырахыр тхьэмпэ къэс.

Махуэ къэскIэ нэхъ ерыщу
Дыгъэм ищIми лъабэдий,
И тепIэным къыщIэмыщу,
ЩIылъэм лъакъуэр еукъуэдий.

Бжьыхьэр си псэм зэрыхэлъу,
Хэлъщ езыми сэ сщыщ гуэр,
Макъхэр тхьэмпэу къапылъэлъу,
Жыгхэр сфIощI къыздэуэршэр.

Арагъэнущ сесэжауэ,
Сынэплъысу гъатхэм нэс,
Си гъужыгъуэр къэмысауэ
КъыщIысфIэщIыр бжьыхьэ къэс.
2010-2020

## ЖЫГ ЛЪЭДАКЪЭЖЬ

СлъагъухукIэ жыг щIэращIэ гупыр
Си нитIыр лъабжьэмкIэ сфIоплъых.
Жыг лъэдакъэжьми и насыпыр
И лъэдакъэпэм щимыух.

И теплъэ закъуэмкIэ къиIуатэр
Зэрыжыг хадэу ирикъунщ:
«ФлъэкIыху фыгъагъэ, вгъэшу батэр!
Сэ гъабгъэр фи пIэкIэ дэсхынщ…

Фи жыг насыпыр зэвгъэзахуэ,
Фыдэмыжей, фыхэту жьым.
Зипкъ махэр хъуфкъым жыщхьэ махуэ,
И лъабжьэр кууэ хэтми щIым.

ЩIалэгъуэ дахэр зыдэщIывгъуи
Фыджэгу, вгъэгушхуэ фи лъапсэжь…
ДыхущIыхьэнущ дэ сыт щыгъуи
Зэгуэр дыхъунум лъэдакъэжь…»
2020



## ЦIЫХУМРЭ НАСЫПЫМРЭ

1

Зэхуэзэм тIуми загъэщIагъуэр,
Зэпеуэу защI зэрыщымыт.
Зэтемызагъэу сыт зыдагъуэр?!
Яхуэмыгъуэтыр ахэм сыт?!

ЩызэфIми, хуэдэщ зэхуэхамэ.
БэмпIэгъуэу защI зэрымыцIыху.

Зы выгум тIури арт щIэщIамэ,
Зэдекъухэу зэрыцIыхужыху.

2

Насыпыр хуэдэщ хущхъуэ гуащIэм,
Ипфын ар хуейкъым псы пхуэлIэху.
Ухуэмышхыдэу зэрымащIэм,
ХэIуби, ежьэ лъым хыхьэху.

ИзыIуэ хъур къыщхьэдожэхыр,
ТкIуэпс тIэкIуми Iупэр псыф имыщI.
Псэлъэну хуеймэ, псыр йожэхыр,
И гъуэгури кIэщIу къыфIэмыщI…
2020

* * *

Бжьыхьэщ нэм илъагъур… Iэджэ щIауэ
Хэт теплъат мыпхуэдэу бжьыхьэ щэху!
Ди мэз лъапэм нэху къыщытещхьауэ,
Тхьэмпэм хэсу, дыгъэм зегъэпсэху.

Махуэ блэкIхэр нэкIукIэ зэщхьыркъабзэщ.
ЯфIэфIыпсуи тхьэмпэхэр полъэлъ.
Гум и къеуэ макъыр жыгхэм я бзэщ,
Сепсэлъарэт жыпIэм — умыщхьэх.

Мэтэджыжыр дыгъэр, йоплъэр уафэм,
ЗеIэтыжри, бзийкIэ къытхуосакъ.
Къоплъыхыжри жэп зытеха тафэм,
КъыщекIухь зэхэпхыу и лъэ макъ.

Сэри бжьыхьэ псор зы напIэзыпIэм
Си нэкIущхьэм техуэу хъуащи ткIуэпс,
Мэзым щIыхьэ лъагъуэ зэхэкIыпIэм
СфIощI хэслъагъуэ си гум и зы къуэпс.

Зэми кърy лъэтэжхэм я джэ макъым
Тхьэмпэ къэскIэ сфIэщIт къыхэщIыкIа.

Жыгхэри хуабапIэ кIуэжмэ хъуакъым, —
ЖысIэури гузавэ щхьэ къэсщта?!

Хьэуэ, тхьэмпэр зыми хуэмеижу
Ещхькъым къуалэбзум къакIэрыхуам.
Гъэми щIыми я пщIэр яIыгъыжу,
ХуэкIуэу арщ я натIэ кърихам.

Бжьыхьэщ… сигу къокIыжри си унагъуэр,
Гупсэхугъуэм ифI зыкъызошэж.
Сымыгъуащэу, къысщхьэщыту вагъуэр
Си лъэс лъагъуэм къуажэм сыкъешэж.

Мис апхуэдэу, бжьыхьэм ситхьэкъуауэ,
ГурыфIыгъуэр унэм къыздызохь.
Нэгу щIэкIахэр сигу изубыдауэ,
ЗэрызгъэлъэпIэнум гугъу сыдохь.
2001-2020



## ДЗЫ ФIЭЩЫНЫМ ТЕУХУАУЭ

КъысфIэфщ фыхуеймэ дыгъэ е уэздыгъэ,
Севгъэщхь жыгейм е лантIэу къэкI пхъэхуеймкI.
Дзы псор къыскIэрыпщIэнкIэ фимыгугъэ,
КъытфIещыр гъащIэм дзы езыр щыхуеймкI.

Уи хьэл зыхъуэжу фIэфIыр уэзыгъащIэм
Зы пIалъэкIэ езым зыкъыбдегъэш.
Уи куэдыр пIахрэ уесэжамэ мащIэм,
А мащIэри щыIэнущ пфIэзыгуэш.

ЦIэ лейр гъунэжщ. ЦIыху псори зэщхькъым… Ауэ
Пэжыгъэм, лIыгъэм, щIыхьым дзы фIамыщ.
Абыхэм я цIэ дыдэр къыумыIуауэ,
УеджакIэ, къеплъэкIынукъым ящыщ.

Псэлъалъэр къафщти, флъэкIыр къэвмыгъанэ.
УбзэнкIэ Iэзэм жиIэм пщIэ щIимыт.
Фыхуеймэ къэсщэхунущ цIэфIэщ джанэ,
ЖывмыIэ закъуэ сызэрыщымыт.

Севгъэщхьмэ псынэм — сывгъэлъагъу си псыхъуэр,
Сывагъуэу жыфІэм — къафщтэ зы уафэгу.
СыятІэр пэжмэ — хуит къысхуэфщІи губгъуэр,
СыфщІ хьэсэ, сыщІэмылъу зым и лъэгу.

КъысфІэфщми «мывэ» иубыдынкъым си бзэр.
Хэт ищІэрэ, къыщысым си уахъты,
Мывэшхуэ гуэрым мэхъу хыхьэнкІэ си псэр,
Уеуам мыузрэ къыщІэмыкІыу лъы.

Сымывэм слІо?! Къэфпхъуатэу Іэпкълъэпкъ быдэр
ЗывгъэлІу сывмыщІ закъуэ щІапІэхъуэж.
Къэзлэжьмэ, дзыншэу тефтхи си цІэ дыдэр
Си лъэпкъым и хадэбгъу сыкъыщывнэж.
2020

* * *

Езыр-езыру тІэщІэкІ гъащІэ!
Лэгъупу зи псыр ивэщІэж.
Зи лъабжьэм щІэлъу мафІэ гуащІэ
Зи ІэфІыр бахъэу жьым хыхьэж.

ПщэфІэным пщафІэр хуэнэІуасэу
Лэгъупым кІэщІэлъыхукІэ дэп,
Псыр къэкъуэлъэкІэ едмыгъасэу
ЩІэмыхъур сыт къэдгъэсэбэп?!

Щхьэж ди къалэн дывгъэгъэзащІэ.
Псыр псэхэлъхьэжми хуейщ сакъын.
Уэ пщафІэ! Сэ схэлъыхукІэ гуащІэ
УщызгъэщІэнкъым пхъэгъэсын.

ШэрхъыфІым лейуэ хэлъкъым гудзэ.
ПщафІитІми шыгъу зэдыхамыдзэ.
2020

## БГЫЩХЬЭМ

Дунейр щІотІысыкІ нэхущ къабзэм,
Бгы тхъуэплъхэр утыкум къохьэж.

Дыгъэпсу зи пшынэ бзэрабзэм
И Iэпэхэм хъуапсэу щIадзэж.

Къоушыр си Хэку, къощIэлэжыр.
Хоплъэжыр гум IэфIу къинам.
МахуэщIэм щIэщыгъуэу пещэжыр
Таурыхъ ныкъуэжыIэу къэнам.

ДэкIынущ махуэщIэр бгы лъагэм,
КIуэтэнущ гъэгъахэр пшэм нэс.
Сахэплъэури бгыщхьэ гъэфIахэм
КъекIуэнущ аргуэру си нэпс.

Си Хэкур мывалъэ къудейкъым,
МэшщIапIэ къудейри мыпэж.
Уэрэд щамытх махуэ сыхуейкъым,
Сыхуейкъым я IэфI щыкъуалъхьэж.

Бгъуэтынкъым ди лъахэм нэхъ лъагэ,
Ди лъахъшэри пудым щымыщ.
Аракъэ сыщIэхъур нэхъ пагэ,
СызыщIри сфIэфI дыдэу нэхъ Iущ.

Гухэхъуэм иIэххэмэ уасэ,
Куэд щIауэ къулей сэ сыхъуащ.
Бгым адэкIэ си гур сфIокIуасэ,
ЛъагапIэ щIыщыIэр дэращ.

Дунейм щамыIэжу гугъапIэ
КъыпфIэщIми я гъащIэр уфа,
Уэрэд зыусыфхэм нэхъ япэ
Пшэ дыдэр бгы щыгу мыкIуэфа!
1998-2020

## ТХЫДЭ

ЕкIуэкIырт зауэ гъищэ хъуауэ —
ЩызэрыукIырт лъэпкъышхуитI.
И Iэщэ-фащэр убзэщхъуауэ
Шу закъуэ тIуми яхэмытт.

Уанэгум шэсти щIалэгъуалэр,
Аргуэру лъым лъы къигъэщIыжт.
ЕкIуэкI лъыгъажэм и щIэдзапIэр
ИщIэжу цIыху яхэмытыжт.

Абдежым тхыдэм щриплъэжым
Щхьэусыгъуэшхуэр къагъуэтат:
Зым и адэшхуэм и адэжыр
Адрейм и адэшхуэм и адэжым
И лъапэ теувауэ арт.

ЯщIат цIыху лъакъуэр фIэгъэнапIэ…
Ауэ иджы!.. Къалъысми лей,
Гугъу ехьхэрт, зыр адрейм и лъапэ
Къыздэсым нобэ тет нэхъей.

ЕкIуэкIырт зауэ гъищэ хъуауэ.
ЩызэрыукIырт зэкъуэшитI.
Шу хамэ гуэр зэщIэузэдауэ,
Къелынум пэплъэу жыжьэу щытт.
1997-2020

## АДЫГЭ ПСЭЛЪАФЭХЭР*

### ДЗ

**ДЗАГУЭ ШХЫН.** Шхын щабэ, гъэныщкIугъуафIэ (п.п. мырамысэ, жэмыкуэ, кхъуейжьапхъэ). *ЛIыжьым дзэ Iутыжтэкъыми, дзагуэ шхын хуапщэфIырт.*

**ДЗАЖЭКIЭ НЫКЪУЭКЪУЭН.** Зыгуэрым бзыщIауэ, щэхуу ебиин; кIуэцIкIэ никъуэкъуэн. *Фызыр гъунэгъухэм ябгъэдыхьамэ и дзэлыфэр итI щхьэкIэ, псоми дзажэкIэ еныкъуэкъурт.*

**ДЗАЖЭНАЛЪЭ ТIУАЩIЭ.** Къаруушхуэ зыбгъэдэлъ цIыху, пелуан. *Iэюб и къарур зылъагъум ягъэщIагъуэрт, дзажэналъэ тIуащIэу жаIэрт.*

**[И] ДЗАЖЭНАЛЪЭХЭР ХУЭБЖЫН.** Убэрэжьын, кIуэцIыкъуухьын. – *Щыгъэт, уи дзажэналъэхэр пхуэзбжынщ, – мэкIий лIы губжьар.*

**ДЗАЖЭПКЪ ЩIЫН.** Лы зытелъхьэн, пшэр, пIащэ хъун. *УимыIыхъэ пшхымэ, дзажэпкъ пщIынщ жызыIам имыщIэу жиIатэкъым.*

**ДЗАКIЭДЭЛЪ ХУЭМЫХЪУН.** Зыгуэрым ишхар зыуи къыщымыхъун, жыжьэу иримыкъун, зимыгъэнщIын. *Иныжьым зы мэлыр дзакIэдэлъ хуэхъуакъым.*



**ДЗАПЭ УЭРЭД.** Макъ утIыпщакIэ мыхъуу, щэхуу и щхьэ хужаIэж уэрэд. *Хъыджэбз цIыкIум, зыри зэхимыхынэпцI зищIауэ, мэпхъанкIэ, ауэ щIодэIукI, и дзапэ уэрэдыр щигъэтауэ.*

**ДЗАЩХЬЭДЗАФЭ ЩIЫН.** Зыр зым щыгугъыжу Iуэхуншэу, уэршэру зэхэсын. – *Дзащхъэдзафэ фщIыуэ фызэхэскIэ псэуа фыхъункъым, – яшхыдэрт лIыжьыр и бынхэм.*

**ДЗЭ ЛЕЙ IУСЫН.** Егъэлеяуэ бзаджэу щытын. *КъуийцIыкIу къимыгъэпцIэфын щымыIэу, дзэ лей Iуст.*

**ДЗЭ ФIЫЦIЭ.** Бжыгъэншэ биидзэ; дзэшхуэ. *Нэгъуей Мырзэ дзэ фIыцIэ мылъытэр щIыгъуу... Бахъсэн къэсащ.*

**ДЗЭДЭЛЪ ХУЭМЫХЪУН.** *Еплъ* **дзакIэдэлъ хуэмыхъун.**

**ДЗЭЛЫФЭР ТIЫН (ТЕШЫН).** Дыхьэшхын, пыгуфIыкIын. *Хьэждал жиIэхэр ефрейторым зэхэщIыкIыгъуэ къыщохъу, а зэхищIыкIами хуабжьу щогуфIыкI, и дзэлыфэр тешауэ.*

**ДЗЭМ УРИДЭIЭБЭНУ (мыгъуэтын, имыIэн н.къ.).** Зыри, зы цIыкIуи (мыгъуэтын, имыIэн н.къ.). *[КъуийцIыкIу Иныжьым жриIэу:] – Дзэм уридэIэбэну зы щызгъуэтакъым сыздэбгъэкIуам.* «Нартхэр».

**ДЗЭР ГЪЭШЫН.** 1. ГуащIэ, фIэIу куэдым дзэхэр джыл хуэдэу ищIын. *[Бажэм:] Сыт и мыхъэнэ, и теплъэр фIы щхьэкIэ жызум мыхъущ, уи дзэр асыхьэту игъэшынущ.*

**ДЗЭР ЗЭРЫГЪЭШХЫН.** Узым е губжьым къыхэкIыу дзэхэр макъ ищIу зэтекъузэн. *[Сымаджэр] Узым къегъэдзыхэри, и дзэр зэрегъэшх, хуэму мэщэIу.*

---

* КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр нэгъабэрей етIуанэ-етхуанэ, мыгъэрей япэ, етIуанэ, еплIанэ номерхэм итщ.

**ДЗЭР ЗЭТЕКЪУЗЭН.** Губжь сыт хуэдэхэр сэтей мыщІу, къару, лІыгъэ хэлъхьауэ зыгуэр зыхуэгъэшэчын, зыІыгъын. *Мыхьмуд унэкур къызэхежыхь, мэпапщэ, мэщатэ, и дзэр зэтрекъузэ, зэрегъэших.*

**[УИ] ДЗЭР КЪЭКІАИ.** Зыгуэрым зыщІэхъуэпс, зыщІэлъэІу гуэр къызэремыхъулІэнур, къызэрыІэрымыхьэнур зэрыгурагъаІуэ, къызэрырагъащІэ, «ухуейти уэ» къикІыу.

**ДЗЭР (ХУЭ)ЛЪЫН.** Зыгуэрым хузэгуэпын, гужьгъэжь хуиІэн. *Мэжид къэкІуауэ и дзэр елъри щысщ, занщІэу узыІуридзэнуи тхъэ щеІуэж.*

**[И] ДЗЭР ШЫН.** 1. ГуащІэ, фІэІу куэдым дзэхэр джыл хуэдэу ящІын. *ЩІалэ цІыкІум и дзэр шащи, зыри хуэшхыжыркъым.*

2. УкІытэн. *Тобэ ирехъу, къуажэм къыдэкІыху Бэлацэ гум къыщІимытІысхьар зыгуэркІэ и дзэ шыуэ арагъэнт.*

**[И] ДЗЭР ІУГЪЭЛІЫКІЫН.** МащІэу гъэхуэбэн, хуабэпцІ щІын (п.п. псыр, шэр). *ЛІым и жьакІэр иупсыну псы шынакъ хьэкум тригъэувэри, и дзэр ІуигъэлІыкІащ.*

**ДЗЭХЭНАПІЭ ЩІЫН.** Зыгуэр фІэгъэнапІэ, нэрыгъ щІауэ зыгуэрым кІэрыхъыжьэн, щыхьэн. *Мурат щыгъуазэт абыхэм [цІыхухэм] Зулижан дзэхэнапІэ къызэращІым.*

**ДЗЭХУПС ІУРЫГЪЭЛЪЭДАМ ХУЭДЭУ.** ЕкІи фІыкІи псалъэ жимыІэу, и жьэр зэтедам хуэдэу. *[Щхьэгъусэм Хьэжсет жриІэу:] – Тхьэ сымыщІэ, нэху укъызэрекІрэ дзэхупс пІурыгъэлъэдам хуэдэщ.* 173

**ДЗЭЩХЬЭЛКІЭ ФИИН.** НасыпыфІэу зылъытэжын. – *Пэжщ, Къетыкъуэ, пэжщ, мы Шакъ хуэдэу сыщытамэ, дзэщхьэлкІэ сыфийуэ къэскІухьынт, – жеІэ Хьэжым и къуэм, сыхьэтым еплъурэ.*

**ДЗЫ (ХУЭ)УСЫН (ФІЭЩЫН).** Зыгуэрым ныкъусаныгъэ, дагъуэ къыхуэбгъуэтурэ, хъуэн хузэхэлъхьэн, хузэгъэпэщын. *КъыщІэупщІэу хъуа псоми дзы зырыз яфІищурэ Мэлэчыпхъу цІыкІур зыми яхудэкІуакъым.*

**ДЗЫГЪУЭ ГЪУАНЭ ДИХЬА КЪЭМЫНЭУ.** Псори, къанэ щымыІэу. *Астемыр зэуэ жиІэн къыхуэгъуэтакъым, иджы, дауи, гурыІуэгъуэщ: старшынэм дзыгъуэ гъуанэ дихьа къимыгъанэу жриІат.*

**[И] ДЗЫГЪУЭ ЛЪЫНЭ КЪОКІ.** ХуэщІауэ, къулейуэ, зыхуейр зыгъуэту псэум хужаІэ.

**ДЗЫХЬ ЕГЪЭЗЫН.** *Еплъ* **дзыхь хуэщІын.** *Гуащэм фІыуэ илъагъуртэкъым Чачэ, тІасхъэщІэхщ, уи дзыхь ебгъэз хъунукъым жиІэрти.*

**[И] ДЗЫХЬ ТЕЛЪЫН.** *Шэрдж.* Зыгуэрым щыгугъын. *[Хьэбас:] Такъыр си дзыхь телъкъым, щхьэпсынщІэІуэщ, зи унагъуэр бэгъуэныр.*

**ДЗЫХЬ ТЕМЫЩІЭН.** Зыгуэрым зыгуэр къыщыщІынкІэ гузэвэн, тешыныхьын. *[Гуащэгъагъ Къанщобий жриІэу:] Сэ дзыхь птесщІыхъыркъыми аращ. Сэ слъэкІам пщыхьэщхьэкІэ ущІэзгъэкІынтэкъым.*

**ДЗЫХЬ ХУЭЩІЫН.** Зыгуэрым фІэщхъуныгъэ хуиІэн, зыгуэрым гурылъ, Іуэху, мурад, н.къ. епхьэлІэ хъуну лъытэн. *Петр I и мурадхэр Бекович-Черкасскэм дзыхь хуищІащ.*

**ДЗЫХЬ ЩIЫН.** Зыгуэрым тегушхуэн, таучэл щIын. *IэщэкIэ зэщIэузэдауэ къэзакъ шу гупыфI щIымыгъуу зы къулыкъущIи иджы Мейкъуапэ къыдэкIыну дзыхь ящIыртэкъым.*

**Е**

**Е ЕКIУЭН.** УIэгъэ сыт хуэдэхэр къэятэжын, нэхъ Iей хъун. *Сэ и чэзум Iэзэгъуэ зэрызмыгъуэтыфам щхьэкIэ си уIэгъэр е екIуащ.*

**Е ЗЭХУЕКIУЭН.** Зэщыхьэн, зэфIэнэн, зэбий хъун. *А щIалитIыр жагъуэу зэрылъагъуу щытакъым, ауэ иджы е зэхуекIуащ.*

**ЕКIЭПЦIЭ УАНЭ.** Лъэхълъэпцlу, мыбыдэу, къебэ-небэу щытым хужаIэ. *Гум иль пхъэхэр фIыуэ зэрыпхатэкъым, екIэпцIэ уанэт.*

**ЕКIЭ ИУЖЬ ИХЬЭН.** Зыгуэрым зэран хуэхъун, псэупIэ емытын. *Сыт тхыль лIэужьыгъуэ мыгъуэт а екIэ дяужь къихьа Гудович зыхуейр?*

**ЕКIУРАБГЪУ ИМЫIЭН.** Узэмызэгъ, узыгурымыIуэ, еIэбыпIэ, бгъэдыхьэпIэ зимыIэ (цIыхум хужаIэ). – *ЕкIурабгъу имыIэу акъыл кIэщIщ а щIалэр, – жиIащ Хьэсэнбий.*

**ЕКIУРЭ ЕЩХЬУ.** Тэмэму, зэпэщу, зэрыщытын хуейм хуэдэу. *А псори екIурэ ещхьу, тхыль щIауэ щытын хуейщ.*

**ЕКЪУИ ТIЫСЫЖ.** *Епль* **еплъи тIысыж.**

**ЕКЪУУ ЕЖЬЭЖЫН.** Зыгуэрым зыкъызэщIипхъуэту, псори къыигъанэу ежьэн, щIэпхъуэн. *ИлъэсипщIкIэ уэ уекъурэ уежьэжмэ, сэ сытыр си дунеижыну!*

**ЕМ ХУЗЭТЕСЫН.** БзаджащIэу щытын. *ЦIыхубз ябгэр ем хузэтесщ.*

**ЕМЫКIУ КЪЭХЬЫН (ХЪУН).** Напэр текIын. – *Iэу, емыкIу дыхъунщ, абы хуэдэу щIэщхъу дывмыгъащIэ, – жиIащ лIыжь гуэрым.*

**ЕМЫКIУ (ХУЭ)ЩIЫН.** Зыгуэрым къемыкIу, къемызэгъ гуэр зэрищIар къегъэщIэн; егиин, гъэкъуэншэн. *ЕмыкIу къытхуумыщIтэм, уи цIэмкIэ дыноупщIынут.*

**ЕМЫЛЪЭIУ ЩIЫХЬЭХУ.** Зэмыджауэ Iуэхум къыхыхьэ, ухуэмейуэ къыбдэIэпыкъу цIыхум хужаIэ. – *ЕмылъэIу щIыхъэхуу, а щIалэри къыздикIар дэнэт, – гъумэтIымащ Мурид.*

**ЕМЫНЭМ ЗЭРИХУЭН (КЪРИХУЭКIЫН).** И пIэ имысын, и мыIуэху зэрихуэн. *Къэгужъеижащ Къермэт: – Емынэм сызэримыхуэмэ, сэри сыкъэкIуэнтэкъым мы гъуамэм я деж бзэгу къахуэсхъу.*

**ЕПЛЪИ ТIЫСЫЖ.** Зыгуэрым зыгуэр хьэлэмэт, гъэщIэгъуэн зэрыщыхъуар къэзыгъэлъагъуэ псалъэщ. *Еплъи тIысыж уэ абы [Мухьмуд] жиIэм.*

**ЕРАГЪМЫГЪУЭ ЩХЬЭПСЕЙКIЭ.** Гугъуехьышхуэ пылъу, бэлыхьыр дишэчу; ерагъмыгъуейкIэ, ерагъпсэрагъкIэ. *Тхыль сызыхуейр ерагъмыгъуэ щхьэпсейкIэ къысIэрыхьат.*

*КъыкIэлъыкIуэнущ*

**БИЩIО Борис,**

*филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор*

# Псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдз






*ЕкIуэкIыу:* **5.** ... я хьэ удз ехъури, унэхъунум я нысэ мэдыгъуэ. **6.** Фыз ... хьэблэр зэхуегъэплъ. **9.** Судым ... псо иплъхьэмэ, вакъапхъэ къыипхыжыркъым. **11.** ... къэси щыблэ уэркъым. **12.** Кърум ... имыIэмэ, зы бзущ. **13.** ... щагъэум цIыху щопсэу. **15.** Дыгъужьыр къепхуэкIыурэ ... кIапэр пеуд. **17.** ... къэбгъэпсэлъэн. **20.** ... и нэм хихар и гум хелъхьэж. **21.** ... икIри, зэрыукIыр къэсащ. **24.** Фыгъуэнэдрэ ... гъуарэ. **25.** Гур ... дыгъур ирокIуэ. **29.** ... щыуэмэ, нэхъыщIэм и мыгъуагъэщ. **32.** ЗэрымыщIэу, щIалищ ... . **33.** Iэтащхьэ илъагъумэ, хъыджэбзыр ... . **35.** ... зыдэсым фо дещIэ. **38.** Уи хьэ фIэпщ и ... . **39.** ... хуэщIэ фIыщIэ иIэкъым. **41.** Напэ нэхърэ ... . **42.** Узыщыгу-

гъыр ... гъунэ щыIэщи, уи тхьэмыщкIагъэр уи жьэгу дэлъщ. **43.** Хэгъэрей ... хьэ къыуегъэдзакъэ. **44.** Хъуапсэ и псэ ... .

*Къехыу:* **1.** Я нэхъыжь и ... я хъыджэбз екъутэ. **2.** Ауан ящI ... кIуащ. **3.** ... къогугъуж. **4.** БжьакъуитI щхьэкIэ хъун ... хокIыж. **7.** Я выр уэдрэ я хьэр ... , унагъуэщ. **8.** Уи гъуэгур бзэпсрэ уи псыр ... уехъулIащ. **10.** Дэгум жиIэн егъуэт, нэфым ... екъуэ. **14.** ПщIищэ нэхърэ зы ... . **16.** Армум хиса жыгыр ... . **18.** Псым ... бдзэжьей ишхынущ. **19.** ... губжьым къыхокI. **22.** ... зиIэ нэхърэ Iэ зыпыт. **23.** Бзаджэм ... доунэхъу. **26.** ... хуэдэ мэзекIуэ, дыгъужь хуэдэ мэдзакъэ. **27.** Лы ... умыгъ, кърагъэкIыжмэ, гъей. **28.** Гъэ мэкъумэшрэ пэт ... . **30.** Зи бзэм текIуэда ... кхъэм щIэлъщ. **31.** ... лIыхъужыщ, зэуэгъуэм жьындущ. **34.** ... тхьэмахуэр щIымахуэ гъуэмылэщ. **36.** Унэр ... губгъэныр илъын щхьэкIэщ. **37.** Бий ... ирахьэлIэркъым. **40.** ... зиIэм фыгъуэгъуи иIэщ.

*Зэхэзылъхьар* **МЫКЪУЭЖЬ Людмилэщ**



---

**Етхуанэ къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр**

*ЕкIуэкIыу:* **5.** Гъуазэщ. **6.** Напэм. **9.** ИмыIэ. **11.** ЩIыхуфэр. **12.** Шыщхьэр. **15.** Джэду. **17.** Жьэдыхьэр. **18.** Нарт. **19.** Мышхэу. **20.** Хуэмыхум. **24.** ФэкIэ. **25.** Щыгъыным. **26.** Щхьэр. **29.** Къыплъыхъу. **30.** Мэпсэу. **31.** Умыуб. **33.** Тэмакъ. **34.** Нэмыс.

*Къехыу:* **1.** Къанжэр. **2.** КIэри. **3.** ГъащIэ. **4.** Хэплъыхь. **7.** Вындым. **8.** Жыжьэу. **10.** Жьэгурэ. **13.** НэгъуэщIым. **14.** Бэзэрым. **16.** УмыщIэ. **18.** Нахуэщ. **21.** ЩIэлъыр. **22.** Дыгъужьым. **23.** ХьэщIэу. **27.** Бынрэщ. **28.** Фэндыжь. **31.** УщIащ. **32.** Бжьэр.

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
**№6**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредитель:**

Государственное казённое учреждение
Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»
(360017, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Борис Бижоев,
Адам Гутов, Залина Истепанова (ответственный секретарь),
Астемир Татроков, Юрий Тхагазитов,
Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике
ПИ № ТУ07-00127 от 11.01.2018 г.
Подписной индекс: П5891

Подписано к печати 28.11.25. Выход в свет 22.12.25
Формат 70x108$^1/_{16}$.Бумага офсетная №1. Печать офсетная.
Усл. п. л. 15,4.Уч-изд. л. 12,3 Тираж 1986 экз. Заказ №2595
Подписная цена на 2 месяца 75р. 87к.
Подписная цена на 6 месяцев 227р. 61к.

Адрес редакции: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Телефон: 40-04-51. Адрес электронной почты:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

Адрес издателя: 360017, КБР, г. Нальчик
пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа»

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион»
357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством
предоставленного электронного оригинал-макета

**«Iуащхьэмахуэ» журналым ИнтернеткIэ Iэ тевдзэну фыхуеймэ, мы QR-кодыр къэвгъэсэбэп хъунущ.**

## АВТОРХЭМ ПАПЩIЭ

Журналым къытехуэ тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкIэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр Iэмал имыIэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къыIэрыхьэ тхыгъэхэр компьютеркIэ тедзауэ, флешкэм е дискым тету щытын хуейщ.

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщIыпIэ щытрадзэмэ, «Iуащхьэмахуэм» къызэрырахыжар къагъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Iэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкIэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, епщыкIузанэ къат, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 40-04-51 (редактор нэхъыщхьэ); 40-94-71 (жэуап зыхь секретарь, оператор). e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

## ЖУРНАЛЫР ЗЫIЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩIЭ

Журналыр зэрытедзам дагъуэ гуэр иIэу къыщIэкIмэ, абы теухуауэ фыщыщIэупщIэ хъунущ: Ставрополь щIыналъэ, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэм и уэрам, 5а, ООО «Издательство «Южный регион». Телефонхэр: 8-879-342-22-09; 8-879-346-87-66.

ІУТІЫЖ Борис
15.10.1940–28.10.2008

* * *

Зэгуэрым нэху щыщынущ мы дуней
Ди Іуэхуи-дэлъи зыхэмылъыжынум,
Дэрыншэу зэІуихынущ и пщэдей
Зи нэхуи-хупси къытлъымысыжынур.

А пэжыр хуабжьу пэж къызэрыгуэкІщ,
Арауи къыщІэкІынщ щІытщыгъупщэжыр:
Дызэрыгущ1у гъащІэр идохьэкІ,
А гъащІэм и кІэщІагъыр дымыщІэжу.

Тынш дыдэу къыщІэкІынукъым дунейм
Сыт щыгъуи зэнэзэпсэу утетыныр.
АтІэми, сэ къэсщІэну мыр сыхуейт:
Нэхъ тыншу пІэрэ мащэ зэхуэптІыныр?..

ЦІыху цІыкІур къалъху. Мэпсэу. Жьы мэхъу.
Мэлlэжыр…
Жэуап зимыІэ упщІэхэр къонэжыр.